# МАХ ДУГ







## АДÆМЫ ТЫХ — СÆ ИУДЗИНАДЫ

9
2025

МАХ ДУГ
9
2025



*Адæймаг хъуамæ йæ цард-цæрæнбонты агура йæхицæн хæлæрттæ, хъуамæ сæ ссара æмæ сæ хъахъхъæна цæстыгагуыйау. Мах стæм иу хохаг хъæу «Кавказ»-æй рацæугæ, æмæ нæ хъуамæ алчи дæр хорздзинæдтæ ракæнынмæ тырна, цæмæй нæ адæмтæ кæной æнгомдæр.*

***НАФИ***



*Не ‘фсымæртæ абазинтæ, кæсæг, адыгейæгтæ, цæцæн, ирæттæ... Нæ историон хъысмæт, не ‘гъдæуттæ, нæ культурæйы уидæгтæ сты иу – уый у не ‘фсымæрдзинады гуырæн...*

*Баграт ШИНКУБА*

# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Шеф-редактор – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела прозы – Юрий ГАБАРАЕВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2025

# МАХ ДУГ

**9**
**2025**

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Шеф-редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Прозæйы хайады редактор – ГÆБÆРАТЫ Юри
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2025

# НОМЫРЫ ИС:

**РЕДАКТОРТЫ НЫХАС**

ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ. Æфсымæрон салам ........ 5
Анатолий ЛАГУЛАА. Литература – это мост, связывающий сердца братских народов ........ 7

**ПРОЗÆ ÆМÆ ПОЭЗИ**

НАФИ. Чи дæн. *Æмдзæвгæ* ........ 9
Дмитри ГУЛИА. *Æмдзæвгæтæ*. Æцæгæлон арвы бын. *Радзырд* ..... 11
ДЖУСОЙТЫ Нафийы хъуыдытæ Дмитри Гулиайы тыххæй ........ 22
Чичико ДЖОНУА. *Æмдзæвгæтæ* ........ 23
Киазим АГУМАА. *Æмдзæвгæтæ*. Æфсымæртæ. *Радзырд* ........ 26
Баграт ШИНКУБА. *Æмдзæвгæтæ* ........ 36
Самсон ЧАНБА. Фыдæлты артдзæст. *Радзырд* ........ 38
Дзадз ДАРСАЛИЯ. Дæхиуыл ма фервæсс, зæронд кæрц. *Радзырд* ... 50
Михаил ЛАКЕРБАЙ. *Новеллæтæ* ........ 61
Иван ТАРБА. *Æмдзæвгæтæ* ........ 69
Константин ГЕРХЕЛИА. *Æмдзæвгæтæ* ........ 72
Алексей ГОГУА. Еланæ. *Радзырд* ........ 76
Джума АХУБА. Тугъан. *Радзырд* ........ 124
Геннади АЛАМИА. *Æмдзæвгæтæ* ........ 139
Даур ЗАНТАРИЯ. Судзины хъус. *Эссе* ........ 146
Анатоли ЛАГУЛАА. Уый амард сыгъдæгудæй... Шазинæ. *Радзырдтæ* ........ 150
Гундæ КВИЦИНИЯ. *Æмдзæвгæтæ* ........ 174
ДЖУСОЙТЫ Нафийы хъуыдытæ Абхазы тыххæй ........ 177
Даур НАЧКЕБИА. Минащ. *Радзырд* ........ 177
Гундæ САКАНИА. *Æмдзæвгæтæ* ........ 186

**«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ**

**ПУБЛИЦИСТИКÆ**

Валентин КОГОНИА. «Нæ денджыз нын дæ фынты ды уыдтай…» (Константин Симоновы бастдзинæдтæ Абхазимæ). *Уац* ........ 191

**АБХАЗАГ ТАУРÆГЪТÆ** ........ 196

**БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН**

Фазиль ИСКАНДЕР. Цардысты зæронд лæг æмæ зæронд ус. *Радзырд* ... 202

# РЕДАКТОРТЫ НЫХАС



## ÆФСЫМÆРОН САЛАМ

Зæххыл цы бирæ хæрзтæ ис, уыдонæн сæ сæйрагдæртæ сты адæмты ‘хсæн хæлардзинады ахастытæ, сабыр дуджы бæллиццаг кæстæртæ хъомыл кæнын æмæ, цы адæмыхаттæй дæ, уыдоны фарныл фарн æфтауын, дæ фæстæ рæсугъд фæд уадзгæйæ.

Нæ размæ ирон литературон журнал «Мах дуг»-ы цы арфæйаг хистæртæ куыстой, уыдон нын цардмæ цы фæндаг бацамыдтой, ууыл размæ цæугæйæ, мах дæр дарддæр хæццæ кæнæм, журналы цы традицитæ сфидар кодтой, уыдон. Сæ иу у, иннæ республикæтимæ хæлардзинады бастдзинæдтæ фидардæр кæнын национ литературæйы хъомыс æмæ дзырдаивады фæрцы. Ацы аз сæрмагонд номыр бацæттæ кодтам Ирыстонæн æфсымæрон республикæ Абхазимæ. Дыууæ адæмыхатты национ литературон журналтæ «Мах дуг» æмæ «Алашара» сæхи æвзæгтæм ратæлмац кодтой кæрæдзийы авторты уацмыстæ, æмæ уыдон рацыдысты сæрмагонд номыртæй. Уымæй размæ ма ахæм номыртæ бацæттæ кодтам Кæсæг-Балхъары, Цæцæны æмæ Дагестаны республикæтимæ.

Абхазы Республикæимæ Ирыстонæн бирæ историон бастдзинæдтæ ис. Нæма бадзæбæх сты гуырдзиаг экстремистты

фыдракæндты хъæдгæмттæ дæр. Уыцы лæгæвзарæн фæндагыл нæ хæствæллад кæстæртæ зын рæстæг иунæгæй нæ ныууагътой Абхазы адæмы. Балæууыдысты сæ фарсмæ Кавказы иннæ республикæты хæцæг къордтимæ æмæ сын æрхастой сæрибар. Нæ лæппутæй цалдæрæн лæвæрд æрцыдысты Абхазы республикæйы Хъæбатырты кадджын нæмттæ. Афтæ, уыцы иу бон – æвддæс азы размæ, 2008 азы 26 августы – Уæрæсейы Федерацийы Президент Дмитри Медведев бафыста бардзырд Хуссар Ирыстон æмæ Абхазы хæдбардзинады тыххæй. Уый ноджы тынгдæр бахæстæг кодта дыууæ республикæйы цæрджыты.

Махæн дæнцæгæн баззад Нафийы хъæрмуд ахаст абхазаг литературæйы бындурæвæрæг Дмитри Гулиамæ, йæ æрдхæрæны хæлардзинад абхазаг фыссæг Геннади Аламиаимæ. Дмитри Гулиайы фæрцы абхазæгтæ фыццаг хатт базонгæ сты Къостайы уацмыстимæ. Фæстæдæр та «Ирон фæндыр» абхазаг æвзагмæ æххæстæй ратæлмац кодта Геннади Аламиа æмæ хорзæхджынгонд æрцыд РЦИ-Аланийы паддзахадон майдан «Ирыстоны Намысæн»-æй. Аламиа дзæвгар уацмыстæ ныффыста Ирыстон æмæ йæ разагъды лæгты тыххæй. Мыхуыры рацыдысты хицæн чиныгæй ирон æвзагмæ тæлмацгондæй («Ирон зарæг»). Æрæджы та хорзæхджынгонд æрцыд РЦИ-Аланийы Культурæйы сгуыхт кусæджы кадджын номæй.

Ацы аз Абхазы Республикæйы литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон журнал «Алашара» бæрæг кæны йæ 90 азы. Зæрдиаг арфæ нæ ракæнын фæнды журналы редакцийы кусджытæн æмæ журналкæсджытæн. Нæ зæрдæ сын зæгъы, курдиатджын авторты ног уацмыстæй сæ литературæ фидардæр куыд кæна, мадæлон æвзагыл дзурджыты æмæ фысджыты нымæц та – фылдæрæй-фылдæр!

Ацы номырыл зæрдиагæй чи бакуыста, уыдон сты уæлдай арфæйы аккаг. Фыццаджыдæр, журнал «Мах дуг»-ы кусджытæ, уый фæстæ – Абхазы литературон журнал «Алашара»-йы сæйраг редактор Анатоли Лагулаа, национ газет «Апсны»-йы сæйраг редактор Ахра Анкваб, дыууæ республикæйы фысджытæ æмæ тæлмацгæнджытæ.

Номыр уæ зæрдæмæ кæй фæцæудзæн, ууыл нæ зæрдæ дарæм.

*ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ*



## ЛИТЕРАТУРА – ЭТО МОСТ, СВЯЗЫВАЮЩИЙ СЕРДЦА БРАТСКИХ НАРОДОВ

Абхазы и осетины имеют древние этнокультурные связи, о чем свидетельствует величественный Нартский эпос, являющийся общим достоянием культуры обоих народов. В сложные периоды своей истории, связанной с национально-освободительным движением и борьбой за независимость, наши народы всегда были вместе, выручая друг друга в неравной схватке с врагом, о чем свидетельствуют и трагические события конца XX века. В их основе, конечно же, лежит близость духовно-нравственных и культурно-просветительских стремлений абхазов и осетин.

Что касается абхазо-осетинских литературных и культурных контактов, то и они своими корнями также уходят в глубокое прошлое. В советский период межкультурный диалог двух народов носил, можно сказать, интенсивный и планомерный характер. И это способствовало продвижению лучших национальных традиций, пропаганде лучших культурных достижений наших народов.

Основоположник абхазской художественной литературы Дмитрий Гулиа в становлении и развитии национальной литературы, в приобщении ее к мировому культурному наследию, в сближении разных национальных литератур и культур огромное значение придавал художественному переводу. В этом отношении его деятельность всегда была примером подражания для молодых начинающих литераторов.

Благодаря творческому таланту народного поэта на абхазском языке впервые зазвучали поэтические творения классиков мировой литературы и многих других поэтов разных народов и эпох. Его творческое начинание впоследствии плодотворно и успешно продолжили известные писатели – народные поэты Абхазии Б.В. Шинкуба, М.Т. Ласуриа, литературовед, поэт-переводчик В.Л. Цвинария, поэты Т.Ш. Аджба, Г.Ш. Аламиа, Д. К. Чачхалиа, В.К. Зантария и многие другие.

Что касается переводов произведений осетинской литературы, то и здесь пионером выступает именно Д.И. Гулиа. Благодаря его усилиям Коста Леванович Хетагуров стал первым из осетинских поэтов, с произведениями которого абхазский читатель впервые познакомился на родном языке. Впоследствии многие произведения и самого Д.И. Гулиа и других писателей Абхазии стали достоянием осетинского читателя.

В постсоветские годы, особенно после окончания Отечественной войны народа Абхазии (1992–1993 гг.), абхазо-осетинские связи и контакты, в особенности в области культуры и литературы, стали набирать интенсивные обороты. Ярким свидетельством этого является перевод на абхазский язык в 2014 году сборника стихов основоположника осетинской литературы К.Л. Хетагурова «Ирон фæндыр» («Осетинская лира»). Этот сборник, являющийся культурным феноменом XIX века, блестяще перевел известный поэт-переводчик Г.Ш. Аламиа.

В деле художественного перевода заслуживают всякой похвалы и начинания редакций двух национальных журналов – органа Союза писателей Абхазии «Алашара» («Свет») и осетинского периодического издания «Мах дуг» («Наша эпоха»), на страницах которых не раз публиковались произведения разных жанров многих абхазских и осетинских писателей. Отрадно, что эта традиция имеет свое продолжение и на современном этапе развития наших литератур.

Литературно-художественный и общественно-политический журнал «Алашара» придает особое значение публикации переводов произведений поэтов и прозаиков народов Кавказа, в том числе осетинских литераторов. На его страницах в разное время печатались и сегодня зачастую публикуются художественные сочинения как классиков осетинской литературы, так и творения современных писателей в переводе на абхазский язык. Отрадно отметить, что весь первый номер абхазского журнала за 2011 год вобрал в себя творчество наших осетинских собратьев по перу. Это, конечно же, способствует еще большему укреплению наших литературных связей, ибо художественная литература – это мост, связывающий сердца братских народов.

*Анатолий ЛАГУЛАА,*
*главный редактор журнала «Алашара»*

*ДЖУСОЙТЫ Нафи*

## ЧИ ДÆН

Æрцыд мæм уазæг дард ранæй, йæ къухы
Йæ фыссæнгæрзтæ, афтæмæй фæрсы:
– Дæ хорзæхæй, зæгъ-ма мын: чи дæ?
– Æз дæн Советон лæг, – уыди мæ дзырд,
Ыстæй та дæн
Зæххы къорийы бирæ фырттæй иу.
Фæрсыс ма мæ, уæд та –
Æз дæн абхазаг!
Абхазы адæмæн сæ фырт.
Мæ фыдæлтæ ысты,
Араб æмæ персайнæгты Кавказæй
Йæ карды комæй чи сырдта, хæцгæ,
Гъе уыдонæй.
Абхазаг дæн,
Мæ чысыл адæмæй – сæрыстыр.
Æвзагæй æмæ тугæй дæн æфсымæр
Адыгъе æмæ черкестæн.



Фидар Сухум-Кале

Зæххыл цы адæм ис, –
Дæн се ‘ппæтæн æфсымæр.
Æнусон карз хæсты ма чи баззад бынил,
Гъе уыдонæн сæ фырт.
Абхазаг дæн!
Мæ адæмы истори
Æнусты арфæй райдыдта йæ фæндаг.
Æмæ мæ зарæг искæдæм кæд хъуысы,
Уæд уымæй та
Советон зæххæн – бузныг!
Мæн чи хоны йæхицæй,
Æз се ‘ппæтæн дæр – иузæрдыг æфсымæр,
Зæххон дзыллæтæн се ‘ппæтæн!
Абхазаг дæн!
Нæ урс хæхтæн – сæ хъæбул,
Нæ буц бæстæн – йæ хъæбул.
Æнус-æнус мæ фыдæлты ингæнтæ
Цы зæххы сты, æз уымæн
Йæ хъæбул дæн, йæ кæстæр.
Зæххы къорийыл чи тауы хæрзиуæг,
Дæн се ‘ппæтæн сæ тугхæстæг, сæ хион!



# Дмитри ГУЛИА

*1874 – 1960*

*Абхазаг литературæйы бындурæвæрæг, рухстауæг, поэт, прозаик, историк, этнограф, фольклорист, лингвист, режиссер. Абхазы адæмон поэт, Социалистон Фæллойы Хъæбатыр, Советон Цæдисы Фысджыты цæдисы уæнг. Хорзæхджынгонд æрцыд Ленины орденæй. 1927 азæй фæстæмæ разамынд лæвæрдта, Н. Марр 1925 азы цы Абхазаг æвзаг æмæ литературæйы академи сарæзта, уымæн. 1958 азæй фæстæмæ уыд ССР Цæдисы Сæйраг Советы депутат.*

*Йæ фыццаг поэтикон æмбырдгонд «Стихотворения и частушки» рацыд 1912 азы – уый уыд абхазаг литературæйы фыццаг чиныг. Абхазаг æвзагмæ ратæлмац кодта Евангели, А. Пушкин, М. Лермонтов, Т. Шевченко, Н. Бараташвили, А. Церетелийы уацмыстæ, Ш. Руставелийы «Витязь в тигровой шкуре». Йæ прозаикон уацмыстæй зынгæдæр сты йæ радзырд «Под чужим небом» æмæ роман «Камачич». 1930 азæй йæ царды кæронмæ уыд Абхазы æвзаг æмæ литературæйы наукониртасæн институты (ныртæккæ Д. Гулиайы номыл Абхазы наукæты академийы гуманитарон иртасæнты институт) хистæр наукон кусæг.*

*Фыста абхазаг æмæ уырыссаг æвзæгтыл.*

*Дмитри ГУЛИА*

# САГ

Фыцгæ хæххон доны хæдсæрмæ
Цъæх айнæджы тигъыл лæууыд
Сæрыстыр, йæ сыкъатæй арвмæ æххæсгæ,
Йæ къæхтæ – зырнæйзылдау зылд.

Цуанæтты æхсæнмæ бахауд,
Йæ туг калгæ, цардбæллон саг.
Уæддæр уый йæ уæрджытыл не 'рхауд,
Лæууыди – зынаргъ ын уыд цард.

Цъæх айнæджы бынмæ та мигътæ
Пырх къуымбилтау ленкау кæнынц.
Йæ фидар сыл бафтауы дистæ,
Мæлæт æви уацар фæрсынц.

Æгасæй йæ ракæндзæн цуанон,
Хуыздæр ын нæ уыди гæнæн...
Уæд фезмæлыд, айнæджы ауuон
Уый равзæрста маргъау тæхæн.

Йæ фæстæ нымдзаст сты адæм,
Æдзæм æмæ тарстæй кæсгæ.
Цагъайраджы бæсты уый адæн
Мæлæтмæ куыд тахти, бырсгæ.

Мæ зарæг у уый фæдыл абон,
Сымахæн хæлæрттæ зæгъын:
Цагъайраджы бæсты-иу базон
Сæрибар мæлæтмæ тындзын.

* * *

Кæй цард фæкъул зæрæфцæгæй,
Нæ зæгъдзæн уый дæр растæн:
«У разы алкæцы мæнæй,
Фæрæзта цин уа, мастæн».

Ис иутæн хицæй бузныг цард,
Фæлæ Иудæйау – æлгъаг.
Æндæр та нал зоны æфсарм,
Фæлæ кæмæндæр у фыццаг.

Кæмæйдæр раст дзырды тыхстæй
Сæхи фæласынц дарддæр иутæ.
Æндæртæ раст дзырды тыххæй
Сæрыстырæй ныххойынц риутæ.

У иутæн масты хос хъуыддаг,
Кæмæн та цины хос вæййы.
Чи басгуыхы мæстæй хъæддаг,
Æхсызгон иннæмæн хæссы.

Æфсонæй чи кæны кæугæ,
Уый худæгæй къæцæлтæ фесты...
Æнæнхъæл сулæфгæ дзырдтæ
Цины хос æмгарæн не сты.

Кæй цард фæкъул зæрæфцæгæй,
Нæ зæгъдзæн уый дæр растæн:
«У разы алкæцы мæнæй,
Фæрæзта цин уа, мастæн».

*КАСАТЫ Батрадзы тæлмац*

*Дмитри ГУЛИА*

# ÆЦÆГÆЛОН АРВЫ БЫН

*Радзырд*

*Всякий любит свою родину, как Шам.*
*Абхазаг æмбисонд*

## I

Иу артæй байуаргæ дыууæ ‘фсымæры цот Марытхва æмæ Шарытхвайæн сæ цæрæнбынат уыд адагджын, фæлæ тынг рæсугъд.

Къæдзæхæй цы суадон тагъд, уый чысыл цæугæдонæй уади æфсымæрты хæдзæртты астæуты, йæ дон та ахæм уазал уыд, æмæ дзы къух нæ лæууыд. Бынæй, фæзы, æхсæвæй-бонæй йæ куыстæй не ‘нцад къада куырой…

Марытхва, зæронд уæвгæйæ, нырма тынг сæрæнхуыз уыд, æдыхстæй кодта йæ куыстытæ… Йæ къуту – йæ тæккæ дзаг хорæй, йæ хæндыг – цыхтæй. Мыдыбындзытæ дæр бирæ уарзта, æмæ сæ зæххæн йæ фылдæр хай ахстой мыды чыргъæдтæ.

Фæлæ уæддæр æфсымæртæ æппæтæй æнувыддæр уыдысты бæхтыл, æмæ сæ дугъон бæхтæ иннæты саргъы бæхты астæу бæрæг дардтой.

Шарытхвайы дыууæ фырты Рафет æмæ Тариф – сæ иуæй иннæ хуыздæр, хъæбатырдæр. Уæд бæхтæ давын æмæ хъæздгуыты хъузон уæвын кадджын уыд, фæлæ Шарытхвайы фырттæ уыдæттæ сæ сæрмæ нæ хастой: кодтой хæдзары куыстытæ, цыдысты цуаны.

Марытхвайы фырттæ Елхъан æмæ Торкан дæр – бæрзонд, фæтæнуæхск – хилæгой кæрдæджы хуызæн сæрибарæй рæзыдысты. Сæ хæцæнгарз, сæ ехсы цъыкк се ‘мгæрттæн – фæзминаг, се знæгтæн – хæлæджы хос. Алы хъуыддаджы дæр – сæрæн æмæ ныфсхаст. Цыбыр дзырдæй, йæ цæст йæхицæн хорз кæмæн уарзта, уыдон бæллыдысты ахæм цотмæ.

Елхъан æмæ Торкан балцы цыдысты æлдæрттимæ, æлгъ нæ кодтой давын æмæ стигъынил дæр. Цыбыр дзырдæй, æлдæрттæ сæ цæуылты ахуыр кодтой, уыдæттæй ком ницæуыл дардтой. Елхъан æвзыгъддæр уыд, æмæ сæ сæрхъуызойтæ æнæ уымæй сæ чъизи хъуыддæгты фæдыл къахдзæф дæр никæдæм кодтой.

Елхъан уæлдай хæстæгдæр уыд къняз Алдызимæ. Къæдзæхы хуызæн фидар лæппу хъахъхъæдта кънйазæн йæхи, давта йын бæхтæ… Искæмæй маст исын бахъуыд, зæгъæ, уæд Елхъан йæ разæй никæй ауагътаид. Уый тыххæй дзы æлдæрттæ æмæ кънйаз æппæлынæй не ’фсæстыты, фæлæ-иу сæ бузныгад ууыл ахицæн. Елхъан кънйаз Алдызы тыххæй суанг йæхи цардыл дæр нæ бацауæрстаид.

Иу сæумæрайсом, куыддæр мигъ йæхи хæхты ’рдæм исын райдыдта, афтæ Елхъанты раз æрлæууыд барæг, уæлбæхæй кулдуар бакодта, фæстæмæ дæр æй йæхæдæг сæхгæдта æмæ кæртмæ бараст.

Елхъан бæхы къæхты хъæрмæ рæвдз æруад хæдзары асинтыл, уазæгыл бацин кодта.

– Алыбон æгас нæм цу! – салам ын радта. Мидæмæ йæ хуыдта, фæлæ уый йæ бæхæй дæр не ’рхызт.

– Хорз райсомтæ дыл кæнæд, хорз райсомтæ! Кънйаз Алдызмæ уазджытæ ис, йæхæдæг хæдзары нæй, æмæ йæм æнхъæлмæ кæсынц. Цыдæр ахсджиаг хъуыддаджы фæдыл фæзындисты, Алдызы бинойнаг цæуылдæр тынг тыхсы, – фехъусын кодта барæг.

Æрмæст уый дæр фаг уыдис Елхъанæн: цæсты фæныкъуылдмæ йæ бæх аифтыгъта æмæ уазæгимæ Алдызы хæдзары ’рдæм фæраст.

Кънйазы бинойнаг фæлурсæй лæууыд. Елхъанмæ иуварсмæ фæдзырдта æмæ йын рахабар кодта:

– Алдыз знон горæтмæ ацыд. Уым чидæр йæ бæхы базыдта, æмæ кънйазы Управленимæ бакодтой. Алдыз дæумæ бацамыдта, бæх, дам мын уый рауæй кодта. Хъуыддаг ницы уадиссаг у, фæлæ кънйаз, гæнæн ис, æфхæрд баййафа, ды йын куынæ баххуыс кæнай, уæд. Иу ныхасæй, йæ хъысмæт дæ къухты ис: фæнды дæ, фервæзын æй кæн, фæнды дæ – нæ. Уæртæ уым агъуысты бады зылды хицау, бацу йæм æмæ дæм, куыд хуыздæр кæсы, афтæ йын радзур. Хъуыддаг Алдызы фæндонмæ гæсгæ куынæ рауайа, уæддæр дæ иу ницæйаг хайуаны тыххæй æфхæрын нæ бауадздзæн!

Кънйазы бинойнаг уыцы ныхæсты фæстæ ацыдис. Елхъан дæр æвæстиатæй, уазджытæ кæм уыдысты, уырдæм фæраст.

Фæрсын æй райдыдтой.

Елхъан сын афтæ, зæгъгæ, дам, цы бæхы кой кæнут, уый, æцæгдæр, Алдызæн æз ауæй кодтон. Фæлæ, йæхицæн та кæм уыд, уымæй йæ куы бафарстой, уæд ницы зæгъын баци йæ бон, æмæ йæ æрцахстой.

Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй бæхдавды рæстæг туг дæр ныккалд. Хабар, æнхъæл куыд нæ уыдысты, афтæ карз разынд. Алдыз Елхъаны йе 'вджид бæргæ райста, фæлæ цасдæр рæстæджы фæстæ хъуыддагмæ хъуыстой тæрхондоны æмæ уынаффæ рахастой Елхъанæн йæ бартæ æмæ йæ фæллæйттæ иуулдæр байсын, йæхи та йын ахæстоны дыууæ азы фæбадыны фæстæ цæрæнбонтæм Сыбырмæ ахæссын.

Афтæ фесæфт Елхъан.

Цы нæ фæкодтой йæ ныййарджытæ йе суæгъд кæнынил, фæлæ, дзæгъæлы сæ бынтæ цы бахардз кодтой, æндæр сын дзы ницы рауад. Елхъаны фыд, иууылдæр, зæронд нæ кæны, зæгъгæ, кæмæй дзырдтой, уыцы Марытхва уайтагъд слæмæгъ, смæллæг.

## II

Сыбыры, æнæзонгæ бæстæйы, æнæзонгæ адæмы 'хсæн æрдхæрæны ныфсхаст джигит Елхъанмæ йæхи хуызæнæй ницыуал баззад: цæсгом сбур, тарст кæстытæ кодта цæугæ-цæуын йæ алыварсмæ, ауунау зылдис горæты уынгты. Иууылдæр худгæ кæм кодтой, уым уый та кæугæ кодта æмæ хъæлдзæг адæмæй йæхи дард ласта.

Иу уалдзыгон бон йæ тыхстæй гыццыл фервæзынæнхъæл араст фæсгорæтмæ. Цæугæ-цæуын йæ цæст æрхæцыд, дардæй цъæх чи дардта, уыцы хæхтыл. Æнæнхъæлæджы фæхъæлдзæгхуыз хохаг лæппу, йæ фæлурс былтæ æмæ рустæ бацæрдхуыз сты. Цæмæй йæм хæхтæ хуыздæр зыной, уый тыххæй йæхицæн бынат равзæрста бæласы ауон æмæ сæ уындæй йæхи рæвдыдта. Иуафон æм къæдзæхтæй иу фæкаст, йæхæдæг кæй рæбын райгуырд æмæ схъомыл, кæм слæг, уыцы къæдзæхы хуызæн.

Йæ цæстытыл мигъын фæлм абадæгау кодта… Мæнæ сæ хæдзар… Хæдзары раз – стыр æнгуз бæлас… Уæртæ та Марытхва рауай-бауай кæны æд идон йæ бæхы алыварс. Гыццыл фалдæр кæрты дуары цурты фæуайы Шарытхва йæ даргъ лæдзæгимæ. Бынæй, комæй, хъуысы къада куыройы уынæр. Куыройы комкоммæ лæууынц Торкан æмæ Тариф, сæ фæстæ – Рафет… Дæлæ йæ мад бады сæ къæсæрыл…

Елхъан æм æдзынæг ныккаст, фæлæ йæ дзæбæх раиртасын йæ бон нæу – æгæр дард æм у…

Æризæр. Тынг æвæндонæй æрбаздæхтис Елхъан горæтмæ. Маст

цæстыты ныццæм, стæй фемæхст цæссыгты суадæттæй. Æрхуым æй йæ быны скодта. Йæ къæхтæ ма тыххæй цыдысты, афтæмæй бахæццæ хæдзармæ. Æрмæст ын иунæг хъуыды лæвæрдта æнцой: иу хатт ма æрлæудзæн уыцы бæласы цур æмæ акæсдзæн йæ райгуырæн хæхтæм…

Елхъан йæ зонгæтæй иуы куы афарста, уыцы хох куыд хуыйны, зæгъгæ, уæд ын æй цыдæр æнахуыр номæй схуыдта, фæлæ йыл Елхъан нæ бауæндыд. Тынг æй уырныдта: уый у, йæхионтæ кæй рæбын цæрынц, уыцы хох …

Дыккаг райсом амбæлд, кæддæр сын сæ хæдзар чи амадта, уыцы абхазаг лæг Мыстафыл. Мыстафы раджы ахастой Сыбырмæ, æууæнк кæуыл нæй, ахæм адæймаг у, зæгъгæ. Фыр цинæй кæрæдзийæн зæрдиаг хъæбыс ныккодтой. Дзæвгар рæстæг фæдзырдтой алы хабæрттыл, стæй йын Елхъан, цы хох федта, уый кой ракодта. Мыстаф ын æмбарын кодта, уый абхазаг хох нæу, зæгъгæ, фæлæ йæ Елхъан уæддæр акодта горæтгæронмæ. Æмæ сæм уым рауад ахæм ныхас:

– Мыстаф! Æз тынг сæнæхъару дæн. Ды куынæ уаис, уæд, æвæццæгæн, мæ хуыссæнæй дæр нæ рахизин. Мæ фынтæ дæр æвзæр сты. Чи зоны, тагъд ацы дунейæ ахицæн уон. Æмæ дæ курын: мæнæ мæ-иу ацы бæласы бын баныгæн, хох кæдæм зыны, уым.

– Ма тæрс. Дæ зæрдæмæ цы ныхъхъуыстай? Ницы дын уыдзæн! Горæты дзурынц, Уæрæсейы, дам, революци æрцыд, паддзахы раппæрстой, æмæ ахст адæмы суæгъд кæндзысты. Афтæ куы уа, уæд, Хуыцауы фæндæй, мах дæр куадзæны фæстæ нæхимæ афардæг уыдзыстæм.

– Куадзæнмæ бæргæ бирæ нал ис, фæлæ тæрсын, уæдмæ куынæ фæцæрон, Мыстаф, кæд Хуыцауыл гыццыл æууæндыс, уæд мын-иу мæ фæдзæхст сæххæст кæн. Цæмæндæр мæм уæддæр афтæ кæсы, цыма уый нæхи хох у, æмæ, куы зонон, уыцы хохы комкоммæ ныгæд уыдзынæн, уый, уæд мæхи амондджыныл нымайдзынæн… Æз æй нал уындзынæн, фæлæ мын уый мæ ингæнмæ кæсдзæн.

– Мæлгæ нæ акæндзынæ, фæлæ кæд Хуыцауы афтæ бафæнда, уæд дын цыфæндыйæ дæр дæ фæндон сæххæст кæндзынæн.

Мыстаф Елхъанæн дзырд радта, куадзæны бон æй кæй бабæрæг кæндзæн, кæрæдзийыл атыхстысты, æмæ Мыстаф сæхимæ ацыд – горæтæй дзæвгар æддæдæр цард, Елхъан та йæ агъуыстмæ æрбаздæхт.

Елхъан æруатон. Бонæй-бонмæ лæмæгъдæр кодта; куадзæнмæ ма

ærtæ боны баззад, афтæ бамбæрста: йæ адзал æрхæццæ. Фæлæ йæ Мыстафæн чи фехъусын кодтаид, уый нæ уыд.

Елхъаны цавæрдæр гæвзыкк рынчындонмæ аластой. Уæдмæ йæхи нал æмбæрста, сæнттæ ма цагъта.

## III

Рагæй нæ федта Елхъан йæ бинонты æмæ мæнæ ныр йæ цуры уыдта се 'ппæты дæр. Йæ мæгуыр сæр артау судзы, æмæ йæм афтæ кæсы, цыма йын ыл йæ мад уазал хуылыдз хæцъил æвæры. Æвæры æмæ дзуры: «Мæ лæппу, ныр дæ мад куыд кодтаид, афоныл мæ къухмæ куынæ 'рбахаудаис, уæд. Мæ уды лæууæн, мæ цæсты рухс Елхъан!..»

Уыцы уысм, изæрсарæй йæм чи нæма фæзынд, уыцы рынчынмæкæсæг сылгоймаг æрбахаста хъæрмхуыппы тæбæгъ æмæ дуар тынг ныггуыпп кодта. Елхъан фестъæлфыд, йæ цæстытæ гыццыл байгом кæнгæйæ, ныхъхъæр кодта:

– Ан, ма ацу! Мæ сæрыл мын уазал хæцъил авæр. Дон мæ хъæуы, ан!

Лæппумæ афтæ фæкаст, цыма йæм йæ мад доны агуывзæимæ æрбацыд æмæ, йæ фæстаг хъарутæ сæмбырд кæнгæйæ, рабадынил афæлвæрдта.

Сылгоймаг æй фæстæмæ сынтæгыл æрхуыссын кодта.

– Ан, дон мын авæр, ан!

Йæ къух радаргъ кодта.

Рынчынмæкæсæг æй нæ бамбæрста æмæ йын йæ къухы, зæхмæ цы къухмæрзæн æрхауд, уый фæсагъта. Елхъан афæлвæрдта, йæ къухы цы ис, уый равзарынил, фæлæ, мæгуыр, йæ бон нæ баци.

Афтæ йæм фæкаст, цыма йæ фыд Марытхва дурыны дон æрбахаста, йæ фыдыфсымæр Шарытхва та йæ лулæйы тамако ныннадта, зынг ыл бафтыдта æмæ æнæразыхуызæй дардгомау сбадт. Æмæ йын уæд Елхъан афтæ:

– Шарытхва, ды мæнæй разы нæ дæ... Аххосджын мæ кæныс, алы бæхдавджытимæ кæй сбæндæн дæн, уымæй... Æмæ дын дзырд дæттын, уыдонимæ мын иумæйагæй кæй никуыуал ницы уыдзæн… Æз æфхæрд уыдоны тыххæй баййæфтон. Раст у æмбисонд: «Фыræппæлд адæймаджы сафгæ кæны». Æппæлыдысты мæ, сæрæн æмæ ныфсхаст дæ, зæгъгæ, æмæ æз дæр, цы мын кæнын кодтой, уыдæттæ кодтон. Æмæ мæхи фесæфтон.

Стæй та йæ мадмæ бадзырдта:

– Ан! Аб цы дон æрбахаста, уымæй-ма мын авæр. Мæ ком бынтон ныххус.

Рынчын та йæ къух радаргъ кодта, фæлæ йын хъæрмхуыппы къусы ныххауд. Рынчынмæкæсæг æм уыцы изæр нал бацыд: дыккаг бон куадзæн уыд, æмæ йæ бæрæгбоны хабæрттæ кодта.

Ныр дыккаг суткæ Елхъан «дон, дон» кæны, фæлæ йæм дон бадæттæг нæй. Афтæ зноны хъуыстгонд джигитæн, йæ сæнтты уазал доны къус агургæйæ, фæсæмбисæхсæв йæ улæфт аскъуыд.

Ралæууыд куадзæн. Мыстаф æрбацыд рынчындонмæ æмæ йæ хæлары, йæ иу къух – уазал хæрмхуыппы тæбæгъы, афтæмæй мардæй баййæфта.

Мыстаф йæ ныхасæн хицау разынд. Стыр зынтæй, фæлæ уæддæр Елхъаны баныгæдта уыцы бæласы бын.

Цъиутæ, иу къалиуæй иннæмæ пæррæстытæ кæнгæ, джигитæн сæ зарджытæ зарынц. Хæхтæ дардæй кæсынц, афтæ тынг кæй фæндыд йæ фыды уæзæгыл сæмбæлын, уый ингæнмæ, цæмæй йын гыццыл æнцондæр уа.

## IV

Куадзæны размæ æхсæв Шарифæ йæ фыны федта Елхъаны, цыма сæ кæртмæ æрбахызт уыцы рæсугъд æмæ æнæнизæй.

Мад фехъал, афтæ йæм фæкаст, цыма æцæг у, рæвдз дуар фегом кодта æмæ кулдуары ʻрдæм фæкаст. Елхъан кæм и? Бамбæрста, фын кæй уыд, дуар æрбахгæдта æмæ, йæ цæссыгтæ калгæ, къонайы фарсмæ æрбадт. Арт бакодта. Йæ сæр кæлмæрзæны æрбатыхта, цæмæй йын Марытхва йæ цæссыгтæ ма фена. Марытхва дæр райхъал æмæ бахъуыр-хъуыр кодта:

– Мæ фыртимæ уыцы хъæлдзæг ныхас кодтон фыны, æмæ ацы æнæхайыры дуары хъæрæй фехъал дæн! Уымæйдæр уыцы æнæниз æмæ хъæлдзæг уыд, стæй уалынмæ ацы æлгъысты дуар!..

– Æз дæр æй куыы федтон, – сдзырдта Шарифæ, – кæртмæ æрбацыд, раст раздæрау! Фестадтæн, дуар ын бакæнон, зæгъгæ…

Мад зæрдæуынгæгæй скуыдта.

– Хъус-ма, – сдзырдта лæг, – уыцы иу рæстæг æй федтам нæ фыны. Уый хорзы нысан нæу. Ныр фондз боны мæ буары зыр-зыр цæуы.

Цыдæр æрцыд нæ фыртыл, æмæ йын мах та, мæгуыр нæ бон, зонгæ дæр ницы кæнæм.

– Мæнмæ дæр афтæ дзуры мæ зæрдæ, – Шарифæ ноджы зæрдиагдæрæй скуыдта.

Марытхва йæ бинойнагæн фæтæригъæд кодта, исты чысыл ныфс авæрыны тыххæй йын дзурын райдыдта:

– Паддзахы, дам, раппæрстой, йæ бынаты йын сбадын кодтой Явалуцы (афтæ йæ цыма хонынц) æви Ювалуц, бæлвырд æй нæ хъуыды кæнын. Ахуыргонд адæм æй хонынц афтæ. Ювалуц бады ныр паддзахы къæлæтджыны. Ахст æмæ хаст адæмы уæгъд кæны. Алдызы хæдзары дзы федтон иуы. Сухумы ахæстоны бадти.

– Æмæ Елхъаны нæ федта, цымæ?!

– Æдылы, уый Сухумы ахæстоны бадти, мах лæппу та Сыбыры ис. Уый дæр нæ зоныс?

– Куыд кæсын, афтæмæй йæ Абхазæй бынтон фæхицæн кодтой.

– Абхаз цы у?! Елхъан кæм ис, уырдæм хорз бæхыл æртæ къуыримæ дæр нæ фæхæццæ уыдзынæ.

– Уый, æнæмæнг, афтæ у, æндæр дзы ралыгъаид. Ау, Абхаз иууылдæр уырыссаг паддзахы къухты ис?

– Абхаз нæ, фæлæ уымæй бирæ стырдæр бæстæтæ дæр сты йæ къухы уырыссаг паддзахæн.

– Æнæхъæн дуне бацахста, æмæ ныр йæ тæригъæдтæ фидын афон æрцыд уыцы паддзахæн. Афтæ дзырдта, айразмæйы майрæмбоны Алдызмæ цы лæппу æрцыд, уый. Алдызы бинойнагæн дзырдта, ахст адæмы, дам, рауагътой, хъæздгуытæн, дам, сæ зæххытæ исынц, адæм, дам, хъæздгуытыл æмæ мæгуыртыл нал дих кæндзысты. Кънйазы усæн уыцы ног хабæрттæ тынг хъыг уыдысты...

– Уый уын, Алдызтæм арæх цы лæппу вæййы, уый дзырдта? Уый дæр сæ, æвæццæгæн, искæмæй фехъуыста, йæхæдæг цыдæр æнæхсæст арæзт у.

– Дзæгъæлы афтæ хъуыды кæныс. Æцæг студенты хуызæн у, – лæппуйы сæрыл та рахæцыд Шарифæ.

– Цæй студент у? Дзæгъæлдзых у, æндæр.

– Нæ дæ уырны, студент у, уый? Æрмæст йæ даргъ дзыккутæй дæр бæрæг у, студент кæй у. Стыр сæр æмæ стыр цæстытæ кæмæн вæййы, уыдон зонджынтыл нымад сты рагæй дæр.

– Цæй æрра дæ, цæй. Æз æй хорз зонын. Хъæуæй-хъæумæ дзæгъæлдзу кæны, мард къамбецтæ хæсæй æлхæны, фæлæ æхца нал ратты, æмæ уый тыххæй нæдтытæ дæр баййафы. Æрæджы йын Латкуч йæ сæр лæдзæгæй ныддаудта. Иууылдæр ыл худæгæй сæхи хæссынц. Даргъдзыккуджынтæ иууылдæр студенттæ нæ вæййынц. Дæумæ хорз адæймаг фæкаст, ахст адæмы уæгъд кæнынц, зæгъгæ, кæй дзырдта, уымæй. Уастæн æлгъыст фæуæнт, нæ лæппу кæй тыххæй фæхауд йæ къонайæ, уыдон. Ахъуыды кæн, стыр цæстытæ æмæ стыр сæр зонд æвдисæнтæ куы уаиккой, уæд къамбецæй зондджындæр нæ уаид. Кæнæ нæ сыхаг Маквайы стыр сæр та. Афтæмæй – æдылы. Цæй, уыдон ныууадзæм æмæ нæ фынтыл ахъуыды кæнæм. Нæ лæппу кæнæ суæгъд æмæ фæндагыл ис, кæнæ цыдæр фыдбылызы бахауд. Фæлæ йын нæ бон цы у? Ницæмæй йын у нæ бон баххуыс кæнын… Дуар-ма бакæн, сбон, æвæццæгæн.

Шарифæ дуар бакодта. Хур дзæвгар суад арвыл.

– Æмбисбон сси! – дисгæнгæ сдзырдта Шарифæ. – Ныхæстыл фестæм. Мæ фыдбылызтæ æмæ мæ лæппуйы фыдбылызтæ сæ хай фæуæнт, Елхъаны давыныл чи фæцалх кодта, уыдонæн. Æмæ ныр се ‘ппæты бæсты дæр уый удхарæй мæлы.

– Ды сæ æлгъитыс, фæлæ уыдон бæзджынæй-бæзджындæр кæнынц. Фæлтау, абон куадзæн у, æмæ истытæ сцæттæ кæн. Кæд ма нæм иугыццыл амонд кæса, уæд нæ лæппу сæрæгасæй ссæудзæн, кæннод дзы исты хабар хъуысдзæн.

Марытхва сыстад æмæ кæртмæ ахызт…

Рацыд дыууæ мæйы. Иубон сæ кæртмæ бахызт нæлгоймаг. Уый уыд Мыстаф. Йæ дæларм – Елхъаны дзаумæттæ. Æнæдзургæйæ сæ фæтæн фæхсбандоныл æрæвæрдта.

Куы сын фехъусын кодта, зæгъгæ, Елхъан куадзæны хæдразмæ фæзиан, уæд бинонты зæрдæхалæн куыд айхъуыст æгас сыхбæстыл…

Афтæ æгады мардæй йæ афонæй раздæр æцæгæлон бæстæйы æцæгæлон арвы бын куадзæн æхсæв уæздан къняазы аххосæй йæ цардæй ахицæн хæхты сæрæндæр хъæбултæй иу.

*БЕЗАТЫ Фаризæйы тæлмац*

# ДЖУСОЙТЫ НАФИЙЫ ХЪУЫДЫТÆ ДМИТРИ ГУЛИАЙЫ ТЫХХÆЙ

Поэты удæгасæй уыныны амондæй хайджын нал стæм, зæгъгæ, уæд йæ цуры нæ хæс стырдæр, зындæр бафидæн свæййы. Цавæр хæс ныл æвæрд ис уæдæ Дмитри Гулиайы раз? Фыццаджыдæр ын хъуамæ дарддæр хæссæм йæ бирæвæрсыг новаторон сфæлдыстадон традицитæ. Дыккаджы, æмбарæм, поэты сфæлдыстадон бынтæн абхазаг адæмыхатты удварн æндидзыны хъуыддаджы цы стыр историкон-культурон нысаниуæг ис, уый. Æртыккаджы, филологон зонады нырыккон домæнтæм гæсгæ, рауадзын йæ куыстытæ æххæстæй æмæ, нæ бирæнацион бæстæйы цæмæй йæ идейæтæ, фæлгонцтæ, хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ парахатгонд цæуой, ууыл бацархайын.

Фыццаг хæс фидын хауы абхазаг фысджытæ, æппæт абхазаг интеллигенцимæ дæр. Кæд æмзондæй уымæ тырнæг уой, уæд нырыккон абхазаг литературæ рахиздзæн ног æмвæзадмæ, рæзты ног къæпхæнмæ.

Дыккаг хæс сæхимæ хъуамæ райсой æппæт иннæ адæмыхæттытæ дæр. Гулиайы сфæлдыстадыл цас фылдæр иртасæн уацтæ æмæ монографитæ ныффыстæуа, йæ рухстауæн сфæлдыстадон сгуыхтæн цас аккагдæр аргъ уа, уыйас фылдæр авналæнтæ фæзындзæн национ литературæ æмæ зонадæн…

Æртыккаг хæс дæр фылдæр абхазаг фысджыты æмæ ахуыргæндты хъуыддаг у, фæлæ йын, зæгъæм, йæ цард æмæ сфæлдыстады тыххæй чиныг хъуамæ иуыылдæр иумæ ма бацæттæ кæнæм? Кæнæ йын йе ‘мдзæвгæтæ нæхи мадæлон æвзæгтæм ма тæлмац кæнæм? Мæхæдæг ын ирон æвзагмæ тæлмацæй йе ‘мдзæвгæты æмбырдгонд сарæзтон æмæ йын æй йæ цыртдзæвæныл сæвæрдзынæн мæ райгуырæн хæхты фæхстыл зайæг дидинджыты хуымæтæг алдымбыдау…



# Чичико ДЖОНУА

1915 – 1975

*Поэт, прозаик, драматург, тæлмацгæнæг. 1931 азы ахуыр кæнынмæ бацыд Сухумы драмон студимæ. 1935 азы йæ райстой Тбилисы Ш. Руставелийы номыл паддзахадон драмон театры студимæ. Каст æй куы фæци (1939), уæд куыста актерæй Абхазы С.Я. Чанбайы номыл драмон театры.*

*Архайдта Фыдыбæстæйы Стыр хæсты йæ райдайæнæй йæ кæронмæ.*

*Куы æрыздæхт, уæд куыста абхазаг газетты æмæ журналты, журнал «Алашара»-йы сæйраг редакторæй (1966 – 1975). Уыд Советон Цæдисы æмæ Абхазы Фысджыты цæдисты уæнг. Литературæйы къабазы – Республикæ Абхазы Д.И. Гулиайы номыл Паддзахадон премийы лауреат (æмдзæвгæты æмæ поэмæты æмбырдгонд «Горная дорога»-йы тыххæй).*

*Мыхуыры йын рацыд æмдзæвгæты æмæ поэмæты, уацауты æмæ радзырдты, пьесæты, мысинæгты æмбырдгæндтæ.*

*Фыста абхазаг æвзагыл.*

*Чичико ДЖОНУА*

## ЦÆФЫ ЗАРÆГ

Ды мæн райхъал кæн райсом раджы,
Сисдзæн булæмæргъ зарæг хъæрæй.
Цæф æндидздзæн йæ зарæджы руаджы.
Мæн ды райхъал кæн, курын дæуæй.

Ды мæн райхъал кæн! Афтæ куы уаид:
Æз – мæ мидфын, мæ буар – фæллад,
Уæд дæ дзыкку мæ цæсгом куы ‘рдауид...
Мæн ысхъарм кæн. Хæстæг-иу æрбад.

Ды мæн райхъал кæ ‘нæмæнг. Мæн хъусын
Булæмæргъæн йæ зарынмæ фæнды.
Суанг куы бафынæй уон æз æнусмæ,
О мæ зынаргъ, мæн райхъал кæн ды.

## ÆХСÆВ ЧЛОУЫ

Сæуæхсид тагъд нæма уыдзæн,
Æз – хъал, æхсæв ныддаргъ и.
Нæ кæртмæ рацыдтæн. Æдзæм…
Фынæй – бæласæй, маргъæй.

Мæйрухс йæ тын дæрдтыл хæссы,
Уым комы тар ивылы,
Цæугæдоны уынæр хъуысы,
Дуаб кæлы дæлбылы.

Æрттивы митпæлæз рæгътыл,
Цы ‘хсæв у! Дисы ‘фтауы!
Æрвон рухс Абхазы бæстыл
Бæрзондæй зæхмæ хауы.

Ӕз раст кæлæнгондау лæууын.
Мæйдзалх бæрзонд ысфардæг.
Цы мын кæны мæ туг тыхсын?
Кæй ныхас хъусын дардæй?

Мæ цуры ничи ис, лæууын.
Тар байдзаг кодта бæстæ.
Дыууæ къорийы судзынц уым
Ӕрттивгæ рæгъты фæстæ.

Тæппытау ауыгъдæй лæууынц
Дыууæ стъалыйы арвыл.
Кæддæры азтау рухс кæнынц
Ӕхсæвон тары арфы.

Сыгъдысты уыдон, мысын æз,
Куы-иу фембæлдтæн демæ,
Уæд-иу дзырдтон дæуæн: «Ыскæс,
Дыууæ сты махау, фен-ма!»

Фæлæ ныр мемæ нал дæ ды,
Дæ ном мæ рох нæ фæци.
Нæ федтай мæн азты дæргъы,
Нæ зондзыстæм кæрæдзи.

Хæстæй куы раздæхтæн, чызгай,
Уæд фехъуыстон, ды дард
Ӕндæр хъæуы, мæ хуры хай,
Кæй æрвитыс дæ цард.

Фынæй дæ? Акæс-иу хæрдмæ,
Ӕгъуыссæгæй уындзынæ
Дыууæ ыстъалыйы æмæ
Мæн, чи зоны, мысдзынæ.

*ГЕГКИТЫ Сосланы тæлмац*



# Киазим АГУМАА

*1915 – 1950*

*Поэт, прозаик, публицист, тæлмацгæнæг. Советон Цæдисы æмæ Абхазы Фысджыты цæдисты уæнг. Каст фæцис Сухумы педагогон техникум (1929 – 1932), Мæскуыйы журналистикæйы институт (1932 – 1934), Калинины номыл педагогон институты историйы хайад (1937). Абхазмæ æрыздæхгæйæ, куыста ахуыргæнæгæй Ткуарчалы астæуккаг скъолайы. 1938 азæй фæстæмæ – газет «Апсны капш»-ы редакцийы. Архайдта Фыдыбæстæйы Стыр хæсты.*

*Йæ уацмыстæ мыхуыры цыдысты 1933 азæй фæстæмæ. 1934 азы йе 'взæрст æмдзæвгæтæ мыхуыргонд æрцыдысты æрыгон поэтты æмбырдгонд «Первые шаги»-йы. Йе 'мдзæвгæтæ ма мыхуыргонд цыдысты «Литературон журнал»-ы, газет «Апсны капш»-ы, журнал «Алашара»-йы.*

*Абхазаг æвзагмæ ратæлмац кодта уырыссаг, украинаг æмæ гуырдзиаг классикты уацмыстæ.*

*Фыста абхазаг æвзагыл.*

*Киазим АГУМАА*

## АБХАЗЫ ХÆХТÆ

Æфцæджытыл хуры тынмæ
Фæзтæ дидинджытæй – дзаг.
Уым цъæх æмбæрзæны бынмæ
Къохтæн сабыр у сæ уаг.

Дымгæ ссыр-сыр кæны дугъы,
У кæрдæджытыл йæ тахт.
Бæлæстыл йæхи ныттухы,
Фæлæ сæ фæуадзы тагъд.

Хизы уым фыййау йæ фыстæ,
Сисы сабыргай йæ зард.
Хохаг зæронд лæг æдыхст у,
Иуварс уымæй – мæт, æнкъард.

Къæдзæхтæ æрттивынц буцæй,
Ивазынц сæхи хæрдмæ,
'Нцад лæууынц æнæмæт, хъусæй,
Саби 'рфынæй и цыма.

## ЗÆРВАТЫКК

У зынаргъ мæнæн райгуырæн зæхх.
Ног та зæрдæ куыд ризы йæ тыхсты.
Айтыгъд быдыр мæ размæ йæ цъæх
Æмæ 'рттивгæ нæуæгивд фæлысты.

Хъæды улæфт – уымæл æмæ хъарм,
Зарынц цъыхыры хъæлдзæгæй мæргътæ.
Арвы 'нæкæрон тыгъды, кæс-ма,
Сау чысыл тæпп – зæрватыкк – фæтæхы.

О мæ зынаргъ, зæгъ-ма мын, æцæг
Кæд дæ фæндаг Абхазыл æрзылди?
Кæд дыл амбæлд мæ удылхæцæг,
Къæдзæх стъалыты онг кæм фæцыди?

Ехх, куыд цæры? Æнхъæлмæ кæсы
Уый кæддæрау мæ фæзындмæ, уарзгæ?
Бонæй-бон риуы зæрдæ кæны
Сагъæс, катайы уацары хъарæг.

Дзуры зараг цъиу афтæ мæнмæ:
«Зон, уд дзæгъæлы тасæй æфхæлы.
Уымæй рохы нæ баззадтæ, нæ,
Уый дæ фендмæ куы кæсы æнхъæлмæ».

*ГЕГКИТЫ Сосланы тæлмац*

*Киазим АГУМАА*

# ÆФСЫМÆРТÆ

*Радзырд*

## I

Фыццаг гæрах сæ фæкъæрцхъус кодта. Дыккаг бон хуры скастимæ рацыдысты сæ хæдзарæй, сæ хъатаратæ сæ астæутыл бастæй.

Мад, йæ цæссыгтæ тыххæй уромгæйæ, сæ фæдыл ризгæ хъæлæсæй адзырдта:

– Нæмыгмæ уæ чъылдым ма равдисут…

Гаху ныуулæфыд. Дарддæр цыдысты æнæдзургæйæ.

– Исты зæгъынмæ хъавыдтæ? – Зураб хистæр æфсымæрмæ æрбаввахс.

Гаху йæ сæр «нæ», зæгъгæ, батылдта.

 Æрмæст хуры анигуылдмæ бахæццæ сты хохмæ. Цæст сыл не ‘ххæссыд, уыйбæрц адæм дзы сæмбырд. Алырдыгæй сыгъдысты хус къалиутæй æртытæ.

Адæмæй иутæ фæзы астæу гыццыл къордтæй лæууыдысты æмæ мынæг хъæлæсæй цæуылдæр тæрхон кодтой. Иннæтæ хуыссыдысты уæрдæтты бын, сæ хъыримæгтæ сæ фарсмæ, афтæмæй сабыр хъæлæстæй хæстон балцы зарджытæ кодтой. Зураб Тикайы ауыдта, бæхæй æргæпп кодта æмæ чызгмæ базгъордта. Цыдæр зæрдиаг ныхæстæ æмæ йын сомытæ кодта сусæгæй, йæ къухтæ йæ риумæ æлхъивгæйæ. Афтæ кастис, цыма чызджы сагъæссаг цæссыгтæ кæрдæг сыгътой.

– Тика, Тика, цæмæй мæ фæнд аивон, ууыл сразы кæнынмæ мæм не ‘рбацыдтæ, мыййаг?

– Зоныс æй, Зураб, дæхæдæг, афтæ кæй нæу, уый…

– Омæ йыл уæдæ цæмæ дзурæм? Ды чызг дæ – хæцæнгарз нæ зоныс… стæй…

– Раст нæ дæ, Зураб… Æрæджы дæр ма мæ дæхæдæг куы ахуыр кодтай.

Ризаг къухтæй дзы хъыримаг райста.

– Мæнæ уый – мæнгвæдæг, уый сампал, уый та…

– Кæс ма, кæс, – худтис Зураб. – Ай та нæмгуыты къопп, уый та…

Лæппу ахъуыды кодта æмæ та сдзырдта:

– Омæ, хорз, Тика, афтæ дæр фæуæд. Фæлæ æдзух мæ цуры у. Кæд фæмард уон, уæд-иу мын дæ кæлмæрзæнæй мæ цæсгом æрæмбæрз.

Гаху сæм бацыд.

– Ды кæимæ тох кæнын сфæнд кодтай? – тызмæгхуызæй афарста йæ кæстæр æфсымæры.

Зураб йæ сæр æруагъта, зæхмæ каст, цы зæгъа, уый агуырдта:

– Рæстдзинадыл тох кæндзынæн.

– Кæд афтæ у, уæд ма фембæлдзыстæм, – загъта Гаху, йæ бæхыл абадт æмæ фæтъæбæртт кодта.

Уæлæуæз-уæлæуæз кæцæйдæр калд мæйы æрвхуыз рухс æмæ ныгъуылдис æртыты бур æвзæгты. Буары иннæрдæм хизæг фæззыгон дымгæйы уазалæй цæсгомы цъар æмпылæгау кодта.

Махялы æфсад цæттæ уыд хæстон балцмæ. Махял сыл уæлбæхæй йæ цæст ахаста æмæ дзуры:

– Æфсымæртæ, æрцыд, цæй аргъ стæм, уый базоныны рæстæг. Нæмыгмæ йæ чъылдым фездахынмæ чи хъавы, уый фæлтау аздæхæд ныртæккæ.

Ничи ницы дзырдта, æрмæст бæхтæ сындæггай сæ сæфтæджытæ равæр-бавæр кодтой, æмæ сæ идонты дзыгъал-мыгъул цыд.

– Уæдæ уæд размæ, æфсымæртæ!

Зæлланг кодтой цæфхæдтæ, дурджын фæндагыл цæхæр калгæ. Дарддæрæй-дарддæр кодта хæстонты зарæг.

## II

Зымæг хоста Селмайы хæдзары дуар, къонайы цур змæлæг нæ уыд. Ныр дыууæ мæйы йæ хистæр фырттæй хабар нæй. Йæ лæджы йын раджы фехстой меньшевиктæ Кодоры былыл, дыууæ гыццыл сабийы хæссын хъæуы иунæгæй…

Иу ахæм изæр ын йæ дуар чидæр бахоста. Æрбацæуæг йæ дзыппæй дыууæ гæххæтты сыфы систа æмæ сæ Селмамæ бадардта. Зырзыргæнæг къухтæй райхæлдта мад фыццаг гæххæтт.

«Мæ уарзон мад, – уыдис фыст сыфыл, – ма мын тæрс. Мæ къух уыд цæф, фæлæ ныр сдзæбæх. Тагъд рæстæджы мах ссæрибар кæндзыстæм нæ Ингурийы былтæ, æмæ дæм уæд сыздæхдзынæн.

Уæрæсейæ нæм æххуысмæ фæзынд Сырх Æфсад. Хорз лæппутæ сты. Се ‘взаг сын нæ зонæм, фæлæ кæрæдзийы æмбарæм, уымæн æмæ

иумæ тох кæнæм сæрибарыл. Зоныс, куыд диссаджы дзæбæх у сæ ныхасыхъæд?!

Дзæбæх у, мæ мад. Тагъд сæмбæлдзыстæм.

Дæ фырт Зураб».

Афтæ зыр-зыр кодтой мады къухтæ, фыр сагъæс æмæ фыр цинæй æндзыг кодта мады зæрдæ дыккаг сыф кæсгæйæ дæр. Ставд æмæ фидар дамгъætæй фыстытæ. Фæлæ йын зынæмбарæн уыдисты, йæ фырт Гаху цы фыста, уыдæттæ: «…тагъд ныппырх кæндзыстæм сырх дæлимонты. Мæ мад, æхсæвæй-бонæй кувгæ кæн нæ паддзахы тыххæй. Зураб нын сæрра. Йæхæдæг дæр æй не 'мбары, цæй номыл тох кæны. Фæлæ тагъд æрбахæццæ уыдзæн Жорданийы æфсад. Уæд уадз æмæ зыр-зыр кæной гадзрахатæй цæуджытæ! Дæу бирæ чи уарзы, дæ уыцы фырт Гаху».

Дыууæ сыфы æрбахастой хабæрттæ дыууæ дунейæ. Тох кодтой дыууæ тыхы, дыууæ дунейы, сыгъдысты дыууæ арты. Фæлæ уыдæттæ не 'мбæрста Селма.

Уæззау улæфтытæ кæнгæйæ афæндараст кодта йæ зынаргъ уазæджы æмæ хæдзармæ баздæхт. Къонайы лæмæгъ æрттывд фæкодта фæстаг зынджы рухс æмæ ахуыссыд. Дыууæ къухæй йæ сæрыл хæцгæйæ, дзой-дзой кæнгæйæ, сындæггай зарыдис Селма, кæддæр, Гаху æмæ Зураб цы авдæнты баст уыдысты, уыдоны сæрмæ цы зарæг зæлыдис, уый:

*Хурау сыст, мæ хъæбул, нан.*
*Де 'фсымæрты аййаф рæвдздæр.*
*Арв ссыгъдæг уыдзæн тагъд...*
*Хурау сæрттив, ды, мæ хъæбул.*

Ох, сывæллæттæ… Цы зæгъынмæ хъавы Гаху йæ ныхæстæй: «Сырх дæлимонтæ», «Зураб сæрра». Кæд хыл истæуыл фесты? Зураб иу ныхас дæр цæуылнæ фыссы йæ хистæр æфсымæры тыххæй? Гыццылæй æнæ кæрæдзи куынæ лæууыдысты.

Ног судзаг сагъæстæ та бафтыд, æнæуи дæр цины фæд цы бонты нæ уыд, мады уыцы бонтыл.

## III

Иу фезмæлд ма, иу хатт ма хæсты арты. Судзгæ нæмгуыты, цыргъ кæрдты æхсæнты. Æмæ уæд – сабырдзинад, бæллиццаг сабырдзинад, фыды уæзæг, райгуырæн бæстæйы фæзтæ æмæ быдыртæ, ног амондджын цард.

Ныр дыууæ азы тох кæнынц Зураб æмæ Тика фæрсæй-фæрстæм Махялы æфсады. Хæсты цæхæры. Фæлæ хæсты æбуалгъдзинадæй чызджы рæсугъддзинад нæ фæтар, йæ судзаг цæссыгтæй йæ уадулты рæсугъд хуыз не сивта. Зураб куы фæцæф, уæд æхсæвæй-бонæй бадтис йæ уæлхъус, мидбыл худтимæ йын фæлмæн хъæлæсæй йæ тыхтæ хъахъхъæдта. Мæнæ ныр дæр стъалыйау æрттивы хæстонты астæу.

Райсомы сыгъдæг арв. Хъарм хуры тынтæ хæстонты райхъал кодтой. Иууылдæр сызмæлыдысты, хъуысы цины хъæлæба.

Хъæлдзæг æрттывд кæнынц хурмæ Ингурийы доны уылæнтæ. Чи былыл бады, доны сæнæфсиры цупæлттæ æхсы, чи та йæ дзабырты скъуыдтæ цармæй лыггонд уадздзæгтæй фидæрттæ кæны. Æнхъæлмæ кæсынц Махялмæ.

– Абон хуры тынтæ цæй хъарм æмæ фæлмæн сты, Зураб!

– Æрмæст абон? Æппынæдзух куы вæййы афтæ!

– Æмæ, сайгæ никуы фæкæнын, зæгъгæ та чи дзырдта?

– Æмæ ныр сайгæ кæнын исты? Цыфæнды æвзæр боныхъæды дæр мæнмæ кастис хур. Йæ тынтæ мæ зæрдæйы хызтысты, хъарм æй кодтой, цæмæй ноджы ныфсджындæр кæна. Æмæ-иу мæ уæд мæ рыстытæ ферох сты. Ныртæккæ та мæм кæсы дыууæ хуры.

Æвиппайды ныннæрыд гæрах. Иууылдæр фæгæппытæ кодтой. Фæзы астæу Махял уæлбæхæй сидт хæстмæ:

– Нæ чъылдымты æрбахъуызыдысты, – уыциу хъæр фæкодта. – Хъуамæ нæ Ингуримæ ныккалой. Стыр хид – пырх, фæстæмæ къахдзæф акæныны амал нын нæй. Хъæуы нæ атонын знаджы цæг.

Адæм æм æмырæй лæмбынæг хъуыстой.

– Хъуамæ фæдих уæм дыууæ къордыл. Æз акæндзынæн адæмы иу хай Ингурийы дæлæты. Иннæ къорд Зурабы бар кæнын. Къæппæгæй нæ чи раирвæза… – Махял йæ ныхас фескъуыдта. – Чи раирвæза, уый цæуæд фæзмæ, знон кæм лæууыдыстæм, уырдæм.

Сабыргай, кæрæдзийæн хæрзбон дзургæйæ, адæм дыууæ дихы фесты.

Фондз минуты фæстæ æрдуз сафтид.

## IV

Алырдыгæй хъуыстысты бомбæты рæмыгъдтытæ, сыджыты къуыбæрттæ æмæ дуртæ калдысты, сæхи стыр дуртæм чи балхъывта, Зурабы уыцы хæстонтыл. Размæ цæуын сæ нæ уагътой.

– Ӕз сæ бамбæрстон: уыдоны бæлвырдæй базонын фæнды, ам стæм æви нæ. Куы сæ бауырна, ам кæй не стæм, уый, уæд сæхи аппардзысты Махялы къорды фæстæ.

– Ӕмæ сыл уæд мах чъылдымæрдыгæй ныккалдзыстæм, – сабыр хъæлæсæй загъта Тика. Чызг Зурабæй иуварс къахдзæф дæр нæ кодта.

Рæмыгъдтытæ банцадысты. Иууылдæр æй хатынц: тæккæ карздæр тох æввахсæй-æввахсдæр кæны – уыдзæн лæгæй-лæгмæ хæст. Чидæр æрхаудзæн зæххыл фæстаг цыбыр хъæрзтимæ, кæуылдæр кæмдæр дард хъæуы ныдздзыназдзæн йæ мад. Мæрдтæ баззайдзысты ам, æгæстæ бырсдзысты размæ, цæмæй сæ хъæбысхæст адарддæр кæной æмæ сабыр уысмты, чи сæ фæмард, уыдоны нæмттæ ссарой.

– Размæ! – Зураб сгæпп кодта æмбæхсæн бынатæй, иннæтæ дæр – йæ фæдыл.

Цалдæр уысмы фæстæ ма хъуыстис æрмæст хæцæнгæрзты зæлланг æмæ удаист хъæртæ: «Уæуу, мæлын!», «Куыйтæ!», «О хæйрæджытæ!», «Гъа, уый ма дын ноджыдæр!» Зураб сæ мидбынаты æрфæлдæхта, кардæлвæстæй сæхи Тикайы ’рдæм чи баппæрста, уыцы цалдæр æфсæддоны, фæлæ ма йын йæхи дæр тыххæй фервæзын кодта уыцы тæккæ уысм Махялы æхсаргард. Бæрзонд офицер ныхъхъæрзыдта æмæ зæххыл æрфæлдæхт. Зæронды къух фидар уыд. «Цæгъдут сæ, цæгъдут, ацы куыйты!» – хъæр кодта зæронд Махял, нарæгдæр бынатмæ сæ сындæггай тæргæйæ.

Гæрæхтæ стæмæй-стæмдæр кодтой. Алы рæтты хуыссыдысты мæрдтæ, калдис туг, хъуыстис уæззау цæфты хъæрзын.

Зураб æмæ Махял нымадтой сæ мæрдты.

– Сикуда дæр фæмард, Шьмат дæр?.. Уæуу, бæллæх!

Номхыгъд фæцис. Бæстæ афтæ ныссабыр, æмæ суанг бындзыты базырты змæлд æмæ кæрдæджы сыбар-сыбур хъуыстысты.

Махял дзуры йæ хæстонтæм:

– Ард бахæрæм, æмбæлттæ, абон хъæбатырæй цы хъуыддаджы тыххæй фæмард сты не ’мбæлттæ, уый мах уæлахизмæ кæй ахæццæ кæндзыстæм, ууыл!

Тызмæг æмæ сабыр «о» йын уыдис дзуапп.

Райсомæй Селма райхъал куыдзы хъыллистæй. Зынтæй рабадт йæ

сынтæджы. Знон æнæхъæн бон, йæ астæу не сраст кæнгæйæ, фæрывта, æмæ абон йæ фæрсчыты къæс-къæс цыд.

– Уæуу, уый цавæр фынæй ныддæн? – Селма райдыдта рæвдз йæ дзаумæттæ кæнын. Бамбæрста, чидæр сæм æрбацыд, фæлæ йæ ныфс нæ хаста хæдзарæй рацæуынмæ. Уыцы чидæр сындæггай дуар бакодта. Селмайæн фыр тасæй йæ бон сынтæгæй сыстын дæр нал уыдис æмæ æмырæй касти уазæджы æнахуыр хуызмæ: æрмæст йæ цæстытæ дзырдтой, йæ разы нырма æрыгон адæймаг кæй лæууы, ууыл. Писийы хуызæн сау боцъо йын йæ цæсгом æмбæхста. Сауджыны дзыккутау даргъ сæрыхъуынтæ йе уæхсчыты онг æрхæццæ сты. Æрбацæуæг дæр рохстæй, цыдæр тарстхуызæй кастис Селмамæ.

– Æрбад, æрбад, цы лæууыс, – кæддæр-кæддæр сдзырдта Селма æмæ йын бандонмæ ацамыдта.

– Бадыны рæстæг ма мын уыдзæн… Цы кæныс, мæ мад, нæ мæ базыдтай? – бафарста уазæг, йæ цæссыгтæ сæрфгæйæ.

– Гаху! – мадæн йæ зæрдæ бахъарм, æрхаудта уадзыгæй йæ фырты къухтыл. Йæ бон иуцасдæр æрчъицын нал уыд.

Сахаты 'рдæджы фæстæ, къонайы цур бадгæйæ, Гаху йæ хабæрттæ дзырдта. Селма хъуыста йæ цæссыг калгæ, рæстæгæй-рæстæгмæ, йæ фырты пъагæттыл цы стъалытæ æрттывтой, уыдонмæ кæсгæйæ.

– Фæтых ныл сты, мæ мад, – загъта лæппу æмæ мæстыйæ фæныкыл ныттту кодта.

Йæ дæндæгтæ æлхъывдæй дзæвгар рæстæг къулмæ Ленины къаммæ фæкастис, сабыр хъæлæсæй йæ æлгъыста. Æнæдзургæйæ бирæ фæбадтысты.

Селма бакæс-бакæс кодта йæ фыртмæ, ногæй дзурын кæд райдайдзæн, уымæ æнхъæлмæ каст. Цæмæй зыдта, ууыл йæ фæллад удаист кæй æртыхст, æмæ дис кодта, йæ фырт, сæрæгасæй хæдзармæ æрбаздæхгæйæ, æнкъардæй кæй бады, ууыл.

Дыккаг бон та изæры кæртмæ æрбахызт æндæр барæг. Уый уыд Зураб. Къæрццарæзтæй. Йæ цæсгом – фæлладхуыз, фæлæ дыууæ азы размæйау цинæйдзаг.

Кæстæр æфсымæртæ уынджы хъазыдысты, нæ йæ базыдтой, фенхъæлдтой, æцæгæлон адæймаг у æмæ ныфсæрмы сты. Сæ иу хæдзармæ фæцæйзгъордта йæ рæзты, фæлæ йæ Зураб уæлбæхæй рацахста.

– Нæ мæ базыдтай?

Рог гæпп æркодта, иннæйы дæр йæ хъæбысмæ фелвæста æмæ хæдзармæ бацыд.

Гыццыл фæстæдæр бинонтæ бадтысты фынджы уæлхъус. Селма, фыр цинæй цы дзура, уый нал зыдта, æрмæст йæ къухтæ йæ риумæ æлхъывта æмæ, цæстытæ цæссыгæй дзаг кодтой, афтæмæй куы йæ иу фыртмæ кастис, куы – иннæмæ. Гаху хордта æнæдзургæйæ. Зураб дзырдта:

– Апсны сæрибар у, мæ мад, ныр мацæмæйуал тæрс.

– Ныр æрсабыр у ды дæр, фæуæлахиз дæ, ды Апсны фервæзын кодтай, цы ма нæ хъæуы! – мæстæлгъæдæй сдзырдта Гаху.

– Нæ, нæ тох нæма фæцис. Знагыл фæтых стæм, фæлæ нырма уый знагæй баззад…

Æфсымæртæ кæрæдзимæ фемдзаст сты. Бирæ цыдæртæ бакастаид мад сæ цæстыты, фæлæ йын цин йæхи цæстытæ æхгæдта. Йæ дыууæ фыртмæ цы уарзт уыд, уымæ маст нæма бафтыд. Уыдæттæ нырма разæй уыдысты.

*БЕЗАТЫ Фаризæйы тæлмац*



# Баграт ШИНКУБА

*1917 – 2004*

*Поэт, прозаик, лингвист, фольклорист, æхсæнадон æмæ паддзахадон архайæг. Филологон наукæты кандидат (1945). Республикæ Абхазы Зонæдты Академийы академик (1997). Абхазы адæмон поэт (1967), Кæсæг-Балхъары æмæ Адыгейы адæмон фыссæг (1990), Социалистон Фæллойы Хъæбатыр (1988). Ленины орденæй хорзæхджынгонд (1966), Д.И. Гулиайы номыл Паддзахадон премийы лауреат (1967; роман «Песня о скале»-йы тыххæй), Советон Цæдисы, Абхазы æмæ Уæрæсейы Фысджыты цæдисты уæнг. 1954 – 1958 азты – Абхазы Фысджыты цæдисы сæрдар.*

*Абхазы адæмы Фыдыбæстон хæсты фæстæ (1992 – 1993) уыд Республикæ Абхазы Президенты цур æхсæнадон советы разамонæг.*

*Абхазаг æвзагмæ ратæлмац кодта А. Пушкины, М. Лермонтовы, Н. Некрасовы, Дж. Байроны, И. Гетейы, Ш. Бодлеры, Н. Бараташвилийы уацмыстæ, стæй Ш. Руставелийы поэмæ «Витязь в тигровой шкуре»-йæ хицæн скъуыддзæгтæ.*

*Фыста абхазаг æвзагыл.*

# УÆЛАХИЗЫ БОН

Ис адæмы царды æвирхъау фыдбонтæ, фыдох.
Фæлтæрæй-фæлтæрмæ нæ фæкæнынц зæрдæйæ рох.

Мах хæсты сырх пиллон цыппор фæндзæм азы сыгъта.
Фæздæгджын дымгæ нын бæллæхы æрцыдыл дзырдта.

Лæууыдыстæм иумæ уæхски-уæхск, мæлæтмæ цæттæ.
Тæвд уæлдæф ныл калдтой сармадзанты нарæг кæмттæ.

Зыдтам æй: хæстæгæй-хæстæгдæр нæм кодта фыдбон.
Æнгомдæр куы фестæм, нæ уыди нæ ныфсæн кæрон.

Гъе уыцы фыдазты нæ дуне æрæмбæрзта тар.
Нæ фæци æнусон рæстдзинад йæ ауuон, йæ бар.

Мах удхарæй мардтой куы сау маст, куы уазал, куы тæвд,
Цыдыстæм уæлахизмæ, иумæ нæ баста нæ фæнд.

Ызнагæн йæ зæххыл æрцыди нæ тырыса сагъд.
Чи джиудта мæйдары, гъе уыдонæн ног хур ыскаст.

Уæд фарæстæм майы æрыгон сæуæхсид фæзынд,
Тырысайау сурзæххы, денджызы сæрмæ ыссыгъд.

Нæ кæндзæн мынæгдæр. Уадз ивæд æнусы æнус,
Кæддæры фæлтæртæм фæхæццæ уыдзæни йæ рухс.

* * *

Ахсæв-ма арвæн йæ тармæ ыскæс.
Уыыл – цъæх-цъæхид хъæдабæ æмбæрзт.
Стъалытæ судзынц æхсæвон æрвтыл,
Ногæй та уырдыгæй худынц мæныл.

Иу дзырд дæр нал кæнын, загътон, дæуæн.
Сирвæзт та ногæй мæ зæрдæй мæнæн:
Стъалы дæр арвыл нæ худид, бæлвырд,
Иу хатт куы фенид дæ цæстыты ‘рттывд!

*БЕТЕТЫ Фатимæйы тæлмац*



# Самсон ЧАНБА

*1886 – 1937*

*Йæ курдиат ын схонæн ис иттæг алывæрсыг – публицист, прозаик, драматург, ахуыргонд филолог, æхсæнадон æмæ паддзахадон архайæг...*

*Йæ тæккæ лæджы кары рæстуд, æнæазымджынæй фæцис 1937 азы амæттаг. Йæ уацмыстæн та 20 азы дæргъы мыхуыр кæныны бар нæ уыд. Нымад у абхазаг драматургийы бындурæвæрæгыл.*

*Куыста къорд бæрнон бынæтты, уыд Советон Цæдисы Фысджыты I съезды делегат 1934 азы.*

*Æххуыс кодта æрыгон фысджытæн, йæ хъус дардта литературон къордтæм. Архайдта абхазаг дамгъуат саразыны, абхазаг литературон æвзаг фæхуыздæр кæныны хъуыддаджы. У Абхазы географийы фыццаг ахуыргæнæн чиныджы автор.*

*Ахъаззаг фæд ныууагъта абхазаг литературæйы.*

*Фыста йæ мадæлон абхазаг æвзагыл æмæ уырыссагау.*

*Самсон ЧАНБА*

# ФЫДÆЛТЫ АРТДЗÆСТ

*Радзырд*

Æризæрæрдæм бон.

Хур денджызы куыд ныгъуылд, афтæ цыма йæ цъыс-цъыс ссыд, пиллон арты æвзæгтæ суагъта æмæ стæй ахуыссыд.

Изæргæроны аууæттæ сæхи хъæуыл айтыгътой. Кæрчытæ, Качбейы хæдзары уæлхъус цы фæрв задис, уый къалиутыл æхсæвиуат кæнынмæ куыд стох кодтой, афтæ сæ хъæлæба райхъуыст. Къутæрты ‘хсæн сæхи æдасдæр ран кæм бафæсвæд кæной, уый агургæйæ, мæргътæ цъыбар-цъыбур самадтой. Хъуццытæ кæрты дуæрттæм уасыдысты сæ родтæм.

Фæталынггæрæттæ.

Æлгъаг хъæддаг куыйтæ-шакалтæ – талынгмæ бæлджытæ – сæ цуаны рæстæгмæ хъæды тарфы ниуын райдыдтой. Æмæ уæд бæстæ фæхъус, алчи сæ йæхицæн тарсти…

– Кæм ныффæстиат дæ, кæм? Мамалыгæ уæлартæй райстам! – фæцыд Качбейы усы хъæр – цæлгæнæны къæсæрмæ рахызт.

– Фæцæуын! – хъомвос дарæнтæй райхъуыст лæджы хъæлæс, стæй йæхæдæг дæр гуыбыр-гуыбыр фæцæуæг хæдзармæ. Æмæ гуыбырæй, мæнæ иудадзыгдæр зæххыл исты чи фæагуры, ахæм лæджы хуызæн уыд раст. Йæ цæстытæ – цыдæр катайаг, удаистæй ракæсбакæсгæнæг алырдæмты. Йæ зачъетæ амадау цыргъ æлвыд – михы фындзау…

Æхсæвæр куы бахордтой, уæд бинонтæй алчи йæ хуыссæн бацагуырдта. Качбей арты зынгтæ фæнычы бын фæкодта – банорста цæхæр райсоммæ, æмæ уæд уый дæр йæхи æруагъта. Хуыссыд уæлгоммæ æмæ дæрдтыл хъуыдыты ацыд. Æнцой йын иу сагъæс нæ лæвæрдта, нынныхст каконы сындзау йæ сæры. Рафæлив-бафæлив кодта, алырдыгæй дæр æй барста, уæдæ афтæ куы бакæна, науæд уфтæ, уæд куыд æмæ цы уыдзæн, цæмæ расайдзæн йæ ми, зæгъгæ, стæй фæстагмæ скарста: йæхи йæ бакæнын хъæуы æнæмæнгæй!

Гъемæ уæд загъта йæхицæн, ныр, дам мын æмбæлы бафынæй кæнын дæр. Фæлæ – æндæр ницы: хуыссæг æм æмгæрон дæр нæ цыд, æмæ дæргъвæтин рæстæг рафт-бафт кодта, куы-иу йæ галиу фарсыл афæлвæрдта бафынæй кæнын, куы йæ рахиз, æрмæст бынтон дзæгъæлы – хъæрæу

бындз дыл куы сагъуыйа æмæ дæ тухийæ куы мара, асурын та дын куынæ кома, уæлдайдæр – амарын, уыйау æй иу хъуыды маройаг кодта, æгъуыссæг.

Йæ зæрдыл йæ лулæ ‘рбалæууыд – агъа, уый йын хъуамæ фæахъаз уа фынæйы хосау. Бандоны уæлæ йæ армæй асгæрста – фæхæст ыл, тамако дзы нынннадта. Фæкаст фæнычы сæрмæ – чысыл æхсидав йæ сæрыл фæтæпп-фæтæпп кодта, ферттив-ферттив. Сыстад, зынджы цæст лулæйы хъавгæ æрæвæрдта, йе стыр æнгуылдзы фæтæн ныхæй йæ æрæфсæрста, цалдæр пъæртты скодта, стæй та æрхуыссыд.

Лулæ фæздæг нал кодта – йе ‘ртхутæг ын йæ арммæ æркалдта, лулæ чысыл йæ къухы тигъыл æркъуыргæйæ, стæй йæ йæ бæрæг бынаты куы бафснайдта, уæд йæхи хъæццулы банорста æмæ, куыд ницæуыл хъуыды кæна, ууыл архайдта. Фæлæ та уый кæм æфтыд йæ къухы: хъæрæу бындз-хъуыды та зилдух райдыдта йæ сæры.

«Чердæм бахъуыдис уый Хабжкуты?! Мæнмæ бирæ ‘ввахсдæр куы у!» – загъта йæхимидæг æмæ та уæлгоммæ адæргъ.

Нæй, хуыссæг дзы йæхи дæрдты ласы. Качбей æнæнхъæлæджы ныхситт ласта, раст цыма уæтæры фестад, уыйау.

– Цы дыл амбæлд – искуыдæр ма исчи, йæ хуыссæны хуысгæйæ, æхситтытæ кæны? Хæйрæджыты амæттаг фæдæ, и? – фæфæдисон ис ус.

– Æнæбары мын рауад. Фынæй кæн… Йед у… Уæдæй сарæй цы нæ кæнын, куы бафынæй уаин, зæгъгæ, фæлæ, марадз-зæгъай, кæд мæм хуыссæг æмгæрон дæр цæуы. О, цæй хæйрæджытæ, цæй – иу æнæрайы хъуыды мыл сагъуыди, ныйичъи мыл ис. Цух мæ нал уадзы…

– Уагæр циу?

– Ныр æнæ иу бон хъуаг æртæ азы ам цæрæм. Æмæ æз мæ цæстытæ нæ исын, нæ тæккæ фарсмæ цы зæрæстон зæххы гæппæл ис, уымæй. Уартæ къада доны фаллаг фарс. Гъемæ йæ, зæгъын, нæхирдыгæй куы фæкæниккам, уæд ахъаззаг хабар нæ уаид, нæ!..

– Хабжкуты зæхх?!

– О – нæ, Хабжкуты-йа… Кæм ын уыдис? Æппындæр уый нæу, йæхи йæ бакодта, æндæр. Уый Мысайы фыдыфыды уыд, о. Куыд æй зоныс, афтæмæй Мыса цæры уартæ кæм æмæ кæм – дæрддзæф хъæуы. Мур дæр æй ницæмæн бахъуыд ацы зæххы гæбаз. Бæргæ, бæргæ, мах куы уаид, уæд ын йæ хæмпæлгæрдæг æд цилтæ басудзин æмæ йæ æвæстиатæй гутонæй сфæлдахин, дзывырæй дæр, о! – уыцы хъæддыхæй загъта Качбей.

– Æцæгдæр бæргæ хорз уаид уый, æрмæст, хъыгагæн, мах нæу, мах, – бабæллыд йæ ус дæр.

– Кæйдæр бынтæ йæхи бакодта йæ фыр налатæй, – дарддæр йæ хъуыды нывæста лæг. – Махæн та нæ тæккæ фындзы бын ис, æмæ мæнæн æмбæлд мæхи йæ схонын… Ахъуыдыйаг у уавæр.

Фæхъус сты.

Ус тарф фынæй бацис. Фæлæ ма уæддæр Качбейы цæстытыл суанг боны срухсмæ уад Хабжкуты зæхх – тынг сойджын, тынг, цыфæнды тыллæг дæр дзы тугыл скъуыид.

Кæдæй-уæдæй бафынæй.

Ныр уыцы бынат та кæд æдæппæт уыдаид гектары цыппæрæм хай; хæмпæлгæрдæг, æмæ йæ цилтæ сæ быны скодтой, айдагъдæр дзы йæ бæстастæу иу тæпп – раст ыл фыййауы нымæт баппар, æмæ йæ бынæй нал зындаид! – кæрдæг цъæхæй æрттивы. Иу æнафон – боны цъæхмæ бирæ нал хъуыд – Качбейы сырх уасæг, фæрв бæласы къалиуыл бæстондæр æрхæцгæйæ, йæ къубал сивæзта æмæ йæ тых-йæ бонæй ныууасыд, цыма хуры скæсынмæ разæнгард кодта, уыйау. Хъæуы уасджытæ йын алырдыгæй фарсласæг фесты, æхсызгонæй уасыдысты уыдон дæр. Æрмæст дунейы уынæр Качбеймæ нæ хъуыст – адджын фынтæ уыдта, зæрдæхцон: тæхудиаджы зæхх ныр цыма уымæ ‘рхаудта, бынтондæр уый бацис. Къуыззитт кæны зæрдæхъæлдзæгæй æмæ арт æфтауы хæмпæлтыл. Цыренæй судзынц уыдон, арты тæвд ын æндавы йæ цæсгом, тæнæг цъæх фæздæг æхсызгонæй сулæфы. Бæстæ сау фæнык фестад цыма, дымгæ йæ рогæн аскъæфы, æрмæст суинаг хуымы бæстастæу цъæх цæхæр калы иу стъæлф – нæугæрдæг, нæудзар æрдузгонд.

Кæрчытæ фæдис æртыккаг хатт куы систой, мæнæ та ног бон ралæууыд Хуыцауы фæндæй, зæгъгæ, æрмæстдæр уæд фехъал Качбей, фæлæ ма иуцасдæр йæ тæхудиаг фыны ахæсты аззад. Æххæст куы æрчъицыдта, фын кæй уыдта, хуымæтæджы фын, уый йæм куы бахъардта кæронмæ, уæд схъæрзыд, срыст йæ риу, зæрдæ срæхуыста.

Боны рухс æнæуæндонæй хъардта рудзгуытæй, æмæ ма уат æрдæгталынг уыд – йæ уды равгау раст…

– Уæртæ ус! Йæй, йæй! Рабад! Стыр сихæрттæ дыл кæны науæд!

– Цытæ лæхурыс, цытæ, фынæйхъæлдзæгæй? Кæдæм мæ стын кæныс саудалынджы? Абон цыдæр æнахуыр дæ.

– Нæ уасæг æртыккаг хатт йæ хъæлæсыдзагæй куы ныййæлæлæй

кодта, уæд къуырма бадæ? – загъта æлхыскъгæнæг хъæлæсыуагæй нæлгоймаг æмæ норст цæхæр схъауын райдыдта, иугай удæгас зынгтыл хъæды æхсныфтæ кæригондæй авæрдта – арт йæхиуыл схæцыд.

Бынтон куы æрбарухс, уæд Качбей æнæбары комдзæгтæ скодта, йе ‘ккой чысыл фæрæт-цъалды бафтыдта, кæртыл æрзылд æмæ йæ цæстытæ, æгъуыссæг æй цы зæххы хай кодта, уырдыгæй нал иста – уырдæм ын æнæ бацæуæгæ нал уыд, афтæ тынг æй сайдта йæхимæ.

Сæ кæрты дуар байтыгъта, æнгуз бæласы бын хуыссæг дыууæ къамбецыл схъæр кодта; куы сыстадысты, зивæггæнгæ уæззаугай, уæд сæ феддæдуар кодта. Æмæ уæд лæппуйау басæррæтт ласта къада доны сæрты æмæ бæрнонæй зилы, цæуы йæ тæхудиаг зæххыл. Æрлæууыд æрттивгæ цъæх æрдузы астæу æмæ афæлгæсыд йæ алывæрсты.

– Мæшæллæ! Дæ фæндон дæр уæд, Алла-Билла, дæ фæндон! – батабутæ кодта, йæ цыргъ æлвыд зачъе лæгъзытæ кæнгæйæ.

Тæккæ уыцы афон Хабжкут йæ хъæдын хæдзары дуар байтыгъта, тыргъæй къаннæг асинтыл æрхызт кæртмæ. Тæнæггомау æлвæстгуыр лæг, коса дæр æй схуыдтаис, афтæ гæзæмæ хилджын уыд йæ цæсгом. Цыма йæ йæ сæрыл рæдыдæй æрсагъта, афтæ йыл фидыдта сæгъдзармæй худгонд.

Сæумæйы хур æй йæ тæссармæдзавд тынтæй рæвдыдта – йæ зæрдæ дунейы райдзаст уындæй барад. Йæ хъустыл зарæджы мыртæ ауадысты. Иу ран æнцад æрлæууыд, лæмбынæг айхъуыста. Агъа, уый хæстæг колхозы быдырæй хъуысдзæн сæумæдæвдæджы зарæг, æндæр æй уæдæ кæм зардæуа! Æмæ йын уый дæр та фехсызгон. Афтæмæй та, фыццагдæр колхозмæ чи цыд, уыдонмæ мæстæй хæлд. Ныр та сæм нæ кæсыс – зарынц!

Йæ цæстытыл ауад колхозон Мамсыры хæдзары ног сæр – бурбурид агуыридурæй уыцы аив æмбæрзт. О, æмæ йед та, Сакут, суанг ма уымæй, Хабжкутæй дæр мæгуырдæрæй цæрæг – йæ сахъари къæсы фарсмæ фых дурæй хæдзар амайы. Уый та, Хабжкут, йæ тыхст дуг бонæддæдæр кæны йæ фарсыл æрхуыссын æввонг хъæдын пацхайы, æнæбары хæдзары.

Йæ ус фæзынд. Баздæхт æм лæг:

– Цæуыл фæсагъæссаг дæн ацы райсом… Уæд та, зæгъын, мах дæр колхозмæ нæхи куы байсиккам. И, куыд хъуыды кæныс?

– Хуыздæр куыд хоныс, афтæ кæн. Куы йæ зоныс, æз дæ фæндыл дыууæ кæй нæ зæгъдзынæн, уый, – дзуапп ын лæвæрдта сылгоймаг.

– Бацæудзынæн! Æнæмæнгæй бацæудзынæн! – фидарæй скарста хæдзары хицау.

Уалынмæ дын йæ зæххыл Качбейы ауыдта – алырдæмты дзы, цыма йæ хицау уый у, уыйау тыннывæндæн кæны. Мæнæ Хуыцауы диссæгтæ! Уæдæ иукæддæр уæгъды не ской кодта уыцы зæрæстон зæххы хайы тыххæй – рагæй йæм бахъав-бахъав кæны.

Йæ джидæ фæрæт райста йемæ æмæ уæздан-уæзбынæй уыцырдæм фæраст.

– Дæ райсомтæ мын хорз уой, мæ уарзон сыхаг! – радта салам. – Афтæ раджы цыдæр цыма агурыс ам?..

Качбей йæм чъылдымыздæхтæй лæууыд æмæ йæ нæ федта, куыд æм æрбацæйцыд, уый – ныр æм цырд фæзылд, йæхимидæг хорзау нал фæцис, Хабжкуты къухы фæрæт куы ауыдта, уæд, æрмæст æй цыма ницæмæ ‘рдардта, йæхи афтæ дары. Дзуапп ын радта æмбæлгæ зæрдæхæларæй:

– Ацы райсом дæр та дæ Скæнæджы хорзæх уæд, мæ буц сыхаг. Мæ къамбецтæ цыма ацырдæм радзæгъæл сты, – цæугæ-цæуын афсон кодта. – Дæхæдæг та æд фæрæт чердæм сарæзтай дæ ных?

– Иу-дыууæ æндзалмы, зæгъын, куы ракæнин æфтуан хъæдтæн, – сæфсон кодта Хабжкут дæр.

Æмæ уæд фæйнæрдæм фæцыдысты, сæ зæрдæтæ сæ кæрæдзийы хинтæм æхсайгæйæ – сæ дыууæ дæр фæливæн ныхæстæ кæй кодтой, уый сын цы бамбарын хъуыд…

Дыккаг бон райсомæй Хабжкут йæ зæххы хайы ‘рдæм куыд акаст, афтæ йæ цæстытæ атартæ сты – нал сыл æууæнды: къада доны сæрты Качбей кæд æмæ ‘хсæвы сæвæрдта дыууæ ставд хъæды лыггаджы, ноджы кæрæдзиуыл цæхгæрмæ фæйнæджытæй хост – цæттæ къахвæндаг хид уый кæртæй Хабжкуты зæхмæ. Ома ныр та Качбейæн йæхи зæхмæ. О, хуымон галтæ, науæд ыл къамбецтæ дæр æнцонты бауайдзысты иу фарсæй иннæмæ!

Рафыхт мæстæй, фæлæ йæхи уромы. Хъуыддагæн йæ ратæдзæнтæ ракъахын хъæуы – æмæ уал йæ усы сгарæг барвита Качбейы усмæ: лæджы фæндтæ йæ къæбæргæнæгæй хуыздæр чи хъуамæ зона. Бахъæр кодта мидæмæ:

– Не ‘фсин! Ай нæм æхсæвыгæтты хидтæ куы аразынц, нæ зæхх нын куы исынц, уæд…уæд… Цу-ма, бафæрс Качбейы сывæллæтты мады, уый уын цы цæсгомæй арæзт хид у мах исбонмæ, зæгъгæ.

Ус ӕнӕ уӕлдай ныхасӕй йӕ сӕрбӕттӕн йӕ цӕстыты тӕккӕ сӕрмӕ абаста ӕмӕ фӕцӕуӕг. Дард цӕуын ӕй нӕ бахъуыд – дӕлӕ уый, Чамсия, Качбейы ус, цъаймӕ ӕд дурын рацыд, науӕд йе 'дзӕсгом лӕгӕн йӕ зӕрдӕ тӕвд кӕны, ӕмӕ ногхаст уазал дон нынцъуха!..

– Уӕй, Чамсия!

Раздӕхт ӕм, йӕ донгарз зӕххыл ӕрӕвӕрдта.

– Циу, Юлиа?

Уый йӕм баввахсдӕр.

– Чамсия, цӕсгом дзы мур дӕр ницӕмӕнуал бӕззы? Уӕ налат лӕг нын нӕ зӕхмӕ нӕ донысӕрты ӕхсӕвдарӕй хидтӕ чердӕм аразы, уыйма мын бӕлвырд ӕмӕ дзӕбӕхӕй бацӕгъд мӕ хъусты.

– А-гъа, уӕдӕ! Зӕхх дӕр – сымах, дон дӕр – сымах, арв дӕр ма уӕдӕ 'ндӕр кӕй уа?! Сымах кӕм цӕрут, кӕм? Далӕ иуварс кӕмдӕр. Ӕмӕ мах та кӕм? Нӕ хид кӕдӕм арӕзт у, тӕккӕ уым. Цӕсгомы мӕт та уӕхицӕн бакӕн. Уый дын налат… Дӕ Хабжкут та – сыстрагъ, хӕлмаграгъ!

Адонӕн сӕ фидистӕн кӕрон нӕ уыдзӕн, зӕгъгӕ, Хабжкут фӕсидт йӕ хионмӕ:

– Юлиа, уый авд бирӕгъы дӕр нӕ басӕтдзысты, ныууадз ӕй. Рацу, фӕлтау уӕларт балӕууу… – загъта ӕмӕ та йӕ цъалды райста ӕмӕ, къада доны сӕрты куыд хызт Качбейы конд хидыл, афтӕ йын мӕстӕлгъӕдӕй раарфӕ кодта, удӕнцой мын скодтай, мӕ зӕхмӕ цӕугӕйӕ, зӕгъгӕ. Йӕ зӕхмӕ, о, йӕ зӕхмӕ!

Юлиайӕн пецӕй цӕхӕр рахӕссын кодта, иу ран ӕй ӕркалдта цӕгӕр хус хӕмпӕлгӕрдӕг ӕмӕ цилты 'хсӕн, бакалдта йыл сыфтӕртӕ – арт ныггуыпп ласта. Хӕмпӕлӕй-иу дӕстӕгтӕ ратыдта, ссыгъта-иу сӕ ӕмӕ сӕ-иу ӕндӕр ран, хусдӕр кӕм уыд, уым баппӕрста. Арты 'взӕгтӕ цингӕнгӕ алырдӕм лӕбурдтой. Фӕздӕг та, цыма Качбейы мардта мӕстӕй, афтӕ уый хӕдзары 'рдӕм йӕхи ивӕзта.

Ӕмӕ та Качбей дӕр фӕрӕтджынӕй рахызт йӕ кӕртӕй, цъус фӕкаст, Хабжкут ӕмӕ йӕ ус арт куыд ӕндзӕрстой йӕ тӕхудиаг, бӕллиццаг зӕххыл, уымӕ, стӕй комкоммӕ фӕраст Мысатӕм – кӕддӕр уый фыдыфыды зӕхх уыд уартӕ уыцы арты амӕттаг быдыр. О, арт фыдгӕнд ома нӕу, фӕлӕ хъӕугӕ мадзал у хуымгӕнды размӕ. Хӕлӕфгӕнӕг Хабжкут ӕй бахуым кӕнинаг уыдзӕн, уӕдӕ нӕ – ӕмӕ йыл сардауын хъӕуы гуырымыхъхъ Мысайы. Мӕнӕ йӕ кулдуар дӕр. Бахъӕр кодта:

– Мыса! Гъæй, Мыса!

Уый йæ ходæн хæрын фæуагъта, æмæ йæм, йæ уæлармæй йæ былтæ сæрфгæйæ, ракаст:

– Кæцы дæ афтæ раджы?

Мыса уыд егъæуттæгонд лæппулæг, йæ сау бæзджын зачъетæ ахæм схъисджынæй зындысты, – раст уызыны судзинтау.

– А, ай нæхи Качбей куы дæ! Исты фæдисон ма у, æд фæрæт нoджы. Мидæмæ! Иумæ скомдзаг кæнæм. Уазал сæн дæр нæм кæд разынид…

– Дæ бæркад бирæ! Æцæгдæр фæдисон дæн: мæ къамбецты агурын, дысон нæ разындысты. Дæ цæст сыл не ‘рхæцыд? – дзырдта гæдывад Качбей æмæ йæхимидæг табу кодта, Чамсия сæ уынгмæ куы нæма ратæрид, зæгъгæ… – Бирæгътæ сæ бахæрой, йæ! Абон хуым кæнынмæ хъавыдтæн, фæлæ уыныс, кæм уой… О, ды, Мыса, нæма ныссагътай дæ гутон ауæдзы?

– Уæллæй, нæма.

– Уæдæ нæ дыууæйы дæр Хабжкут хæлиудзыхтæй фæуагъта: мæ тæккæ фарсмæ йын хъæдрæбын цы зæрæстон зæххы хай ис, уый цæттæ кæны бахуыммæ – йæ хæмпæлгæрдæг ын æд цилтæ арты хай бакодта.

– Цавæр зæххы хайы кой кæныс æмæ афтæ кæй хоныс?! Уый мæн у, мæн! Мæнæн баззад мæ фыдыфыд Тлабганæй!

– Мæгъа, мæгъа… Хабжкут та йæ уæдæ йæхи хоны. Ома хæстæджытæ не стут æмæ … – Качбей сындæггай æндзæрста Мысайыл, кæд рафыцид æмæ спæлхъ кæнид, зæгъгæ.

– Цæй хæстæджытæ, цæй?! Нæ куыдз сын сæ кауы сæрты алиуырдта, уый дын хæстæг-бæхстæг. Стæ-ма, мæ бар-ма йæ бауадз!

Уый уал дын – ахъаззаг: фыцынмæ фæцис Мыса. Иу хус суг ма йын æххæст авæра йæ гуыргуыргæнæг артыл:

– Æфсармы æртах æм нæй, æндæра дзæнæты бадинаг Тлабганы сæр та куыд не ‘рхъуыды кодта, дæ хорз фыдæлы… – загъта ма фæстагмæ Качбей æмæ ‘нæвдæлонау фæцæуæг.

Мыса дзæвгар рæстæг сагъдауæй лæууыд. Стæй мидæмæ дæр нал бацыд – йæ ходæн æрдæгхæрдæй баззад, афтæмæй, дондзæстытæ-цъыфдзæстытæ дæр нал æвзаргæйæ, дугъ радта йæ фыдæлы бæстыхаймæ. Æртæ километрæй къаддæр æй тындзын нæ бахъуыд. Бастад, уæдæ нæ. Æмæ уал хъæды кæрон йæхи бафæсвæд кодта, чысыл фæстæдæр бæлæсты аууонæй рахъахъхъæдта. Æмæ, æцæгдæр, уартæ

Хабжкут йæ къаннæг фæрæтæй бындзагъд кæны фæрвы æрдæгсыгъд талатæ. Хабжкут, о! Уый, Мысайы зæххы, талатæ, о!

Йæ рихитæ куыддæр фыдыздыхтытæ акодта, раст цыма йæхи нæ, фæлæ уартæ уыцы зæхстигъæджы уыдысты. Рахызт хъæдæй быгъдæг ранмæ – Хабжкут хъазуатонæй архайы, нæ йæ уыны.

Мыса хъæрæй схуыфæгау кодта, ачъыртт ласта. Хабжкут æм æргомыздæхтæй ракаст, куыдфæндыйы хъæлæсыуагæй загъта:

– Æгас нæм цæуай, Мыса! Бонхорз дæр куынæ загътай æрбацæугæйæ. Уæд циу, цы хабар у – дæ хуыз мæ зæрдæмæ нæ цæуы…

– Æмæ ды афтæ ‘нхъæлыс, æмæ мæ зæрдæмæ, ды цы дæ, уымæй иууыл цæуыс? Мур дæр нæ!

Хабжкут йе ‘рфгуытæ бæрзонд сæппæрста, йæ фæрæт галиу къухмæ айста – исты лæбурæнгарз ма уа, æмæ фæрсы, дисгæнгæйæ:

– Фыдфынтæ федтай дысон æви стгæ нæ, фæлæ хаугæ ракодтай дæ уырындыхъæй? Дæхи куыд дарыс хистæримæ?

– Хистæр дæ, хистаг дæ, уый мæ хъуыддаг нæу, фæлæ ды мæ зæххыл цы ми кæныс?

– Куыд ома дæ зæххыл? Ай у мæ зæхх, – æмæ дын, кæм лæууыд, уым йæ бын рахиз къахæй æрцавта. – Хъусыс? Мæ зæхх!

– Дæ цæсгом æрлæбырæд, уый дын дæ зæхх! – Мыса размæ иу сæвджын санчъех бакодта, æргуыбыр кодта бынноз æмæ нæугæрдæгæй сыгъдбын фых дур систа, Хабжкуты фындзмæ йæ дары. – Уыныс ацы агуыридур? Уыныс? Æмæ уый баззад мæ фыдыфыд, дзæнæты бадинаг Тлабганы бæстыхайæ. Ам цард æмæ ам ахицæн йе стыр фыдæбойнаг цардæй. Æмæ йын ныр ды йæ бынатыл æрбадын фæлварыс?!

– Нæ фæлварын, нæ – ныронг ам дæн! Уыцы дур та… Хъус мæм дæ дыууæ хъусæй дæр иумæ – мæ ныхæстæ рахизы куыд нæ бауайой æмæ галиуæй куыд нæ атæхой, асыффытт кæной, афтæ. Тлабган, о, ам цард, ам ахицæн рухс дунейæ, дзæнæт йæ хай. Фæлæ йæ ам та мæ фыдыфыд, рухсы уæвинаг Софидж æрцæрын кодта.

– Мæнæ цытæ хъусын! – Мыса йæ сæр нынкъуыста додойгæнæгау. – Хурмæ хус аргъæуттæ…

– Хъус дарддæр æмæ рæстытæ зонай. Тлабган мухадзыр уыдис, туркдзау. Фæлæ, фæстæмæ куы раздæхт, уæд йæ хæдзары æндæртæ цардысты, зæхх дæр ын нал уыд. Гъемæ йын мæ фыдыфыд Софидж, куыд йе ‘фсымæр, афтæ фæтæригъæд кодта æмæ йын мæнæ ацы зæхх, мах ныр демæ кæм лæууæм, уый радих кодта. Хъары дæ зондмæ уый?

– Иннæрдæм дæр ма дзы ахызт.

– Уæддæр дзы исты фæныхстаид. Æз цас раст дæн, уымæ дарддæр хъус. Ам мæ фыд Катмас нæ цард, дзæнæт йæ хай, æрмæст дзы уый, о, нæ цард, фæлæ сæ цæрæнуат уыд, мæн æмæ уый фыдæлтæн сæ нæмттæ: Софидж, Мада, Маху, Мдар, Богун, Сосран, Гедлач, Кобзач, Мзоуч, Куадж. Мæнæ адон та дæ фыдæлтæ: дæ фыд Сагяс, лæгау лæг уыд, дзæнæты бадæд, стæй уым фалæмæ Тлабган, Сасрыква, Салмаква, Зосхан, Ширин, Рашит, Татей, Титу, Зач æмæ нæ иумæйаг рагфыдæл Куадж – уый æрбынæттон æппæты фыццаг ам, – зæхх та йæ къахæй æркъуырдта Хабжкут. – Куаджæн рантыст дыууæ фырты: Зач æмæ Мзоуч. Æмæ ды дæ Зачы байзæддаг, æз та Мзоучы. Ныр, зæгъ-ма, ацы зæхх дæу цы фæткмæ гæсгæ бацис?

– Ох-хына! Кæй дзы нæ райхъал кодтай, кæй! Ам незаманты дæр хъуамæ исчи цардаид. Фæлæ цы у нымаинаг? У уыцы уавæр, æмæ дзы æппæты фæстагмæ чи цард. Уый та уыд Тлабган, мæ фыд Сагясы фыд ома. Хуыздæр ма дæ цавæр цæвиттон бахъуыд?! Хуыцау дæ бахизæд ам дæ гутон адарынæй! Æз æй загътон, ды йæ фехъуыстай! – Мыса йæ мидбынаты æрзылд æмæ, сæвджын санчъехтæгæнгæ, фæраст.

Хабжкут ма, йæ фæстæ кæсгæйæ, сдзырдта:

– Афтæ у рагæй нырмæ дæр: кæмæддæрæгон уасæг æрбасхъæл æмæ хæдзарон уасæджы феддæдуар кодта.

Æхсæвы Мыса хуыссæджы цъыртт нæ федта. Куыддæр æрбацъæхтæ ис, афтæ тындзгæ уадæй сæ быцæуаг ран балæууыд. Æмæ цы суыдта – дыууæ къамбецæй Хабжкут хуым кæны!

Къамбецты раз æрæхгæдта, дзуры гутондармæ:

– Ацы тæккæ уысмыл суæгъд кæн дæ къамбецты, науæд!..

– Цы науæд?

– Мæнæ афтæ! – Мыса, йæ къухы цæвынæввонг цы ‘хсæр уис уыд, уымæй къамбецты бырынчъытыл ралæууыд. Уыдон тæссармæ ныццавтой, гутон уæлгоммæ фæлдæхтæй сæ фæстæ расхъиубасхъиугæнгæ скъæфгæйæ.

– Афтæ уæдæ? – Хабжкут йæхи Мысайыл бауагъта къæдзæхмæ лæбурæгау. Уый та йæ йæ астæубос æмæ йæ рахиз къахæй ацахста æмæ йæ куырисау иуварс фехста.

– Куыдзы хъæвдын! – загъта Хабжкут, йæ фæстагыл рабадгæйæ.

– Хæрæджы къæлæу! – загъта Мыса æмæ йæ къухтæ йæ хæдоныл

ӕрсӕрфта, цыма йын, йе знагмӕ фӕлӕбургӕйӕ, истӕмӕй самӕстысты, уыйау.

Уӕдмӕ сӕ устытӕ дӕр фӕфӕдис сты, фӕлӕ сӕм хӕстӕг цӕуын сӕ ныфс нӕ хастой. О, се 'хсӕн лӕууыд Качбей дӕр ӕмӕ йӕ зачъейы бынты худт, ӕрмӕст иунӕг цӕйдӕр тыххӕй мӕсты кодта Мысамӕ: дур цӕуылнӕ фелвасы, тыгуыл дур ӕмӕ дзы Хабжкуты тенка цӕуылнӕ 'рдауы! Уартӕ йын, йӕ лӕгуын сӕр – хурмӕ куыд ӕрттивы – замманайы у ӕрдауынӕн…

Куыдфӕстӕмӕ сӕ алыварс нӕлгоймӕгтӕ дӕр ӕрбакъорд сты. Йӕ рыгтӕ цӕгъдгӕ, Хабжкут слӕууыд йӕ къӕхтыл. Качбеймӕ фӕкомкоммӕ, йӕ фӕрӕт зӕххӕй систа ӕмӕ йӕм дзы амоны:

– Джауыр дӕ, джауыр! Уый мыл, сыгъдӕгӕй, ды сардыдтай ӕнӕхин Мысайы дӕр. Фӕлӕ нӕдӕр дӕу, нӕдӕр Мысайы, стӕй ма суанг мӕн дӕр ацы зӕхх нӕ уыдзӕн, – ӕмӕ адӕммӕ азылд. – Уӕ фарн бирӕ, хорз адӕм! Цы уыд нывронг нӕ царды бындур? Ай мӕн у, ай дӕр мӕн у, ӕрмӕст уартӕ уый та дӕу у – фӕлхӕрдтӕ. Сойджын зӕхх – мӕн, дурджын та – дӕу. Ӕмӕ кӕрӕдзимӕ топпы кӕсӕнӕй кастыстӕм, карды фындзӕй дзырдтам. Мӕнӕ 'рдӕбон цӕуыл схыл стӕм мӕ туг, ме стӕг ӕфсымӕримӕ? Ацы зӕххы гӕппӕлыл мӕнӕ… Ныр мӕм иу зӕрдиаг курдиат ис сымахмӕ: ӕд зӕххытӕ, ӕд фос, ӕд цалх, ӕд маргъ-ма мӕн дӕр айсут колхозмӕ!

– Тынг раст уынаффӕ дын у, дӕ рынтӕ дын бахӕрон, Хабжкут, – се 'ппӕты бӕсты йын дзуапп радта ас адӕмы хистӕр, кадджын ӕмӕ цытджын Мзоуч. – Иу – нӕ цин, иу – нӕ хъыг, иу – нӕ фӕллой ӕмӕ исбон. Рӕстуд, рӕстадӕй сӕ иумӕйаг уынаффӕдоны уардзыстӕм ӕмӕ дих кӕндзыстӕм, хӕрам, фыдӕхӕн нӕм бынат куыд нӕ уа, афтӕ. Уый хонӕм мах колхоз, гъе, мӕ хуртӕ. Ӕмӕ нӕм алыбон ӕгас цӕуӕд Хабжкут дӕр…

# АПХЯРЦА

*Этюд*

Ӕрбайстон мӕхимӕ дыууӕтӕнон – дыууӕхъисон фӕндыр, номдзыд апхярца.

Ӕмӕ…

Ӕмӕ былгӕрӕттыл хъазтмондаг уылӕнтӕ цыма сӕхи сцӕв-сцӕв кӕнынц – уый гуыры, уыцы ныв апхярцайы цагъдӕй, о.

Стæй…

Хæхтæ, дæрдтыл кæрæдзийы сæрты фæлгæсгæйæ, лæджы сæ хъæбысмæ сайынц, сæ уынгæг, фæлæ алæмæты рæсугъд кæмттæм – уым у сæ гуырæн абухгæ дæттæн, сатæг уахъæзтæн.

Æмæ кæрдæгцъæх хæххон дæлфæдтæ та сæ хъæдæмбæрзт рæгътæ æмæ къуылдымтæ, уылæнгай куыд уæлдæр цæуынц, афтæ æрвцъæх хуыз исын райдайынц.

Хæхбæстæ, аргъæуттæн дæр ма бæллиццаг, хæлæггаг дунесконд! Ахорæнты армукъа: æнæбын къуырф цъæх арв, тыбартыбургæнæг дæлвæзтæ, бур-бурид ахорæнтæ æмæ сырх-сырхидтæ, хъулон-мулон гауыз йæ дидинджыты фæлыстæй, æндонхуыз арвы кæрæттæ.

Иу кæрдæджы хал иннæимæ сусу-бусу кæны, фароны хус сыфтæр цыдæр мысинæгтæ сусæгæй фæзæгъы ногдзыд сыфтæрæн; урсбарц дæттæ хæлхæлгæнгæ сæ иугæндзон зарæг нывæндынц; иугæндзон, о, фæлæ дзы нæ фæлмæцыс, нæ йæм æфсæдыс хъусынæй. Æппæтæн та царддæттæг, бардуаг – æгъуыстаджы зынгдзæст хур!

Боны рухс сысы.

Изæры æндæргтæ хъуызгæ-хъуызгæ ‘рбаввахс сты. Хæхты цъуппытыл ма уæддæр мынæгæй-мынæгдæр кæнынц хурарты сыгъзæрин тæппытæ.

Бон йæ бартæ ‘хсæвы быгъдуан кæны, фæдзæхсы йын, цæмæй сомбон уа ноджы ирддæр æмæ рæдаузæрдæдæр.

Хохы дæлфæдтæм йæхи талынджы нымæты батыхта абхазаджы пацха, бонзонгæ хъæдын хæдзар. Уый дæр тæхуды кæны райдзастдæр фидæнмæ.

Мæйдары тæлытыл фæйнæрдæм ахæцыд ныфсджын арт. Апхярцайы хъистæй гуырынц æрхæндæг мыртæ, уæзданæй сын хъырнынц хæххон доны æвæллайгæ хъæлæстæ.

Æрдын фæуæнгрог. Цырд сдыууæрдæм фæндыры æлвæст хъистыл. Хъуысы цардыл гимн – фидæныл одæ.

Ивылы рухс. Дунейыл. Зæрдæтæм.

Хурыскæсæнæй нæ – цæгатæй! О, цæгатæй.

Революцион зарæг азæлы комæй коммæ, хæхтæй дæлвæзтæм. Денджыз дæр æм æдзынæг æрыхъусы.

Апхярцайы зæрдæ ныфсæвæрд у.

*ГУСАЛТЫ Барисы тæлмац*



# Дзадз ДАРСАЛИЯ

*1898 – 1977*

*Фыссæг, прозаик, драматург, публицист, æхсæнадон архайæг. 30 азы уыд литературон журнал «Апсны»-йы сæйраг редакторы хæдивæг.*

*Фыссæджы райгуырды 120 азы бонмæ Абхазы Фысджыты цæдис снысан кодта йæ номыл литературон преми.*

*Ныффыста пьесæтæ: «Зубная боль», «Любовь – бог жизни», «Адына», «Икона и муки», «В глухой старине». У бирæ историон æмæ цардыуагон радзырдты æмæ уацауты автор: «Заложник», «Старая шуба, не зазнавайся», «Старик с ношей», «Судьба каждого». Ныффыста мысинæгты чиныг «Из жизни».*

*Нымад у абхазаг литературæйы бындурæвæрджытæй иуыл.*

*Абхазаг æвзагмæ ратæлмац кодта А. Пушкины роман «Капитанская дочка».*

*Фыста абхазаг æвзагыл.*

*Дзадз ДАРСАЛИЯ*

# ДÆХИУЫЛ МА ФЕРВÆСС, ЗÆРОНД КÆРЦ

*Радзырд*

Нæ хъæуæй гыццыл фалдæр кæддæр цыд хæххон дон. Уыцы хивæнд цæугæдон йæ цæуæнтæ æндæр ранмæ раджы аивта, йæ уайæнты бынаты ма баззад, йæ иу фахсæй дардмæ дæр зæронд куыройы сæр кæмæн зыны, ахæм адаг.

Иу æнкъард фæззыгон бон уыцы куыройы зæхкусджытæ сæ фæллад уадзынмæ æрбадтысты. Иутæ сæ хор æрыссадтой æмæ, къæвда кæд æрлæуудзæн, уымæ æнхъæлмæ кастысты, иннæтæ та, – сæ нартхоры голджытæ сын куыройгæс кæд æрысдзæн, уымæ. Стымбыл сты, сæумæрайсом арт йе 'взæгтæй кæм хъазыд, ныр та фæсхъазт сау æвзалытæ кæм ныххæлиутæ сты, фæлæ ма уæддæр кæцæйдæрты йæ зынгдзаст цæстытæ чи фæныкъул-фæныкъул кæны, уыцы пецгонды æрдæгнорст арты алыварс. Алчи дæр-иу сæ, йæ хъæбæр махоркæйæ хъуырмæ над лулæ сдым-сдым кæнгæйæ, 'взалытыл ныттукодта.

Æнхъæлмæгæсджытæ рæстæг марынæн радгай алыхуызон хабæрттæ кодтой. Чи анекдоттæ дзырдта, чи, – царды йыл цы æнæуырнинаг хабæрттæ æрцыд, уыдон, æрмæст ма-иу сыл æнæфсармæй къæхтæ æмæ къухтæ дæр афтаугæйæ. Афтæ æзлæгдæронæй сæ рæстæг мардтой. Уыдон иууылдæр – дам-думæй, æцæгдзинадæй – æнхъæлмæгæсджытæн уыдисты адджын мыдау.

Куыройы фыдтæ фæллад нæ зыдтой, нартхоры нæмгуыты сæ зилдухæнты ссæстой. Арвæй уарæгау бынмæ калд бурæмхæццæ урс ссад. Ногæй та тар мигътæ митхæццæ къæвдахæссæнтæ райдыдтой. Зымæг æрбаввахс. Пецæй гыццыл фалдæр хус фæйнæджытæй арæзт хъыррыстгæнаг хуыссæны фарсмæ ауыгъд уыд куыройгæс Шиакиры сæгамæзт зæронд кæрц. Йе скъуыдтæй ма суанг йæ бæмбæджытæ дæр ранæй-рæтты разæбултæ сты.

– Хъæдæй сугтæ чи 'рбахæсса, фыццаг уый нартхор æрысдзынæн. Чи у разы? – радзырдта куыройгæс, артдзæсты алыварс хъæлдзæг ныхæстæ чи кодта, уыдонмæ.

– Цы зондджын дæ! – фæрæвдз сæ иу.

– Хъæдæй сугты баст æрбахæссын ацы уазал бон æнцон хъуыддаг нæу! Дæс туманæй къаддæр не слæудзæн!

– Æз æрбахæсдзынæн, – фæрæвдз, йæ уæлæ рог уæлæдарæс, афтæмæй рæбынæй бандоныл чи хъеллау кодта, ахæм мæллæджытæарæзт лæппу. Кæд ыл цыдаид æхсæрдæс азы. – Æрмæст дæ курæг дæн, æмæ мæм иу сахат дæ кæрц авæр – ныххуылыдз уыдзынæн! – лæппу сæрæй ацамыдта куыройгæсы кæрцмæ.

– Дæ сæрызонд фæцыд?! – фæмæсты куыройгæс. – Уыцы зæронд кæрц мæнæн цæргæ-цæрæнбонты лæггад кæны. Уый мын канд уæлæдарæс нæу, фæлæ мæ хуыссæнуат дæр. Дæ фыццаг æй куы скæнон, уæд донласт фæуыдзæн, æмæ ма ахсæв цæуыл схуысдзынæн, мæхи цæмæй бамбæрздзынæн?

Уыцы ныхæстæм иууылдæр сæ сæртыл зивæггæнгæ схæцыдысты, æмæ цымыдисхуызæй сæ цæстытæ сарæзтой, къулыл зæгæлы уæлæ цы зæронд сæгæйамæзт кæрц ауыгъд уыд, уымæ.

– Искуы ма ахæм диссаг федтат, ныххуылыдз, дам, уыдзæн мæ кæрц! – бахъуыр-хъуыр кодта, кусджытæн абонсарæй хъæлдзæг хабæрттæ чи кодта, уыцы згæбоцъо лæг. – Куы ныххуылыдз уа, уæд бахус уыдзæн. Цæмæй йын тæрсыс? Уартæ Кимпал Киапачы кæрцæй зæронддæр куы у дæ кæрц! Цы у, уымæй стырдæр зиан ыл нал æрцæудзæн. Шиакир, ды хъуамæ махыл тыхсай. Дæумæ та нæдæр сугтæ ис, нæдæр не ‘рбацыдмæ арт скодтай. Суанг ма дæм, нæ тамакотæ цæмæй ссудзæм, уый фаг зынг дæр нæй, – арты фæныкæй ма цы зынгтæ ферттив-ферттив кодтой, уыдон расхъау-басхъау кæнгæйæ, схъуыр-хъуыр кодта боцъоджын.

– Цавæр кæрц уыд Кимпал Киапачæн уагæры? – дисы бацыд зæхкусджытæй чидæр.

Згæбоцъоджын ацы ныхæстæм бахъæлдзæг. Цы та сын радзура, уый йæ æвæрæнты ис! Фæрсгæ дæр сæ нал бакодта, фæнды сæ æви сæ нæ фæнды йæ радзырдтæм хъусын, уымæй, афтæмæй райдыдта йæ ныхас:

– Диссаг у, Кимпал Киапач æмæ йæ кæрцы тыххæй кæй ницы зонут, уый. Уый зындгонд адæймаг куы у, йæ ном дæр дардыл йæ кæрцы руаджы куы айхъуыст, – загъта згæбоцъоджын æмæ рагон таурæгъгæнæгау бæстон рабадт. Йæ хъæлæс дæр ма фæивта:

– Цардис æмæ уыдис иу адæймаг. Йæ ном – Кимпал Киапач. Уыдис ын иу зæронд кæрц. Зæронд кæрцытæ дæр алыхуызон кæй вæййынц, уый уæхæдæг дæр хорз зондзыстут. Зæгъæм, вæййы ахæм зæронд кæрц, æмæ

йæ кæцыфæнды кадджын лæг дæр адджынæн дардзæн. Де ‘взаг нæ батасдзæн, уый дæу хуызæн лæгæн сæрмæхæссинаг дзаума нæу ын зæгъын. Лæзæрдтытæ нæу, куы аскъуыны, уæд ыл аив æмпъузæн сæвæрынц, æппынæдзух – сыгъдæг, цæхæртæ калы. Йе ‘фцæгготыл – æнæбары цармгонд, фæлæ йыл афтæ хорз фидауы, цыма а дунемæ йемæ рантыст. Иу ныхасæй, зæронд кæрц æй рахонын зæрдæ нæ комы, цæст нæ уарзы. Хуыцау мах дæр ацы тæккæ ахæм кæрцытæй куы фæхайджын кæнид, уæд чъынды Шиакиры норст арты алыварс ихæнæй нæ мæликкам. Уæд канд хъарм нæ, фæлæ фыр тæвдæй нæ хид æхсæрдзæнау кæлид. Кимпал Киапачы кæрцы кой куы кæнæм, уæд уый кæрц нæ уыд, фæлæ хæррæгъ.

– Ацы уазал бон куыройы кæй ныффæстиат стæм, уый нын æгъгъæд нæу, ноджы ма нын ды дæр нæ хъустæ æхсыс æнæрцæугæ хабæрттæй, – йæ ныхас ын æрбаскъуыдта зæхкусджытæй иу пыррыкрихи саулагъз лæг, йæ ныхыл – хъæдгом. Йæ даргъ рихиты бынты бахудт, æмæ иууылдæр бахъæлдзæг сты.

Бурбоцъоджын фætæргай.

– Банцай! Ахæм маргæвзаг дæ – мæ дзых байгом кæнын мæ нæ уадзыс, – мæстæлгъæдæй загъта уый. – Дæумæ гæсгæ, Киапачы кæрц хуымæтæджы кæрц у?

– Байхъусут-ма та йæм, – нæ йæ уæгъд кæны пыррыкрихиджын. – Кæд, мыййаг, дæхи цæстытæй нæ федтай уыцы æнахуыр кæрц!

– Бæгуыдæр æй федтон! Уæдæ ма йæ чи федта, кæд æй æз нæ федтон, уæд?! Де ‘взаг та куыд батасыд афтæ зæгъынмæ? Ехх, дæу цы мад ныййардта! Мæнг нæ зæгъдзынæн, Киапачæн йæхи никуы федтон, нал æй æрæййæфтон удæгасæй, фæлæ йын йæ кæрц федтон, мæнæ ныртæккæ куыройгæсы кæрц куыд уынын, афтæ. Раст зæгъгæйæ мыл уæд дæс азæй фылдæр нæ цыдаид. Киапачы тыххæй та мæ хистæртæй куыд æрыхъуыстон, афтæмæй йæ зæры кармæ фæцард æмæ дам-иу æппынæдзух арты раз гуыбырæй бадт, никæйуал зыдта, нал æм уыд йæ тамако ссудзынæн зынг райсыны хъару дæр. Æвæццæгæн, мæлæтæй дæр рохуаты баззад. Цæмæн, уый нæ зонын.

Таурæгъгæнæг йæ лæдзæджы кæронæй æрцавта, артуатæй ма мынæг рухс кæмæй калд, уыцы иунæг къуыдыр æмæ, йæ мондæгтæ уадзгæйæ, цæхæры муртæй йæ лулæ ногæй ссыгъта.

– Уæд дын мæ иу рагуалдзæджы мæ ныййарджытæ аргъуанмæ акодтой, цæмæй Сыгъдæг Георгимæ батабу кодтаин, – йæ ныхас дарддæр кодта згæбоцъоджын. – Зымæджы афтæ тынг фæрынчын дæн, æмæ ма тыххæй

аирвæзтæн. Мæ ныййарджытæ, мæнæн Сыгъдæг Георгийæ æнæниздзинад кургæйæ, ныхас радтой, мæлæтæй куы аирвæзон, уæд йæ номыл аргъуаны мыдадзын цырæгътæ кæй ссудздзынæн, мæ ирвæзынгæнæгæн табу кæй кæндзынæн. Хæдзармæ здæхгæйæ, нæ фæндаг акодтам Кимпал Киапачы хæдзарыл. Йæхæдæг, куыд загътон, афтæмæй, удæгас нал уыд, фæлæ йæ хæдзары цард, йæ бынтæ кæмæн ныууагъта, уый – зылынгуыбын тыппыр Кып. Куы æрбадтыстæм, уæд мæм скъаппы зыхъхъырæй разынд, рæмпæджытæ кæй бахордтой, ахæм зæронд хуынчъытæ кæрц. Куы рацыдыстæм, уæд æй мæ фыдæн радзырдтон. «Уый дзæнæты бадинаг Кимпалы кæрц уыд», – загъта мæ фыд æмæ мын бæстон йæ хабæрттæ фæкодта.

Згæбоцъоджынæн йе 'взаг дзурынæй бафæллад, æмæ аулæфон, зæгъгæ, тамако дымгæ, иуварс ахызт. Æмæ куыд нæ бафæлладаид?! Куыройы фыдтæ нартхоры нæмгуыты æнæрæнцойæ куыд ссæстой, афтæ уый дæр иу минут не 'рлæууыд йæ дзæнгæдайæ. Къæвда тыхджынæйтыхджындæр кодта. Куыройгæс Шиакир йæ хъæбысы сугтæ æрбахаста æмæ сæ дуары раз æркалдта. Донласт фæцис, йæ бур къурткæйæ дон бынмæ цыхцырджытæй лæсæнтæ кодта. Сугтæй цалдæр, артæй ма цы мынæг цæхæры муртæ аззад, уыдоныл баппæрста æмæ сыл йæ тых-йæ бонæй фу кæнын райдыдта кæд ма ссудзиккойы ныфсæй.

– Куыройы фыдтæм уæ хъус дарут, – йæ хуылыдз басылыхъхъ лæмаргæйæ, бахатыд зæхкусджытæм. – Куыддæр къуту нартхорæй раафтид уа, афтæ дзы иннæ голджытæ дæр радгай ныккалут. Уæгъды куы зила, уæд йæ фыдтæ фехæлдзысты.

Арт ссудзыны хъуыддаг иннæты бар бакæнгæйæ, йæхæдæг фæстæмæ аздæхт сугтæ хæссынмæ. Хуылыдз сугтæн сæ кæрæттæ сфынк сты, афтæмæй арт сабыргай йæхиуыл схæцыд, тавын райдыдта. Згæбоцъоджын, арты цæхæр схъаугæйæ, йæ ныхас адарддæр кодта.

– Мæнæ куыд уыд хъуыддаг, – загъта мын мæ фыд, Кимпалты хæдзарæй куы рацыдыстæм, уæд. Кимпал Киапач мæгуыр лæг уыд. Фæлæ мæгуыртæ дæр иухуызон кæм вæййынц. Се 'ппæты фыццаг бакастæй мæгуыр дæр нæ рахондзынæ. Фæлæ Киапач, зæгъæн ис, уыд мæгуыртæн сæ тæккæ мæгуырдæр. Куыд фæзæгъынц – фыр мæгуырæй йæ хъиутæ хордта. Бинонтæ йын нæ уыд, æмæ бон сау изæрмæ хъæуы уынгты хатти. Кæд-иу искæй хæдзарæй мамалыгæйы тæф калд, уæд-иу сæ дуары мидæгæй фæцис. Адæм ыл кæд былысчъилтæ кодтой, магусайыл æй нымайгæйæ, уæддæр ын хæринагæй «нæ» никуы ничи загъта. Фæлæ-иу уыд афтæ дæр, æмæ-иу куы никуы ницæмæй

фæхъæстæ – ахæм рæстæджы-иу, йæ мæгуыры бон зонгæйæ, багуыбыр æмæ-иу йæ зæронд æлыг мигæнæны дыууæ боны фаг хъæдур сфыхта. Арвæй зæххы ‘хсæн йæ хæдзары уыцы мигæнæн йеддæмæ ницы уыд. Уымæн дæр йæ былтæ – цъæлтæ. Зын бамбарæн уыд: кусынмæ йе йæхæдæг нæ цыд, йе та йæ исгæ ничи кодта. Афтæмæй хæдзари-хæдзар рахау-бахау кодта. Уæвгæ, кæддæр бинонты хъуыддаг дæр бакодта. Фæлæ йæ ус разынд мадзура, мæстæлгъæд, æмæ дзы дæрдты лыгъд, цæмæй æдыхстæй, йæ зæрдæйы дзæбæхæн хъæубæсты лекка кæна.

Цыбыр ныхасæй, кæрæдзийы æппындæр не ‘мбæрстой. Афæдз дæр нæ ацардысты иумæ, афтæмæй ус йæ цæгатмæ ацыд, кæд уыдонæн дæр уаргъау уыд, циндзастæй йæм нæ ракастысты, уæддæр. Уæдæ сын цот дæр нæ рацыд. Кимпал та, йæ хæдхуыд сæрак дзабырты хуынчъытæй йæ къахы æнгуылдзтæ æддæмæ æдзух кæмæн зындысты, сæрд дæр æмæ зымæг дæр йæ уæлæйæ нæ ласта йæ зæронд скъуыдтæ кæрц. Уæвгæ сæ дзабыртæ рахонæн дæр нæ уыд.

Фæлæ адæймагмæ амонд кæцæй нæ кæсы! Хуыцау ныддæлæ-уæлæ кодта, æмæ дын æвиппайды Кимпал куы схъæздыг уаид. Фæрсыс мæ, дæлæ рихиджын, афтæ куыд рауад, зæгъгæ? Нæ та дæ уырнынц мæ ныхæстæ? Уым диссагæй ницы ис – схъæздыг, мулчы бын фæцис! Ау, ам, куыройгæс Шиакиры бынæтты, æз сымахимæ æппынæдзух хъуамæ хъæддыхæй дзурон? Цæй, æгъгъæд фæуæд, раст куы зæгъон, уæд мын мæ фыд уый тыххæй бæлвырд ницы радзырдта. Куыд схъæздыг Кимпал, уый мæхæдæг дæр нæ зонын. Бæлвырд у иу хъуыддаг: Кимпал уыд æнамонд, мæгуыр, гæвзык лæг æмæ æнæнхъæлæджы сбонджын. Куыд, уый ничи зоны. Алы хуызы дæр ахъуыды кæнæн ис: гæнæн ис, æмæ ссардта сызгъæрин æхцайы чыссæ кæнæ та йын бынтæ баззад йæ хиуæттæй. Адæймагмæ амонд кæцæй кæсы, уый ничи зоны! Тæригъæд зæгъын мæ нæ фæнды, фæлæ, кæд утæппæт мулк йæ къухы, мыййаг, искæй тæригъæды бацæугæйæ бафтыд, уæд та?.. Чи йын цы зоны. Фæлæ уый махмæ нал хауы. Бæлвырд у иу хъуыддаг: Кимпалмæ кæй уыд зæронд кæрц, æмæ нæ ныхас дæр ныртæккæ ууыл кæй у.

Уæдæ цæуыл æрлæууыдтæн, зæгъут? Мæрдырох мыл схæцыд! Гъе дæлæ уыцы рихиджын, дæ рафæрс-бафæрсæй мæ фæкъуыхцы кодтай. Æрхъуыды йæ кодтон! Кимпал афтæ схъæздыг, æмæ йæ сæрмæ иннæты нал хаста. Ахæм гуыбын рауагъта, æмæ тæссаг уыд, куы йын атона, уымæй. Раздæр чи уыд, уый дзы уайтагъд айрох. Ферох дзы сты, йæ мæгуыры бонты йын чи æххуыс кодта, къæбæр ын чи

лæвæрдта, уыдон. Сæрды тæвд бонты æмæ йæ зымæджы уазæлтты цы кæрц ирвæзын кодта, уыцы зæронд кæрцыл дæр йæ къух ауыгъта.

Иу бон куы уыд, уæд хъæусоветы æрæмбырд сты бынæттон цæрджытæ. Ахсджиаг фарстатæ сисыны размæ уал зæхкусджытæ æрдзырдтой хæдзарадон хъуыддæгтыл. Се 'хсæн уыд Кимпал Киапач дæр. Куы схъæздыг, уæдæй фæстæмæ хуымæтæг адæмы 'хсæн нал бадт, æрмæстдæр бонджынтимæ. Кæд æй уыдон раздæр се 'мгæрæтты цæуын дæр нæ уагътой, уæддæр. Мæгуыртæм йæ хъус æппындæр нал дардта, цыма сæ нæ уыны, ахæм хуыз-иу равдыста. Куы та-иу сæ ахъазынмæ хъавыд, æлхыскъ ныхæстæ сын кодта, дæлдзиныг сæ кæнгæйæ.

Афтæмæй дзы, раздæр ын хуымæтæг адæмæй, тæригъæд ын кæнгæйæ, чи æххуыс кодта, йæ хæрзгæнджытæ чи уыдысты, уыдон ныр тæрсын райдыдтой, сæхи дзы хызтой – уæддæр хъæздыг лæг у Кимпал, хъæздыгæй та æнхъæлмæ кæсæн ис æрмæстдæр æфхæрæн митæм. Æхца кæй къухы ис, хъаруджын дæр уый у!

Бадынц хъæубæсты цæрджытæ æмбырды. Чи айрæджы кодта, уыдон иугай мидæмæ æрбахизынц, æмæ сæ алчи йæ бынат ссары. Уæдмæ фæзынд Кимпалы сыхаг Дзадзала дæр. Æргомныхас, зондджын, рæстдзинадыл дзурæг адæймаг. Никуы никæй зæрдæхудты бацыд. Зын уавæры-иу чи бахауд, уыдоны фарсмæ-иу æнæ балæугæ нæ фæцис. Йæ бон куыд уыд, афтæ адæмæн æххуыс кодта. Цыбыр ныхасæй, хъæубæсты 'хсæн уыд кадджын лæгыл нымад. Куыд æмбæлы, афтæ ныр дæр уæзданæй салам радта йе 'мхъæуккæгтæн, уыдон дæр ын чи зæрдиагæй, аргъ ын кæнгæйæ, чи та æлхынцъæрфыгæй, йæхи йыл атигъ кæнгæйæ, салам лæвæрдтой. Фæлæ йын иуусылдæр æмхуызонæй сыстадысты, куыд æмбæлы, афтæ. Æрмæст Кимпал Киапач йæ бынатæй змæлгæ дæр нæ фæкодта. Хъуыддагхуызæй йæ цæсты кæронæй йæ сыхагмæ бакаст æмæ йæ фелхыскъ кодта: «Дæумæ дæр, Дзадзала, æмбырдмæ хонæг уыд æви хæддзуйæ æрбацыдтæ?» Уыимæ, цæмæй Дзадзалайы тынгдæр бафхæра, уый тыххæй дзырд «дæумæ дæр» загъта ноджы хъæрдæрæй.

Дзадзала мæстæй рафыхт, фæлæ йæ нæ равдыста:

– Кæй зæгъын æй хъæуы, сæрмагонд хонæг мæм не 'рбарвыстой, иннæтæн куыд фехъусын кодтой, мæнæн дæр афтæ. Фæлæ кæд мæн æмбырдмæ фæхоныны тыххæй дæуæй бар ракурын хъуыд, уæд хатыр – нæ йæ зыдтон. Æз ардæм æрбацыдтæн куыд æхсæнады уæнг, иннæтимæ æмсæр уæвгæйæ.

Кимпал хин худт бакодта:

– Кæд æй дæхи дзыхæй зæгъыс, уæд æцæг дæ æхсæнады уæнг. Адæм дæр ныронг де 'рбацыдмæ æнхъæлмæ кастысты. Куыд райдыдтаиккой скъуыддзаг кæнын æнæ дæу хуызæн хъæугæ лæгæй æхсæнады фарстатæ? – уæддæр нæ уадзы йæ дæлгоммæ ныхæстæ.

Алцæмæн дæр ис кæрон. Дзадзала нал ныффæрæзта йæ сыхаджы æфхæрæн ныхæстæн. Æппынфæстаг, дур дæр асæтты, йæ быны йын арт куы бандзарай, уæд. Ныхас – ныхасы фæдыл, æмæ сыхæгтæ кæрæдзимæ фесты.

Киапач йæхи нал баурæдта æмæ срæмыгъта:

– Уый цы дзыхæй дзурыс ды мемæ?! Цæмæй хъал дæ, уый ма мын зæгъ, дæ рæбыны адæмы мыггаг куырæт дæр куынæ ис, уæд. Цы куырæт дын ис, уый дæр сырх куы у!

Бафиппайын хъæуы, хохаг лæгæн йæ куырæт ын сырх рахонынæй стырдæр æфхæрд кæй нæй.

Дзадзала йæхи нал баурæдта:

– Æрбайхъус-ма мæм ардæм, æдзæсгом адæймаг! Уæвгæ ды адæймаг дæр нæ дæ! Мах демæ сыхæгтæ стæм, фæрсæй-фæрстæм – нæ хæдзæрттæ. Уæд куыд æфхæрыс ды мæн? Æви дæ ферох, куыд-иу æрбацыдтæ мæгуыргур мæ хæдзармæ, уый? Цы зæронд хæлæфтæ дын радтон, уыдон рохуаты фæуæнт, фæлæ дæ, ау, дæ зæронд кæрц та куыд ферох? Уæдæмæ дыл цæсгомы мур нал баззад!

Уыцы ныхæстæй Кимпал, раст цыма йæ мидæг хох рафæлдæхт, уыйау фæци. Ныронг ын йæ алы ныхасмæ дæр дæсгæйттæй дзуапп лæвæрдта, йæ хъуыры-иу фæсагъд æмæ йын иуæй иннæ карздæр æмæ мæстæлгъæддæр ныхæстæ калдта. Фæлæ Дзадзала куыддæр зæронд кæрцы кой скодта, афтæ былысчъилтæгæнæг æнæрвæссонæн, йе схъæздыджы бонæй ныры онг йæ иу ныхасы ныхмæ дыууæ зæгъын чи нæ барста, уымæн йе уæнгтæ æркалдысты. Йæ зæрдыл æрбалæууыдысты йæ мæгуыры бонтæ. Раст цыма Дзадзалайæ мæнæ ныртæккæ куырдта йæ зæронд хæлаф, цыма ныр дæр йæ уæлæ уыд уыцы зæронд кæрц. Дзадзалайы ныхæстæ йæ сæрыл растæндæр куырд Патухы дзæбуджы цæфау æруадысты. Бандзыг схъæл Кимпал.

«Уæдæмæ æз дæн æдзæсгом адæймаг, – мидтохы бацæугæйæ, хъуырдухæн кодта, Дзадзалайы ныхæстæ йæхинымæр дзургæйæ, – æвæццæгæн, мæ уды адæймагдзинадæй цы уыд, уымæй мисхал дæр нал баззад!»

Адæм сæхи æндæр ныхæстыл фæкодтой, ома быцæуæй цæстыфтыд ма ‘рцæуой. Цыбыр рæстæгмæ, сыхæгты ‘хсæн цы быцæу бацайдагъ, уый бамынæг, раст, сугтæ цы артмæ нал феппарынц, уыйау. Хорз уыд, æмæ Киапач Дзадзалайы фæстаг ныхæстæн дзуапп нал радта. Афтæмæй уыдон уыдысты æппæтæй уæззаудæр æфхæрæн ныхæстæ…

Уæдмæ куыройгæс сугты дыккаг бастимæ æрбахызт. Иннæтау сæ дуары раз æркалдта. Цæуылдæр тынг мæсты уыд æмæ загъд-замана systa.

– Ахъуыды-ма кæнут, цавæрдæр зылындзых Чипа бауæндыд мæн æнамонд куыройгæс рахонын! Афтæмæй бынтон æрæджы дæр ма йæхæдæг кæмæндæр æххуырсты цыд.

– Æмæ дыл йæхи, цымæ, цæмæн андзæрста? – афарста йæ згæбоцъоджын. Иннæтæ дæр æнæдзургæйæ Шиакирмæ се ‘ргом аздæхтой, цыма йæм уыдон дæр æмхуызонæй уыцы фарст лæвæрдтой, уыйау.

– Цæй тыххæй? Æмæ йын æз та цы зонын, цæй тыххæй? Хæрдмæ стахт Чипа, фæстаг рæстæг счъынды. Хъæды йын йæ хайы сугтæ кодтон, æмæ мыл куыдзау йæхи ныццавта.

– Мах дæр чысылраздæр ахæм хабæрттæ кодтам, – фæцырд згæбоцъоджын, – лæг гыццыл йæ къæхтыл куы слæууы, уæд схъал вæййы, цæргæ-цæрæнбонты хъæрмудæй кæимæ фæцард, уыцы хуымæтæг адæмыл дæр нал фервæссы. Фыдæлты хъазæн ныхæсты арф хъуыды æвæрд уыд: цæхæртæ калæг сабæлут, дам, куыддæр йæ сындзджын хъузгæй фервæзт, афтæ, дам æм фæстæмæ фæкаст æмæ былысчъилæй загъта: «Æллæх, уæдæ, æцæг, ардыгæй рантыстæн?». Афтæ адæм дæр: куыддæр царды сойы ад базонынц, афтæ зæххыл нал фендзæвынц.

– Ныууадз ма уыцы хабæрттæ, – йæхи нал баурæдта сæ иу. Иннæтæй уæлдай, æвæццæгæн, уый тынгдæр цымыдис кодта, Кимпал дарддæр цы бацис, уымæ. – Дæ ныхас кæронмæ акæн Киапачы кæрцы тыххæй, науæд нæ базондзыстæм, диссагæй дзы цы ис, уый.

– Цыма йæ фæдæн дзырд… Уæвгæ раст зæгъыс, аззадис ма дзы. Киапач йæ сæр бынмæ æруагъта, арф ныхъхъуыды кодта æмæ афтæмæй бадт. Бæрæг уыд, Дзадзалайы ныхæстæ дзы иннæрдæм кæй ахызтысты. Æмбырды бирæтæ сусу-бусу кодтой, Киампал Дзадзалайæн кæй нæ ныббардзæн йе ‘фхæрд æмæ дзы йæ маст кæй сисдзæн, уый тыххæй.

Фæлæ хъуыддæгтæ рауадысты, æнхъæл куыд ничи уыд, афтæ. Изæры, æмбырд куыддæр фæци æмæ Киапач сæхимæ æрбаздæхт, афтæ уайтагъд, сарайы бын цы къæбиц уыд, уым фæмидæг. Рыджы бын цы зæронд чырын фæцис, уымæн йæ сæр байгом кодта æмæ дзы

бызгъуырты ‘хсæнæй йе ‘фцæгготæй сласта, рохуаты дзы цы зæронд кæрц баззад, уый. Алырдыгæйты йæм фæракæс-бакæс кодта æмæ йæ, къулыл цы къæбæл къуырд уыд, ууыл æрцауыгъта. Стæй хæдзарæй рараст æмæ йæ фæндаг Дзадзалайы кæртмæ саразта.

Дзадзала æмæ йæ ус Киапачы сæ хæдзары къæсæрыл куы ауыдтой, уæд дисы бацыдысты. Дзадзалайы ус бынтон дисы уæд бацыдаид, æмæ куы зыдтаид, гыццыл раздæр йæ сæры хицау æмбырды сæ сыхагимæ æмбисонды хыл кæй фæцис, уый. Уæвгæ та хорз зыдта, Киапач куы схъæздыг, уæдæй фæстæмæ хуымæтæг адæмы къæсæртæй стæмхатт кæй бахизы.

«Цы хæйрæг æрбахаста ацы æнаккаджы мæ хæдзармæ?» – ахъуыды кодта йæхинымæры Дзадзала, æгъдау куыд амыдта, афтæ æнæнхъæлæджы фæзынгæ уазæджы размæ рахизгæйæ. Фысымтæ, Киапачы саламæн дзуапп дæтгæйæ, уазæгæн сæ сæртæй акуывтой. Уый, раст цыма чысыл раздæр æппындæр ницы ‘рцыд, уыйау хæдзары пецы фарсмæ æрбадт. Дзадзалайы усмæ афтæ фæкаст, цыма йæ мой æмæ сæ сыхаг кæрæдзимæ æнахуыр кæстытæ кæнынц, фæлæ кæддæртау се ‘хсæн ныхас куы бацайдагъ, уæд йæ дызæрдыгдзинад фæцыдæр. Нæлгоймæгтæ æрдзырдтой алы хабæрттыл, рахызтысты абоны æмбырдæн хатдзæгтæ кæнынмæ дæр, фæлæ нæдæр сæ иу, нæдæр сæ иннæ иу ныхас дæр не скодта, се ‘хсæн цы хъаугъа рауад, уый тыххæй.

Хæдзары ‘фсин арты сæрæй райста мамалыгæйы аг, æркодта дзы къусты, фынгыл ма æрæвæрдта цыхт æмæ æндæр хæринæгтæ дæр. Иумæ æхсæвæр скодтой, сæхи федтой хъæбæр нозтæй дæр.

Фысымтимæ хæларæй фæныхас кæнгæйæ, Киампал сæ хæдзармæ цæуынвæнд скодта. Дзадзала, куыд уæздан, æгъдауджын фысым, афтæ йæ фæдыл кулдуары онг рацыд. Æфсин фыр диссагæй йæхимæ нал цыд. «Раст цыма Киапачы исчи ивгæ бакодта, – скарста йæхинымæр. – Кæнæ йын мæлæт йæ дуар æрбахоста, кæнæ æвиппайды йæ сæры зонд бацыд, раст цыма ивддзаг фæцис!» Дзадзалайы сæры дæр уыцы хъуыдытæ зилдух кодтой, цалынмæ йæ фæдыл дуары онг цыд, уæдмæ. Æрдæгфæндагыл Киапач кæрты астæу æрлæууыд æмæ Дзадзалайæн афтæ загъы:

– Дзадзала, ацу хæдзармæ. Æгъгъæд у мæ фæдыл цæуын. Бузныг дын, цы хорздзинæдтæ мын фæдæ, уыдæтты тыххæй. Æрмæст зон, мæ зынаргъ сыхаг Дзадзала, абонæй фæстæмæ æз, ды цы Киапачы зыдтай, хъæубæсты ‘хсæн дæ æмбырды æнæ аххосæй чи бафхæрдта, уый нал дæн. Абонæй фæстæмæ æз дæн раздæры Кимпал Киапач, сæрд дæр æмæ

зымæг дæр, фыр зæрондæй чи ныллæзæрд, уыцы кæрцы чи цыд, уый.

Киапач уыцы ныхæсты фæстæ хæлардзинады нысанæн Дзадзаламæ йæ къух бадардта. Йæ къух æм радта Дзадзала дæр. Афтæ, сæ къухтыл фидар хæцгæйæ, лæууыдысты дыууæйæ.

Киапач куыддæр хæдзармæ æрбаздæхт, афтæ комкоммæ, йæ кæрц кæм ауыгъд уыд, уым смидæг. Йæ къухы цы лæдзæг уыд, уымæй йæ зæронд кæрцыл цалдæр хатты æруад, йемæ ныхæстæ кæнгæйæ:

– А, мæнæ зæронд, дæхиуыл фервæссыдтæ, нæ?! Фервæссыдтæ дæхиуыл?!

Кæрц кæм уыд, уым къуымы лæдзæг сæвæрдта æмæ хиуæтты се 'ппæты дæр бафæдзæхста, цæмæй сæ рæзты дæр мачи ацæуа.

Уыцы бонæй фæстæмæ Кимпал Киапачы зæронд кæрцæн уый уыд йæ ног бынат. Йæ рæзты ацæуын дæр ничи уæндыд, нæдæр йæ лæдзæгмæ бавналын. Куыддæр-иу Кимпалæн йæ зæрдæ йæхимæ фехсайдта, гыццылдæр æм афтæ фæкаст, цыма искæуыл былысчъилтæ кæны, йæхицæй сæрыстыр у, афтæ-иу йæ кæрцыл мæгуыры бон акодта, хъил-иу йæ къухмæ райста æмæ-иу ыл уымæй дзæбæх ныккалдта: «Зæронд кæрц, дæхимæ 'рцу! Дæхи æрæмбар, зæронд хæррæгъ!»

Кимпал æгас нал уыд, фæлæ йæ кæрц бирæ рæстæг ауыгъдæй фæцис, йæ хицау æй йæхæдæг кæм сауыгъта, уыцы бынаты. Куы уын загътон, æз дæр æй мæхи дыууæ цæстæй федтон.

Ууыл згæбоцъоджынæн йæ дæргъвæтин таурæгъ кæронмæ дзырд фæцис.

Арт раджы стынг. Йе 'взæгтæ хæрдмæ фæцыдысты, йæ алыварс чи бадт, уыдоныл сæ хъарм таугæйæ. Æнæнхъæлæджы арты сугтæй иу йæ астæуыл фæсаст, æмæ йæ зынджы цæхæртæ, алырдæмты фесхъиугæйæ, зæхмæ нæмгуытау æрызгъæлдысты. Гыццыл ма бахъæуа, искæй сæ басудзой. Куыройдзаутæ фæгæппытæ кодтой, хъæрæй æлгъитгæйæ æмæ сæ уæлæдарæсæй зынджы стъæлфæнтæ цæгъдгæйæ.

Æрмæст куыройы фыдтæ нæ лæууынц сæ кусынæй. Раздæрау уæззауæй, зивæггæнгæ ссынц нартхоры нæмгуытæ, æмæ та ракæлы тæвд ссады хæрзад тæф. Куыройгæс Шиакир ссад стыр мигæнæнæй голлагмæ æвгæны. Бирæ сæ нал хъæуы. Иууылдæр кæртмæ сæхи райстой. Мигътæ ныппырх сты, æмæ арвыл изæры тар йæ барты бацыд. Иугай æртæхтæ ма кодта, фæлæ бæрæг уыд, боныхъæд кæй фæивдзæн.

*ХЕТÆГКАТЫ Оксанæйы тæлмац*



# Михаил ЛАКЕРБАЙ

*1901 – 1965*

*Поэт, прозаик, драматург, сценарист, театриртасæг. Абхазы аивæдты сгуыхт архайæг. Уыд Абхазы адæмон газет «Апсны»-йы æмæ газет «За победу»-йы сæйраг редактор. 1934 азы архайдта Советон Цæдисы Фысджыты фыццаг съезды. 1941 азы ацыд Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ. Бахауд уацары æмæ йын бантыст алидзын дæр.*

*1956 – 1961 азты ахуыр кодта А.М. Горькийы номыл Абхазы паддзахадон университеты филологон факультеты уырыссаг-абхазаг хайады, 1966 – 1968 азты та – Уæлдæр партион скъолайы Бакуйы.*

*1956 азы рацыд йæ фыццаг чиныг «Пьесы и скетчи». Йæ пьесæтæ «Потомок Гечбовцев», «В овраге Сабыды», «Данакай» æвæрд æрцыдысты сценæйы. Йе ‘мдзæвгæтæй бирæтæ систы зарджытæ. Ныффыста дзæвгар сценарийы кинонывтæн дæр. Фæлæ йын йæ ном дардыл айхъуысын кодтой йæ новеллæтæ. Тæлмацгонд æрцыдысты 25 æвзагæй фылдæрмæ, æнгом баст сты йæ адæмы цард, культурæ æмæ историимæ.*

*Фыста абхазаг æмæ уырыссаг æвзæгтыл.*

*Михаил ЛАКЕРБАЙ*

*Новеллæтæ*

# АЛАМЫС

Иу сæрдыгон бон фæцæйцыдтæн Гудауты сæйраг уынджы. Уым дидинкал тыргъы иу зæронд лæг бадт цъæх бандоныл. Йæ цæст нæ иста, горæтмæ æрцæуæг сылгоймæгтæй уынджы чи тезгъо кодта, уыдонæй æмæ сæ фæдыл тарæрфыгæй каст. Сæ рог гом уæлæдарæсты-иу сахары сæйраг уынджы тасгæ-уасгæ куы рацæйцыдысты, уæд сæм-иу мæстæлгъæдæй йæ былтæ сцъупп кодта. Æцæгæлон зæронд лæджы æддаг бакаст мæ йæхимæ æлвæста, æмæ æрбадтæн йæ фарсмæ.

Æнæнхъæлæджы йе 'ргом мæнæрдæм раздæхта æмæ загъта:

– Æнæфсарм митæ!

Æз мæ худын нал баурæдтон.

– Мæ фыды хай, – дзурын æм, – адæймаджы æнæниздзинадæн пайда у сæрдыгон гомбуарæй цæуын.

Уый та ноджы хивастдæрæй загъта:

– Æнæфсарм митæ!.. Нæ ныхас демæ бынтон дзæгъæлы кæй у, уый дæр бæргæ æмбарын.

Нæ йæ уыд басæттæн. Фæндыд мæ ацæуын уырдыгæй, фæлæ, йæ русыл цы цæссыг ферттывта, уымæй мæ къæхтæ здытæ фестадысты æмæ мæ фезмæлын нал бауагътой.

– Кæугæ кæныс? – афарстон æй æз.

Уый мынæг хъæлæсæй загъта:

– Уый уыд цыппор азы размæ… Мæ кæстæр хо – мæ бæстырæсугъд Чимса – йæ цæстытæй нал уыдта. Мах уæд Очамчиры цардыстæм. Цыдис ыл æрмæст æхсæрдæс азы. Кæдæм æй нæ фæластам, фæлæ йын сдзæбæх кæнæн нал уыд. Йæ царды ирд ахорæнтæ мынæгæй-мынæгдæр кодтой, æмæ фæстагмæ бынтондæр бакуырм. Куы бамбæрста йæ адзал, уæд иубон, хæдзары куынæ уыдтæн, уæд бавдæлд æмæ йæхи поезды бынмæ фехста.

Уый уыд Одессæйы. Уырдæм æй ластон цæстыты хъуыстгонд дохтырмæ. Иубон изæрæрдæм хæдзармæ æрбацæйцыдтæн, æмæ дзы æцæгæлон адæм æмызмæлд кæнынц. Уыдон хабар мæнæй раздæр фехъуыстой, æрбахастой йæ хæдзармæ æмæ йæ йæ сынтæгыл сæвæрд-

той. Сæ ныхæстæ мæм дардмæ хъуыстысты: «Цымæ нæлгоймаджы хæлафы цæмæн уыд?», «Ау, мидæггаг дзаумæттæ дæр ыл нæй?»

Æз базыдтон мæ хæлаф. Сылгоймагтæ йын йæ уæлæдарæс куы ивтой, уæд ыл мидæгæй та уыд йæ тæнæг ус-урсид мидæггаг дзаумæттæ.

«Уæдæ цæмæн скодта нæлгоймаджы хæлаф йæ уæлæ», – нæ уыд сæ бон бамбарын адæмæн. Мæ хо афтæ цæмæн бакодта, уый æмбæрстон æрмæст æз.

Аламыс! Поезд æй йе 'фсæн цæлхыты бын кæй ассæнддзæн æмæ йæ гом буар кæй разындзæн, ууыл сагъæс кæнгæйæ, скодта мæ хæлаф…

Зæронд лæг ныхъхъус. Мæнæрдæм разылд æмæ загъта:

– Цард æмæ мæлæты 'хсæн карды комыл цæугæйæ, йæ гом буар кæй разындзæн, ууыл кæй хъуыды кодта, уый дæ дисы æфтауы? Аламыс мæлæтæй тыхджындæр у.

Нæ… дис нæ кодтон. Æз кастæн зæронд лæгмæ, аргъуц кæнгæйæ æмæ йæ рисыл рисгæйæ.

# ХÆЛÆРТТÆ

Уыцы æхсæв Кутолы хъæуы цæрджытæ кодтой тарф фынæй. Колги Махаз дæр йе 'рыгон усимæ уыдтой адджын фынтæ. Уалынмæ дуар чидæр арæхстгай æрбахоста. Махаз йæ мидæггаг дзаумæтты дуары 'рдæм æрдæгфынæйæ зивæггæнгæ рахызт. Талынджы зын равзарæн уыд æнафон уазæджы цæсгом.

– Уазæг – Хуыцауы уазæг! Мидæмæ рахиз! – фæстæмæ уатмæ фездæхынмæ куыд хъавыд, мæ уæлæ исты æрбаппарон, зæгъгæ, афтæ йæ уазæг цæхгæр фæурæдта:

– Багъæц, нæ хъæуы! Уый æз дæн – Беслæн! Курын дæ, кæртмæ рахиз, æвæстиатæй нæ хъуыддаджы фæдыл аныхас кæнын хъæуы.

– Беслæн?! – ныццин кодта йæ сабибонты хæларыл Махаз. – Рæвдз мидæмæ рахиз! Не 'фсины дæр райхъал кæнон!

– Нæ, нæ, нæ хъæуы! Кæй æрцыдтæн, уый хъуамæ мачи базона. Дæ къæбæргæнæг дæр æй хъуамæ ма базона. Иннæмæй та рæстæг дæр уыйбæрц нæй, тагъд кæнын.

– Уагæры цы 'рцыд?

– Дæ уæлæ исты уæлæнгай æрбаппар, æмæ дын æй радзурдзынæн.

Махаз мидæмæ бахизынвæнд куыддæр скодта, афтæ хуыссæны

хъинц фæцыд, æмæ сагъдауæй лæугæйæ баззад. Фысым æмæ уазæг сулæфын дæр нал бауæндыдысты, æллæх, æфсин куы райхъал уа, зæгъгæ.

– Ма тыхс, нæ райхъал уыдзæн, – ныфсытæ йæ хæларæн авæрдта Махаз.

– Нæ хæлардзинады номæй дæ курын, – загъта Беслæн, – кæд мын дæ бон баххуыс кæнын нæ бауа, уæд афтæ бакæн, æмæ куыд ничи базона, ам кæй уыдтæн, уый.

– Ууыл æппындæр ма тыхс, – ныфс та йын бавæрдта Махаз. – Стæй мын уазал дæр нæу. Радзур, цы дзуринаг мын уыдтæ, уый.

Дыууæ хæлары сæхи кæрты арфмæ айстой. Махаз Беслæнмæ тынг лæмбынæгæй фæхъуыста æмæ загъта:

– Бакæндзынæн æппæт дæр! Мæ уд мæ къухы куы хæссон, уæддæр дын дæ курдиат сæххæст кæндзынæн. Æвæстиатæй цæуын дæ бæхыл. Ды та мæм ам æнхъæлмæ кæс. Æрмæст ма иу хабар… Мæ дзаумæттæ мæ исты хуызы рахæссын хъæуы, а нæхион куыд нæ райхъал уа, афтæ.

Дыууæйæ дæр ныссагъæс кодтой.

– Цы, уый зоныс? – загъта Махаз. – Дæ дзаумæттæ рæвдз ралас, æмæ сæ æз скæнон. Фæстиат кæнæн нæй, фæндаг даргъ у. Ды та бавдæл æмæ ам бахсæвиуат кæн. Дуары рахизварс мæ уат. Схуысс æмæ мæм æнхъæлмæ кæс.

– Хорз, – загъта Беслæн.

Йæ хæлары уæлæдарæс скæнгæйæ, Махаз бæхыл багæпп кодта æмæ атындзыдта. Беслæн, айдагъ мидæггаг дзаумæтты аззайгæйæ, дуар хъуызгæ бакодта, фæлæ уæддæр йæ хъинц фæцыд. Афтæ стыхст, æмæ, цыма раст йæ зæрдæ йæ куыстæй æрлæууыд, афтæ дæр æм фæкаст. Махаз ын куыд бацамыдта, афтæ талынджы рахизæрдæм йæхи байста æмæ хъæццулы бын йæ риуы дзаг сулæфыд. Йæхи æрнорста, аирвæзтæн, зæгъгæ.

Уæдмæ дын хъæццулы бын цыдæр куы базмæлид. Беслæн бандзыг: дæ арт бахуысса, Махазы рæсугъд Уса ма райхъал уæд! Ныр цы кæнон? Фæгæпп кæнон æмæ мæ сæр ардыгæй фесафон? Æмæ ацы талынджы мæ бæрзæй куы асæттон, уæд сылгоймаджы нæ хъал кæнын?! Æмæ уæд… Уæд фесæфтæн! Фæлтау мæхи ма раргом кæнон. Уæдмæ Махаз дæр зындзæн.

Фæлæ уæдмæ æрыгон уды монцтæ арт фестадысты.

Бесланы зæрдыл та æрлæууыд, æрæджы сæ чындзæхсæвы бон куыд фембæлдысты, уый. Куыд хæрзконд у! Уæд та… Беслæн йæхицæй дард сырдта уыцы фыдхæссæг хъуыдытæ – хызта йæхи хæйрæджы сайдæй. Хъæццулы бын та йæхи æрнордгæйæ, йæ чъылдым сыздæхта Усамæ. Бæргæ тар фынæй куы бауаид.

Уæдмæ сылгоймаг йæ фæлмæн къухтæ Бесланы хъуырыл æртыхта, йе ‘ргом æм раздахгæйæ. Йæ монцмондаг буарыл фæстæрдыгæй æртыхст æмæ йæ «мойы» рæвдаугæ адджын батæй буц кодта. Беслæн йæхи фынæйæфсон скодта. Фæлæ йæ уый кæм уæгъд кодта.

– Махаз! – рæвдаугæ йын дзырдта йæ хъусы йæ былтæй мыд уарæгау. – Махаз, раздах мæм де ‘ргом, мæ зынаргъ! Цæмæн мæ тигъ кæныс дæхицæй? Райхъал у цæй!

Фæлæ Беслæн йæ монцты ком нæ райхæлдта. Уæдмæ Уса тæргайхуызæй бафынæй. Куыддæр ын йæ фынæфсæст улæфын айхъуыста, афтæ йæ риуыдзаг сулæфыд. Раст æй цыма пъæззы æрцахста, уыйау фезмæлын дæр нал уæндыд боныцъæхтæм. Рæстæг дæр ныддæргъвæтин.

Дыккаг кæркуасæнтæм Махаз дæр фæзынд. Йæ бæхæй æрфистæг æмæ дуар сабыргай бахоста. Беслæн ыл фатау йæхи фехста.

– Хъуыддаг, куыд баныхас кодтам, афтæ сарæзтон! – мидбылхудгæ, йæхицæй разыйæ загъта Махаз æмæ йæ дзаумæттæ йæ уæлæйæ ласынмæ фæци.

Беслæн сæм цырд февнæлдта, йæ уæлæ сæ акодта, йæ хæларыл атыхст бузныджы нысанæн æмæ ма æхсæвы тарæй сæумæмæ цы тар къуымбилтæ аззад, уыдоны ‘хсæн фæцыдæр.

Йæ фæлладæй нæ хæрзгæнæг уайтагъд афынæй æмæ сихормæ йæ къах дæр нал атылдта. Йæ рæсугъд æфсин йæхицæн бынат нал ардта, куыд бирæ фынæй кæны, зæгъгæ ма йæм йæ зæрдæ дæр ахсайдта. Йæ хъарм хъæбысмæ йæхи байста, йæ риуыл ын йæ фæлмæн былтæ æрхаста æмæ йæм дзуры:

– Мæ зынаргъ, мыййаг дæ кæд исты риссы? Афтæ тарф фынæй кæнгæ дæ куы никуы федтон. Цы дыл æрцыд? Дысон дæ хъал кодтон, æмæ нæ райхъал дæ, узæлыдтæн дыл, дæуыл та зæрдæйы хъустæ нæ разынд. Æвæццæгæн, адджын фынтæ уыдтай. Фæтæригъæд дын кодтон æмæ æз дæр уæд бафынæй дæн. Ныр дæр дæ тыххæй æмæ амæлттæй райхъал кодтон. Рынчын фæдæ?

– Цытæ дзурыс, ацы зæххыл мæнæй æнæниздæр нæй! – хъæлдзæгæй загъта Махаз æмæ Усайыл атыхст.

# УАЗÆГ

Зæронд Ханашв йæ хæдзары кæрты тæрс бæласы бын бады æмæ æнæлдыгъ цармæй дзабыртæ хуыйы йæ иунæг фырт, хъæубæсты фидыц Темыræн. Уынгæй куыдзы рæйын æрбайхъуыст. Æнæзонгæ лæппулæг лæфлæфгæнгæ сисы сæрты удаистæй æрбагæпп ласта. Бæрæг уыд, чидæр æй кæй расырдта, æндæр æй кулдуары къæсæрыл æрбахизын цы нæ уагъта. Зæронд лæджы куы ауыдта, уæд æм бахатыд, абхазаг æвзагыл цъæррæмыхстытæй дзургæйæ, цæмæй йын фæтæригъæд кæна æмæ йæ йæ хадзары бамбæхса. Йæ бакастмæ гæсгæ кæд уыд черкесаг.

– Мæ фæдыл фæдисы барджытæ уайынц! Тагъд сæ ардæм хъæуы! Куы мæ ссарой, уæд мæ амардзысты! Бамбæхс мæ, дæ хорзæхæй, мæ хорз фысым, фæтæригъæд мын кæн!

– Хæдзармæ рахиз. Рæбинаг уатмæ цæугæ тагъд! – фæтыхст зæронд лæг. Цармæ асин авæрдта æмæ йын æнæ дзургæйæ ацамыдта, рæвдз хердмæ схиз, зæгъгæ. – Уым къуымы – къуымбилтæ, æмæ фæлмæныл дæхи æруадз. Ам дæ ничи ссардзæн, æдас у.

– Уæ, Хуыцау дын мæ бæсты арфæ ракæна, дæ зæры бонтæ зæрдæрухс æмæ æнæнизæй цы батонай, – загъта уазæг æмæ уайтагъд цары балæууыд.

Ханашв кæртмæ рауад æмæ, змæлæг куы никæцæй уыд, уæд фæстæмæ бацыд æмæ йæм дзуры:

– Ма тæрс. Ничи дзы ис. Æвæццæгæн, ничи федта, ардæм куыд æрбалыгътæ, уый. Фæлæ-ма мын зæгъ, чи дæ суры, уыдон чи сты æмæ цæм фæзылынджын дæ?

– Лæг амардтон. Йæ хæлæрттæ мæ расырдтой йæ туг райсынмæ. Гыццыл ма бахъæуа, æмæ мæ æрцахсой, фæлæ...

– Цæмæн æй амардтай?

– Тынг мæ бафхæрдта: ехсæй мын мæ бæхыл хъазты рæстæг æрцыд!

– Кæй амардтай, уымæн йæ ном куыд у?

– Нæ йæ зонын. А хъæубæсты фыццаг хатт дæн…

Уыцы рæстæг та куыдзы рæйын æрбайхъуыст, æмæ дыууæйæ дæр фæсыкк сты.

– Дæ сыбыртт дæр куыд нæ райхъуыса, афтæ. Æз сæм акæсон, – ныффæдзæхста йæ уазæджы æмæ сындæггай æддæмæ рахызт.

Дардæй æрбазындысты цалдæр адæймаджы. Сæ фæдыл гуппарæй цыдысты иннæтæ дæр. Зæронд лæг, хурæй йæ цæстытæ æмбæхсгæйæ, йæ ныхыл йæ къух авæрдта æмæ сæ лыстæг равзара, зæгъгæ, лæмбынæгæй кæсы. Уыдон цыдысты сабыргай, уæззау къахдзæфтæй.

«Ацы адæм мæ лæгмар уазæджы агурджытæ ма уой?» – ахъуыды кодта йæхинымæр зæронд лæг.

Уæдмæ кулдуар æрбайгом, æмæ цалдæр адæймаджы кæртмæ æрбахызтысты. Сæ фæдыл иннæтæ дæр æрбагуылф кодтой. Уæдмæ Ханашв ауыдта, нымæты тыхтæй сæ къухты цыдæр уæззау хæсгæйæ, æрыгондæр нæлгоймæгтæ кæртмæ куыд æрбахызтысты, уый. Йæ фырты нымæт базонгæйæ, йæ цæстытæ атартæ сты. Раст ын цыма исчи йæ зæрдæйы хъама ныссагъта, уыйау фæци.

Фæдисон мæрддзыгойы 'хсæнæй размæ рахызт урсбоцъоджын зæронд лæг – Ханашвы рагон хæлар – æмæ загъта:

– Фидар фæлæуу! Уæзау цæф дыл æруад, фæлæ дæхимæ ссар ныффæразыны хъарутæ, ныббыхс. Адзалæн мадзал нæй. Зæххыл ахæм зындзинад нæй, рæстæг кæй нæ бадзæбæх кæна. Дæхæдæг нæ куы ахуыр кодтай, адæймаджы удыхъæд цас тыхджындæр уа, уыйбæрц быхсондæр у царды цæлхдуртæн, уæлдайдæр та ахæм æвирхъау хабары. Абон æнæзонгæ хъæрæсейаг амардта дæ иунæг фырт Темыры.

Уыцы ныхæстæм Ханашвæн йæ къæхтæ йæ быны фæтасыдысты. Йæ зæрдæ йæ афтæ тынг срæхуыста, æмæ ма йæ дыууæ къухæй йæ риуыл фæхæцыд. Зæхмæ куыд фæцæйхаудта, афтæ йæ лæппутæ ацахстой.

Зианджынты кæртæй сылгоймæгты хъарджытæ æмæ цъæхахст дымгæ дардмæ хаста. Дыууæ боны хæдзар нæ цух кодта адæмæй. Сæ цæссыг не 'вгъау кодтой хъæубæсты фидыц Темыры мардыл кæугæйæ йæ бирæ хæлæрттæ, сылгоймæгтæ, хъынцым кодтой хистæртæ. Зæронд лæг, алы æфсæнттæ агургæйæ, дыууæ боны дæргъы хызт хæдзары цармæ æмæ æнæдзургæйæ хаста хæринаг йæ уазæгæн.

Æртыккаг бон, зиан куы бавæрдтой, уæд Темыры хæлæрттæ иумæ 'рбаздæхтысты Ханашвмæ хæдзармæ. Суанг æмбисæхсæвмæ фæбадтысты зæрдæсаст зæронд лæджы фарсмæ.

– Зонæм æй, – загъта Темыры кæнгæ æфсымæр, – мах дæуæн никæд баивдзыстæм дæ фырты, фæлæ байуардзыстæм дæ зæрдæйы рис нæ алкæуыл дæр. Раздæрау цæудзыстæм дæ хæдзармæ алы бон дæр, кæндзыстæм дын æххуыс хæдзармæ зылды куыстыты. Нæ бауадздзыстæм Темыры рухс ном ферох кæнын, йæ зынг ахуыссын кæнын.

– Ард дын хæрæм, нæ фыды хай, нæ туг кæй райсдзыстæм Темыры марæгæй, – ныхас адарддæр кодта иннæ лæппу. – Уыцы хъæрæсейагæн йæ фæд æрбайсæфт, куыддæр хъæды бацыдыстæм, афтæ. Кæмдæр æрæмбæхст. Хъуамæ ам хæстæг уа. Чидæр ын йæ фæд æрбайхæлдта, æмбæхсы йæ кæмдæр. Фæлæ йæ мах тагъд ссардзыстæм, æмæ уæд сар йæ сæр кæны. Куыдзы мард æй ныккæндзыстæм. Тагъд, тагъд дæм йæ хабар хъуысдзæн. Чи зоны дын уæд фенцондæр уыдзæн.

Темыры хæлæрттæ ацыдысты.

Зæронд лæг йæ алыварс акæстытæ кодта æмæ, хæдзары куы ничиуал уыд, уæд хордзены хæринæгтæ амбырд кодта, цармæ асин сæвæрдта æмæ йæ уазæгмæ хæрдмæ сдзырдта:

– Мæ уазæг, дæ хорзæхæй бынмæ æрхиз! Хæдзары ничиуал ис… Иууылдæр ацыдысты…

Йæ къухтыл зырзырæг бахæцыд, афтæмæй йæм хордзен бадаргъ кодта.

– Айс хордзен. Ам дын дыууæ боны фаг хæрд. Атагъд кæн дæ фыды хæдзармæ! – балæвæрдта йæм зæронд лæг уаргъ, – хъæды уылты фæндаг хæстæгдæр уыдзæн æфцæгмæ. Мæйдары дæ ничи фендзæн.

Уазæг йæ уæрджытыл æрлæууыд фысымы раз æмæ йын сæркъулæй йæ цъуххъæйы кæроныл йæ былтæ авæрдта. Сыстад. Иу ныхас дæр йæ дзыхæй не схауд, афтæмæй дуарæй æддæмæ ахызт.

*ХЕТÆГКАТЫ Оксанæйы тæлмац*



# Иван ТАРБА

*1921 – 1994*

*Поэт, прозаик, æхсæнадон æмæ паддзахадон архайæг. Советон Цæдисы æмæ Абхазы Фысджыты цæдисты уæнг, Литературæйы къабазы Республикæ Абхазы Д.И. Гулиайы номыл Паддзахадон премийы лауреат (1971; роман «Солнце встает у нас»-ы тыххæй). Йæ фыццаг æмдзæвгæтæ мыхуыры рацыдысты 1937 азы.*

*Каст фæци Сухумы А.М. Горькийы номыл паддзахадон педагогон институты филологон факультеты уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы хайад (1947).*

*Абхазы ахуырады министр (1953 – 1954), Абхазы Фысджыты цæдисы сæрдар (1948 – 1953, 1958 – 1979), Гуырдзыстоны Коммунистон партийы Абхазы обкомы секретарь. (1954 – 1958). Куыста газет «Апсны капш»-ы.*

*Йæ фыццаг æмдзæвгæты, поэмæты æмæ тæлмацты æмбырдгонд «Горный родник» мыхуыры рацыд 1949 азы. Бантыст ма йын рауадзын бирæ æмдзæвгæты, поэмæты, романты æмбырдгæндтæ.*

*Фыста абхазаг æвзагыл.*

*Иван ТАРБА*

* * *

Рæстæг цæуы. Æрыгон нал дæ ды.
Дæ цæстыты бын – ауæдзтау æнцъылдтæ.
Мæ цæст, нæу сусæг, хаттæй-хатт хæцы
Дæ сæрыхъуынты урс хæлтты æрттывдыл.

Уадз дзурæд исчи, ахызти дæ кар
Сылгоймаджы хуыздæр карæй. Мæ дарæг,
Мах раджы кæддæр иумæ хордтам ард, –
У махæн уарзт нæ уæлдæф æмæ зарæг.

Дæ цæстыты æз алы бон уынын,
Цыдæриддæр мæ рохуаты нæ баззад.
Æнусон уарзт зæронд нæ кæны ‘ппын,
Цыма дæ касты – хицонад, æвзонгад.

Нæ иузæрдыгыл ды дæ зæрдæ дар!
Уынаффæтæ, фæдзæхстытæ кæй сайынц?
Æнæмæлгæ у уарзонад, куыд цард,
Æнусмæ йæ нæ зæрдæтæ куы тавынц.

## МÆ ХЪÆУ

Райгуырæн хъæу айтыгъди мæ размæ,
‘Фтауы дисы быдырты фæтæн,
Рухсдзыд æврагъ даргъ гæды бæласыл
Рог хызау æрхуыссыди фæлмæн.

Адджындæр фæткъуыйæ, мандаринæй,
Бур лимонæй – алцæмæй хынцы.
Дыргъы хорз æмбырдгæнгæ, фыр цинæй
Фæсивæд йæ зарджытæ кæны.

Дары буц сæнæфсиры бæркадджын,
Талатæй æрзæбул и йæ уæз.
У нæ колхоз номджын æмæ кадджын,
Азæй-азмæ – фидардæр йæ рæзт.

Хохы фарсыл ацыди уæлæмæ,
Сыстыр и нæ райгуыræн хъæу. Ам
Рухс æдзухдæр хæдзæрттæй фæкæлы,
Сты сæрдыгон сатæг, зымæг – хъарм.

Ног фæндаг æм сарæзтой æрæджы.
Ног службæтæ ног кæртыты, – кус!
Хорз бæх дæм æнхъæлмæ кæсы уынджы.
Сабиты цъæхснаг хъæлæстæм хъус!

Мæнæ и мæ райгуыræн хъæу, мæнæ,
Зараг мæргъты иудадзыгон уаст,
Тар хъæдтæ, нæ кæрдæгджын сæрвæттæ,
Хæхты рагъ, цъæх денджызæн йæ хъазт,
Былгæрон бæркадхæссæг дыргъдæттæ.

*БЕТЕТЫ Фатимæйы тæлмац*



# Константин ГЕРХЕЛИА

*1932 – 1996*

*Поэт, публицист, тæлмацгæнæг, Советон Цæдисы æмæ Абхазы Фысджыты цæдисты уæнг.*

*1956 – 1961 азты ахуыр кодта А.М. Горькийы номыл Абхазы паддзахадон университеты филологон факультеты уырыссаг-абхазаг хайады, 1966 – 1968 азты та – Уæлдæр партион скъолайы Бакуйы.*

*Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта скъолайы ахуыры азты. Мыхуыры йын цæуын райдыдтой 1950 азæй. Рауагъта бирæ чингуытæ, куыста алы газетты æмæ журналты, радио æмæ телеуынынады комитеты, æмæ кæмдæриддæр – кад æмæ радимæ.*

*Абхазаг æвзагмæ ратæлмац кодта уырыссаг æмæ гуырдзиаг поэтты æмæ фысджыты уацмыстæ: Е. Евтушенко, И. Чавчавадзе, Г. Абашидзе, И. Нонешвили, Н. Думбадзе æмæ æндæрты.*

*Фыста абхазаг æвзагыл.*

*Константин ГЕРХЕЛИА*

## РЕКВИЕМ

Сабимæ бирæгъ дæр не ‘вналы…
Цæмæн нæм раздæхтай дæ чъылдым,
О нæ фыдæлты зæринзæват Хуыцау?
Сабиты цъæхахстæй нынкъуысыдысты хæхтæ,
Далайы комы куы нал æнцадысты
Азæлды цъæхснаг мыртæ –
Судзгæ-дудгæ æрттигътæй
Хуынчъытæ кодтой зæрдæтæ.
Азæлд фæлхат кодта
Зынгхуыст сабиты, зæрæдты, сылгоймæгты нæмттæ,
Цæмæй ма ферох уой тъымы-тъымамæ.
Оххай-гъе, уыцы бон туг æруарыд сахкъæвдайæ.
Нæ, æз не ‘лгъитын лæгсырдты мадæлты,
Мæ зæрдæ æвзæр нæ зæгъы сæ сабитæн…
Фæлæ сæркъуыртæм ралæбурæнт
Зындонарты æвзæгтæ
Æмæ сæ басудзæнт уæлæуыл…

## ÆРХÆНДÆГ

У афтæ арæзт ацы тызмæг дуне:
Иу ран айтынг ис æхсæв,
Иннæ ран та – боны зæрин базыр.
У афтæ арæзт ацы тызмæг дуне:
Иутæн сæ фæндаг – цæлхдуртæй нывæст,
Иннæтæн та – зæлдагæй уæрæх,
Цыма йын ахъаз – нæ ныййарæг зæхх.
Фæлæ чи у растдæр, сыгъдæгдæр,
Уымæн йæ хæдзар – бынгъдæгдæр…
Алы бон дæр тох у
Уарзт æмæ фыдохæн.

## УÆРÆЙДÆ

Арвыл стъалытæн сæ дзир-дзур
У цъырцъырæгты дзингау сыгъдæг.
Уагæр кæй фембæлды кадæн?!
Уыцы дзинг кæны æвзист сынчытæ
Æхсæвы æдзæм…
Фæлæ фемæхсти æваст уæрæйдæ,
Раст цыма нæргæ æхсæрдзæн.
Уагæры кæуыл цин кæны зарæг афтæ?!
Уый чындзхонты равгæй
Уд дæр æмæ арв дæр
Фестадысты арфдæр.
Гъе-мардзæ, кæмæн у ахсæв йе 'хсæв!
Байрай, ба, уæдæ, уæрæйдæ!
Афтæ зæл, фæйлау æнусты
Амонды æвæугæ рухсæй!

*КЪАДЗАТЫ Станиславы тæлмац*

## АБХАЗАГ ÆМБИСÆНДТÆ ÆМÆ АФОРИЗМТÆ

- ✓ Таугæ-тауын цы нæ загътай, уый кæрдгæ-кæрдын мауал дзур.
- ✓ Дзæгъæл бадты бæсты дзæгъæл рацу-бацу кæн.
- ✓ Зæххæй дарддæр адæймаджы ницы бафсаддзæн.
- ✓ Ныгъуылгæйæ калмыл дæр ныффидар уыдзынæ.
- ✓ Цы хъуг адавдæуыд, уый æхсыр цыппар бедрайы фæкæны.
- ✓ Лæмæгъ адæймагæн йе 'взаг даргъ у.
- ✓ Гæды бæлас арвмæ фæндæгтæ аразы, фæлæ йын йæ дыргъ никуы ничи федта.
- ✓ Дыууæ дæлæмæдзыдæн, дам, æнæхъæн дуне дæр къуындæг разынд.
- ✓ Æхсаргарды кæнæ нæмыджы цæф байгас вæййы, æвзагæй цæф – никæд.
- ✓ Ахуыр – уазæг, зонд – фысым.
- ✓ Къухыл фондз æнгуылдзы йеддæмæ нæй, фæлæ уыдон дæр алыхуызон сты.
- ✓ Æхсыры дæр ма сау тæппытæ ссарæн ис.
- ✓ Æххормагæн цæхх æмæ цывзы дæр хæрзад хæринаг сты.
- ✓ Дæ тæбæгъ кæм нæй, уым дæ уидыг ма 'вæр.
- ✓ Куыд дын æмдзæгъд кæной, афтæ кафдзынæ.
- ✓ Уынгæ зæрдæ кæны, цæстытæ нæ фæлæ.
- ✓ Дунейыл чи не 'рзылд, уый гуыргæ дæр нæ ракодта.
- ✓ Цæугæдон кæддæриддæр раздæхы йæ сызгъæрин ратæдзæнмæ.
- ✓ Хорздзинад скодтай, уæд æй доны ныппар, æвзæрдзинад – уæд æй дæ дзыппы нывæр.
- ✓ Хæрзæгъдаудзинад дунеимæ иумæ сæвзæрд.
- ✓ Де 'фсымæр – дæ туг, дæ сыхаг – дæ зæрдæ.



# Алексей ГОГУА

*1932 – 2025*

*Прозаик, æхсæнадон архайæг. Астæуккаг скъола фæуыны фæстæ бафæлвæрдта Сухумы паддзахадон педагогон университеты уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы факультетмæ бацæуын, фæлæ, гуырдзиаг æвзаг кæй нæ зыдта, уый тыххæй йæ нæ райстой. Куыста Ткварчалы шахтæ æмæ Централон хъæздыггæнæн фабрикæйы. Иу азы фæстæ ссис Сухумы пединституты студент. 1955 – 1960 азты – Мæскуыйы А.М. Горькийы номыл Литературон институты студент. Куыста журнал «Алашара»-йы бæрнон нымæрдарæй, паддзахадон рауагъдады хистæр редакторæй, сывæллæтты журнал «Амцабз»-ы сæйраг редакторæй, Абхазы Фысджыты цæдисы правленийы сæрдарæй, къухдариуæг кодта националон-сæрибаргæнæг тохы æхсæнадон-политикон змæлд Абхазы Адæмон форум «Аидгылара»-йæн, уыд ССРЦ-йы адæмон депутат (1988 – 1991), Д.И. Гулиайы номыл паддзахадон премийы къамисы сæрдар.*

*Фыццаг хатт мыхуыры фæзынд 1949 азы. У 10 прозаикон чиныгæй фылдæры, дыууæ пьесæйы, критикон æмæ публицистон уацтæ æмæ очеркты автор. Литературæйы къабазы у Д.И. Гулиайы номыл премийы лауреат.*

*Алексей ГОГУА*

# ЕЛАНӔ

*Радзырд*

*Мах Аргивскаг Еленӕйы тыххӕй*
*ӕвзарӕм уӕ разы нӕ хъару,*
*Кӕмӕ нӕ ӕрхауа уӕлахиз, –*
*разына тохы тыхджындӕр,*
*Уый хай фӕуыдзӕн Еленӕ*
*йе ‘ппӕт хӕзнатимӕ иумӕ...*
*«Илиадӕ». Ӕртыккаг зарӕг*

Ӕнӕхъӕн ӕхсӕв тыхдымгӕ бӕстӕ йӕ сӕрыл иста.

Тӕрккъӕвда йӕхи зулмӕ цавта хӕдзӕртты къултыл, бынмӕ калд ердотӕй, къӕвдайы дон, рӕстӕг кӕй сӕвӕрдта, уыцы бӕзджын сӕг ӕхсгӕйӕ, ӕгӕрыстӕмӕй лӕдӕрст къонайы артдзӕстытӕм дӕр. Арвӕрттывд-иу цӕхӕркалгӕ айгӕрста ӕхсӕвы тар, ӕмӕ-иу ӕрттиваг хъӕндилтау уысммӕ урс стъӕлфӕнтӕй ферттывтой ӕмӕ ахуыссыдисты уыцы ӕмдалынджы амыты-уымыты аныгъуылӕг хӕдзӕрттӕ.

Раст цыма къӕдзӕхтӕй айнӕгдуры стыр фӕзгъӕртӕ дун-дунейы ӕнӕбын тыгъдадмӕ хаудысты, – афтӕ нӕрыд арв…

Ӕмӕ денджыз дӕр абухта уыцы ‘хсӕв.

Дымгӕ ӕмӕ уылӕнтӕ фӕйнӕрдӕм рӕдывтой денджызы уӕлцъар ӕмӕ ӕхсидгӕ фынк мынӕг ӕрттывд кодта къӕвдайӕ удӕст талынджы. Ахӕм ӕхсӕв адӕймаджы цӕрӕнуат уаид, абухгӕ денджызы ӕхсныфау кӕй баппӕрстӕуа, ахӕм чысыл бӕлӕгъы хуызӕн…

Тыхдымгӕйӕ йӕ чи хъахъхъӕдта, уыцы тӕнӕг хъӕдынкъул хӕдзары йӕ зӕронд нарӕг сынтӕджы нӕ фынӕй кодта Еланӕ – хъуыста фыдӕхсӕвы уынӕртӕм…

Йӕ бон фынӕй кӕнын нӕ уыд ахӕм ӕхсӕв.

Дымгӕ куы сыстад, уӕд удхар кодта, тыхдымгӕ йӕ фыртты денджызы тыгъдады кӕмӕн ӕрӕййафы, ахӕм мад куыд фӕудхар кӕны, афтӕ. Ӕмӕ йын тасвӕдис ӕлхъывта йӕ зӕрдӕ, нӕ йын лӕвӕрдта ӕнцойад, ӕмӕ уазал ад чи скодта, уыцы артдзӕст ныртӕккӕ уымӕн

уыд, куыд фыдсæфтæй æмыдзаг, æнæкæрон æмæ æнæбын æхсæвы хæрз чысыл ирвæзынгæнæг сакъадах…

Æнæнхъæлæджы тæнæг æмæ лæмæгъ разынæг къулы æддейæ йæм хъуыст знæт дымгæйы уынæр, æмæ йын кæрæдзийæ хицæн кодтой, уыцы æмхæццæ ниуды уый чи хъуыд, уыцы уынæртæ – тыхдымгæимæ æрмхæсты бацæугæйæ, хъæрзыдтой дыргъ бæлæстæ. Уæлдай мæгуыраудæр уавæры бахауд, кæрты къуымы чи уыд, уыцы зæронд фæткъуы бæлас… Уартæ кæдæй нырмæ сфæлындзы йæхи æрвылуалдзæг дæр зæронд фæткъуы урс-уардихуыз фæлысты, стæй та йе ставд фæткъуытæ сæ уæзæй къалиуты зæхмæ æртасын кæнынц (хорз адæм, баххуыс нын кæнут, истытæ нæм уæддæр бабыцæу кæнут). Йæ дæргъвæтин царды дæргъы йыл цы нал æрцыд: куы-иу рагуалдзæджы, æнхъæл кæмæн нал уыдысты, ахæм уазæлтты йæ дидинæг басыд, куы-иу тыхдымгæты йæ гагатæ зæххыл февзæрдысты – æмæ-иу, йæ æнæдыргъ къалиутæй æфсæрмы кæнгæйæ, æнæхъæн аз лæууыдаид сæркъул æмæ æрхæндæгæй.

Иухатт иу карз хъызт рæстæг зæронд фæткъуыйæн йæ дыууæ зæнгæй иу асаст. Æмæ уыйадыл йæ бон нал бацис йæ хъæдгом байгас кæнын, цæрдхъомдзинад ын не сфаг, стæй хъæдгом йæхæдæг дæр æгæр уæззау разынд. Фæлæ уæддæр цæнкуыл æмæ иузæнгонæй дæр хъæддых лæууыд фæззыгон æмæ зымæгон карз боныхъæдтæн æмæ уалдзæджы цардхуыз кодта: зæронд, дæрзæг къалиутæ-иу æй бамбæрзтой урс-уардихуыз дидинæджы фæлмæн фынкæй, цыма-иу фыццаг аз акалдта дидинæг.

Фæлæ йæ тыхтæ къаддæрæй-къаддæр кодтой…

Еланæйæн уыцы æмхæццæ ниуды иннæ уынæртæй хицæн кодта къалиуты зонгæ уынæр – фæткъуы бæлас æнæцудгæ лæууыд тыхдымгæйы ныхмæ…

Еланæ йæ мидхъуыдыты зылд, йæ кæрты цы бæлæстæ уыд, уыдонæй алкæуыл дæр… Уый бахызт цæхæрадонмæ, цыд сæнæфсирты уазиты æхсæнты… Иуцъус ма, æмæ æрлæууыд… Æмæ уайтагъд фæстæмæ алæууыдысты иууылдæр: дымгæйы ниуын дæр, хъизæмаргæнæг бæлæсты уынæр дæр – цыма иууылдæр арф уæрмы аирвæзтысты… Уæрм хъызт боны уынæримæ аныхъуырдта æппæт зæлты дæр – алцы дæр здæхт сабырдзинадмæ… Æмæ Еланæ ныр хъуыста æрмæстдæр уыцы сабырдзинадмæ, уый та кодта бæз-

джынæй-бæзджындæр, æлхъывта йын йæ мæллæг риу, архайдта йæ ныххурх кæныныл… Æрмæстдæр уæд райдыдта Еланæ фæстæмæ цардмæ здæхын…

Райсомæрдæм дымгæйæн йæ тых фæсаст.

Уæззау æхсæвæй фæлмæцыдæй бафынæй Еланæ. Фыны уыдта, цыма йæ фырт нырма бынтон хæрзчысылæй адджын фынæй кæны йæ фарсмæ, йæ уардихуыз хæмпус былыл фæзынд хиды æртæхтæ… Еланæ хуыссы уаты æмæ тæрсы, куы фезмæла, уымæй; баурæдта йæ улæфт – мыййаг, куы райхъал кæна сабийы… Уæдмæ райдыдта хатын, кæй хъавы фынæй кæнынмæ… Уый йæхи фидар кæны, тох кæны хуыссæгимæ, фæнды йæ кæсын йæ чысыл хурмæ: куыд фынæй кæны, уымæ дæр, куыд райхъал уыдзæн, йæ дзæццытæ куыд байгом кæндзæн, уымæ дæр… Фæлæ йæ хуыссæг йæ быны скодта, уæззауæй, æгъатырæй йыл æруæз кодта… Цасдæр рæстæджы фæстæ уыцы фыныгъдауы сæнттæй куы ссæрибар, уæд кæсы, æмæ йæ фарсмæ ничи и, афтид уат…

Цыма йын чидæр йæ тых, йæ бонæй йæ риу ныццавта… Фесхъиуд-та, схъæрзыдта – æмæ райхъал кæронмæ. Зæрдæ йæхи риуы къултыл хоста…

Нæ йæм разынд йæхимæ æрцæуыны тых, дзæвгар рæстæг ма хуыссыд йæ хуыссæнуаты, æгæрон уыгæрдæны хус кæрдæджы чи фæдзæгъæл уа, ахæм зæронд цъырцъырагау – цыма бæрæг нæу, удæгас у æви мард, æхсæвы фыдхъызтæй над…

Чысыл аулæфыны фæстæ æрцыд йæхимæ, æмæ байгом кодта йæ цæстытæ.

Бон дзир-дзур кодта.

– Ох, худинаг æмæ мæлæт, бон кæны, æз та нырма хуысгæ кæнын… ныффынæй дæн…

Тыххæйты рабадт æмæ уайтагъд бавнæлдта йæ дарæс кæнынмæ.

Агъуыстæй ма рæстæгæй-рæстæгмæ чи хауд, уыцы уæззау æртæх-тæн-иу бынæй дуртыл сæ дзæхст фæцыд – æрмæстдæр уыцы зæл хъыгдардта, дунейыл чи æлдариуæг кодта, уыцы æгуыппæджы – уыд сабыр, стыр æмæ афтид мигæнæны куыд вæййы, афтæ.

– Худинаг! Зæгъгæ йæ исчи базыдта, – худинаджы зарæг мыл скæниккой… Райсомæй дæ уаты ратул-батул кæн – цыма суинаг чызг дæн… буцхаст!

Йæ бинонты цард ма æппæтæй дæр зæрдæйы фæндиаг куы уыд,

уыцы рæстæг-иу йæ мой раздæр сыстад, æмæ-иу цалынмæ уый арт кодта, уæдмæ ма Еланæйæн йæ бон уыд хъарм хуыссæны арæдзæ-мæдзæ кæнын; уый уыд, йæхицæн кæй лæвæрдта, ахæм иунæг удæнцойдзинады бар.

Æнæуи та йæ бон алы хатт дæр райдыдтаид æхсæвыцъæхæй. Æгæрыстæмæй, цалынмæ ма йæ ныййарджыты хæдзары уыд, уæдмæ дæр. Афтæмæй та чындзыцыдæй къаддæр уыдысты йæ миæгтæ – бинонтæ бирæ нæ уыдысты: йæ мой, сæ фырт æмæ йæхædæг. Уымæйдæр, иудадзыг кæмæн ницы фаг кæны, къух цæмæдæриддæр æххæссы, уый зыдæй чи ссивы фылдæр ратона кæнынмæ, гуыбын тынгдæр бафсадынмæ чи тырны, ахæм æнæфсис бинонтæм нæ хаудысты... Фæлæ ахæмтæй дæр нæ уыдысты, æрмæстдæр иу бонвагыл чи фæкусы – нæдæр фылдæр, нæдæр къаддæр...

Йæхæдæг иудадзыг куысты ныгъуылд уыди сабибонтæй фæстæмæ, æмæ афтæмæй арвыста йæ цард, никуы дзы суæгъд. Нæ йын уыд куыстæй фæиппæрд кæнæн, кæсагæн йæ бон æнæ донæй цæрын куыннæ у, афтæ. Уый цард уыдта фæллойы æмæ, йæхи цы хъуыды кæны, уымæй иууылдæр уыдис куыстыл ифтыгъд. Уыцы ахаст-иу æй алы райсом дæр рæстæгыл рабадын кодта йæ хуыссæнуаты – кæд хъуыд, уымæй нæдæр минут раздæр кæнæ фæстæдæр, æмæ-иу æй уромгæ дæр бакодта уыцы ахаст, йæ фæллад-иу ыл куы 'ртæфсти, уæд, стæй та-иу æй ногæй сыстын кодта рæстæгыл... Афтæ йе 'ппæт азты дæргъы кусгæ фæцыд царды æнæкæрон быдыры...

Фæлæ а фæстаг рæстæг, йæ уды уæззау хъæдгæмтты фæстæ йе уæнгты тых тайын куы райдыдта, уæд, йæ царды сæйраг чи уыд æмæ чи нæ цудыдта, уыцы миниуджытæ йыл сæ къух систой, нал æй разæнгард кодтой. Ныр райсомæй стын райдыдта раздæр, æмæ фæкъаддæр йæ улæфты рæстæг – къахыл лæугæйæ æнцондæрæй фæрæзта йæ фæлладæн.

...Чи йæ зоны, цытæ бакуыста дысоны тыхдымгæ...

Йæ дарæс куы скодта, уæд, сæ хус цармыл дымст тугдадзинтæ бæрæгæй кæуыл зындысты, уыцы мæллæг къæхтæ лæугæйæ зæронд къалосты атъыста æмæ ахызт уынгмæ.

Зæронд фæткъуы бæлас баззад æнæхъæнæй – æрмæст йæ уæлæ æрзæбул цалдæр саст къалиуы, стæй йæ быны дæр хуртуаны хуызæн уыд, нырма цъæх чи дардта, уыцы сыфтæртæ æмæ, кæронмæ чи

нæма срæгъæд, ахæм фæткъуытæй. О, баззад æнæхъæнæй… Лæууыд фæлладæй, хъусæй, æдыхæй… Чи нæ байгас, кæддæр йæ сæйраг зæнг кæм уыд æмæ чи сбутъро, уыцы хъæдгомимæ.

– Бафæрæзта та тыхдымгæйæн, мæгуырæг... – фæллад дисимæ загъта зæронд ус æмæ къухæй бавнæлдта, æнæхъæнæй чи баззад, уыцы къалиумæ.

Йæ цæст ахаста кæртыл.

Тыхдымгæйы размæ бонты хурмайы лæгъзварс дыргътæ сæ бурбын рухсæй цæхæртæ калдтой – раст сæ цыма алкæй хуылфы дæр фæйнæ цырагъы сыгъди… дыргътимæ иумæ æрттывтой бурбын сыфтæртæ дæр. Æмæ ныр сыфтæртæ ныппырх сты кæрты, тæрккъæвда кæй ныссæста, уыцы над кæрдæгыл. Амыты-уымыты зæххыл хаудæй лæууыдысты æрдæгцъæл дыргътæ дæр, кæд сæ фылдæр хай къалиутыл баззадысты, уæддæр. Хъуынтъыз, кæуындзаст арвы бын уыдон зындысты ивадæй, цыма сын æхсæвы фыдкъæвда, хур сæ мидæг кæй ссыгъта, уыцы цырæгъты ахуыссын кодта.

Къæвдамæ ныннæрсæг мæр фæцис, чи нызгъæлд, уыцы сыфтæрты бын: хурмайæ æрызгъæлæг бурбын сыфтæрты фарсмæ уыдысты сæнæфсиры стыр бур-бурид сыфтæртæ; бурбын æмæ бур-бурид сыфтæрты уæлæ апырх сты кæрдæгхуызтæ дæр: фæйнæрдæм фæтахтысты фæрвы рæмпæгхæрд сыфтæртæ дæр… Уыцы удисæг æппæт хуызты ‘хсæнты уæлæмæ скæс-скæс кодтой фæткъуыты сырх фæрстæ, бурбын хурма, чи æрхауд, ахæм сау сæнæфсиры цупæлттæ. Æмæ æрыгон зымæгон фæткъуы бæлæсты бын зæххыл калдæй лæууыдысты, нырма цъæх чи уыд, ахæм хъæбæр фæткъуытæ.

– Рагæй ничиуал бапырх кодта бæлæсты… æмæ згъæлынц, цыма æмбыд сты, афтæ... – Еланæ тæригъæдгæнгæ каст фæткъуы бæлæстæм, æнæфтиаг фæуæг дыргътæм...

Кæрты ивылæнтæ кодта цъæл сæнæфсирты расыггæнаг хæрздæф – раст цыма ногдыгъд сæн æнхъызт.

Еланæ ма иу хатт йæ цæст ахаста, тыхдымгæ кæй ныддæрæн кодта, уыцы кæртыл æмæ ацыд цæхæрадонмæ; йæ къæхты бын зæххæй нырмадæр хæрдмæ хъардта къæвдайы дон; зæронд гæлир каудуар ныуæззау къæвдайы донæй. Ауоны фæлмæн æмæ лæмæгъ бурбын кæрдæг нал зынд, чи æрызгъæлд, уыцы сыфтæртæ æмæ цъæл сæнæфсиртæй; кæрты бæлæстимæ абаргæйæ, саст къалиутæ ам фылдæр уыд.

– Æмбисæй йын дзы фылдæр ратдзынæн. Хъуамæ дзы уæд тонгæ дæр фылдæр æркæна: йæхицæн фыдæбон кæны… Фæлæ нæ, цыхуызæн систы адæм, никæйуал ницы хъæуы, – хъуыр-хъуыр кодта йæ фындзы бын Еланæ, рыстзæрдæйæ дысоны фыддæрæны фæдтæм кæсгæйæ. – Хорз, афтæ фæуæд, уадз дæ хæдзары фæллой ракæл-ракæл дæр кæнæд, фæлæ тæригъæд уæддæр фæкæн сæнæфсирæн, сæфгæ куы кæны...

Ацы фæззæг Еланæ баныхас кодта йæ сыхагимæ, нырма æрыгон чи у, ахæм лæппуимæ. Уый байуæрста йе 'фсымæртæй æмæ сæ фарсмæ арæзта хæдзар. Æгæрыстæмæй йæ фæндыдис, цæмæй тыллæгæй фылдæр æрхауа лæппумæ: ахæм сæн æм уа, уый ног æрцæрæджы ницы бахъыгдардзæн… Фæлæ лæппу куыдфæндыйы цæстæй акаст балæваргонд сæнæфсирмæ: æртыдта дзы æрмæстдæр, быниаудæр æмæ æнцондæр тонæн чи уыд, уыдон, иннæтæм нæ фæцагайдта. Дысон дæр ма ацы ран чи базæронд æмæ фæбур, уыцы сыфтæрты 'хсæнæй гудзиццытæ кодтой диссаджы уæззау цупæлттæ. Мæргътæ дæр сæ, цалынмæ æфсæст уыдысты, уæдмæ афтæ тынг нæ хордтой… Дысоны тыхдымгæ бабын кодта, къалиутыл ма цыдæриддæр баззад, уыдон иууылдæр…

Æмæ йæхи дæр нæ хъæуы бирæ сæн: Хуыцау куы зæгъид, æмæ йæм мæй иу хатт уæддæр куы фæзынид уазæг, кæнæ йæ йæ дард хæстæджытæй исчи куы абæрæг кæнид. Фæлæ хъуыддаг æрмæст уый мидæг ис, бирæ йæ кæй нæ хъæуы?.. Цалынмæ адæймаг удæгас у, уæдмæ йæ куыст, йæ хидвæллой æнæхъуаджы хъуамæ ма сæфой æмæ бæркад гом арвы бын ма æмбийа.

Худинаг у адæмæй: цы зæгъдзысты æнæхицау баззайæг тыллæг фенгæйæ? Худинаг у йæхи тыххæй дæр, йæ сыхаджы тыххæй дæр – нырма æрæджы райдыдта йæ къахыл лæууын, æмæ уый цы у, куыд ис гæнæн, æмæ дæхи ахæм æнæджелбеттæй равдисай.

Еланæ арф ныуулæфыд æмæ, йæ къæхтæ хъавгæ исгæ, дарддæр ацыд, архайдта, зæххыл калд чи уыд, уыцы сæнæфсиртыл ма ныллæууын.

Цæхæрадоны хæд фæстæ, йæ тар ауон кæм фæцис, уыцы тæккæ ран – урс стъæлфæнау разынд æрдуз. Уым – хуымætæджы æфсæйнаг æмбонд; мидæгæй дзы дыууæ ингæны сæхи æлвасынц, сæ фарсмæ æртыккаг кæмæндæр кæй ныууагъдæуыд, уыцы афтид рухсдзаст бынаты 'рдæм… Æмбонды алфамбылай – тæрккъæвда кæй ныссæста,

ахæм хæмпæлгæрдæг… Пысыратæ, бæхсындз, мæнтæг лæууыдысты сæркъулæй, æмæ се 'хсæнæй разындысты цавæрдæр диссаджы рæсугъд тарцъæх, æрвхуыз дидинджытæ… Æмбонды мидæгæй Еланæ кæй ныссагъта, уыдон.

Уыдоны 'хсæн Еланæ уыдта æрмæстдæр уардийы, иннæтæ, цыфæндыхуызæттæ ма уыдаиккой, Еланæйæн уыдысты хуымæтæджы дидинджытæ.

Йе 'взонджы бонты, уыгæрдæнмæ цæуын-иу æй куы бахъуыд, уæд-иу йæ сæр зылд уыцы сæрдыгон, хуры хъæрммæ райхæлæг дидинджыты хæрздæфæй, æмæ-иу æй сæ цурæй нал ауагътой; кæдæмфæды ма тагъд кодтаид, уæддæр-иу хъуамæ иу минуты бæрц афæстиат уыдаид сæ цуры... Йæ зæрдæ йæ цыдæрхуызон сæлхъывта, æхцон сабыр ныцци, æнæнхъæлæджы йæм афтæ кæсын райдыдта, цыма ныртæккæ фехъусдзæн, зæгъæн кæмæн нæй, ахæм рæсугъд зæлтæ, диссаджы музыкæ. Æмæ цы уыд, уымæй хъустæ фестад, – уый æнхъæлмæ каст, йæ хъустыл кæд ауайдзысты уыцы уæлтæмæны зæлтæ, æмæ æнкъардта, йæ иувæрсты кæй тæхынц, кæй йæм нæ лæууынц, кæй сты æхцон æмæ æгоммæгæс ...

Фыдæнхъæлцауы æнкъарæнтимæ цыд дарддæр. Дидинджыты адджын хæрздæф ивылæнтæ кодта фæйнæрдæм. Цыд æрхæндæгæй, чи йæ фæсайдта æмæ æрбайсæфт, уыцы уæлтæмæны мелодийы бæсты йæм хъуыст æрмæстдæр цъырцъырæгты бирæ хъæлæстæй самонгæ зарæг… Æмæ йæм уæд уыцы дидинджытæ æмæ зæлтæй хъæздыгдзинады цур афтæ фæкаст, цыма йыл рацыдæуыд сайдæй, æнæ хай фæцис ахсджиаг цæмæйдæр.

Æмæ стæй, быдыры кусгæйæ, дзæгæрæггæнæг хурмæ йæ хид лæсæнтæ куы кодта, уæд йæ хъусты ногæй зæлын райдыдта цъырцъырæгты æнæрæнцой зарæг. Ныр æй нал хъыгдардта уыцы зарæг, цадæггай хъæлдзæгдæр кодта, айсыст йæ фæллад, йæхицæй сырдта йе 'рхæндæгдзинад, йæ хъуыдытæ уыдысты дидинæгджын æрдузимæ. Æмæ та йæм ногæй райгуырд æрдузы æнахуыр уæлтæмæны музыкæмæ байхъусыны бæллиц, æмæ та бацæрдхуыз.

Цалдæр хатты уыдис афтæ дæр: рæстмæ-иу сæ нæ фехъуыста уыцы зæлтæ, æгæрыстæмæй-иу æм афтæ дæр фæкаст, цыма банкъардта цавæрдæр уддзæф, базмæлыд уæлдæф, цыдæр æрбайсæфт йæ цурæй… Æмæ уæддæр не 'рцыд, бирæ кæмæ фенхъæлмæ каст, уыцы æнахуыр диссаг.

Стæй сæ фæстæдæр… бирæ азты фæстæ фехъуыста…

Чындзы куы ацыд, уæд цалдæр хатты æнхъæлмæ касти сывæллонмæ, фæлæ-иу ын нæ рауад: æртæ-цыппар мæйы фæстæ-иу февзæр æмæ та-иу фыдæнхъæл баци.

Хъæбулмæ бæлгæйæ, бирæ фыдæвзарæнты фæстæ æрмæстдæр иунæг хатт – æппынфæстаг – йæ къухы бафтыд гуырдз йе 'мгъуыды кæронмæ фæхæссын. Тынг зынтæй йын бантыст ныййарын. Æртæ боны фæхъизæмар кæнгæйæ, рыст æмæ тасæй ссæрибар уæвгæйæ, уайтагъд йæ мидæг фæхатыд афтиддзинад – афтæ вæййы æрмæстдæр афтид аргъуаны. Æмæ уæд банкъардта, уыцы афтиддзинад кæй баххæст кæндзысты æрмæстдæр уыцы æнæуынгæ рæсугъд зæлтæ, кæцытæ йыл æндæвтой уартæ йæ чызгон бонты дæр.

Æрбахастой йæм сабийы. Уый йын зыдæй агурæг былтæй йæ дымст дзидзи куы ацахста, уæд, æппынфæстагмæ, фехъуыста уыцы зæлтæ: йæ алфамбылай зæлланг кодта æнæхъæн дуне, æмæ уыцы зæлдæй гуырд æхцон, сабыр, уæлтæмæны музыкæ. Гом рудзынгæй хъуыста æмæ уыдта, алцы дæр кæй зарыд: бæлæстæ, йæхæдæг кæй ныссагъта, уыдон дæр, æмæ йæхихъæдæй чи сзад, ахæмтæ дæр; уыдон зарыдысты сæ алы сыфтæрæй дæр; æмæ кæрдæджы хæлттæ дæр зарыдысты далафæндыры бирæнымæц хъистау, æмæ сын дард кæмдæр гæзæмæ хъуысæг бæзджын хъæлæсæй хъырныдтой æнусон хæхтæ… æмæ арв дæр… иууыл диссагдæр уый уыд – арв дæр!.. Кæлæнгæнæг зæлтæ ивылдысты арвмæ, цыдысты зæххæй, æмæ сæ уый дæр иста йæхимæ, йæхицæй ноджы бæрзонддæр, тайын сæ кодта йе 'нæбын тыгъдады æмæ зарыд, зарыд…

Саби зыдæй дадта дзидзи, æмæ уый æнкъардта, йе 'хсырæн фæуæн кæй нæ уыд, уый, æмæ æхсыримæ иумæ ивылд, йе уæнгты иннæрдæм чи хызт, ахæм æхцон мелоди. Ныртæккæ йæхи хатыд бынтон æндæр, æнæзонгæ, ногæй чи райгуырд, ахæм адæймагæй, æмæ алфамбылай фæрухсдæр, æмæ йæ зæлæнкъарынад афтæ фæтыхджындæр, æмæ йæм хъуыст, кæрты куыд сусу-бусу кæнынц кæрдæджы хæлттæ, æнæнхъæлæджы уæлдæфæй куыд райдыдта хъуысын цавæрдæр сабыр зæлынад. Æмæ æппынфæстаг банкъардта амондджын удылтайгæ фæллад.

Сывæллон куы бафсæст, уæддæр дзидзи не суагъта, афтæмæй бафынæй, иуæй-иу хатт ма-иу фынæйæ дæр райхъуыст йæ цъæм-цъæм.

Ӕмæ уæд йæ риуыдзаг сæрибарæй сулæфыд… Уыцы уæлдæф, уыцы ног, уæды онг кæй никуыма банкъардта, уыцы ноггуырд сывæллоны буары тæф… Никуыдæр уый размæ, никуыдæруал уый фæстæ искуы сулæфыд ахæм адджын уæлдæф…

Уый цы амонд уыд, амонд, амонд!

Ӕмæ ныр кæд ссис, чи басур вæййы, ахæм æнæпайда донвæды хуызæн, уæддæр йæ зæрдыл дары уыцы амонд, хъуыды йæ кæны йæ удæй, æппæтæй дæр, æмæ йæ йæ зæрдыл дардзæн сом дæр æмæ иннæбон дæр, йæ зæрдыл æй дардзæн, цалынмæ улæфынхъом уа, уæдмæ!

Ингæнтæ дæр, чи æрызгъæлд, уыцы хуылыдз сыфтæрты бын фесты. Уый сæ ‘рбасæрфта – арæхстгай, цыма сæ искæмæн фæриссынæй тарст. Къуыпдарæг ингæнтыл разынд денджызон хуыр æмæ хуырыл уæвæг денджызон дуртæй арæзт ныввæфтыд.

– Куыд хивæнд мын уыдыстут… уæ дыууæ дæр, æрхъæцмæ лæууын куыд ницæмæй зыдтат… Цыфæнды уын ма загътаин, куыдфæнды уæ ма фæдзæхстаин, нæ уæ фæндыд хъусын, алцы дæр уæм хъазæнхъулы хуызæн каст… Фæлæ уын æвзæр куы уыд, уæ удты хъару куы асаст, уæд та уæ бон æнæ мæн нал уыдис…

Чи ныцъцъæл, уыцы сæнæфсиртæ æвзæрста æмæ сæ иуварс æмбырд кодта – нæ йæ фæндыд, цæмæй схæццæ уыдаиккой хуылыдз æмæ чъизи сыфтæртимæ. Сыфтæрты иууылдæр иу ранмæ æрбассывта, цъæл сæнæфсиртæй систа йæ армы дзаг. Йе ‘нцъылд армытъæпæнтæ тарсырх хуыз адардтой, калд сæ ногдыгъд сæны тæф. Сæнæфсиры гагаты иудзæвгар йæ армыдзыхъхъы фæдардта, стæй, цыма сын, ноджы тынгдæр куы ныцъцъæл уой, уымæй тарст, уыйау сæ æвæндонæй фæстæмæ зæхмæ æркалдта.

– Кæсыс, куыд рауад, мæ лæппу… Нæ дын дзырдтон: нæ хъæуы, æнæуи дæр æгæр тынг бæрæг дарыс адæмы ‘хсæн. Зынæн бынаты дæр дæ æнæхъуаджы нæ сæвæрдтой. Дзырдтон дын: мацы дзур, дæ дзыхыл хæц, цæмæн дæ хъæуы уæлдай хатт дæхимæ адæмы æркæсын кæнын? Иууылдæр куыд кæнынц, афтæ кæн: дæхи размæ ма æппар, макæй разæй кæн дæхи... (Цæмæн?) Цæмæн, цæмæн! Уымæн æмæ хъуамæ ма уай, æндæртæ цавæр не сты, ахæм, ма у æндæрхуызон – æнæуи дæр цæсты æгæр хауыс. Ӕндæры фиппайгæ дæр нæ фæкæндзысты, йæ сæрыл куы слæууа, уæддæр... Фæлæ нæ, – уыдон ницæмæ тырнынц, сæхи не ‘вдисынц, арæнтæй нæ хизынц... Уымæн æмæ уый тæригъæддзинад у...

Адæм уынгæ нæ кæнынц – уынгæ Хуыцау кæны! О, Хуыцау уыны алцы дæр... уый Хуыцау у, уый хатыр кæны сæлхæртæн, æнæмбаргæтæн... фæлæ адæм! Адæмы ‘хсæн цæсты хауай, зоныс, уый цы у? Нæй гæнæн уыдоны цæстæнгасы бын, дæу цы бафæнда, ахæм исты кæнæн, цыма уыдоны уынгæ дæр нæ кæныс. Æмæ ды растæндæр афтæ бакодтай, цал хатты дын дзырдтон! Адæймаг Хуыцау нæу, цæмæй йæхицæн ратта йæ риуæмбæрц цæуыны бар! (Æмæ ма кæсæнт. Алчи дæр хъуамæ архайа йæ дунембарынадмæ гæсгæ, куыд хуыздæр у, афтæ). Куыд хуыздæр у! Куыд хуыздæр у, уый зонынц иууыл иумæ.

(Алкæмæ куы хъусай, алкæмæ куы кæсай æмæ куы ризай, уæд цард афтæ аивгъуыйдзæн, æмæ йæ хатгæ дæр нæ фæкæндзынæ. Сæйраг у хорздзинад аразын, рæстдзинад агурын. Алы фæндаг дæр хорз у, хорздзинадмæ дæ куы кæна, уæд. Уæдæ ма адæм искæй азымы цæмæн хъуамæ дарой, хуыздæр нæ уыдзæн йæ фæдыл цæуын).

– Уыцы хъуыддаджы уыл зæрдæ нæ бахуддзæн… Сымах дæсны уыдыстут алкæмæн дæр йæ ных бакъуырынмæ æмæ мæн æрсабыр кæнынмæ дæр æмæ, кæй тарстæн, ууыл фæхудынмæ дæр. Фæлæ дзырдтон, æз уын дзырдтон: зондджын ивылд доны ныхмæ не ‘рлæудзæн, зондджын йæхи цæхæры нæ баппардзæн…

Бантыст ын ингæнты нывæрзæнты æвæрд гранит плитаты хуылыдз сыфтæртæй ссæрибар кæнын. Йæ къухы уырзтæй асыгъдæг кодта сартæй къахт фыстыты, каст сæм æдзынæг æмæ зыдæй, йæ цæстытæ-иу ныссагъта гранитыл уæвæг алы къахт дамгъæйы дæр. Уымæн йæ бон нæ уыд фыстыты бакæсын, уый тыххæй нæ, уазал зæрдæ æмæ æнарæхст къухтæй фыст кæй æрцыдысты, фæлæ уый тыххæй, йæ удæн зынаргъ адæймæгты нæмттæ уымæн æнæмбæрстгонд нысæнттæй бæрæггонд кæй æрцыдысты – уый сæм каст æнæбынат, æнæмæнгхъæугæ чи нæ уыд, ахæм цæстæй.

Фæлæ ныртæккæ афтæ кæнынц иууылдæр – фыстытимæ, алкæй дæр фæнды, цæмæй се ‘ввахс адæмы ингæнтæ æмбæлон уагыл уой. Æмæ кæд алчи дæр афтæ кæны, уæд…

Ау, ис, æндæртæ куыд нæ кæнынц, афтæ бакæнæн? Нæй, дæхицæн æндæртæй фылдæр бартæ раттай, уый гæнæн, фæлæ цъусдæр бартæ раттын дæр нæу хорз. Фылдæр саразай – уайтагъд æй фæхатдзысты адæм, къаддæр – уæд дæр афтæ.

Йæ куыстдзагъд, зæронд карды цыргъ комы хуызæн армы тигъæй алæгъз кодта ингæнты сыджыт нырма уæлæнгай, стæй тыхджындæр,

нывæфтыд кæмæй арæзт уыд, уыцы лыстæг дуртæй алкæй дæр уырзæй æнкъаргæйæ. Уыдоны фарсмæ цы дыууæ дуры уыдис, уыдон уыдысты иннæтæй стырдæргомау. Иу дзы уыд тугхуыз денджызон дур æгъуыз тигътимæ, – уыдис хуры фæстаг тынты ныдзæвдæй сырххуыз æмæ дардæй зынæг ихсагкæмттау уыгæрдтæ хæхты æнгæс. Дур уыд хуылыдз, авгау дзы акæсæн уыд иннæрдæм, æмæ йæ хуыз раив-баив кодта. Иннæ – уый уыд хæххон дуры къæртт – фæныкхуыз, цыргъ тигътимæ, йæ уæлæ гæзæмæ тыбар-тыбур кодтой лыстæг æрттиваг стъæлфытæ. Еланæ зыдта, дур хуылыдз куынæ вæййы, уæд уыцы стъæлфытæ тынгдæр кæй ферттивынц.

– Мæ лæппу, мæ лæппу… – дзырдта Еланæ, – ды уæд стыр уыдтæ, фæлæ уæддæр дæ къух нæ истай сабибонты митыл. Ацыдтæ денджызы былмæ, æрæмбырд кодтай дуртæ… æрмæстдæр дуртæ – æмæ сæ хæссыс хæдзармæ. Æз дæм загъд кодтон, æз дын æмбарын кодтон, ды ныр стыр лæппу кæй дæ, адæм дæ зонынц, зонынц æй, кæй сахуыр кодтай, ныр дæхицæн дæ бон кæй у æндæрты сахуыр кæнын, æмæ уæд та бафиппайдтой, дæ дзыппытæ дурты уæзæй бынмæ куыд æривæзтысты, уый!.. Уæд куыд уыдзæн кæсæн адæмы цæстытæм? (Ацы дур у хæхтæй рахаугæ, уый та – денджызæй. Уыныс, денджызы дур куы схуылыдз уа, уæд цыма фæлмæндæр свæййы, удджындæр… Хохæй чи рахауд, уымæ та хур æмхицдæр у… хурмæ райдайы тæмæнтæ калын).

– Нæ зонын… мæнæн дуртæ иууылдæр сты куыд дуртæ: фæндагыл цæугæйæ мæ разы куы фæвæййы, уæд æй иуварс атулын, цæмæй ма хъыгдара, цæхæрадон къахгæйæ йыл куы бамбæлын, уæд æй аппарын, къæпи йыл, зæгъгæ, аныдзæвд, уæд ралгъитдзынæ: къæпи къуымых кæны, уæдæ цы.

Цæмæн дæ хъæуы, хъæбул, уазал дур?

(Уый гæнæн нæй, æмæ сæ ма федтаис, – уыдон иууылдæр сты алыхуызæттæ æмæ сæ алчи дæр у йæхирдыгонау рæсугъд!)

– Æвæццæгæн… Æмæ дæуæн дæ цæстытæ æндæрхуызон арæзт уыдысты? Чи зоны дæм мах иууылдæр куырмытæ кастыстæм? Уæд дæхæдæг дæр хъуамæ куырмæфсон скодтаис махау… О, о, о! Æз дын гъеуæд дæр афтæ дзырдтон, æмæ йæ фæлхат кæнын ныр дæр!..

Еланæйæн йæ бон нал уыд гуыбырæй йæ цыппæрттыл лæууын, – слæууыд æмæ сраст кодта йæ астæу.

– Алчи дæр йæхирдыгонау рæсугъд у. Адон дуртæ сты. Æмæ рæсугъддзинадæй дæуимæ кæмæн уыдис абарæн, мæ лæппу. Фæлæ-

иу мæ хъустыл куы ‘руад, адæм афтæ кæй дзурынц, ды рæсугъд æмæ фидауцджын дæ, уæд-иу ме уæнгтæ барызтысты, цыма йæ хатгæ кодтон, кæй дæ фесафдзынæн. Ме ‘нæсæттонтæ, æнæуи дæр мын адæмы ‘хсæн бæрæг куы дардтат уæ дыууæ дæр, бар-æнæбары дæр уæхимæ здæхтат адæмы цæстæнгас, фæлæ нæ, уæддæр ма хъуамæ уæхи хæрдмæ æуууындзыдтаиккат æнæрхъæцæй, цинау уæм каст, айрох-иу уæ фæйнæрдæм акæсын.

Куыдфæнды мæ ма фæндыдаид, куыдфæнды ма архайдтаин, нæ мын бантыст сымахыл æрхæцын. Уæ рохтыл уын æрхæцын.

Еланæ йæ алфамбылай акæстытæ кодта æмæ сусæгæй дзурæгау йæ ныхасмæ бафтыдта:

– Чи зоны, ис ахæм адæм, алцы дæр уæлдайаг кæмæн у, æнцонæй рохгæнаг чи у… Фæлæ мах уыдæттæм цы хъуыддаг ис, ахæмтыл цæмæн хъуыды кæнæм… нæ, мах хъуамæ зыдтаиккам, цы не ‘мбæлди, уый… Ацы дунейы алчи дæр хъуамæ зона йæ бынат – æмæ æмбара, цы йын не ‘мбæлы, уый… Бæласмæ алчи дæр куы кæса, уæд хус кæны… Цыдæриддæр цæстыхаугæ у, уымæн тæссаг у! О, о, о!

Еланæ бацыд дыккаг ингæн-обауы цурмæ, æмæ та ногæй хъавгæ адаудта ингæны сыджыт, цыма йæм исчитæ сæ хъус дардтой, æмæ уый та сæ разы, йæ кармæ гæсгæ йын цы не ‘мбæлд, ахæм исты куыста?

…Æмæ уый куы ацыд, уæд алцы дæр ныууагъта мæ иунæг уды æвджид. Æмæ мæ уд та не ‘рцахуыр… Нæ мæм разынд уыйбæрц тых – æндæра сæ мæ риуæй дæр бамбæрзтаин, бамбæхстаин сæ дыууæйы дæр, исты адджинаг чырыны куыд бамбæхсай, афтæ, æмæ дæгъæл мæхимæ дардтаин. Цæмæн дын разынд дуне ахæм къуындæг? Дæуæй ферох, кæй ис мæлæт, æмæ уый æвзарын кæй нæ зоны. Ахæмæй дæ чи зыдта, уыцы адæм хъуыды кодтой, цыма ды æнæфæцудгæ тулдз бæласау фидар дæ, ды та лыстæг уисау лæмæгъ разындтæ. Æмæ æз та баззадтæн – сымах уыцы уæз сæвæрдтат ме уæхсчытыл… Хуыцау мæ æркъуырдта, куыддæрты уæ кæмæй иргъæвтон, уыцы рохты мын суæгъд кодта. Ауагътон уæ, æмæ къухæй аирвæзтыстут æмæ уæхи дæр бабын кодтат æмæ мæн дæр…

Еланæ та æргуыбыр кодта ногæй, ныр та схæцыд, чи ныффæлдæхт, уыцы уардиты къутæртыл æмæ сæ æмбонды æнцой бафидæрттæ кодта. Уардитæ уыдысты сырхытæ, урсытæ, алы мыггæгтæ, фæлæ сæ Еланæ кæрæдзийæ нæ хицæн кодта, уæлдай уарзт дзы никæй кодта, уымæн иууылдæр уыдысты хуымæтæджы уардитæ, æндæр ницы.

– Цæхæрадоны сæ нæ нысадздзынæ, быдыры дæр афтæ, стæй цыма кæрты дæр ницæмæн хъæуынц. Кæд, уæддæр ингæныл… горæтæгтæм куы бакæсай, уæд æнæ уардитæ иу къахдзæф никæдæм акæндзысты: дæттынц сæ усгуртæн, хъæбысыдзæгтæй сæ лæвар кæнынц чындзагтæн, дæттынц сæ, сывæллон кæмæн райгуыры, ахæм сылгоймæгтæн, куыдрæсугъддæрæй сæ æвзарынц, зæрдæмæ чи фæцæуы, ахæм чызджытæн.

Фæлæ уымæн, Еланæйæн, йæ царды дæргъы иунæг дидинæг дæр никуы ничи балæвар кодта…

Йæхи райста æмбонды рахизæны ‘рдæм, фæлæ ма дуары цур дæр бирæ фæлæууыд, цыма куырм уыд, уыйау ницы уыдта йæ алфамбылай, никæдæм каст.

– Цæй, куыд кæна мад, хъæбул, куыд цæра, цæуылнæ мын исты зæгъыс?

Æмæ ныр ахъуыды кодта йæ мойыл дæр – уый не сфæрæзта сæ фырты мæлæт. Афтæмæй та нырма зæронд нæ уыд æмæ уыцы боны онг хуымæтæджы сæры рыст дæр никуы бавзæрста…

Еланæ фæдис кодта, æнæнхъæлæджы цæуыл ахъуыды кодта, ууыл: куыд æй фæхатыд, афтæмæй йæ бирæ нал хъæуы йæ мойы ферох кæнынмæ. Йæ бакаст, йæ мидбылхудт, йе сныхас, æгæрыстæмæй йæ характер дæр – æппæт дæр ын рæстæджы фæлмы мынæг кæнын райдыдта, йæ мысæнуаты æппæт дæр ныпъпъæзæн къæвдайы бын бахауæг чернилæйæ фыст гæххæттау.

Йæ мæлæты фæстæ архайдта, цæмæй йæ цæстытыл уайа, алы хатт дæр-иу фæдис кодта Еланæ, куыд цъус зыдта йæ мойы. Фæлæ дзы, ахъуыды кæнгæйæ, цы ис ахæм диссагæй: мыййаг, искуы афтæ рауад, æмæ кæрæдзийы раз сæ зæрдæты дуæрттæ кæронмæ байгом кодтой? Йæ æнувыддзинады сæйраг уый нæ уыд, цæмæй, кæдæм ыл не ‘мбæлы, уырдæм ма бахауа, æмæ йæ æрмæстдæр æндæвта, цæмæй, цы не ‘мбæлы, ахæм исты ма бакæна, фидар ыл ныххæцыд, ныссагъта дзы йæ ныхтæ, йæ цæстытæ йын къахта, уайдзæфты бын æй хуыдуг кодта…

Æгасæй дæр уыд æнæмбæлон исты нытътъæпæн кæнынмæ здæхт, афтæмæй та бинонты хицау уыд, æнахъом лæппуйы митæ йын нал æмбæлд…

Æвæццæгæн, стæмхатт рауайы афтæ: дыууæ уды, иумæ цæргæйæ, батонынц сæ æнусы хай, фæлæ сæ кæрæдзийы, куыд æмбæлы, афтæ

нæ базонынц: æрмæст исты куы фесафынц, уæд сæ равдæлы ууыл ахъуыды кæнынмæ…

Афтæ гъе, ныр йæхæдæг дæр, бæлвырддæр зæгъгæйæ та, йæ хъуыдытæ, Хуыцау йæ зонæг, кæм балæууыдысты!

Ногæй та риссаг æнкъарæнæй банкъардта, йæ хъæбулы ингæны уæлхъус кæй лæууы.

– Ехх, мæ хъæбул, мæ хъæбул, æнамонд у дæ мад…

Йæ фырт кæмæн амæла, ахæм мад адæмы цур хъуамæ ма кæуа. Не 'мбæлы афтæ. Æндæртæ сæхицæн бар цы хъуыддагæн нæ радтой, уый та нæ бакæндзынæ. Цыма ды уæлбикъон дæ æндæрты уæлдай... Ау, уымæй, Еланæйæ, æндæр мадæлтæ сæ фыртты къаддæр уарзтой, стæй уыдоны 'хсæн куы уыди ахæмтæ дæр, кæцытæ æгæрыстæмæй зонгæ дæр нæ кодтой, сæ фырттæ куыд амардысты, уый: судзгæ бакодтой æви донласт фесты, гъе та сæ сыджыты хайыл дæр нæ сæмбæлдысты æмæ сæ мæрдон буæрттæ холыхор халæттæн баззадысты… Æмæ кæд ахæм мадæлтæ дæр нæ куыдтой адæмы раз…

Куыд ис афтæ гæнæн, æмæ дæ зæрдæйы рыст æндæрты рыстæй риссагдæрыл нымайай, уый бар дын дæтта, цæмæй дæхимæ уæлдай хъусдард здахай… Бæргæ, ацы стыр дуне æнæхъæнæй дæу куы фестид æмæ афтид куы уаид, сусæг хæлæггæнджытæ рудзгуытæй кæрæдзимæ кæм гудзиццытæ кæнынц, ахæм фæрссаг уынгау – уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, æндæр хъуыддаг уаид…

(О, фæлæ йæ зæрдæрыст цæссыджы чи ныхса, уымæн æнцондæр уыдзæн, кæуыл фæкæуай, ахæм рыст тагъддæр сабыр кæны!)

– Ех, мæ лæппу, мæ лæппу! Уæддæр не 'рцахуыр дæ, адæм цы зæгъдзысты, уымæн аргъ кæныныл. Кæй цы хъуыддаг ис, чи дæ нæ фæкæуын кæна, уыцы рыст дæ фылдæр рæстæг æвдæрздзæн кæнæ цæссыгтæй дæ удæн æнцондæр фæуыдзæн, уымæ. Уыдоны хъæуы, цæмæй алчи дæр кæна афтæ, алкæмæн дæр æхсызгондзинад куыд хæсса, цæмæй æндæрты æнцойдзинад макæй знæт кæна. Гъе уый сæ хъæуы...

О, уый раст у: чи нæ æрызгъæла, кæй аныхъуырай, ахæм цæссыгтæ адæймаджы судзгæ кæнынц мидæгæй. Æвæццæгæн, уыдон туджы бæсты тугдадзинты хъаргæ кæнынц, æрмæст тугдадзинтау цард дæттæ нæ кæнынц, исгæ йæ кæнынц, маргæ кæнынц цадæггай, æрвылбон дæр, цъусгай... Ахæм мастæн ссæуæн нæй, никуыуал дзы суæгъд уыдзынæ. Райдианы архайыс бынсыныл, цайдагъ кæныс, хиуылхæцынад дæ фидар кæны – æмæ цадæггай цард æнæхъæнæй дæр свæййы бынсынад.

Алцы дæр, алцы дæр ахæссы мæлæт, æмбæхсы сæ, нымбæрзы сæ хъизæмары æнусон æнæбын фæлмы: бакаст дæр, хъæлæс дæр, æмæ хион, уарзон цæстæнгас дæр – æввахс адæймаджы цард æнæхъæнæй, æмæ дæ суыдзæн æнæкæрон дард… Уæле та – ингæны сыджыт, уымæн йæ бон у, æмæ дæ адард кæна иууыл æввахсдæр адæймаджы...

Æмæ дуне свæййы æнæфæразгæ иугъæдондзинад, нæ дæ уадзы нæдæр зæхмæ, нæдæр арвмæ…

– Ехх, зæхх, куыд фыдгуыбын дæ!..

Еланæйæн æнæуи дæр йæ цæстытæ æдзæрæг быдыры дымгæмæ хостау сур уыдысты, ныр ын ноджы ныссур сты,йæ хъуыр та афтæ тынг ныххус, æмæ йæм афтæ каст, цыма ныртæккæ фæнык фестдзæн, æмæ йе ‘нцъылдтæ цармы мидæг йæ зæронд стджытæ сдудыдтой...

(Хуыздæр уыдаид фæкæуын, цæссыг калын...)

Ныр йæ бон нал у афтæ æнцонæй скæуын – йæ фырты табæты уæлхъус фондз боны æмæ æхсæвы æрвитгæйæ, каст, мæлæты бонмæ йæ цардæй чи хицæн кæны, уыцы мæрдон цæсгоммæ, æмæ, йæхи уромынæл архайгæйæ кæй фæныхъуырдта, уыцы цæссыгтæ йæ мидæг басур сты, йæ ноггуырд сабийы чи фесафы, ахæм æрыгон мады æхсырау...

Ахæм дудгæбонæн цæссыгæй ссæуæн ис? Кæцы денджызыдзагæй бацæудзæн мады цæссыджы? Иу зондджын лæг загъта: мадæн йæ бон нæу, æмæ уымæ гæсгæ хъуамæ ма кæуа йæ фыртыл. Ахæм цæуылдæр ничи фæтых уыдзæн, æмæ, гæнæн цæмæн нæй, ууыл чи тох кæна, уый та уыдзæн худæг. Ахæм мастимæ худæг уæвын...

Еланæйы хъуыды ацахста, йæ удмарæг сагъæсты раз йæ лæмæгъдзинад кæй равдыста, æмæ йæ кæй ныввзилдзысты, стæй рахизæн кæцæй нал уа, ахæм хуыдимы...

Разылди, цæмæй ацæуа.

– Цы уын хъуамæ зæгъон? Æниу искуы ныхъхъуыды кодтат мæ ныхæстыл? Æнæмæнг хъуамæ бакодтаиккат, Хуыцау уæм куыд æрдзырдтаид, афтæ…

Алцы дæр сымахмæ гæсгæ, алцы дæр сымахмæ гæсгæ… Кæцæй уæм уыд уыйбæрц хивæнд, хивастдзинад? О Хуыцау, о Хуыцау!..

Бахгæдта æмбонды дуар æмæ азылд цæхæрадоныл, дымгæмæ æрызгъæлæг хуылыдз сыфтæртыл æмæ пырх сæнæфсиртыл.

О зæхх, куыд фыдгуыбын дæ…

Уæддæр уарзта ацы зæхх Еланæ. Ныр дæр æрхъæцмæ нал лæу-

уы – цæхæрадоны къуымты азила, фена, дысоны тыхдымгæйæн цас бантыст разнаггад кæнын.

Зæххимæ йын цыма сæрмагонд бастдзинад уыд – зæххимæ архайгæйæ йæм уæлдай уæлтæмæны æнкъарæнтæ гуырд. Еланæйæн йæ бон нæ бауыдаид, уый цавæр æнкъарæн уыд, уый бамбарын кæнын, ахæм дзырдтæй пайда кæнгæйæ куыд «хорздзинад» кæнæ «цард», уымæн æмæ уымæн къуындæг уыдисты уыцы æмбарынæдтæ. Хатт-иу æм афтæ кæсын дæр байдыдта, цыма зæххæй цæуы цавæрдæр æнæуынгæ тых, æмæ бæласы зæнджы донау лæдæрсы æппæт йæ буарыл, æмæ йæм афтæ фæкæсы, цыма бæлас кæнæ æрдуз у, кæнæ, сæфтæджы фæды чи æрæмбырд вæййы, уыцы дон… Уæд-иу фенцондæр йæ удæн дæр æмæ йæ буарæн дæр.

Æцæг ын фæстаг рæстæг зæххимæ уыцы хæстæгдзинад дæр нал хаста æнцойдзинад, – маст ын нæ лæвæрдта рох кæныны, атайыны фадат, здæхта йæ цардмæ, йæ рыстмæ.

Уæддæр Еланæйæн йæ бон нæ уыд, йæ хид лæсæнтæй кæм ахъардта, мæнæ ацы къухтæй уыйбæрц кæй фæхырыз кодта, йæ сагъд бæлæсты уидæгты йын йæ хуылфы цæсты гагуыйау чи хъахъхъæдта, уыцы зæхх ма уарзын...

Зæхх хæрын кæны адæймагæн, стæй йын бахæры йæхи.

Æмæ уыцы æнæуынгæ тæгтæ – царды тæгтæ æмæ мæлæты тæгтæ – фидар сбастой Еланæйы йæ зæххимæ.

Уый зæххæй тынгдæр ницы зыдта æмæ æмбæрста ацы дунейыл… тынгдæр æгæрыстæмæй йæ дзæнæты бадинаг мойæ дæр.

Хъуыды ма кæны, йæ цæстытæ-иу куыд ссыгъдысты æмæ-иу цæхæртæ куыд калдтой. Уыдон-иу ссыгъдысты, Еланæ-иу ын йæ радон фыдуаг ми куы ныххатыр кодта, уæд… Уый-иу худт, æмæ-иу йæ цæстытæ нoджы пиллон арт суагътой, растæндæр пиллон арт…

О, адæймагмæ уæддæр афтæ кæсы, цыма дæ зæрдыл куы лæууын кæнай, уæд уымæй ивгъуыд райгас уыдзæн.

Фæлæ уый йæхи фылдæрхатт сайгæ фæкæны, уымæн æмæ мысинæгтæ батонынц æнкъарæнты, уыдон мард сты… Зæрдыл æрлæууынц уазал æндæргтæ æмæ ауыæттæ. Æмæ, чи райгас, ахæмтыл кæй банымайæм, уыцы æнкъарæнтæ та æрмæстдæр вæййынц рыст æмæ æрхæндæгдзинад, цы фесафæм, уый тыххæй.

Æмæ уыцы худгæ, пиллон арт уадзæг цæстытæй йæ царды алцы дæр абадт йæ гаччы, йе ‘ппæт зынтæ дæр æрбатар сты.

Еланæ ахъуыды кодта æмæ аскъуыддзаг кодта, цæмæй цæхæрадоны азила фæстæдæр, ныр та уал ацæуа хæдзармæ æмæ æртдзых бакæна. Æвзалытæ æхсæвы хъуамæ ма ныххуылыдз уыдаиккой.

Уый нырмадæр цард, кæддæр фыццаг хатт йæхи къухтæй кæй къонайы баарт кодта, уыцы зæронд хъæдын хæдзары. Йæ фарсмæ та бетон цæджындзтыл лæууыд ног, фых агуыридурæй амад хæдзар. Ног хæдзары нæма уыд бухари, нæма йæм уыд асинтæ арæзт, æмæ йæ уый иппæрд кодта царды бæрджытæй. Асины бæсты балкъонмæ æвæрд уыд, къæпхæнты бæсты цæхгæрмæ хъилы лыггæгтæ хуыд кæуыл уыд, ахæм бæзджын фæйнæг. Фыр мæллæгæй уæзы мур кæм нал уыд, уыцы Еланæйæн цас зын хъуамæ уыдаид уыцы цæхгæрмæ хуыд хъилтыл уæлæмæ схизын, фæлæ-иу æй уый тыххæй алы хатт дæр бахъуыд йæ удæн тыхми кæнын: хæдзар æм гуырын кодта риссаг мысинæгтæ. Уæддæр-иу къуыри иу хатт хъуамæ схызтаид хæдзармæ, ныссæрфтаид рыгтæ, къултæй æристаид хъæлуарæджы тынты. Алцæмæй æнæуынондæр ын уыд хæлуарæджы тын. Расæрфдзынæ йæ къултæй, фисынтæй, уæддæр та фæкæс, æмæ æрдæгталынджы ферттив-ферттив кæнынц уыцы æндæдзаг лыстæгхау тынтæ.

Тасаг фæйнæг-асинæл схизгæйæ-иу цырд байтыгъта дуар. Зыдта йæ, диссагæй дзы кæй ницы фендзæн, мидæгæй æм кæй æнхъæлмæ кæсы афтид уат æмæ сабырдзинад, фæлæ йæ уæддæр цавæрдæр куырм ныфс йæ уæлныхты иста уыцы уысм. Ныртæккæ бакæндзæн дуар æмæ уым, рудзынджы цур, баддзысты уыдон... кæсынц денджызмæ кæнæ хъуыдыты аныгъуылдысты, пиллон артмæ кæсгæйæ. Фæлæ, бухарийæн цы бынат ныууагъдæуыд æмæ зæронд фæйнæджытæ кæуыл ныххуыдтой, уый æнæбары бæрæг дардта, ног, цард кæй нæма батавта, уыцы къулты ‘хсæнæй.

Фæстæмæ æрхизын ын зындæр вæййы, къæхтæ йæ коммæ нал фæкæсынц, стæй фæйнæг дæр ризын райдайы.

Хæдзары уыд иу хатæн... Еланæйы фæндонмæ гæсгæ йæ зæрдиагдæрæй арæзтой аразджытæ. Йæ рудзынгæй кæсгæйæ, дардæй зындысты митæмбæрзт æфцæджытæ. Æмæ, хатæнмæ бахизгæйæ, адæймаджы цæст алцæмæй раздæр снысдзæвыдаид уыцы æрттивгæ митыл, æмæ уый фæстæ та сæхи дæлæмæ æруагътаиккой, ныррæгъуæвæг къуылдымтыл урс тыгуыртæй чи апырх, уыцы хæдзæрттыл. Уыдон бæрзонд æфцæджытау сæхимæ не ‘лвæстой адæймаджы цæстæнгас, цæст сыл нæ афæстиат уыдаид, фæлæ-иу цыма сабыр хъæлæсæй куырдтой: уæ

хорзæхæй, цъус ма нын фæхай кæнут уæ цæстæнгасæй, иучысыл ма нæм бакæсут...

Цы кæнын æй хъæуы, уый нæ зонгæйæ рацу-бацу кодта ног хæдзары цур, акаст къуылдымты ‘рдæм. Хæдзæрттæ æхсæвы къæвдайæ æхсады фæстæ æндæр хæттытæй ноджы тынгдæр æрттывтой.

Фæззæг – чындзæхсæвтæ кæныны рæстæг. Чи зоны, ацы хæдзæрттæй абон искæмæ чындзæхсæв и.

Еланæйы фæндыд æфсин суæвын… æмæ хорз æфсин…

Фæлæ, йæ чындзæн кæй саразын кодта, уыцы уат афтæ афтидæй баззад. Æмæ «Чындзхасты зарæг» ацы хæдзармæ ног чындз æркæнæг барджыты бæхты цæфхæдты æхсызгон зæлтимæ кæмдæр бамыр сты, æрбайсæфтысты цæрæнбонтæм. Уыцы зæлты фæсырдтой, амардтой æндæр зæлтæ – мардыл кæуын – ноджы раздæр, цалынмæ Еланæйы æрхæндæгдзинад æмæ æнахуыр фæндонмæ гæсгæ ацы ног агуыридурæй хæдзар арæзт нæ фæцис, уæдмæ.

Еланæйы фæндыд, цæмæй уыдаид хорз æфсин. Æмæ цæуылнæ хъуамæ уыдаид хорз йæ иунæг чындзæн.

«Уæд мах, сылгоймæгтæ, бауыдаиккам дыууæ, æмæ иумæ нæ бон суыдаид сымахæн уæ рохтыл æрхæцын… Æз та алы хатт дæр уыдтæн иунæг, æмæ уымæ гæсгæ мæ бон не сси».

Еланæйæн йæ цæстытæ атартæ сты, ног агуыридурæй арæзт хæдзар йе ‘хгæд рудзгуытæ æмæ дуæрттимæ нынкъуысти. Афтæ йæм фæкаст, цыма йæ тæккæ цур чидæр сабыр хъæлæсæй схъæрзыдта. Æмæ цасдæр (нæ йæ базыдта, цас) рæстæг йæ хъустæ гуыз-гуыз кодтой. Ахæм уынæр вæййы тыхдымгæйы размæ. Стæй уынæр цадæггай æрсабыр, йæ цæстытæй уынын райдыдта; æмæ та йæ алфамбылай – афтид æмæ сабыр.

Йæхимæ æрцæугæйæ, Еланæ æнкъардæй бакаст хæдзармæ, асины бæсты цæхгæрмæ хуыд хъилтæ кæуыл уыд, уыцы фæйнæгмæ æмæ аскъуыддзаг кодта: абон не схиздзæн уырдæм.

Ацы ног хæдзар куы саразта, уæдæй чысыл рæстæг нæ рацыд, фæлæ нырмадæр, æрвылрайсом уынгмæ рахизгæйæ, бандзыгау вæййы уазал æмæ æдзæрæг арæзтады тасæфтауæг уындæй.

Йæ бон нæу, æрцахуыр уа, йæ тохынайæ къонайы фæздæг кæмæн никуы скалд, уыцы хæдзарыл.

(...Цæмæн нæ бахъуыд ног хæдзар? Ау, уый дæ хъуыддаг у –

арæзтадимæ архайын? Дæу хъæуы æнцойад, æппынфæстаг дын афон у, цæмæй баулæфай...)

– Хъусгæ-ма йæм бакæнут, хъусгæ! Цæуылнæ хъуамæ саразæм ног хæдзар, мах исты иннæтæй æвзæрдæр стæм? Акæс-ма, нæ алыварс кæуылты галуантæ ныззылдтой! Алчи дæр сарæзта, æгæрыстæмæй ахæмтæ дæр, йæ бон кæмæн нæ уыд. Цас уын лæгъстæ кæнын: саразæм! Сымах æрмæст райдаут, стæй алцы дæр мæхимæ исын. Куыннæ стæй, сымах уымæ æвдæлы! Мæ сылгоймагон æдылы сæрæй рæстæгыл нæ ахъуыды кодтон, æндæра мæхæдæг раджы райдыдтаин аразын. Æз та сымах сразы кæнынылархайдтон. Ныр æй сарæзтон, бантыст мын. Ныр уын худинаг нæу уымæ кæсын, и?

(...Ау, ноджы ма нын иу хæдзар уа, уый æнæмæнг хъуыддаг у? Æви нæй ахсджиагдæр хъыддæгтæ?)

– Хъуыддæгтæ, мæ лæппу, алы хатт дæр разындзæн, кæнинаг хъуыддæгтæн фæуæн æмæ кæрон нæй, æмæ царды та сæйраг хæдзар у, фыццаграды, – хæдзар... Раздæр-иу хъæумæ уазæг куы фæзынд, æнæнхъæлæджы фæуазæг уыдаид æви йæ районæй æрбарвыстаиккой, уæддæр æй æнæмæнг махмæ хъуамæ æрбакодтаиккой... Æмæ, кæсыс, нæ алыварс нæ сыхæгтæ хæдзæрттæ нæ, æнæхъæн галуантæ ныццамадтой – æмæ мах систой цардфæразон адæмы номхыгъдæй. Афтæмæй та ницы цух стæм, нæ къухтæ, нæ къæхтæ нæ уæлæ сты, цæуылнæ у нæ бон саразын, куы хъæуа, уæд, нæ алыварс иннæтæ куыд аразынц, афтæ? Адæймаг хъуамæ арæхдæр кæса, йæ алыварс цы цæуы, уыдæттæм. Хъуамæ цæсты ма хауа, йæхимæ хъусдард ма здаха мадæр фæсте баззайынæй, мадæр разæй фæуынæй. Æвæллайгæйæ уын бæргæ дзырдтон уыдæттæ, фæлæ мыл сымах æрмæстдæр худгæ кодтат...

(...Адæймаджы къухы уал хъуамæ бафта исты ахсджиагдæр саразын йæхицæн хæдзар самайыны бæсты, ахстон скæнынæн та никуы байрæджы уыдзæн...)

– Нæ байрæджы уыдзæн... Цыма афтæ дæр нæу!

Еланæйæн та йæ цæстытæ ныссур сты – фыр хусæй судзæгау кодтой.

Æнæнхъæлæджы йæхимæ æрцыд æмæ батыхст.

– Кæуылты рæстæг ауагътон мæ мидцоппайы аххосæй! Афтæмæй та тыхдымгæ дунейы куыст æрхаста… сæнæфсирты ныххоста… кæрт сыфтæрты бын фæци…

Хуылыдз зæххыл цæугæйæ, уыгъта æмæ æмбырд кодта пырх цупæлттæ, дымгæ æд къалиутæ кæй срæдывта, уыцы талатæ – фæлæ сæ нæма хъавыд кауы сæрты аппарын.

– Куыд æнæфтиаг фæкодта, куыд ныддæрæн кодта алцы…

Уыцы ‘хсæв йæ цæхæрадоны знаггад кæуыл æрцыд, уыдонæй алкæмæй тынгдæр тæригъæд кодта сæнæфсиртæн. Чи зоны, уымæн, æмæ сæнæфсиры фыдуазæлттæ, ихуард, кæнæ раст ахæм æгъатыр тыхдымгæтæ куынæ бахъыгдарой, уæд фидар æмæ бирæ рæстæг лæууы, ацы лæмæгъ кæрдотæ, фæткъуытæ кæнæ хурмайау афтæ æнцонтæй не ‘рызгъæлы...

Зыдта уый дæр, сыхæгты ‘хсæн кæй цæудзæн алыхуызон ныхæстæ: цас сæнæфсир фесæфта тыхдымгæ йæ цæхæрадоны, куыд æнæхъуаджы фæцис уыйбæрц фæллой… Иутæ йын тæригъæд кæндзысты, иннæтæн æфсон фæуыдзæн дам-думтæ кæнынæн: ома рæстæгыл бафидыдтаид искæимæ, уый та æвзæрста, æвзæрста, райдыдта базар кæнын; аннæтæн та уæлдай нæ уыдзæн: цæмæн бахъуыди зæронды сæнæфсир, сæн æй кæмæн хъæуы?

Еланæ стыхст, сыхæгтæ цытæ дзурдзысты, ууыл хъуыды кæнгæйæ.

Тæригъæд кæнын нысан кæны дæлдзиныг æй кæнынц. Æмæ сæ ахуырмæ гæсгæ тæригъæд кæнын æнцонæй райдайдзысты, æнæ ахъуыды кæнгæйæ. О, фæлæ ахæм хуызы тæригъæд кæнын нысан кæны ныцъцъист кæнын… Адæймагæн, кæй йын тæригъæд кæнынц, уый равдисыныл куы архайай, уæд иннæрдæм цæуы, зæрдæсаст æй кæныс. Кæй зæгъын æй хъæуы, ис ахæм адæм, кæцытæ разы сты цыфæнды хуызы тæригъæд кæныныл дæр, алы хуызы дæр сын хорз у – пайда дзы кæнынц. Еланæйæн æнæуынон уыдысты ахæмтæ.

Цалынмæ йæ фырт удæгас уыд, уæдмæ Еланæ алыхуызон уæлæнгай æмæ æнæбындур тæригъæдгæнджыты йæ хæдзармæ тæфтыл дæр нæ уагъта. Фæлæ ныр хъуамæ æгомыгæй быхса цыфæнды хуызы тæригъæд кæнынæн дæр, æгæрыстæмæй йæ дæлдзиныг чи кæна, ахæмыл дæр.

(Уæд райдайдзысты афтæ дзурын дæр, цыма Еланæйæн йæ зæрдæ æппындæр никæуыл риссы, фæстагмæ сæнæзæрдæ).

Йе ‘намонддзинадмæ йын иуварсæй куыдфæндыйы цæстæй чи кæсы, уыдон дзурдзысты – развæлгъау æй зоны – кæддæр æхсæвæйбонæй йæ хæдзары чи уыд, йæ цæхх, йæ кæрдзынæй кæмæн лæггад кодта, уыдоны сæнæй хуыздæр сæн кæй нæй, уый дзурынæй чи

нæ фæллади, бинонты цæрæнбонæн зæрдиаг куывдтытæ чи кодта... Ныр та сырддонцъиутæ, чи сафтид вæййы, уыцы хордонæй йедзаг хордонмæ куыд атæхынц, афтæ æндæрты фынгтыл рабадынц æмæ æндæртæн кæнынц хъæргæнаг куывдтытæ. Хуыцау бахизæд ахæмтæй, уыцы ног рæдау фысымтыл исты æрцыд, зæгъгæ, уæд сæ сой былтæ асæрфдзысты æмæ – сæ нæмттæ дæр сын ферох кæндзысты!

Растæндæр ахæмтæй æнæуынондæр нæ уыд Еланæйæн, æнхъæлцауы фæдыл чи цæуы, хорздзинад æнцонтæй кæмæй рох кæны, уæййаг чи у, баныгæнынмæ дæр, удæгæсты номхыгъдæй ахахх кæнынмæ дæр цæттæ чи у.

– Æгæрыстæмæй ныр дæр уыдонæй уæлдæр лæууын! – Еланæ йæ сæрыл сæрыстырæй схæцыд. – Ныртæккæ дæр мæ разæй никæй ауадздзынæн уазæгæн балæггад кæнынæй. Ницæмæй фæтыхсдзынæн – ахæм рæстæг ма къухтæ цæмæн хъæуынц, алцы дæр мын æвæрд у ахæм хъуыддагæн. Уæдæ æндæр куыд? Куыд æмбæлы, афтæ цæуылнæ хъуамæ райсон, стæй иу нæ, фæлæ дыууæ-æртæ уазæджы æмæ ноджы фылдæр, мæ бон нæ бауыдзæн, æви цы? Æз адæймаг нал дæн? Мæ къухтæ мæ уæлæ сты, мæ къæхтæ мæ нырма уромынц. Стæй мæм чи фæуазæг уа, ахæмтæ дæр мын фылдæр и уыцы æнхъæлцаутæй… Искæуыл йæхи гуыбыны тыххæй чи ныхасы, ахæмтæн сæхи намысæй фылдæр аргъ дæр нæй...

Еланæ æргуыбыр кодта, ногæй та йæ армы дзаг систа цъæл сæнæфсиртæй æмæ каст, йæ армытъæпæны æнцъылдтæй хæрздæф сæнæфсиры дон куыд лæдæрст, уымæ. Æмæ йæ мысæнуаты базмæлыдысты, йæ цæстытыл ауадысты кæддæры, йæ чызгон азты нывтæ: лæууы сæ кæрты сыгъзæринвæлыст фæззæджы, æмæ йыл кæфты мæйы уазалгомау дымгæ уарзгæйæ узæлы: йæ бон нæу Еланæйы артуадзæг уадулты тæвд сисын. Йæ разы алайæдзаг æрхуы аджы бынæй кæлы фæздæг, йæ цæсгомыл тæвдуымæлæй улæфы сыгъзæринхуыз сæны цымгæ – акаламыш.

Уый æндахы уæлæ халгонд æнгузы æппытæ æмæ нартхоры нæмгуытæй цæкуытæ нытътъыссы цымгæйы, стæй сæ сур кæнынмæ сауындзы, хæдзарæй кулдуармæ чи ныйивæзт, уыцы даргъ бæттæныл… Фыцгæ агæй нæудзармæ схъиуынц сыгъзæринхуыз цымгæйы æртæхтæ...

Фæззæг...

Стæй бацæуы сæндуцæнмæ – бакæса, ног сæн ма скæла боцкъа-

йы былтæй, ныр æртыккаг бон æнхъизы. Боцкъайы цур æй ацахсы æнхъизгæ сæны бæзджын тæф. Уый райсы куысыфтæгæй конд æвгæнæн æмæ дзы æрхæстытæ кæны æхсидгæ, фынккалгæ тæнгъæдыл...

Ныр цалдæр хатты ахуыпп кодта, нырма адджындзæф чи хаста, уыцы змæст сырххуыз тæнгъæдæй, йæ дзыхы бахауæг æрдæгцъæл сæнæфсиры гагатæ æмæ хъæбæр æппытæ иуварс ату кæнгæйæ.

Йæ ком æмæ йæ хъуыры æхсызгон хъыдзы ацæуы, йæ сæр æхцон зылд ракæны...

Йæ къæхтæ йæ коммæ нæ кæсынц, афтæмæй рахызт сæндуцæнæй. Хур ныгуылынмæ хъавы, йæ фæстаг тынтæм иууылдæр сырх адард-той: кæрты нæудзарм дæр, йæ уæлæ чи фæкалд, уыцы цымгæйы æртæхтæ дæр, хæдзарæй кулдуармæ ивæзт бæттæныл ауыгъд цымгæ-йы тылд æнгузы хæлттæ дæр...

Уый рацу-бацу кæны кæрты, йæ алыварс æппæт дæр куыд у, афтæмæй – хуры фæстаг тынтæ йыл сырх рухсæй ныдзæвынц, ног-дыгъд æнæнхъызт сæнæй йæ туг тæвд кæны. Æмæ йæм уыцы æнахуыр сырх рухсы алцы дæр зыны æндæрхуызонæй, ног æмæ æнæзонгæйæ, цыма фæззæг йæхæдæг дæр уалдзыгон хъæрм уæлдæф улæфы, фæззæг – рæгъæд кæнын æмæ кæронбæттæны рæстæг... Æмæ сæн йæ сæры бацыд æви йыл ног æнкъарæн фæтых – йæ нырмæйы цардæй иппæрд кæныны æнкъарæн, – фæлæ бамбæрста, нырма йæ ныртæккæ бамбæр-ста, фæстаг азты цы хаты, уый, кæй срæгъæд…

Æмæ уый та ахæм арæн у, йæ фæстæ адæймаг æмпылын кæмæн райдайы, нырма нæ хатгæйæ, стæй та бæлвырддæрæй...

Фæззæг – æнкъард тæмæнкалды рæстæг...

Æмæ иу фæззæджы нысан райста. Æмæ æппæт дæр райдыдта уырдыгæй – амонд дæр æмæ фыдамонд дæр. Цас ныхæстæ, дам-думтæ расайдта уыцы нысанрайст. Æрмæст йæ курæджы бинонтæ нæ, суанг ма йæхи æввахс хиуæттæ дæр не 'мбæхстой сæ дис: ахæм лæппу, цæйау акæнынц, Хуыцауæй æрвысты хуызæн, æмæ йæ цæст куыд æрæвæрдта ахæм къуызыппа æмæ бурдзыгъуырыл...

Ныр ма йæ цы 'мбæхса – йæхæдæг дæр мард фыр дисæй: уымæн æмæ уымæ чындзы фæцæуын йæхицæн стыр амондыл банымадтаид кæцыфæнды рæсугъд чызг дæр! Æгæрыстæмæй йын цæстытыл ауайын кæнæн дæр нæ уыд – уый цавæр чызг хъуамæ уа, йе уæхскмæ дæр чи не 'ххæссы… Уæдæ йæ бакаст, йе уæнгты, йæ дарæсы конд, йæ

бæхылбадт, йе сныхас, йæ мидбылхудт, йæ ахаст адæммæ... Фæлæ рауад афтæ: лæппу бавдæлд, æмæ ракуырдта мæллæг, бурдзыгъуыр, цæсты чи нæ ахадыдта, ахæм чызджы...

Йæхæдæг та йæ хъуырыл йæхи нæ ауыгъта, уæлдайдæр та, уууыл архайгæ дæр нæ кодта. Фæлæ йæхицæй, бирæ кæмæ фенхъæлмæ кæсай, ахæм амонд æддæмæ чи асхойдзæн?

Зыдта йæ, ахæм амондимæ йын зын кæй уыдзæн – уæддæр æй нæ асхуыста йæхицæй.

Стæй базыдта йæхи, куыд æмбæлы, афтæ дарын: цыма бынтондæр ахæмæй ницы ‘рцыд, ахæм хуыз æвдыста, цыма йæ амонд æндæрты амæндтæй ницæмæй хицæн кæны, архайдта адæмы цæстныдзæвæны къаддæр хауыныл. Æмæ цадæггай йæ къухы æфтын байдыдта алыхуызон ныхæстæ æмæ дам-думтæ æрсабыр кæнын, æмæ йæ хиуæттæй дæр рох кæнын райдыдта, афтæ тынг æй чи тыхсын кодта, уыцы æнæзæрдæхцон дисдзинад.

...Еланæ хатын райдыдта, уынджы æгæр бирæ кæй фæстиат кæны. Иудадзыг йæ зæрдыл кæй дары, уыцы иударон мысинæгтæ та бадт донау ныццæм сты йæ уды. Афтæмæй та йæ фосмæ дæр бакæсын хъæуы, стæй йын хæдзары дæр дунейы митæ ис. Фос дысоны тыхдымгæйы уынæрæй фæлмæцыдæй раджы базмæлыдысты æмæ сæхи айстой хизæнуатмæ. Хъуццыты егъаудæр абон-райсом хъуамæ ныззайа.

Истæуыл æй йæхи фæкæнын хъæуы… ахæм ахсджиаг истæуыл… Ох, бынтон дзы куы ферох: денджызмæ цæуын дæр ма йæ куы хъæуы.

Тыхджын дымгæйы фæстæ денджызмæ хæстæг хъæуты цæрджытæ алы хатт дæр фæтындзынц былгæрæттæм. Денджыз кæй раппары, уыцы фæллойæ алцæмæй дæр – фæйнæджытæ, хъæды лыггæгтæ æмæ æндæр ахæмтæ – хай ис алкæмæн дæр. Кæй зæгъын æй хъæуы, хуыздæйрагæй дзы цы вæййы, уыдон фæвæййынц, чи фæраздæр вæййы, уыдоны хай. Фæлæ тыхдымгæ, хæдзары цы бахъæуа, ахæм бирæ истытæ куы рахæссы æмæ æгæр бирæ адæм куы æрæмбырд вæййы, уæд сæ раласынц иумæ æмæ сæ адих кæнынц кæрæдзийыл.

Зыд хъуамæ мачи кæна, уый худинаг у, уæлдайдæр та дын денджыз удыбæсты куы цæуа, куы дын балæвар кæна куы хъæды лыггаг, куы æндзалм, куы та æнæхъæн бæлас. Æмæ кæд исчи фæзыд кæна… уæд та – цæй, денджыз цы ‘рбахаста, уый дымгæ ахæсдзæн...

Цæуын хъæуы. Иууылдæр кæм æрæмбырд сты, уырдæм ма ба-

цæуын аив нæу. Байрæджы, кæй зæгъын æй хъæуы, фæлæ йæм кæд исты æрхауид. (...Архайыс, дæхи истæуыл фæкæнай, дæ риссæгтыл ма хъуыды кæнай… уадз хæрз чысыл истæмæй дæр уæд).

– Уый та куыд, цымæ? Æндæрты хъæуы, мæн та нæ? Иугæр мæ хæдзары дуæрттæ гом сты, иугæр адæмы 'хсæн цæрын, уæд уый нысан кæны, хъуамæ æз дæр кæнон, йæхицæн чи аргъ кæны, уыдон иууылдæр куыд кæнынц, афтæ. Дуар гомæй дарын – уый бирæ хæстæ æвæры адæймагыл. – Еланæ бакаст сæ ногарæзт афтид хæдзармæ. – Æмæ ды ацы хæдзары арæзтад дæр афтæ къуылымпы кодтай, нæ мæм хъуыстай. Цы, афтæ нæ уыд? Адæмимæ куы цæрай, уæд сыл хъуамæ дæхи бæттай – уæдæ æндæр куыд... иугæр адæймаг удæгас у, уæд уый нысан кæны, адæмæй пайда кæнын хъæуы, бастдзинæдтæй пайда кæнын, алчи дæр куыд кæны, афтæ. Æндæр хуызы нæ фæцæрдзынæ – нæй æндæр гæнæн. Кæмæ бахатай, уымæн хъуамæ йæ зæрдæ алхæнай, о, о, раст мæ фехъуыстай, зæрдæ алхæнын дæр! – цы ис уым ахæмæй, пайдайы охыл куы уа, уæд? Кæмæйдæр та хъуамæ хæсгæ ракæнай. Æндæр уæдæ – æрмæст дæхи хъаруйæ, дæхи къухтæй – дæ уд рафтдзæн æрмæстдæр – ницы дын бантысдзæн æппындæр. Уæ дыууæ дæр, цыдæриддæр ног хæдзары арæзтадимæ баст уыдис, уыдон куыд вазыгджын кодтат, цынæ æфсæнттæ агуырдтат. Æмæ баззадтæн иунæгæй (уæ уæды митæ мæ афтæ лыстæггай æндæвтой!), худинагыл нæ банымадтон Сухуммæ ацæуын… агуыридурты тыххæй мæ иу ранмæ цæуын бахъуыд, фæйнæджыты, цементы тыххæй – æндæр кæмæдæр. Æмæ зесты тыххæй та, уæлхæдзарæн! Суанг ын йæхимæ схызтæн, растæндæр йæхимæ… хицаумæ, дæ хистæр чи уыд, мæ лæппу, йæ ныхмæ кæмæн рацыдтæ. Уый мæ исгæ хуыздæр ракодта алкæмæй дæр. «Мах, – зæгъы, – хæсджын стæм... Дæ фырты баивын никæй бон бауыдзæн, фæлæ дæ æнæ хъусдардæй ныууадзæм, уый бар нын нæй...» Ды та йæ ныхмæ рацыдтæ. Алкуы дæр дæ фæтк æвæрын фæндыдис! Æви æндæртæ ницы уыдтой? Уыдтой, фæлæ сæ дзыхтыл хæцыдысты, иувæрсты-иу ацыдысты. Тыхджынтимæ тых æвзарæн нæй – хъуамæ сæ нымайай, цавæр сты ахæмтыл... Уæдæ ды, адæмы 'хсæн ахуыргонды ном хæсгæйæ, куыд ницы бамбæрстай уыцы хуымæтæджы цардыуагон фарстаты. Ныр ма дын цы зæгъон, мæ лæппу…

Хæдзармæ нæ бахизгæйæ, Еланæ араст кæртæй. Куыддæр кулдуарæй ахызт, афтæ сагъдæй баззад: хæстæг сæм чи уыд, уыцы

æфсæнвæндагæй денджызы ‘хсæн фæндагыл фæцæйцыд рæсугъд чызг. Цыд æмæ йæ алыварс уæлдæф дæр рухс кодта… «Мæ цæстытæ мæ нæ сайынц, æцæг дзы кæлы рухс… – ахъуыды кодта Еланæ, уыцы ныхæстæн æргом зæгъыны фадат нæ ратгæйæ. – Кæй зæгъын æй хъæуы, уымæй кæлы… уыцы рухс...»

Уыцы рæсугъд, сæрибарæй иста йæ къæхтæ – афтæ цæуын бынæттон чызджытæй ничи бауæндыдаид, йæ бон куы уыдаид, уæддæр...

Йæ къахайст нæ фæцырддæр кæнгæйæ, æнæзонгæ чызг баввахс Еланæмæ, бахудт æм, зына-нæзына йæ сæр батылдта – базмæлыдысты йе уæсчытыл калд мыдхуыз сæрыхъуынтæ. Æмæ ацыд… Ацыд денджызы ‘рдæм, йæ æнахуыр рухс йемæ ахæсгæйæ, цыма фæндаг талынгдæр фæци.

О, уый федта Еланæйы æмæ йын салам радта, фæлæ цыма уыцы ран иунæгæй уыд, уыцы арвы бын, цыма æндæр никуыуал ничи уыд. Афтæ цыд, нæ хъуыды кодта, чи йыл амбæла, уыдон дзы цы зæгъдзысты, ууыл, нæ тарст искæй цæстæнгасæй, ницы хъуыддаг æй уыди æцæгæлон адæмы хъуыдытæм. Уый дæр уыдонæй уыди… йæ фырт цавæр уыди, ахæм адæмæй. Стæмхатт æрбафтынц ахæмтæ ардæм, кæд хъæу денджыз æмæ стыр фæндæгтæм хæстæг уыдис æмæ бирæ адæмæй цух не ‘ййæфта, уæддæр.

Нæ, нæ... уæд... раджы... Еланæ федта, бахъуыды кодта уыцы рухс.

– Хорзæн нæу, уый хорзæн нæу, – йæ фындзы бын багуым-гуым кодта, фæндыд æй мæстæйдзагæй зæгъын, фæлæ йын нæ рауад: фехъуыст æм йæхи нæ, цыма æцæгæлон, æнæзонгæ хъæлæс, æмæ дзы бынтондæр нæ уыд, ахуыр кæуыл уыд, ахæм æууæндындзинад.

Еланæ базмæлыд æмæ фæхатыд, йæ къухтæ æмæ йæ къæхтæ кæй бандзыг сты, йæ коммæ кæй нæ кæсынц. Цас фæлæууыд афтæ дурдзавдæй кулдуары цур? Ноджы та афæлвæрдта акъахдзæф кæныныл, æмæ бамбæрста, къухæй-къахæй уæддæр кæсынц йæ коммæ. Æмæ йæ къæхтæ уæззау ист акодта. Чызджы фæдыл… денджызмæ…

Уый дæр, иннæ, йæ алфамбылай алцы афтæ рухс кодта...

Фæлæ ныр цал азы рацыд – Еланæйы цæстыты мигъ ныббадт, зындис ыл уæззау рыстæй. Амонды таг æнæнхъæлæджы куы аскъуыйы, уæд ныхъхъус вæййы хъæлдзæг худт, йæ фæдтæ ныссæлынц цæсгомы хъæдгæмттæ-æнцъылдты.

Гæнæн ис, æмæ, чи зоны, нæй...

Еланæ хорз хъуыды кæны уыцы бон, алцы дæр уыны абоны хуызæн. Уæд райсомæй раджы сыстад, цæхæрадоны рывта æмæ æрмæстдæр хурыскастимæ æмæ æртæхæй хуылыдзæй æрбаздæхт кæртмæ. Йæ фырт нырма студент уыдис, æмæ æртæ боны размæ æрцыд улæфтыты. Уый фæндыд, цæмæй, куыд æмбæлы, афтæ фæфынæй кæна хæдзары, зæрдæйы фæндиаг баулæфа. Йæхæдæг рацу-бацу кодта йæ къахы æлгътыл, дзырдта сыбар-сыбурæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, фæндыдис æй, цæмæй йæ цуры фылдæр рæстæг уа, фæфæрстытæ йæ кæна, радзура йын йæ зæгъинæгтæ, фæлæ йæ хъыгдардта иу цыдæр, иу сусæгдзинад, алцы дæр чи хæлдта, хæрз хуымæтæг ныхасæн дæр йæ мидæг æмбæхст уыд тасдзинад, хъуыд тадзгæ-баргæ дзурын. Хъуыддаг уый мидæг уыд, æмæ фыд йæ фырты æрцыдмæ хæдзары нæ уыд.

«Гагрæйы ис, хæстæджытæм ацыд хъуыддаджы фæдыл – æмæ дзы цыма фидар ныцци. Хорз æй куы зоныс – нæ зоны тагъд кæнын...»

Фæлæ ацы хатт, æниу уый размæты дæр, фыд æндæр цæйдæр тыххæй нæ уыд хæдзары. Сылгоймаджы хабар дзы уыд.

О, зыдта монцты фæдыл цæуын, зонд сафын, йæхи дæр ферох кæнын, алкæй дæр. Æмæ афтæ кодта, цалынмæ йæ уый, Еланæ, нæ баййæфта æмæ йын аккаг нæ фæци. Куы йæ федта, уæд уадидæгæн æрæрвонг, æмæ-иу йæ сæр æруагъта йæ алы ныхасмæ дæр. Йæхæдæг та… Цынæтæ йын акалдта! Лæг æм хъуыста сабырæй, азымджыны æвæлмон цæсгомимæ. Æмæ цæмæдæр гæсгæ йæхæдæг дæр тагъд æрсабыр, хатыр ын кодта. Уæдæ йын æндæр цы хъуамæ кодтаид, цы ма хъуамæ бакодтаид уыцы æнæсæрфатæн?! Æмæ уæд – уæд йæ цæстытæ æрттивын райдыдтой æнахуыр рухсæй. Еланæ æнцонæй бамбæрста уыцы æрттывды æмбæхст хъуыды – алцы дæр сбадт йæ гаччы, лæг здæхы фæстæмæ.

Ныр тарст. Йæ тых-йæ бонæй архайдта фыртæй йæ фыды рæдыд бамбæхсынил – гæнæн ис, æрцыдаид, срастгæнæн цæмæн нал уыдаид, ахæм цыдæр: фырт фæуазалзæрдæ уыдаид йæ фыдмæ. Дыккаг бон сæм йæхæдæг хъæвыд ацæуынмæ; алцы дæр сбæлвырд кодта – кæм, чи у...

Кæртмæ æрбацæугæйæ, Еланæ бамбæрста, хъуццытæ кæй ацыдысты æнæ дыгъдæй. Ахъуыды кодта: гæнæн ис, уой денджызы был, нуазой денджызы дон, цæхх сын рагæй нал радта. Атындзыдта денджызмæ (уæд ын цас зын уыд – йæ къæхтæ йæ дугъон бæхæй

цырддæр куы хастой!). Хъуццытæ денджызы был нæ разындысты, фæлæ дзы ахæм цыдæр федта… æмæ йæ æвдæлгæ дæр нал ракодта хъуццытыл ахъуыды кæнынмæ: доны мидæг змисджын бынаты, райсомы хур сыл рæвдаугæ узæлыд, афтæмæй лыгъдысты, хъазыдысты, кæрæдзи расур-басур кæнгæйæ, дыууæйæ: лæппу æмæ чызг. Нарæг хæцъилы уадздзæгтимæ найæн костюм æнæ нымайгæйæ, чызг уыдис, зæгъæн ис, йæ мад æй куыд ныййардта, афтæмæй. Æмæ лæппу дæр... Йæ хъæбыс гæзæмæ æмбæрзт – æмæ уый дарæс у?

Чызг-иу йæхи атыдта, алыгъд-иу, стæй та-иу ногæй бауагъта лæппуйæн йæхи ахсын, раздыхс-баздыхс кодта, хъазыд… лæппуйæн дзæвгар рæстæг не 'нтыст йе 'рцахсын. Æмæ-иу æй куы баййæфта, уæд... ох, уыцы кæл-кæл худт... Цыма цавæрдæр амонды арф, æнæбын цады æмбæхст дæгъæл æддæмæ дуар кодта... ивылæнтæ кодта сæумæрайсомы сыгъдæг денджызон уæлдæфы.

Еланæ сагъдæй баззад, цыма йæ арв ныццавта, уыйау лæууыд æмæ касти. Стæй фæндфидарæй акъахдзæф кодта размæ – хъуамæ сын бауайдзæф кæна, сæхимæ æрцæуын кæна уыцы æнæсæрты. Æмæ сын цъус у, цъус сын у уайдзæф бакæнын – тæрын сæ хъæуы! Æгæрыстæмæй знагæн дæр нæ бауарздзæн лæджы цæст, цæмæй боныгон йæ цæстыты раз ахæм цыдæр æрцæуа!.. Куыд ис гæнæн, æмæ чындздзон чызг æмæ усгур лæппу, зæгъæн ис, бæгънæгæй кæрæдзийы расур-басур кæной, нæл куыдз гадзайы куыд сура, афтæ! Дæс-иуæндæс азы кæуыл сæххæст уа, ахæм чызг дæр ма йæхи куыд хъуамæ найа адæмы раз!.. Чъизидзинад, ох, чъизидзинад!..

Уый та алкæй хæс дæр у – ма ныббарын, æнæгъдаудзинады ных бакъуырын, бауромын! Хъуыды дæр ыл нæ акæндзынæ! Чызг лæппуйы цур йæ дарæс раласта æмæ ма йемæ ралидз-балидз дæр кæны. Адæймаг йæ цæсгомыл йæ къух куы сиса, уæд ын цы нæ бантысдзæн. Фæлæ дæхи уый онг ауадзай! Еланæ тындзыдта знæт æмæ фæндфидарæй, йæ фæстæ змисыл уагъта арф къахвæдтæ… Бахæццæ уа. Тагъддæр сæм бахæццæ уа æмæ сын зæгъа! Ахæм уавæры цыдæриддæр æмбæлы, уыдæттæ. Раст афтæ, хъуыды кодта цæугæ-цæуын, афтæ хæлы æппæт дæр… адæмы чи хъуамæ иу кæна, уыцы фарн скъуыдтæ кæны æмбыд бæндæнау. Бинонты чи хъуамæ иу кæна. Раст уæртæ ахæмты аххосæй. Иу хатт ахиздзынæ, дыккаг хатт ахиздзынæ – æмæ дæ сдзурын дæр не суадздзысты, цыма сын ахæм бар гуырдзæй лæвæрд у.

Чызг та, хъæрæй худгæ, йæхи атыдта лæппуйы хъæбысæй, ныр та лыгъдис Еланæйы 'рдæм.

Ӕмæ лидзгæ та куыд кæны, йæ сæр йæ быны ма фæуа! Нæ, нæ, ам цыдæр кæлæны тых ис!

Ӕмæ уæддæр – куыд уæнды!

Чызг хæстæгæй-хæстæгдæр кодта. Фæстæмæ куы фæкаст, уæд бамбæрста, лæппу йæ барæй кæй нæ суры, æмæ йæхæдæг дæр æрлæууыд.

– Багъæц мын, багъæц, хорз чызг, – йæ къахайст фæцырддæр кæнгæйæ, бахъуыр-хъуыр кодта Еланæ, – ныртæккæ дын ахæм цыдæр зæгъдзынæн, ахæм цыдæр фехъусдзынæ, дæ хъустæ куыд бампылой!

Фæлæ уалынмæ... цыма йæ сæр дурæй амад къулыл ныццавта – йæ цæстытæ цæхæртæ акалдтой, йæ къæхтæ фæдыдагъ сты… æрлæууыд, цæмæй ма ахауа: лæппу, уыцы æнæгъдау конд лæппу, бæгънæг чызджы фæдыл чи лыгъд, уыцы лæппу уыд йæ фырт!

Еланæ сæ ныр рæстмæ хъуыды дæр нал кæны, цытæ сын фæдзырдта уæд. Фæлæ æмыр талынджы рухс куыд фæпæртт кæна, афтæ йæ цæстытыл ауайынц сæ фæлурс цæсгæмттæ, арвы нæрдæй мынæгдæр, фæлæ сыл æгъатырæй кæй нызгъæлста, йæ уыцы ныхæстæм ныджджих уæвгæйæ.

– ...Уæд, зæгъæн ис, кæронмæ зæрдæцъæх уыдтæн йæ фыды митæй, – ныр йæ фындзы бын гуым-гуым кæны Еланæ, – мæ сæрымагъз схæццæ, фырт дæр ахæм цæмæйдæрты фæсте кæй нæ фæлæудзæн, уый фенгæйæ. Хуыцау, табу Дæхицæн, рæстæгыл сæ баййæфтон, – цы худинаджы зынг нылхъуамæ сирвæзтаид, уый уыцы ран ныммынæг кодтон. Ӕмæ алцы дæр ахуыссыд уыцы ран æмæ амард. Мæ лæппу, уымæй фæстæмæ дæр мæм афтæ куы хъуыстаис, уæд дæ фервæзын кодтаин.

Чызг уыцы бонæй фæстæмæ æрбайсæфт, цыма нæдæр уыдис, афтæ. Ӕмæ уæдæй фæстæмæ, растæндæр уыцы уысмы онг, цæхæртæ никуыуал скалдта уыцы æрттиваг, тæссаг тæмæнкалдæй кæддæриддæр иугъæдон денджызгæрон хъæуы, æрдæгталынг-æрдæгрухс уынгтæ æмæ фæзилæнты.

Ӕмæ, чи зоны, йæ цæстытыл уайгæ акодтой иууылдæр – чызг, рухс?

– Мæ иу къах ингæны ис, гæнæн ис, кæсгæ мæм афтæ фæкодта...

Еланæ йæ сæрыл схæцыд, йæ цæст ахаста денджызмæ цæуæг фæндагыл – ничи дзы ис...

Цыма æнусы бæрц у ам афтæ сабыр æмæ æнæхъыгдаргæ. Иууылдæр сты куыстыл ифтыгъд, æфтауынц сæ бæркадмæ, æмæ, цыма фæззыгон рог къæвдайы фæстæ кæрдæгдзыдау рæзынц, хæрдмæ

цæуынц хæдзæрттæ, галуантæ... Хæсты фæудæй дзæвгар рæстæг рацыд, æмæ хъæуы идæдз устытæ бирæ нал ис. Цæй идæдзтæ ма, сывæллæттæ дæр бахъомыл сты, слæгтæ сты, се 'взонг фидар къухтæм райстой хæдзары хъуыддæгтæ.

Еланæ сабыр къахдзæфтæй цыдис денджызмæ цæуæг фæндагыл.

– Фæлæ уыцы чызджы фæстæ… уайтагъд та ногæй аирвæзтæ мæ къухтæй, мæ лæппу, æмæ та ногæй фæхатыдтæн тæссагдзинад. Цæрæнбонты æрмæст кусгæ куы кодтам, куыстам, нæ къухтæн æнцойад нæ дæтгæйæ, нæ тыхтыл нæ ауæрстам. Искæй фæллоймæ никуы бæллыдыстæм. Нæ цард адæмæй не 'мбæхстам, фæлæ нæ сæ цæстытæ дæр нæ фæлладысты, нæхи 'вдисыныл нæ архайдтам. Кæд исты хъуыддаджы искæмæй уæлдæр уыдыстæм, – нæ риу нæ хостам. Нæ цард нын фаг кодта кæмæйдæрты хуыздæр, фæлæ йæ рæгъмæ никуы хастам. Зæрдæлхæнæн митæ нæ кодтам, нæхи дæлæмæ нæ уагътам – æмæ дæлæмæ дæр никæуыл хæцыдыстæм, алкæимæ дæр уыдыстæм æмсæр. Уыдис-иу, – кæйдæр нæ уарзæм, алцы дæр вæййы, фæлæ-иу æй уыцы адæймаг хатгæ дæр никуы фæкодта… архайдтам алкæмæн дæр хорз аразыныл, алкæуыл дæр æмхуызон тыхстыстæм…

(– Мах – цæмæн? Ды...)

– Нæ, мах. Цалынмæ не 'рхаудтæн, цалынмæ рохтыл хæцынхъом уыдтæн, уæдмæ нæ адæм æрмæстдæр ахæмтæй зыдтой. Фæлæ мæ бон нæ бацис, не 'намондæн, нæ сарæхстæн дæу æмæ дæ фыды бахъахъхъæнын.

Мæнып та дзырд дæр нæ цыдаид. Кæд-иу стæмхатт чындзæхсæвмæ кæнæ исты бæрæгбонмæ ацыдаин, уæддæр мæ уæлæ ахæмæй ницы скодтаин, цæмæй мæм исчи бахæлæг кæна, адæм мыл сæ цæст æрæвæрой. Афтæ æнхъæлыс, мæн нæ фæндыд рæсугъд къаба кæнæ, модæйы чи уыд, ахæм пъалто скæнын? Фæлæ хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ, мах цы хъæуы æмæ фæнды, уымæн ницы нысаниуæг ис. Æз дын мæхицæн уый бар радтаин, цæмæй адæмы дзыхы бахаудаин? Ома ацы ус цытæ кæны? Цыма ма зноны чызг у, уый митæ кæны.

Фæлæ дæ фыд, мæ лæппу, уый нырма йæ гæрзтæ не 'вæрдта, цыма йыл азтæ нæ цыдысты. Куы-иу йæхи къæрццарæзт ракодта, куы адæмы ирхæфста. Уыцы кары! Аив нæу афтæ… не 'мбæлы. Кæнæ та хъуамæ искæй къабайы фæччитыл бафта. Æцæг бакастджын, рæсугъд нæлгоймаг уыд, сæхæдæг фылдæр ауыгътой йæ хъуырыл сæхи...

Цæй, гъа – æз мæ цæстытæ сæхгæдтаин, мæ дзыхыл хæцыдаин –

æндæртæ та? Æмæ сыхæгтæ та? Кæд-иу арæх адзæгъæл, уæддæр-иу мæ бон бацис æцæгæлон цæстæй йæ бамбæхсын, адæмы хъустыл мацы æруадзын. Дызæрдыг дæр кодтой, цымыдис дæр кодтой – фæлæ-иу æз рæстæгыл фæцарæхстæн йæ фæдтæ йын бамбæрзынмæ.

О, уæ дыууæ дæр мын ахуыргæндтæ уыдыстут æмæ æмбæрстат алцы дæр, зонд агурæг цæуын уæ нæ хъуыди, фæлæ, хъуыддаг хъуыддагмæ æрцыдаид, уый йеддæмæ – æнæрхъуыды сывæллæттæ, уæхи нæ батыхсын кодтаиккат ахъуыды кæнынил.

Æмæ уыцы бон дæр, мæ арвы хай мыл куы æркалд, уæд дæр дæ фыд хæдзары нæ уыд, кæйдæр къабайы фæччиты фæдыл та бафтыд – æмæ та дзы йæ ном дæр ферох. Æз æй зонгæ дæр нæ кодтон, кæм æй агуырдтаин, уый. Фæлæ йын уыцы дзæгъæлхат ссис фæстаг хатт йе ‘намонд сæрæн… Цалынмæ йæ фæхатыдысты, ам кæй нæй, уый, цалынмæ йæ нæ зылды алчи дæр базыдта, уæдмæ йæ фехъуыста, фæхæццæ йæм кодтой – нæ зынг кæй ахуыссыд, уый. Æмæ иннæрдæм куы рауадаид, куынæуал æй æрбаййæфтаид, уæд йæхи цы фæкодтаид, цы?

Адæймаг хъуамæ алцæмæ дæр цæттæ уа, фыдбылызæй хызт ничи у. Бавæрдзæн, бахъахъхъæндзæн, фервæзын кæнын ын цы бантыст, йæ тых цасы фаг ссис, уый бæрц, æмæ йын уыцы хъуыддаджы никæй бон бауыдзæн баххуыс кæнын, йæхи бон хъуамæ суа... Æмæ дæ фыды бон нæ баци. Йемæ цы фæцардтæн, уыцы рæстæджы дæргъы нæ хъуыды кæнын, æмæ дзы искуы исты срысти, хуымæтæджы сæры рыст цы у, уый дæр нæ зыдта. Чи зоны, фидар фæлæуууыдаид, уыцы азымджын уæвыны уæз куынæ уыдаид, уæд. Æмæ ахæм æнамонддзинад æрцæугæйæ, банкъардта, цыфæнды чысыл тæригъæддзинад дæр куыд уæззау у, уый. Ды та, мæ лæппу, дæ азтæ куыд фылдæр кодтой, афтæ тынгдæр ирвæзтæ къухæй, фæзын мын и, бандæвтаин ма дыл, уый. Уæлдайдæр та, дæ ахуыр куы фæдæ, уæд. Алцæмæн дæр ис бæрц, æмæ алцы дæр хъуамæ уа бæрцыл, æгæрыстæмæй ахуыр кæнын дæр. Цал хатты дын дзырдтон: æрцу дæ хæдзармæ, скъола нæ фарсмæ, кулдуарæй ахызтæ – йæ къæсæрыл фестадтæ, куыд фæзæгъынц, дæ къах дæр не схуылыдз уыдзæн, афтæмæй. Ссардтаиккам дын усаг. Æмæ дардмæ цæуын дæр нæ бахъуыдаид, мыййаг, уым дæр, скъолайы, æвзонг чызг ахуыргæнджытæ цъус ис? Ды – ахуыргæнæг, уый дæр – цы уыдаид уымæй хуыздæр? Фæзындаид уын сывæллон. Мастæй нæма амардтæн, фæлæ фыр цинæй – гæнæн уыд…

Дзурын дын уыдæттæ – æмæ ды та худыс… Фæлæ алцы дæр зыдтон дæу тыххæй, зæрдæйæ хатыдтæн, цы хъуыдытæ дæм уыд, уыдон.

Кæдæмфæнды ма бацыдаин, нæ хъæуы алы хæдзары дæр куыд фысымтæй, афтæ уазджытæй дæр хъуыстон – дæу тыххæй, дæу тыххæй, дæу тыххæй… Дзырдтой, бæрæг куыд дарыс ахуырæй, æндæрты хуызæн кæй нæ кусыс, кæй дын кæнынц æнахуыр стыр кад. Кæцы мады зæрдæ нæ барайдзæн, йæ фырты тыххæй ахæм цыдæртæ хъусгæйæ, фæлæ мæнæн уыцы ныхæстæ уыдысты хъизæмарæн… Ægæр бирæ дзырдтой, æмæ æгæр бирæ цыдæртæ æмбæрстон æз. Раст у, адæм фæцин кæнынц хорз ныхыфыстыл, фæлæ æз, æз тарстæн. Ахæм æхсызгондзинадæй, гæнæн ис, спайда кæной æндæртæ – æмæ уым æндæр тых хъæуы.

Цы уыдзæн, æз уымæй тæрсын райдыдтон, ды ма скъоламæ куы цыдтæ, уæд. Хъуыды йæ кæнын, иухатт уæм цыдæр бæрæгбонмæ бацыдтæн æмæ федтон, бæрæг куыд дарыс иннæты ‘хсæн, дæсгай цæстытæ разил-базил кодтой дæ фæдыл. Ды та ма æмдзæвгæ дæр радзырдтай сценæйæ, кафгæ дæр акодтай, æмæ куыд! Афтæ зынди, цыма дæ къæхтæ зæххыл дæр нæ хæцынц æмæ дæ уæлдæфы цавæрдæр æнæуынгæ базыртæ уромынц. Æндæртæ куыд кафынц, афтæ акафыдаис. Зонын, зонын æй, ды ахæм цæмæдæрты нæ тырныдтай, фæлæ дæ бон нæ уыд æндæрхуызон. Дæ карæнтæй бирæтæ сæ цармæй æддæмæ лæстысты, истæмæй бæрæг цæмæй дардтаиккой, уымæ бæлгæйæ, ды та хъуамæ дæхи тыххæй урæдтаис, цæмæй се ‘хсæн бæрæг ма дардтаис.

Уыцы бæрæгбоны мæм адæм цыдысты, арфæтæ мын кодтой – мæнæн та фыццаг хатт мæ зæрдæ тасæй ихæнрызт бакодта.

Стæй фæдæ скъола, бацыдтæ институтмæ, фæдæ уый дæр æмæ ацыдтæ дарддæр. Афтæмæй та гæнæн уыди, æмæ æрлæууыдаис! Куыстмæ дæ айстой хуымæтæджы искуы нæ, фæлæ стыр Акуайы (Сухум), радтой дын цæрæнуат. Фæлæ ды æрвылизæр фæстæмæ здæхтæ хæдзармæ, хъæумæ. Цæмæ хъуамæ бæллыдаин уымæй тынгдæр, цæмæй дæ æрвылизæр уыдтаин хæдзары?! Фæлæ та цадæггай мæ зæрдæ тыхсын райдыдта – уый тыххæй дæр та адæм ницытæ дзурдзысты, азымы дæ нæ бадардзысты? Æмæ куыддæр рæсугъд нæу, уыйбæрц ма æрвæсс Акуайыл – æрвылизæр æй ныууадз цавæрдæр æнæзынгæ хъæуы тыххæй. Уымæн æмæ фæстаг рæстæг адæм стыр аргъ кæнынц горæтæн! Æмæ аргъ кæнынц машинæйæн дæр.

Кæй зæгъын æй хъæуы, дæуæн уый бар нæ уыд, æмæ æндæртæ

цæмæн аргъ кæнынц, ууыл ма æрвæссыдаис. Нæй гæнæн… фæхатдзысты йæ æмкусджытæ, дæ зонгæтæ – нæ дын ныббардзысты. Уыдоны цæмæн бахъуыдысты дæ зонындзинæдтæ: ам сæйраг уый у, уыдон иумæ, ды – иунæгæй.

Æрмæст уæд аскъуыддзаг кодтон уыцы æнæхайыры машинæйы тыххæй.

Мæнмæ афтæ каст, алцы дæр иттæг хорз æрхъуыды кодтон: машинæ дæр уыдзæн, нал дæ хъæудзæн дæхи сахатгæйтты автобусæн уигъын кæнын, æмæ адæмæн дæр сараздзыстæм сæ хъуыддаг, кæннод фæстаг рæстæг ахæм дам-думтæ ацыд, цыма фæмæгуыр стæм. Царды æмбардзинад хъуамæ хъахъхъæнай: кæм нæ хъæуы, уым къуыпп дарай, уый худинаг у, фæлæ дæхи дæлæмæ æруадзай, уый гæнæн дæр нæй.

Стæй... Стæй мæ хъустыл æруадысты тасæфтауæг дам-думтæ: цыма цæуыс ахæм æмæ ахæмы ныхмæ. Уым, дæ куысты.

Æмæ куыд æнхъæл стут, кæй ныхмæ сфæнд кодта рацæуын? Йæ хистæры ныхмæ, зындгонд, алчи дæр аргъ кæмæн кодта, ахæм адæймаджы ныхмæ. Уый хуызæн лæппызтæ нæ, фæлæ халассæр, цард зонд кæмæн радта, ахæм кадджын адæм дæр уыцы адæймагæн йæ цæстытæм кæсынц, йæ алы фезмæлд, йæ алы сныхас, йæ алы фæкастмæ дæр ын цæттæввонгæй лæууынц, цæмæй йын равдисой сæ цæттæдзинад, цæрæнбонты йын коммæгæс кæй уыдзысты, уымæ. Уый ахæмтæм куынæ хауд, иу стæмхатт йæ къам бынæттон мыхуыры кæмæн ферттива, стæй чи æрбатар уа…

Æмæ кæсыс, ды дæ ныфс бахастай ахæм адæймаджы ныхмæ рацæуынмæ. Цы сфæнд кодтай, æнæзонд?! Ахæмæй, стыр лæгæй, зындгонд лæгæй цæф куы фесхъиудзæн, ницы йæ бахъыгдардзæн, афтæмæй, фæлæ дæу иннæрдæм куы ахиздзæн, уæд дæ бон куыд не сси ахæм цæстуынгæ цыдæр бамбарын?

Цыдæриддæр ныхæстæ цыдис, уыдон мæм хæццæ кодтой: «йæ сыкъатæ саст баййафдзысты лæппуйæн...», «йæ тых куыд æвзары иууыл… йæхицæн сабыр куы ‘рбадид...», «йæ къубал ын бæдулы къубалау сыздухдзæн!..», «кæсæд-ма йæм исчи, йæ ныфс цæмæ бахаста... кæд ныридæгæн ахæм адæймаджы ныхмæ рацыд, уæд сом та...», «чи зоны, æмæ раст у, фæлæ...»

Ау, æмæ йæ дæхæдæг нæ зыдтай, дæ фæсчъылдым цытæ дзырдтой?

...Æмæ уыцы бон... уыцы æвирхъау бон, мæ цард куы фæци... Чидæриддæр дæ федта, уыдон тасимæ дзырдтой, куыд скъæрдтай, уый...

Цыма утæппæт машинæтæ тын нывæндæгау кæуыл кодтой, уыцы фæндаг дæуæн афтид уыди… Ды сæ цыма уынгæ дæр нæ кодтай... сырдтай сæ, сæ фæрсты-иу аскъæрдтай… дæхи размæ æппæрстай. Æмæ уæдæ æндæр цæуыл хъуамæ фæуыдаид хъуыддаг… Æхсæрау дæ ныцъцъæл кодтой… баззад ма æрмæстдæр машинæйы цъæл æфсæйнæгтæ… æмæ дæ цæсгом, кæцыйы ничиуал федта уыцы фæстаг хатт, нæдæр адæм, налдæр арв… уымæн æмæ дзы ницыуал баззад...

Еланæйы зæрдыл æрбалæууыд, æмæ йæ зæнгтæ фæцудыдтой. Æрлæууыд, банхъæлмæ каст, йæ цæст алфамбылайыл ахаста: кæс-ма, ссæдз къахдзæфы дæр нæма акодта хæдзары цурæй. Йæхи фæфидар кодта æмæ ногæй араст денджызмæ цæуæг фæндагыл.

– Æз æй зонын, ды-иу хæдзармæ тагъд кодтай, тынг хорз зæрдæйыл-иу куы уыдтæ кæнæ-иу дын тынг зын куы уыдис, уæд. («Мæ къæхты бын æнкъарын ацы зæхх, нæ уынг æмæ, зоныс, куыд тынг æй хатын, цас у хæрамдзинады бон хæрам байтауын, æмæ цæйбæрц тых ис хорздзинадæн!..») Фæллайгæ дæр куынæ кодтон дæуæн фæлхат кæнынæй, хорздзинад дæр æмæ хæрамдзинад дæр тæссаг кæй сты, фæлæ та-иу мæ ныхас дæ хъусы иувæрсты ауагътай! Ныр ма мын чи зæгъдзæн, уыцы æбуалгъы бон дын дæ цæстытæ цы акуырм кодта – циндзинад, хъыг æви маст?

Еланæ цыди денджызмæ. Уыцы афон, фæззæджы, фæндагыл фылдæрхатт змæлæг дæр нæ вæййы – суанг сæрды онг. Былгæронæй фалæмæ æфсæнвæндаджы фæстæ куыйтæ фæрæдзæ-мæдзæ кæнынц кулдуæртты раз, бæлццæтты бынтондæр ницæмæ фæдарынц. Фæлæ, æфсæнвæндагæй денджызмæ цы фæндаг ис, ууыл адæм сæрд дыууæрдæм кæй фæкæнынц, уый сæ мæй, дыууæ мæймæ айрох вæййы, æмæ кæмæфæнды дæр рæйгæ ралæбурынц, уынгæ йæ акæнæнт, уый йеддæмæ! Фæлæ абон – диссаджы хабар – иунæг куыдз дæр не срæйдта. Хуылыдз сыфтæртæ тъæпæнæй кæуыл нындæгъдысты, уыцы фæндаг уыд афтид æмæ æгомыг. Еланæ фæйнæрдæм нæ ракæс-бакæс кодта, фæлæ йæ сæрæй къæхтæм æнкъардта, фæндаджы йæ дыууæ фарсы куыд къуындæг кодтой, хæдзæрттæ кæрæдзимæ сæхи куыд ивæзтой. Уымæ алы хатт дæр афтæ каст, цыма хуыдуг кæнынц сæ уынгæгдзинадæй. Еланæ йæхæдæг хæхбæсты райгуырд; сæ цæрæнбынат кæм уыд, уыцы лæгъз къуылдымыл, æмæ дзы уыдон йеддæмæ ничиуал æрцард.

Цæмæй дын æввахсдæр цæрджытæ дæ хъæр фехъусой, уый тыххæй дын хъуамæ уа нæргæ хъæлæс, æмæ фыр хъæрæй дæ хъуыр

афадай. Ӕмӕ нырма дӕр йӕ бон нӕу афтӕ зӕгъын, кӕй ӕрцахуыр денджызгӕрон хъӕуы уынгӕг цардыл. Зынӕй цайдагъ кодта ногдзинадыл, зын ӕм каст исты аивын ӕмӕ нырма дӕр бирӕ миниуджытӕ нӕ фесӕфта йе 'взонгады азты цардӕй.

Ӕваст ӕм афтӕ фӕкаст, цыма фӕндаггӕрон кӕрӕдзийыл ӕнгом ныхӕст хӕдзӕрттӕ ноджы кӕрӕдзийыл ныккалдысты ӕмӕ, се 'хсӕнты цыдӕриддӕр къахвӕндӕгтӕ ис, уыдон сӕмтъеры сты, ӕмӕ сӕ ӕддӕмӕ раирвӕзӕн нал ис… Афтӕ йӕм фӕкаст ӕваст, цыма кӕрӕдзийӕ чи нӕ хицӕн кодта, уыцы хӕдзӕрттӕ ӕрныгъуылдысты ӕндыгъд ӕнхъӕлмӕкасты ӕмӕ хъустӕ фестадысты: ау, уӕлдай ныхас дзы нӕ райхъуысдзӕн, йӕхиуыл комдзог нӕ рацӕудзӕн?.. Еланӕ банкъардта, ӕваст куыд сихӕн кодта, уый, йе уӕнгтӕ цыдӕрхуызон куыд ӕрбампылдысты, ӕмӕ ноджы куыд фӕгыццылдӕр. Алы хатт дӕр афтӕ сихӕн кӕны, хӕдзӕрттӕ кӕрӕдзимӕ ӕнгомӕвӕрд кӕм сты, уыцы фӕрссаг уынгтӕм куы бафты, уӕд, уӕлдайдӕр та – хӕдзӕртты хицӕуттӕ йын зонгӕ кӕм разынынц, ахӕм рӕтты. Иуӕй-иу хатт ыл уыцы ӕнкъарӕн афтӕ тынг бандавы, ӕмӕ йӕм нал разыны йӕхиуыл фӕхӕцыны хъару, фыццаг ыл чи амбӕлы, уымӕн хъуамӕ райдайа исты иударон ныхӕстӕ дзурын, цыма, дысонӕй нырмӕ чи никуыцӕй разынд, уыцы хъуджы агурӕг рацыд... Ахӕм ныхӕстӕ фехъусгӕйӕ, ӕмӕ уырдӕм, сӕ хъус ӕрдарыны аккаг чи нӕу, ахӕм бынтон ницӕй тыххӕй кӕй бахауд, уый бамбаргӕйӕ йӕм кӕрӕдзийыл ныхӕст хӕдзӕрттӕ сӕ чъылдымтӕ фездахынц, ӕмӕ та йын ногӕй бацардхуыз вӕййынц раздӕры ныгъуылд фӕрсуынгтӕ. Дарддӕр ын фенцондӕр цӕуын, зыдта, уыцы цымыдисыл хӕст цӕстытӕ йӕ фӕдыл ӕфтыд кӕй нал сты, иууылдӕр кӕй фесты сӕхи хъуыддӕгтыл.

Чи зоны та йӕм ныр дӕр кӕрӕдзийыл ныхӕст хӕдзӕрттӕй нымдзаст сты ӕмӕ йӕ милмӕ систой (кӕсӕд-ма йӕм исчи, кӕсӕд: йӕ иу къах ингӕны ис, иу мӕнузӕгъӕг ын нал ис, уый та денджызмӕ фӕлӕсы, цӕмӕй йӕм дысоны тыхдымгӕйы раппарӕггӕгтӕй цы хай ӕмбӕлы, уый йӕ къухӕй ма аирвӕза!..)

– О, фӕлӕ ингӕны дӕр удӕгасӕй куыд ӕрхуысдзынӕн… – гуымгуым кӕны Еланӕ. – Адӕймаг цалынмӕ удӕгас у, уӕдмӕ хъуамӕ кӕна, иннӕтӕ куыд кӕнынц, афтӕ. Иугӕр адӕймаг царды гуылфӕны бацыд, сразы йыл, йӕ ахӕсты бахауд, уӕд дзы йӕхи нал ратондзӕн. Хъуамӕ цӕуа йӕ фӕндагыл, дзӕгъӕл ӕмӕ рӕдигӕ куы кӕна, уӕд-

дæр, фæлæ хъуамæ цæуа, цалынмæ, йæ ныхыл цы фыст ис, уымæн йæ кæронмæ бахæццæ уа, уæдмæ…

Еланæ уыцы фæрссаг уынгæн йæ кæронмæ ахæццæ, иунæг удгоймаг дæр ыл нæ амбæлд, афтæмæй, æгæрыстæмæй цæмæдæр гæсгæ абон куыйтæ дæр нæ рæйдтой… Фæндаджы кæронмæ куы бахæццæ, уæд йæхи сивæзтытæ кодта, цыма йе уæхсчытæй уæззау уаргъ ахауд. Уырдыгæй суанг денджызы онг иунæг хæдзар дæр нал уыд. Фæрв бæлæстæ æмæ донхæристы ‘хсæнты цыди, сæрдыгон дæр чи никуы басур, ахæм чысыл къада дон. Къутæртæ афтæ тынг нæма сбур сты; ныр къæвда боны маргъы пакъуыйау пыхцылтæй лæууыдысты. Хæхтæй чи ралыгъд, уыцы дон ам йæхи банорста хæмпæлты, цыма тæрсгæ кодта дæлвæзтимæ лæгæй-лæгмæ фембæлынæй, æгæрыстæмæй йæ, арв æм йæхæдæг кастаид, уый дæр нæ фæндыд. Тæккæ былгæрон, цыма йæхи хызта комкоммæ денджызмæ бахауынæй, уыйау цæхгæр фæзылд рахизæрдæм, æндæр, йæхицæй чысыл стырдæр чи уыдаид, ахæм цæугæдонмæ, æмæ уыцы ран фæуд кодта йæ цард, сæфт йæ ном. Хæхты фынк калгæ цыд, абухгæ, фæллад нæ зылта, æхсæвæй-бонæй йæ уынæрæй не ‘нцад æмæ йæ хъæлæс хицауиуæг кодта алфамбылайы. Еланæ йын æнцонæй æмбæрста йæ уырдыгон æвзаг.

Æмæ ам дæлвæзы дысоны тæрккъæвдайы фæстæ знæтæй, ивылдæй æмæ змæстæй нырма дæр цыдæртæ хъуыр-хъуыр кодта, æнæрлæугæйæ æнæмбаргæ æвзагыл – уæддæр нæ бантыст Еланæйæн уыцы æвзаг сахуыр кæнын. Æгæрыстæмæй фæтарст… Уыцы змæст хъуыр-хъуырæй йæм хъуыст хингонд доны цæрджыты кæлæнгæнæг хъæрзын æмæ æрдиаг…

– Ныр мæхицæн куыд дæттын исты тæригъæддзинады ныххауыны бар?! Цæмæй ма хъуамæ тæрсон ацы дунейы?

Уæддæр ма йæ йæ зæрдæ иу хатт сæлхъывта æгомыг, фæлæ риссаг рыстæй... Уый уыд уыцы æнæссæугæ тас, къада доны цур-иу æм чи фæзынд, кæддæр хæхтæй гуылфгæнгæ чи цыд, уыцы къада доны.

Къада дон та ноджы цырддæр бахъуыр-хъуыр кодта æмæ, цæхгæр фæзилгæйæ, æппынфæстаг равдыста йæ æгъуыз, дондыппыр цæсгом, ногæй аныгъуылд, тыхдымгæ кæй сфæйлыдта, уыцы хæмпæлгæрдæджы, æндæр донимæ баиу уæвынмæ тагъд кæнгæйæ, цæмæй уыйадыл æрсабыр уа.

Еланæ та ацыд комкоммæ денджызмæ.

Денджыз цадæггай йæхимæ цæуын райдыдта тыхдымгæйы фæстæ

æмæ алæууыд фæстæмæ, йæ æдзухон бынатмæ. Денджызы былгæрæтты донмæ дæрддзæф амыты-уымыты рæдзæгъдтæй лæууыдысты хъæды лыггæгтæ, уылæнтæй æфхæрд хъайвантæ, дондыппыр фæйнæджытæ, æхсныфтæ, къалиутæ. Денджыз чысыл раздæр фæстæмæ кæцæй алæууыд, уыцы ран дуртæ æмæ хуыры уæлæ сырсыргæнгæ сыст фæныкхуыз фынк.

Уыцы ран денджызмæ калд ноджы цалдæр цæугæдоны, уымæ гæсгæ, стыр къæвдаты фæстæ æмдзагæй куы раивылынц, уæд уылæнтæ æддæмæ раппарынц алыхуызон дзаумæттæ. Æмæ Еланæ йæ дæргъвæтин царды бонты цъус цыдæртæ нæ фембырд кодта, денджыз йæхи кæуыл атигъ кодта, уыцы хæрзиуджытæй.

Дард кæмдæр арвгæрæтты гæзæмæты апырх сты тар мигътæ, бынмæ, денджызмæ, æруагътой рухсы нарæг уадздзæгтæ, æмæ хуры тынты æмыр æхсæрдзæн магнитау йæхимæ æлвæста адæймаджы цæстæнгас, нæ дзы уыд хи раскъуынæн – растæндæр, æмдынг æрдынбос хъандзал æрдыны дыууæ кæроны кæрæдзимæ куыд æлхъива, афтæ. Фæлæ уылæнты риуыгъдтытæ хъуыстысты Еланæмæ – цæмæдæр гæсгæ мынæгæй, цыма йæм дард кæцæйдæр хъуыстысты.

Донмæ хæстæгдæр бацæугæйæ, Еланæ йæ ахуырмæ гæсгæ лæмбынæг акæстытæ кодта былгæрæтты, фæлæ йæ цæст цæуыл æрæвæрдтаид, ахæмæй дзы ницы разынд. Алыхуызон æнæбары цыдæртæ ленк кодтой доны: тыхдымгæ йæ пырх кæуыл ныккалдта, ахæм бæлæстæ лыстæг, доны æхсад уидæгтимæ, фæйнæджы гæбæзтæ, æхсныфтæ. Змæст уылæнтæ фæлладæй ивылдысты былгæронмæ, дæлдонфæуæджы уæззау буарау мынæг уынæрæй сæхи цавтой дуртыл. Доны фынк сысæгау кодта, Еланæйæн кæддæриддæр йæ зæрдыл куыдæй лæууыд, ахæмæй, ногкъахт ингæны сыджытау хуылыдзæй æмæ сабыргай сыр-сыр кодта æмæ тади.

Дзæвгар рацæрын æмæ стыр мæстытæ бавзарынæй ныххус уæвæг, æнцъылдцæсгом зæронд ус Еланæ дурдзавдæй каст хурмæ тæмæнкалæг уылæнты змæлдмæ, денджыз чи хуынд, уыцы æнæкæрон знæт тыгъдадмæ, дард кæмдæр горизонты хахх аразыны тыххæй мигъты куыд сдæрдта æмæ хъыдзы кодта, уымæ.

Денджызы лæвæрттæ. Чи нæ хъæуы, былгæронмæ мæстыйæ кæй рассивы, ахæм цыдæртæ. Калинаг чи у, ахæм æнæхъуаджы бырæттæ. Æмæ Еланæйы та цæмæн хъæуынц? Кæнæ Еланæ цы гæнæг у ам?

Уымæн йæхи куы хаста æнæрлæугæ гуылфæн æндæр, æнæкæрон денджызы астæу – царды денджыз, хъазыд дзы хъæмпы халау, цалынмæ йæ нæ аппæрста, уæдмæ. Хаста йæ цавæрдæр иугъæдон царды фæндæгтыл.

– Нæ, уæдæ куыд... Иугæр удæгас дæн... Иугæр дæн... денджыз æрбахæссы алкæмæн дæр, – хъуыр-хъуыр кодта Еланæ. – Абон ардæм не 'рбацæудзынæ, райсом нoджы æндæр кæдæмдæр… Уый та нысан кæны амæлын. Цалынмæ мæ цæстытæ бацъынд уой, уæдмæ хъуамæ кæнон, адæм куыд кæнынц, афтæ.

Æваст банкъардта, сæрæй къæхтæм фæхатыд, æнæмæнг фæстæмæ акæсын кæй хъæуы. Акаст æмæ – æмæ сæ федта. Еланæ фесхъиудта, акъахдзæф кодта, ацархайдта ма фæцудыныл, дуртæ йын риссаг рыстæй рæхуыстой йæ гом къæхтæ. Йæ сурхид акалд. Уый федта, уый сæ бæлвырд федта: былгæрон, кæрæдзи расурбасургæнгæ, лыгъдысты, хъазыдысты, æрбаввахс æм сты дыууæйæ. Чызг разæй уыд, куыддæр-иу æй лæппу баййæфта, къухæй-иу ын йе уæхскмæ фæцæйæвнæлдта, афтæ-иу йæхи цæрдæг фæтылиф кодта. Чызг лыгъд, чызг худт, Еланæ бæлвырдæй хъуыста зонгæ зæллангæнаг худт.

– О Хуыцау! О Хæрзаудæг! Уыдон куы сты… уыдон… уыдон…

Ацы хатт уыдон найæн дзаумæтты нæ уыдысты, уыдысты, адæм иууылдæр куыд вæййынц, ахæм конд, фæлæ, О мæ Хуыцауы хай, куыд рæсугъд сты, куыд æвзонг сты, цыма йын арв йæхæдæг, æнхъæлмæ йæм кæсгæйæ, йæ размæ рарвыста йæ минæвæртты.

– О Хуыцау! О Хæрзаудæг!..

Еланæ нæдæр йæ къухтæ хатыд, нæдæр йæ къæхтæ, цыма дзы бынтондæр уæз нал уыди, цыма ныртæккæ радымдзæн уадымс æмæ йæ фелвасдзæн, ахæсдзæн æй пакъуыйау. Æмæ йын фенцондæр, æнахуыр æнцондæр. Алфамбылайы алцы дæр фæивта æнахуыр ивдæй: былгæрон аныгъуылд æрвхуыз фæздæджы, змис фестад фæлмæн хъæдабæ, æмæ урс дуртæ та, былгæрон æнахъинон цæндтæ-цæндтæй чи лæзæрд, уыдон æваст разындысты аив æвæрдæй... копрадзхуыз уылæнтæ рæвдаугæ æмæ æнæ уынæрæй дыууæрдæм кодтой урс змисыл, æмæ найæн бынаты фæстæ та ставд дурджыны æмæ змисыл цыма гауыз айтыгъдæуыд: разындысты фæлмæн цъæх кæрдæгæй æмбæрзт æрдузтæ… уæлдæф сывæллоны комытæфау – сыгъдæг æмæ рог… æмæ уыцы сабырдзинады, æрвхуыз фæлмы ленк кæнæгау

цыдысты Еланæмæ, æрбаввахс æм сты, æмæ, амонддзын фыны куыд вæййы, афтæ хъуыст чызджы худт…

Æмæ Еланæ бынтондæр феуæгъд, афтæ бирæ рæстæг æй хъизæмарæй чи мардта, уыцы æндзыгбастæй: æмæ денджызмæ цæуæг, хæдзæрттæ кæй ныббынæй кодтой, уыцы нарæг фæрсуынгтæ дæр… æмæ, абон æй æрхæндæг мадзураимæ чи фæндараст кодта, уыцы хæдзæрттæ дæр... æмæ, æппæт куынæгæрцæуæг доны цæрæг удгоймæгты хъæлæстæй чи хъæрзыдта, уыцы къада дон дæр... алцы дæр æрбайсæфт... бæрæг нæу, цы фесты... Æппæт дæр æрбайсæфт уыцы урс змис æмæ цъæх æрдузты йеддæмæ, æмæ, былгæроны сæрмæ цы æрвхуыз мигъвæлм ныббадт, уый йеддæмæ, æмæ йæ мидæг разгъорбазгъоргæнæг лæппу æмæ чызг... æмæ æппæты сæрмæ дæр чи уыд, уыцы сыгъдæг арв...

– О Хуыцау, – хъуыст æм йæ амонддзын хъæлæс, – нæ мæ ферох кодта, нæ мæ ныууагъта Дунескæнæг!..

Уæдæ абон афтæ куыд рауад – цæуы, æмæ иу змæлæг дæр никуы зыны, цыма алцы дæр амард… Афтæмæй та уым, уыцы уынгæг фæрссаг уынгты, афтæ нæ ацæудзынæ, æмæ дыл макæй цæст схæца, алы хатт дæр дæ фæстæ æфтыд уыдзæн цымыдис цæстæнгас. Æгæрыстæмæй куыйтæ дæр ныссабыр сты абон. Фæлæ, æвæццæгæн, уый тыххæй, æмæ йæ бон амбæлын дæр кæй никæуыл уыд, уымæн, æмæ уæд йæ фæндаг, ацы дунейы ма цы адæм баззад, уыдон кæм ницы уынынц æмæ хъусынц, ууылты уыд. Æвæццæгæн ма æрмæстдæр йæ уд тæлфыд абон хæдзары, тæхгæйæ æрзылд хъæуыл, æмæ æцæгæй та – ныридæгæн уым ис, иннæ дунейы… Мæнæ цавæр у – æндæр цард. Æвæццæгæн, дзæнæт дæр уый у… Йæ зæрдыл æрлæууыдтæн, нæ мæ ферох кодта, – йе ‘ппæт хъизæмæртты тыххæй уый, кæмæй ницы рох кæны... Мæнæ йæ цæстыты раз – йæ фырт, йæ иунæг. Мæнæ гъе, бынтон æм æрбаввахс. Æмæ уый дæр, уыцы чызг – йемæ. Æппæтуынæг æмæ æппæтгæнæг Дунескæнæг, афтæ гæнæн ис, æмæ кæрæдзи чи уарзы, уыдон цæрой хицæнтæй? Чызг дæр нæ бафæрæзта æнæ уый цæрын æмæ ацыд йæ фæстæ.

– Цæуылнæ хъуамæ радзурон, алцы дæр куыд уыди, афтæ? Уыцы чызг мын уæд æрмæст мæ фырты зæрдæ нæ басаста, фæлæ мæхи зæрдæ дæр, мæ уд мын ахаста… Цæй мад ис мæнæй, æгæрыстæмæй уыцы тæригъæд-джын дунейы дæр йæ фыртæн йæ цæст нæ уарзы ахæм усаг? Æрмæстдæр уым у афтæ зын алцы дæр, хаттæй-хатт дзы хорздзинад дæр баззайы æнæ загъдæй æмæ амæлы уды, фæлæ сусæгæй, сусæгæй алы мад дæр

бæллы ахæм чындзмæ. Ныббар мын, мæ фырт, ныббар, мæ цард дæуæн нывонд уыд æнæхъæнæй уыцы иннæ царды. Кæцы мад нæ кувы Стыр Хуыцаумæ, цæмæй йын ахæм фырт балæвар кæна! Фæлæ æз куыд… æз, фыдхъуын, цæсты чи нæ ахады, уыдонæй æнæахадгæдæр, куыд баци мæ бон, мæхædæг цы нæ дæн, ахæмæн цард балæвар кæнын? Ныххатыр мын кæн, Хуыцау! Цард ратт ахæм адæймагæн, ахæм рæсугъдæн, ахæм зондджынæн, ахæм сыгъдæгудæн… Мæ лæппу, ныххатыр мын кæн, сæлхæр, æнæсæрфат сылыстæгæн, хатыр, мæ хъæбул! Ды цыфæны ма арæзтаис, алцы дæр афтæ уад, цыма зондæй мæ уды фарстай. Мæн та, зоныс æй, хъизæмарæй мардта дæу тыххæй æвзаргæ тас, фæлæ дæ цард, æппæт дæ цыбыр цард – æнæхъæнæй дæр уыд рæсугъд фынау, цы ран æз афæстиат дæн, цы ран мын уыд уæвыны бар, уый аккаг ницæмæй уыдтæн, афтæмæй, раст цыма уыдис алцы дæр мемæ æмæ нæ уыд... Æмæ уый тыххæй, æрмæстдæр дæу тыххæй æвзаргæ æгъатыр тасы ныссуйтæ, ныдздзæгъæл дæн æмæ кодтон ахæм цыдæртæ, ныр мæхи фæсмонæй кæй тыххæй хæрын. Æмæ, чи зоны, нæ царды фыдбылызтæ иууылдæр фыццагæй мæ фыдракæндæй рацыдыдысты? Умæн æмæ æз нæ уыдтæн дæ фыды аккаг, æз æй æмбæрстон: мæн цы хъуыддаг ис уый онг, ахæмы онг. О, нæ бафидыды фыццаг бонæй фæстæмæ æз зыдтон, йæ бинонтæ мæн цæй тыххæй равзæрстой: чи ма нæ ауыгъта йæхи йæ хъуырыл, йе ‘взонджы бонты дæр ын уыд мæстытæ сылгоймæгты тыххæй. Æмæ йæ бинонтæ тарстысты, ноджы фыддæр бæллæхты ма бахауа, ма адзæгъæл уа, уæрмы ма ныххауа. Æмæ мæн тыххæй та зыдтой: аргъ ын кæндзынæн, уарздзынæн æй, куыд æмбæлы, афтæ йын лæггад кæндзынæн. Уыдзæн ын бинонтæ, фидар ыл хæцдзынæн, бауромдзынæн æй, æндæрæрдæм æй никæдæм ауадздзынæн. Æмæ, æппæт уыдæттæ хынцгæйæ, аскъуыддзаг кодтой. Æз та суанг уæдæй райдыдтон алцы дæр æмбарын, фæлæ мæ афтæ тынг фæндыд, цæмæй йæ уарзтаин, цыдаин йæ фæдыл, лæггад ын кодтаин, йæ къæхтæ йын æхсадтаин – о, о, о! – æхсадтаин ын йæ къæхтæ... Уадз, зонæд æй алчи дæр, кæй куыд фæнды, афтæ мын тæрхон хæссæд – мæнæн ныр уæлдай нал у! Фæлæ кæд уый æцæг у, кæд ме ‘рдыгæй тæригъæд хъуыддаг уыд, кæй аккаг нæ уыдтæн, ахæмы уарзын, уæд мæ тæригъæдты тыххæй мæхи уд цæуылнæ баййæфта æфхæрд, цæуылнæ мæ ныххурх кодтой? Фæлæ зæрдæйæ иу хатт дæр искуы уыдтæн, ды кæй загътаис, уыцы ныхасы, цы сарæзтаис, уый ныхмæ? Куыд тынг радтæн дæу тыххæй, фыр цинæй дæ уæлæрвтæм куыд истон. Æмæ зын уыд, нæ уыд гæнæн, æмæ æуууæндыдаин ахæм амондыл… нæ йæм

æххæссыдтæн… нæ мæм уыд уыйбæрц тых. Æмæ мæм кæсгæ дæр уый тыххæй кодта афтæ, цыма æппæт уыдæттæм æз ницы бар дардтон – цыма алцы дæр фыныгъдауæй уыди. Уыдтон æй, ды рæстаг уд, хæларзæрдæ æмæ рæсугъд кæй уыдтæ, фæлæ мæ цыбыр зондæй алцы дæр бамбæрстон æрмæстдæр уæд, фыццаг хатт æй куы федтон уыцы… ды кæимæ фæныхæй-ныхмæ дæ, уый, алчи дæр кæмæн аргъ кодта. Кæцæй йæ хъуамæ зыдтаин, ды цæмæн афтæ скарз дæ, цæуылнæ сразы дæ, уыцы цытджын лæг цы арæзта, уыимæ. Стæй йæ уæд федтон, цы калм уыдис, уый… Авгынцæстджын æнаккаг, ныббар мын Хуыцау!

«Иугæр дæ фыртæн бантыст йæхи бæрзæйсаст фæкæнын, уæд гъа, куыд фæзæгъынц, æрцыд рæстæг, дæу къухтыл хæссынæн, уадз уыной дæ иууылдæр. Чидæриддæр зыдта дæ фырты фыдахин, уыдонæн зондзонæн уыдзæн… Мæнæй зæгъдзысты: куыд алы хатт, афтæ та лæгæй баззад, стырзæрдæ, иу мисхал дæр æм мастисæн нæй, бацыд фæмардуæвæджы мады уавæры...» – уыдæттæ бакастæн, гъе, йæ кæсæнцæстыты бæзджын æвгты фæстæ чи бамбæхст, уыцы калмы цæстыты.

Фæлæ мын уым срастгæнæн нæй, хъæбул, æлгъыстаг мæ фæкæн, æмбæлы мæм, удварн цъыфимæ сæзмæстон… мæ зонд талынг бацис æви? – сайдæй рацыдтæн дæ сыгъдæг номыл: æххуыс дзы ракуырдтон. Уæлхæдзарæн мæ æфсæйнагæй цы хъуыд, уыдон ссарæн нæ уыд – æз та хъуыды кодтон: фыдæнæн æй кæронмæ скæндзынæн, сараздзынæн æй, бауырнын ын кæндзынæн, дæ уæзæгыл цард кæй нæ ахуыссыд æмæ кæй никуы ахуысдзæн. Ныр дæ ам курын хатыр…

Уыдон лидзынц комкоммæ Еланæмæ, ныр æм бынтон æрбаввахс сты. Йæ фырт… Цæсгæмттæ йæм нæ зынынц – ныртæккæ йæ алфамбылай тынг æвзæр уыны алцы дæр: уый æнæмæнг уый тыххæй афтæ у, тæфсæг ыл кæй бахæцыд… Дыууæйæ йæм æрбалидзынц… Тæфсæг тыхджындæр кæны, фæлæ ма йын уый æхсызгон дæр у – Еланæ ницы хаты, ницы æнкъары. Æмæ уалынмæ хъусы… базыдта, раджы кæй ферох кодта, уыцы зæрдæскъæф зæлтæ, уыцы мелоди… нæ, æгæрыстæмæй сæйраг зæлтæ дæр не сты… йæ уавæр… уый дæр, о… фæлæ зæлтæ чысыл мынæгдæр сты, фæлæ сæ Еланæ хъуыды кæны… Кæд уыдис уый?.. Уыцы бон уый ссис мад. Зæлтæ цыма зæххы бынæй цыдысты, былгæрон æмæ сæ денджыз сабыргай фæлхатт кодтой – æмæ ивæзаг рæсугъд мелоди йæхи иста арвмæ æмæ уырдыгæй фæстæмæ здæхт удылтайгæ айзæлдæй, цыма æнахуыр стыр аргъуаны æмивæзт къултæ уыдысты.

– Уæ Хæрзаудæг…

Бынтондæр нал æмбæрста йæхи, йæ буар – æрмæст ма æнкъардта, уыцы дзæнæтон дунейы цæмæйдæр судзæгау кæнынц цæстытæ. Æмæ æмбæхст зæрдæскъæф зæлтæ ныр та хъуысынц дардæй, зыххы бын цæуæг ивылд доны уынæрау.

– Дунескæнæг… хъæру мын ратт...

Ныр бынтон æввахсæй ферттывтой, лидзынæй сын чи ныссырх, уыцы æвзонг цæсгæмттæ… Æмæ урс-урсид змис… æмæ кæрдæгхуыз æрдузтæ… Æмæ уый, рог уддзæф фестгæйæ, атад, былгæрон чи бамбæрзта, уыцы æрвхуыз фæлмы...

Еланæ куы ‘рчъицыдта, уæд хуыссыд хуылыдз дурты уæлæ, саст сæкæргæрдæгау скъæдзтæ, афтæмæй. Чидæр ын йæ ныхыл, йæ цæстытыл рауадз-бауадз кодта уымæл цыдæр. Уый тыххæйты кæрæдзийæ фæхицæн кодта йæ цæстыхауты: йæ сæрмæ æргуыбыр æвзонг, рæсугъд, æнæзонгæ цæсгом. Йæ цуры лæууыд чызг – уый, æрдæбон фæндагыл кæуыл амбæлд. Ногæй та атартæ сты йæ цæстытæ. Еланæмæ ныр афтæ каст, цыма хуыссы авгын донбадæны бын, æмæ уыдон та дыууæйæ æргуыбыр кодтой йæ сæрмæ, зыр-зыр кæнынц сæ цæсгæмттæ; хердмæ сæм доны бынæй кæсæгау кæсгæйæ, куы айсæфынц, куы та разынынц бæлвырдæй. Еланæ, йæ тыхтæ æрбамбырд кæнын фæлваргæйæ, бацъынд кодта йæ цæстытæ.

Æппынфæстаг йæхимæ куы ‘рцыд, уæд схæцыд йæхиуыл, рабадт. Нæ йын фаг кодта уæлдæф, йæ ком ныххус.

Афæлвæрдта слæууынил – æрыгон нæлгоймаг æй арæхстгай æмæ хъавгæ слæууын кодта йæ къæхтыл, фæрсæджы каст æм бакодта.

– ... Ох зæронд, мæ къах скъуырдтон, æвзæр бадт фæдæн, æмæ сымах, æвæццæгæн, ахъуыды кодтат, ома амардтæн... – Еланæ тыххæйты змæлын кодта йе ‘взаг. – ...Бузныг, мæ хуртæ… мæнæн ныр ницыуал у, сымах ацæут...

Лæппу æмæ чызг кæрæдзимæ бакастысты.

– Ацæут, ацæут. Ма тыхсут. Алцы дæр уымæн афтæ рауад, æмæ тынг бафæлладтæн. Фæззæг у, цы дæ фæнды. Ныртæккæ мæм æрцæудзысты… æрцæудзæн… мæ фырт, о, мæ фырт æрцæудзæн. Мах иумæ цæуинаг уыдыстæм, фæлæ зæрæдтæ сывæллæттæй уæлдай не сты. Ноджы фыддæр – зонынц æй, кæй сын ныххатыр кæндзысты…

Афæлвæрдта бахудынил.

Уыдон ацыдысты сындæггай, фæстæмæ-иу ракастысты.

Æмæ иудзæвгар куы адард сты, уæд лæппу æрбахъæбыс кодта чызджы уæхсчытæ, æмæ сæм уæд уæлейæ, мигътыл фæйнæрдæм ахæцгæйæ, ныккомкоммæ хуры тын.

Афтæ цыдысты уыдон, сыгъзæрин æрттывды фæлыстæй, доны, уылæнты цæвæнтæй æвзæргæ урс фынчы, цалынмæ сæ Еланæйы лæмæгъ цæстытæ æвзæрстой, уæдмæ.

Æрмæстдæр уæд банкъардта Еланæ, йæ цæсгом иууылдæр хуылыдз кæй у, цыма денджызы пырхæнтæй ныххуылыдз. Йæ къаба дæр разæй хуылыдз уыд. Уæдмæ, цыма йæм уæлдæф чи нæ уагъта, ахæм истæмæй ссæрибар, уыйау æппынфæстаг йæ риуыдзаг сулæфыд. Банкъардта сыгъдæг денджызон цæхджын дымгæйы ад. Фæйнæрдæм акæстытæ кодта, йæ къабайы дысæй йæ цæсгом асæфта – æмæ, цыма æппындæр ницы æрцыд, ахæм хуыз равдисгæйæ, æввахсдæр балæууыд донмæ.

Мигътæ фæйнæрдæм апырх сты, денджызы сæрмæ фæрухсдæр, æмæ ныр ахицæн дыууæ хайыл: хурæфсæстæй тæмæнкалæг – æмæ нoджы талынг, уыцы фарс хæрдмæ хаудысты уылæнты урс пырхæнтæ, уыдон сæхи æппæрстой былмæ, уылæнтæ мард кæсаг куыд рацæйхæссынц, афтæ…

Æнæнхъæлæджы Еланæ денджызы бынтон хæстæгмæ ауыдта бæласы зæнг, куы-иу йæ иу æмбис фæзынд уылæнтæй, куы-иу бынтондæр амбæхст, уæлейæ ма-иу йæ къалиутæ февдисгæйæ. Æмæ цыма æрмæстдæр уымæ æнхъæлмæ каст, йæ фыр лæмæгъæй цудгæ цыдæй Еланæ йæхи аппæрста йе ссарæггагмæ. Чидæр райсомы «æрцахсæггæгтæй» былгæрон цы рæдзагъд скодта, уырдыгæй быза хъил ралвæста, æмæ æнæ гуызавæйæ балæгæрста денджызы. Йæ тыхст цадæггай ацыд, фæлæ йын йæ мæллæг риу уылæнтæ куы бацавтой, уæд, чысыл ма бахъæуа, ахауа. Иу хорз уыд, æмæ йын бантыст йæ уæз хъилыл ауадзын.

Еланæ æнæрлæугæйæ арфæй-арфдæр цыд доны, æмæ йын уылæнтæ дæр бæласы хастой йæ размæ. Чидæр æй ракалдта æмæ ма йын йæ цъар дæр бастыгъта. Йæ дæргъмæ гæсгæ йын хъуамæ хæдзары цæджындзæн сбæзза.

Бæлас æм куы бахæстæгдæр, уæд æй Еланæ баурæдта быза хъилы æххуысæй, цæмæй йæ дарддæр ма ахастаид фæстæмæ раздæхæг уылæн.

Ног уылæнтæ бæласы комкоммæ Еланæмæ æрбасхуыстой, фæлæ уый нæ фæтыхст, фæстæмæ нæ алæууыд, фæлтæрд уыд, зыдта, денджызæй куыд рацахсгæ у ахæм дынджыр æмæ чысыл бæлас дæр...

Куыдфæстагмæ бæлас уыйбæрц æрбаввахс Еланæмæ, æмæ йæ бон бацис, баххæсса йæм: доны сæрмæ змæлæг бæгънæг къалиутæй иумæ фæлæбурдта æмæ йыл йæ тых, йæ бонæй былгæронмæ ахæцыд. Дон кæм фæтæнæгдæр æмæ йын уылæнтæ æнцайынæн уыйбæрц кæм нал æххуыс кодтой, уыцы ран бæлас фæуæззаудæр, фæлæ йæ Еланæ, йæ тыхтæ ма цас амыдтой, умæй ласта йæ фæстæ, æмæ бæлас дæр коммæгæсæй ленк кодта, иу бакастæй дæр ахæм хуыз кæмæн уыд, цыма йæ цыфæнды рог дымгæйы уддзæф дæр афæлдахдзæн, уыцы зæронды фæстæ…

Еланæ ауыдта, кæй йæ æрбаййафы уæлдай бæрзонддæр уылæн. Уый фæуагъта йе ссарæггаджы æмæ размæ атындзыдта, йæхи уылæны цæфæй бахизыны охыл. Уылæн фæстæмæ куы афæйлыдта, уæд йемæ айста бæласы зæнг дæр. Еланæ ма йын йæ къалиутæй иу ацахста, фæлæ йæ ног уылæн иуварс аппæрста. Уый ахауд, фæлæ уайтагъд фæстæмæ фестад æмæ йæхи æрцæттæ кодта. Бæлас та йæм ногæй куы ‘рбаввахс, уæд ын Еланæ фидар ныххæцыд йæ къалиутыл. Уылæн ногæй расхуыста бæласы, уый хуыры аныхст æмæ фæстæмæ нал акуымдта. Стæй йæ иннæ стыр уылæн былгæронмæ раппæрста.

Еланæйы къабайæ дон цыхцырджытæ ныллæууыд, фыр фæлладæй цудыдта, йæ къæхтæ йæ быны дыдæгътæ кодтой. Йæхи æруагъта æрдæгстыгъд, нырма цæугæдоны, стæй та денджызы донæй чи ныддондыппыр, æмæ уылæнтæ кæй ныцъцъæррæмыхстытæ кодтой, уыцы бæласы зæнгыл. Уый уыд сабæлут. Искуы хибар ран куы уыдаид, уæд ахæм рæхснæгæй нæ сырæзтаид, ахъуыды кодта Еланæ. О, уый рæзт хъæды астæу, æмæ сæйраджы та, иу стыр бæласы хицæн къалиу нæу – йæхæдæг æнæхъæн бæлас уыд: растæндæр ахæм бæлæстæ сгуыхынц иууыл фидардæр хъæдæрмæгæн, æнцонкусæн у, цы фæйнæджытæ дзы рафадай, уыдон та фæдгæ нæ акæндзысты ставд зæгæлтæй.

Еланæ зыдта, сабæлут цавæр хъæдæрмæг у, уый: абон йæ хъул сах абадт.

...Йæ кæддæры чызгон азты куыд тынг уарзта уыцы рæстæг, уалдзæджы фæудты сабæлут дидинæг куы рафтауы, уыцы афон… дидинæг калдтой парахатæй, сæ диссаджы хæрздæф-иу цыма æнæхъæн комы ныббадт. Еланæйы фыццаг æмæ йын уыцы иунæг хатт чи фæрæстмæ, уыцы æнхъæлцауы рæстæг хохмæ акодтой йæ ныййарджытæ: сæхи бафæндыд йæхимæ дæр æмæ уыцы фæндиаг сабимæ кæсын дæр. Æнхъæлцау сылгоймагæн та йæ хъусахст дæр æмæ йæ цæстырухс дæр

хицæн кæнынц алцæмæй дæр. Уæд вæййы фæлдисæг – йæ гуыбыны хæссы иууыл ахсджиагдæры, уымæн æмæ ацы дунейы цы ис адæймагæй ахсджиагдæр!

Йæ ныййарджыты хæдзармæ хæстæг иу ран къæдзæхæй калд, йæ уынæр дардмæ кæмæн хъуыст, ахæм æхсæрдзæн, æмæ йæ фæйнæфарс та уыд, доны сæрмæ сæ къабæзтæ кæрæдзийыл кæмæн ныдзæвыдысты, ахæм дыууæ сабæлут бæласы. Сæ иу, ныллæг, фæлæ хъæддыхкъабузджын æмæ ставдзæнгджын, ахæм дидинæг-иу акалдта, æмæ-иу йæ дидинджыты фынкæй сыфтæртæ дæр нал зындысты. Фæлæ йæ дыргъ иууылдæр згъæлд донмæ, æмæ-иу сæ уыцы хъæлдзæг æмæ знæт дон аласта.

Уыцы зæрдылдарæн уалдзæг сабæлутыл уыйбæрц дидинæг уыд, æмæ адæймагмæ афтæ фæкастаид, цыма алфамбылай дунейы алцы дæр дидинæг акалдта. Еланæ уый йæхирдыгонау æмбæрста, бæлас æм каст сывæрджыны хуызæн… Йæ цурты цæугæйæ, уарзта бæласы зæнгыл йæ арм авæрын: йæ цъар уыд дæрзæг, скъуыдтæ, фæлæ дзы алы хатт дæр æнкъардта цавæрдæр хъарм.

– Еланæ, куыд æрцахстай ахæм стыр бæлас?

Уый йæ сæрыл схæцыд. Йæ цуры лæууыд йæ æрыгон сыхаг. Йе уæхскыл уыд фæрæт. Еланæ йын фемдзаст йæ къухмæ, фæрæты хъæдыл кодта, нæлгоймагыл чи нæ фидауы, ахæм лæмæгъ, уæлæнгай хæст.

Хъæрзгæ, оффытæгæнгæ слæууыд йæ къæхтыл. Хуылыдз дарæс йæ буарыл нынныхæст, йæ фæччитæй нырма дæр дон тагъд.

– Фыдæбонæй мæ амардта, æнæхайыр фæуæд… донмæ мæ асхуыста… – бахъуыр-хуыр кодта.

– О, æнæхъуаджы фыдæбон нæ уыд: тынг хорз хъæдæрмæг у!

– Æз зæронд ус дæн, дымгæ дæр мæ ахæсдзæн, ды та кæм цы хæйрæджыты хай фæдæ? Нырма ныр æрæвнæлдтай цард аразынмæ, афтæмæй дæ уд æвæрыс!

– Уазджытæ мæм уыд, Еланæ. Мæхæдæг зæгæлтыл бадæгау бадтæн, фæлæ сæ куыд хъуамæ ныууагътаин, аив нæу, æгъдау нæ амоны...

– Аив нæу, зæгъыс… уый дын гъе… Хорз уазæг нæ фæхъыг уыдзæн, бамбардзæн: алцæмæн дæр йæхи рæстæг ис… Уæдæ ацы бæлас лæвар кæнын дæуæн! Ды нырма ныр райдыдтай царды фæндтæ нывæндын, дæу бахъæудзæн. Мæ бон нæ бацис мæхицæн уый бар раттын, цæмæй йæ мæ цæстыты раз денджыз фæстæмæ ахастаид. Хæдзары алцæмæн дæр бынат разындзæн….

– О, Еланæ, ахæм лæвар йæхæдæг бæхы аргъ у! Стыр бузныг! – сыхагыл зынд, зæрдиагæй кæй бацин кодта, йæ лæмæгъ къухæй æнгомдæр балхъывта фæрæты хъæд.

– Мæ ног хæдзарæн дуæрттæ нæма ис, гъемæ сæ амæй скæндзынæн.

– Хорз дуæрттæ дзы рауайдзæн, гъæдджын сабæлут у. О, дуæрттæ – уый чысыл хъуыддаг нæу. Хæдзарæн дуæрттæ куынæ уа кæнæ иудадзыг æхгæд куы уой, уæд цыма иппæрд у ацы дунейæ. Фæлæ дуар бакодтай, уæд æнæхъæн дуне бахиздзæн дæ къæсæрæй… Кæсыс, сæ тых кæуылты у! – загъта Еланæ бынтон æцæгхуызæй нæ, фæлæ йæ сыхаг бамбæрста.

– Æз дын нæ ферох кæндзынæн дæ аудындзинад.

– Ма йæ ферох кæн... – йе ‘мпылд цъæх былтыл ахъазыд фæллад мидбылхудт.

Еланæ иу æхсгæ каст фæкодта, чысыл раздæр дыууæйæ уыцы æвзонг æмæ рæсугъд чердæм ацыдысты, уыцырдæм, фæлæ йæм дондыппыр саубын змисыл гуылфæнты фæдæй баззайæг хахвæд æмæ дуры цæндтæ йеддæмæ ницыуал зынд. Æмæ, уæззау мигъты ‘хсæнæй денджызмæ цы рухсы уадздзæгтæ хауд, уыдон дæр нал уыдысты. Мигътæ сæхи бæрзонддæр систой, æмæ сын ныр ахæм æгъатыр хуыз нал уыд. Ныр рухс дæр апырх æмхуызонæй, фæлæ мынæгæй; нæдæр цъус уыд, нæдæр бирæ.

Иуулдæр сфæлмæцыдысты æнхъæлмæ кæсынæй: йæ зæнджы хъæдгом кæмæн нæма байгас, уыцы зæронд фæллад фæткъуы æмæ, Еланæ, йæ мой, йæ фырт кæй ныссагътой, уыцы иннæ бæлæстæ æмæ, йæхихъæдæй чи сбæлас, уыдон дæр æмæ, хуылыдз сыфтæртæ æмæ тыхдымгæйæ æрызгъæлгæ дыргътæй æмбæрзт кæрт дæр æмæ, Еланæ йæ алы дзыхъхъ, йæ алы къахвæд дæр кæмæн зоны, уыцы цæхæрадон… Æмæ ингæнтæ æмæ зæронд хæдзар…

Уыдон иуулдæр æнхъæлмæ кастысты уымæ, æрмæстдæр уымæ, иунæг уымæ…

Хъуамæ йæ арм рæвдаугæ асæрфа, аныр-ауæд чи кæны, уыцы заинаг хъуджы фæсонтыл æмæ йын хъуамæ ныллæг хъæлæсæй (æрмæстдæр ныллæг) зæгъа цалдæр ныфсдæттæг дзырды. Хъуг æм бакæсдзæн йе стыр æрхæндæг цæстытæй, æмæ йæхæдæг фæтæригъæд кæндзæн зæронд усæн. Еланæ нæ быхсы, цæмæй йын адæм тæригъæд кæной, фæлæ хъуг æндæр хъуыддаг у.

Нæ йæм æнхъæлмæ каст æрмæстдæр ног, æрдæгарæзт хæдзар, лæууыд, кæмæ ницы хауы, ахæм лæудæй, калд дзы æдзæрæджы иунæгдзинады уазал: уымæн алфамбылайы бынтондæр ницы уыд. Дуæрттæ æхгæд, нæй йæм асинтæ æвæрд, нæй дзы, арт кæм бакæнай, ахæм артдзæст, удæгас фæздæг кæм райгуыра æмæ кæцæй скæла. Æнæ арт, æнæ фæздæг хæдзар удæгас нæу, мард хæдзар у.

Еланæ бахызт кæртмæ æмæ уайтагъд фæмидæг, йæ зæронд удæгас артдзæст кæм уыд, уыцы цардхуыз хæдзары. Йæ фæллад дæр не суагъта, афтæмæй æрдæгсыгъд æхсидавæй æвзалытæ асхъаудта – æхсæвы дзы судзгæ æвзалытæ банорста. Æвзалытыл ранæй-рæтты зындис, дысон фæздæгдзæуæнæй чи æрхауд, ахæм уæззау æртæхты фæдтæ. Еланæйы йæ зæрдæ сæлхъывта: йæ арт ма ахуысса, мыййаг. Æмæ тагъд-тагъд æвзалыты ‘хсæн зынджытæ агурыныл схæцыд, æмæ йын æппынфæстаг, æнхъæл цы ран нæ уыд, дысон æвзалытæ кæм не ‘ркалдта, уыцы ран разынд, кæронмæ чи нæ ахуыссыд, ахæм зынгтæ, æмæ æхцон улæфт скодта. Сæ уæлæ сын армыдзаг цъыхырыйы згъæлæнтæ авæрдта, бафу кодта цæхæрыл – æмæ ссыгъд, фæздæг хæрдмæ ныррааст, сæмбæлд фындзыл, цæстыты смидæг… Ссардта фæздæгдзæуæн æмæ дзы хæрдмæ сфардæг…

Æмæ куыддæр уæлæмæ сирвæза, йæ хъæхъхъаг тæф уæлдæфы апырх уа, афтæ, цыдæриддæр сфæлмæцыд æнхъæлмæ кæсынæй, уыдон сулæфдзысты. Уымæн æмæ хæдзарæй фæздæг куы кæла, уæд нысан кæны, йæ хицау удæгас у, æмæ йæ хæдзары дуæрттæ гом сты стыр дунейæн. Иугæр хæдзары сæрмæ фæздæг ис, уæд дзы ис уд.

Арвы стыр къусчы бын зæххыл – иу чысыл тæпп: кæрт, хæдзар – адæймаджы ахстон. Æмæ йæхицæн ныфсытæ æвæры, бæрзонд арв ыл кæй ауды. Фæлæ вæййы афтæ, арв æрхауы зæххыл, ахстоныл – хъызт æмæ фыдкъæвда. Æмæ уæддæр, йæ тыхтæ æрбамбырд кæнгæйæ, лæууы, цæры, тых кæны тас æмæ рыстыл. Хуымæтæджы æвзагæй дзургæйæ, уый нысан кæны: хъæддых æмæ хъæбатырæй фæразы хъысмæты цæвæнтæн…

Денджызы чи абалц кæны, ахæм чысыл науы хуызæн у адæймаджы ахстон ацы æнæкæрон æмæ æнæбын арвы бын.

*ГÆБÆРАТЫ Юрийы тæлмац*

# ИРОН ÆМБИСÆНДТÆ

✓ Бахъуыды кæнут æмæ уæ зæрдыл бадарут иу æцæгдзинад: цард лæвæрд цæуы иунæг хатт, уый у дæу, æмæ йæ хъахъхъæн, дарын æй фæраз, цæмæй дын æмгъуыдæй раздæр ист ма ‘рцæуа.

✓ Амонд арæхдæр цæуы ахæм хæдзармæ, æппынæдзух кæрæдзийы æмбарындзинад æмæ сабырдзинад кæм ис.

✓ Царды алчи дæр йæхи къахвæндагыл цæуы. Нæ рæстæг та, не ‘нгуылдзты æхсæн хус змис куыд азгъора, афтæ згъоры. Зæрдæ та æгоммæгæс у, нæ къæхтæ нæ фæззæджы лæууынц, уый та ма уалдзæджы рæсугъдзинад куры.

✓ Царды фæзилæнтæ диссаг сты: æрыгонæй къултæ халæм, хидтæ та аразгæ кæнæм. Куы фæкарджындæр вæййæм, уæд та нæ хидтæ судзын райдайæм, къултæ та – аразын.

✓ Æргом хæрамдзинад афтæ тæссаг нæу, – мæнг цæстуарзондзинад кæуылты тæссагдæр у. Сусæгæй хæцаг куыдзæй тæссагдæр.

✓ Царды æппæтæй сæйрагдæр – æууæнк. Де ‘ууæнк куы фесафай, уæд уыимæ æппæт дæр сафыс.

✓ Адæймагæн йæхицæн кæстæртæ куы фæзыны, æрмæстдæр æй уæд бамбары, хи цардæй хъауджыдæр ма кæй ис ноджыдæр зынаргъдæр цард. Уыдоны цæрайæ цæрынц хистæртæ дæр.

✓ Иу адæймаг дæр иннæйы царды хуымæтæджы нæ фæзыны. Дæ царды куы фæзына исчи, уæд уый хъуыдис цæмæндæр. Æнæ Хуыцауы бардзырдæй ницы цæуы.

✓ Арæх фæдзурынц: цы дын ис, ууыл хæц, цы уыди, уый ауадз, фæлæ фидарæй æууæнд фидæныл.

✓ Æцæг сыгъдæг уарзондзинадæн уæвæн нæй æнæ иузæрдыгдзинадæй.

✓ Макуы бауууæнд, цавæрдæр хъуыддагæн срастгæнæн нал ис, зæгъгæ, ууыл. Гæнæнтæ алы хатт дæр вæййы, æрмæст сæ ссарын фæхъæуы.

✓ Адæм уынынц иннæты рæдыдтытæ, сæхиуæттæ та – нæ. Цæст æддæмæ куыд уыны, мидæмæ афтæ нæ уыны.

✓ Адæймагæн уæларвон зæдау сыгъдæг уæвын йæ бон нæу, стæй уый æнæмæнг хъуыддаг дæр нæу. Сæйрагдæр, цыфæнды уæззау уавæрты дæр баззай Адæймагæй.



# Джума АХУБА

*1937 – 2019*

*Прозаик, публицист, тæлмацгæнæг, æхсæнадон архайæг. Советон Цæдисы Фысджыты æмæ Журналистты цæдисты, Абхазы Фысджыты æмæ Журналистты цæдисты уæнг. Д.И. Гулиайы номыл Абхазы Республикæйы паддзахадон премийы лауреат (1989), журнал «Дружба народов»-ы премийы лауреат (1971). Абхазаг культурæйы сгуыхт архайæг.*

*1959 азы каст фæци Сухумы паддзахадон педагогон училище, 1959 – 1960 азты ахуыр кодта А.М. Горькийы номыл Сухумы паддзахадон педагогон институты филологон факультеты абхазаг секторы, 1960 – 1965 азты та – Мæскуыйы А.М. Горькийы номыл Литературон институты.*

*Куыста газет «Советская Абхазия»-йы редакцийы уацхæссæгæй. 1966 – 1970 азты – Абхазы С.Я. Чанбайы номыл паддзахадон драмон театры литературон хайады сæргълæуæг. 1970 – 1979 азты – Абхазы Фысджыты цæдисы литературон консультант. 1979 азы – журнал «Апсны аказара»-йы сæйраг редактор. 1999 – 2003 азты – Абхазы Фысджыты цæдисы Литературон фонды директор.*

*Мыхуыры йын рацыд 25 чиныгæй фылдæр.*

*Фыста абхазаг æмæ уырыссаг æвзæгтыл.*

*Джума АХУБА*

# ТУГЪАН

*Радзырд*

Хъæдæй йæ æрхастой бон-сихорафон. Ном дæр ын уайтагъд радтой – Тугъан. Цавæрдæр æнтъыснæг сырдон æнкъарæны руаджы бамбæрста, амæй фæстæмæ йæ царды æрдзы ныхмæвæрд ивддзинæдтæ кæй æрцæудзæн. Æмæ хæссын райдыдта, йæ бæрзæйыл цы уæззау æфсæйнаг рæхыс уыд, уыйау куыдзы æнæуынон ном дæр. Тугъан, зæгъгæ-иу æм куы фæдзырдтой, уæд-иу фыр мæстæй фесхъиуæгау кодта. Куыд æнаккаг æм каст куыйты мыггаг – сæ тæппудæй æмæ сæ адæймагыл иузæрдиондзинадæй!

Нæ быхста йæ сырдон гыццыл зæрдæ Адæймаджы цæстæнгас дæр: уыдон ыл худтысты, æфсæйнаг къалатийы йæ уынгты куы сцæйхастой, уæд. Хорз сын бахъуыды кодта сæ хъæрæй худт, куыйты хъыллист æмæ смаг, адæймаджы цæрæнбынæтты тæф... Адæм лæууыдысты йæ уæлхъус, уыдта сын сæ рыгæйдзаг цырыхъхъытæ – лæууыдысты æмæ худтысты: бирæгъы лæппын æхсыдта йе 'фсæйнаг рæхыс, æмæ сын уый худæджы хос уыд. Цæуыл ма ахудай хуыздæр – бирæгъы лæппын куыдзы тыкъуыдзы...

Куыдæй йын хъуамæ бакуымдтаид рæхыс атонын, йæ лæмæгъ къæхтыл нырма тыххæй куы лæууыд?! Æрмæст цалдæр хъæддаг сæрибар райсомы йеддæмæ куы нæма рацыд, йæ цæстытæ куы байгом кодта ацы рухс дунемæ, уæдæй нырмæ.

Йæ хъысмæт конд уыд – æххормагæй мæлæт. Нæ разы кодта йæ зæрдæ, Адæймаг ын цы дарддæры цард сныв кодта, уыимæ. Фæлæ нырма æгæр æвзонг уыд, сырды сæрыстырдзинад æххæстæй нæма райхъал. Адæймаг уый зыдта, зыдта, æрцæудзæн кæрон гыццыл сырды лæппыны ныхмæлæудæн – ахсæн æмбаргæдæр у.

Æмæ, æцæгдæр, тагъд рæстæджы, цы йын лæвæрдтой, уый хæрын райдыдта. Суанг ма-иу æм фæсмон дæр æрцыд, йæ бырынкъ-иу сырх дзидзайæ иуварс куыд азылдта, æххормаджы туаг ын йæ хурхысæртæ куыд æлвæста, цы куыдзы хъуырбос ыл бакодтой, уымæ фидаргонд рæхыс куыд тыдтытæ кодта æмæ æхсыдта, уыдæттыл хъуыды кæнгæйæ!

Æмæ ныр цард цæрыны аккаг уыд – æфсæст ахсæны хъармæй. Кæд ын расыггæнæг туджы тæф йæ сæрибардзинад лæууын кодта йæ зæрдыл, уæддæр цæрын хъуыд.

Бонтæ кæрæдзийы фæдыл цыдысты, æрлæууыд, йæ рæхысæй йæ куы суæгъд кодтой, уыцы бон дæр. Йæ дзæмбытæ раджы фæхъæддых сты, йæ риу дæр фæсæвджындæр. Адæймаджы къæхты бын æппæрстæй лæууыд, бирæ кæй фæратон-батон кодта, уыцы рæхыс. Адæймаг худт, йæхицæй разыйы худт кодта: ныр сырд йæ бар у, ныр кæндзæн, Адæймаджы цы бафæнда, уый…

Тугъан йæ бæрзæй ныттылдта æмæ æнкъардæй каст дард цъæх хъæдмæ. Рог дымгæ хаста, чи дзы нæма ферох, уыцы тæф, æмæ йæ бырынкъ уыцырдæм ивæзта.

Адæймаг йæ мидбылты худт, йæ цæстыты та уыд цыдæр хинæйдзаг хъуыдыйы фæд. Систа рæхыс æмæ йæ æрбатымбылтæ кодта йæ къухы.

Цы йын хастой кæрдæджы æмæ назы хихты изæры тæф? Цы змæлыд сырды æрхуым зæрдæйы, цы йын агайдта йе 'мбудæнтæ? Рæхысы дзыгъал-мыгъул цыди хъæлдзæг Адæймаджы къухы.

Кауы рæбын цы фыс хызт, уый бауасыд, æмæ йæм уæд Тугъан йæхи хæстæгдæр баласта. Цыд сындæггай, йæ дзæмбыты уæззау фæтæн фæдтæ уымæл зæххыл уадзгæйæ.

– Тугъан! – фæдзырдта Адæймаг.

Æмæ бирæгъ фæкаст уыцыноммæ. Адæймаг дзырдта рæвдаугæ, йæхи куыдзмæ куыд дзырдта, афтæ. Адæймаджы фæстæйæ кауы хуынчъытæй зынд тар бæзджын хъæд, дуары цур лæууыд стыр куыдз.

Иу гæппæн æнцонæй Тугъан ныллæг кауы æдде фæци.

Æмæ та топпы æхстау айхъуыст Адæймаджы хъæр:

– Тугъан!..

Ногæй та – рæхыс хъуырыл. Уæдæй фæстæмæ рæхыс фæцыбырдæр, фæуæззаудæр.

Æртæ даргъ боны дæргъы Тугъан иу хатт дæр нæ бавнæлдта йæ хæринагмæ, стæй йæм хæрын дæр нæ цыди. Хуыссыд æд рæхыс æмæ каст хъæды 'рдæм. Иу хатт дæр йæ къæхтыл не слæууыд, цæстыты цæхæр мынæгæй-мынæгдæр кодта цæстыхауты бын, фæлæ йын хъуырбос йе 'ххормаг хурх куыд æлвасы, уый хорз æмбæрста.

Бынтон æнæуынон та йын уыд цуанон лæджы къух. Бацæуы йæм, йæ тæккæ фындзы бын æрбады æмæ йын йæ хъарм къух, йæ мады йын цы къухæй амардта, йæхи сæрибар ын цы къухæй байста, уыцы къух йæ сæрыл æруадзы.

Æмæ уыцы къухмæ иухатт дæндагæй февнæлдта. Лæг агæпп кодта

æмæ ехс фелвæста. Тугъан фæгæмæл, æнхъæлмæ каст цæфмæ, фæлæ хицау ехс æруагъта æмæ ацыд.

Дыккаг бон æдасæй йæ къух бадардта Тугъанмæ. Адæймаджы къухы бынæй йæм хъуыст йæхи бæзджын хус хъисты хъыррыст. Йæ рæдзæмæдзæгæнæг уд цæмæдæр æнхъæлмæ каст, ныхъхъуыста-иу, цыма кæрæдзийы тагъд ивæг фынты уыд, уыйау... Куыдз-иу æм бацыд æмæ йæм æнцад каст. Хатгай-иу фемдзаст сты.

Иумæ сын лæвæрдтой хæринаг. Хицау лæууыд иуварс æмæ сæм йæ хъус дардта. Уыдта, бирæгъы бæрзæй-иу хъис куыд сбадт. Нымадта бонтæ, цæмæдæр æнхъæлмæ каст: хицау фæразон адæймаг уыд.

Куыдз æхсæв хæдзар хъахъхъæдта, бонæй та, хицауы фæстæ сыртт-сыртт кæнгæ, цыд цуаны. Тугъан-иу каст сæ фæстæ, цалынмæ сæ-иу хъæд йæ аууон нæ акодта, уæдмæ, стæй-иу хуры рухсæй риссын райдыдта йæ ных æрфгуыты сæрмæ... Æмæ-иу æй уæд бафæндыд, æрттиваг цъæх арвмæ йæ цыргъ бырынкъ саразгæйæ, нынниуын.

Иуахæмы та æхсæвы Тугъаны хъустыл ауад йæ райгуырæн хъæдмæ сидæг зæлтæ. Тугъан фестад, агæпп кодта, фæлæ йæ йæ рæхыс фæстæмæ зæххыл авæрдта.

Æмæ та ногæй удæгас буарау æхсыдта, хуыдуг æй чи кодта, уыцы æлгъыстаг, фервæзæн кæмæй нæ уыд, уыцы æфсæйнаг рæхыс. Стæй нынниудта. Тæригъæддаг ниуд, фервæзын кæнынмæ æххуысы сидт. Уыцы удаист ниуды хъуыст æнæбондзинад.

Срæйдта куыдз. Кæрæдзийы фæдыл рæйын райдыдтой хъæуы куыйтæ. Хъæдæй райхъуыст бирæгъты ниуд. Адæм сæ хæдзæрттæй ракалдысты. Æхситт, æхстытæ... Æмæ ниуд фескъуыд, ныхъхъус.

Ацыд бон, æризæр, æмæ та ниуд сног хъæды: ныр – хæстæгдæрæй. Тугъан дæр ын дзуапп лæвæрдта.

Æртыккаг æхсæв бирæгътæ бацыдысты суанг хæдзары цурмæ.

Афтæ – иу изæрæй иннæмæ...

Цуаны фæстæ-иу куыдз йемæ æрбахаста хъæды тæф, æмæ-иу уæд бирæгъ, йæ уæззау сæр йæ дзæмбытыл уагъдæй, æрсабыр. Хъæды тæфимæ ахуыр кæнын райдыдта куыдзы тæфыл дæр.

Иурайсом та хицау йæ галиу къухыл стыхта рæхысы уæгъд кæрон æмæ загъта:

– Цæй, Тугъан, афон у ныр.

Хур хъæды фæстæйæ æрттывта, фысты сæфтæджытæй над уымæл

фæндаг азылд хъæды иувæрсты æмæ райсомы аууонау тæлм дардта. Адæймаг, йæ армытъæпæны рæхысы кæрон тымбылтæй, афтæмæй цыд бирæгъы фæстæ, уыгæрдæны кæрдæджы æртæх ын æрæхсадта йæ цырыхъхъыты рыг. Хицау цыд рæвдз, йæ куыдзмæ фехситт-фехситт кæнгæйæ.

Тугъаны зæрдæ гуыпп-гуыпп кодта: алыхуызон ног тæфтæ кæрæдзийы ивтой, æмæ мæнæ йæ райгуырæн хуыккомы тæф фындзыхуынчъытæ ныццавта – тæф цыд, зæххыл цы назы зæронд хихтæ æмбыдысты, уыдонæй, æмæ Тугъан йæ риуæмбæрц йæхи аппæрста назбынмæ; æнгом æфсæйнаг хъуырбос ын йæ хъуын тыдта... Адæймаджы рæвдз къахдзæфтæ къæрццытæ кодтой йæ чъылдыммæ, æндзæвыд ыл йæ фæстæ згъорæг куыдзы тæвд комытæф.

Цуанон йе уæхскæй æриста æхсæнгарз, сырды йæхимæ æрбалвæста æмæ йæ суæгъд кодта.

Тугъан фæкуыддæр, фæкаст Адæймагмæ. Уый йæм æргуыбыр кодта æмæ йæ æрсæрфта, йæ куыдзы-иу куыд сæрфта, афтæ.

– Цæй, Тугъан, размæ!

Куыдз баййæфта бирæгъы æмæ хъæрæй срæйдта. Тугъаны фындзыхуынчъытæм цыд тыхджын зонгæ тæф – ам хæрз æрæджы уыд бирæгъты бал. Хинæйдзаг æмæ къæрцхъус сырд райхъал Тугъаны мидæг йæ хъæддаг æмтуг хæстæджыты тæфмæ – æмæ нал уыд Адæймаджы тæф, цыма æппындæр уæвгæ дæр никуы уыд, афтæ, хъæд ын сыгъдæг кодта йæ зæрдывæрд.

Бирæгъты балы Тугъан баййæфта æрдузы. Уыдон æм фæзылдысты, фæлæ сæ куыдзы рæйын хъыгдардта, басмыстытæ ма кодтой Тугъанмæ æмæ иуварс ацыдысты. Ницы æмбаргæйæ, цыд сæ фæдыл Тугъан дæр. Къутæрты та згъордта куыдз æмæ йæ рæйдæй сидти Адæймагмæ. Уыцы дзæгъæл рæйд Тугъанæн æнæуынон уыд знаджы фæстæрдыгæй тæппуд гæппау: æмбæрста, ныртæккæ йæхи ныццæвдзæн куыдзыл æмæ йын йæ къубал туджы æвдылдæй сыскъуындзæн... Фæлæ бирæгътæ фæразæй сты, сæ иу балæй фæхицæн æмæ Тугъанмæ багæпп кодта.

Тугъан ауыдта бирæгъы мæсты æгъатыр каст, стæй йæ хæдуæлвæд анæрыд топпы гæрах. Бирæгъ йæ гæндзæхтæ цагъта кæрдæджы. Тугъан æм куы баввахс, цæмæй йын йæ цæфтæ асдæра, – чи цы зоны, гæнæн ис, йæ фыд дæр уа, – уæд ма йæм цæф сырд йе ссыртæ февдыста.

Æмæ та ногæй æхст!

Йæ къæхтыл ма бæргæ алæууыд цæф бирæгъ, фæлæ уайтагъд йæ тъæпп зæххыл фæцыд. Тугъан удаистæй зылд йæ алыварс. Æмбæрста, сарæзта, срастгæнæн цæмæн нæй, ахæм цыдæр, фæлæ цы æмæ кæд, уый бамбарынхъом нæ уыд. Йæ хъуыдытæ йын фескъуыдта Адæймаг. Ногæй та Тугъаныл хъуырбос бакодта.

Ногæй та уыцы ныллæг сарайы къул, ногæй та уыцы рæхыс... Фæлæ ныр Тугъан йæ рæхыс нал æууылдта, нал æй тыдта. Фынæй кодта фæллад куыдз дæр. Боныцъæхтæ æрбахъуызыдты талынг æхсæвы фæстæ. Тугъан ныхъхъуыста æдзæммæ. Куыд тынг æнхъæлмæ каст уыцы ниудмæ хъæдæй. Фæлæ хъæд лæууыд æмырæй. Бирæгътæ ацыдысты.

Бонæй сарайы къулыл Адæймаг байтыгъта бирæгъы царм. Алæууыд кæрты, йæ къухтæ кæрдæгыл асæрфта æмæ куыдзмæ фæсидт.

Иунæгæй баззад Тугъан. Йæ цæст нæ иста сарайы тасæфтауæг къулæй – мысинæгтæ уадысты йæ цæстытыл, чи зоны, цæхджын туджы тæф æмæ мард бирæгъы цармы тæф сæмхæццæ сты, æмæ йын уый йæ туг змæлын кодта, æмæ йæм сæвзæрд цыдæр æбæрæг гадзрахаты аххосы æнкъарæн…

Адæймаг разынд сырдæй зондджындæр. Уый йын хъавы йе ʻнусон зæрдывæрдæй, чи у æмæ цавæр туг ис йæ тугдадзинты, уый фæсурынмæ, цæмæй сырд суа коммæгæс æмæ цæра адæймаджы фæндонмæ гæсгæ.

Бирæгътæ ацыдысты, дзæгъæлы сæм æнхъæлмæ каст Тугъан иу изæрæй иннæ изæрмæ. Хъæд бамыр.

Уыдис райсом, йæ хицау ын йæ хъусты фæстæтæ ауæрста æмæ йын йæ рæхыс йæ хъуырæй суæгъд кодта.

Суанг изæрмæ Тугъан кæрты рауай-бауай кодта. Йæ къахы фæдтæй змис байдзаг кодта, дзæвгар рæстæг-иу æнæзмæлгæйæ фæхуыссыд, фæлæ, цы уыд, уымæй æгасæй дæр æнхъæлмæ каст æхсæвмæ. Хурныгуылд цас хæстæгдæр кодта, уыйас æм хъæд дæр хæстæгдæр кастис, æмæ-иу йæ буар ризæгау бакодта, уылæнæй-иу азгъордта йæ цармыл. Хатыд Тугъан, Адæймаг æй дзæгъæлы кæй не суæгъд кодта. Фæлæ тыхджын уыдис хъæды сидт, Адæймагæн дæр æнæзонгæ нæ уыд йæ тых! Бирæгъ æнхъæлмæ каст талынгмæ, йæхи цæттæ кодта.

Бацыд-иу гыццыл дуары цурмæ, йæ бырынкъæй-иу ын нылхъывта йæ зылын-мылын уистæ æмæ та-иу фæстæмæ аздæхт. Сырд хинæйдзаг митæ кодта.

Хицау æм æнæдзургæйæ йæ хъус дардта.

Хур анигуылд, хъæдыл æртыхст уазал аууон. Бирæгъ лæууыд кулдуары цур – бур арвæн ахуыссын нал æмæ нал æнтыст. Бакаст йæ хицаумæ: уый бадтис къæсæрыл æмæ æнæматхуызæй йæ хъыримаг сыгъдæг кодта.

Æмæ уæд Тугъан йæхи фæндагмæ аппæрста.

Хъæртæ, гæрах, куыдзы знæт рæйд!.. Фæлæ æрмæст йæхи скъуыйгæ улæфт фехъуыста Тугъан; сабыр уыдис адæймаджы цæрæндон. Æмæ уæд бирæгъ фæстæмæ фæкаст.

Адæймаг лæууыд йæ бæрзонд къæсæрыл æмæ йæ мидбылты худт. Йæ бынмæ хуыссыд йæ куыдз.

Цуанон дыууæ боны хъæдмæ нæ ацыд, кодта хæдзары куыстытæ, афтæ зынд, цыма йæ Тугъаны алыгъд ферох. Æрмæстдæр куыдз тыхстис, катай кодта, рæстæггай-иу бауадис бирæгъы афтид тыкъуыдзмæ, басмыстытæ-иу кодта згæ рæхысмæ æмæ-иу баниуæгау кодта. Цуанон тыкъуыдзы сыгъдæг хъæмп байтыдта. Уый хорз зыдта бирæгъты уаг.

Тугъан æрбаздæхт æртыккаг бон. Куыдз ын йæ сабыр ниуын айхъуыста æмæ йæ размæ рауад. Иумæ бацыдысты кæртмæ. Хицау æнæдзургæйæ иннæрдæм азылд, бацыд хæдзармæ. Куыдз йæ къæдзил тылдта, цинтæ кодта Тугъаныл, фæлæ уый къуылых-къуылых æнæ сымæй бахæццæ йæ бынатмæ æмæ хъæмпы бабырыд…

– Тугъан, Тугъан, – фæлмæн хъæлæсæй дзырдта хицау.

Тугъаны бырынкъ уыд тугамæст бирæгъты дæндæгты арф хæстытæй. Адæймаджы къух æрæнцад бирæгъы сæрыл æмæ йæ сæрфта йæ бæрзæйы онг. Хицау æй рæвдыдта, фаг ын лæвæрдта хæринаг, цæфтæ дæр фæдзæбæх сты, ног хъис сыл рахæцыд.

Стæй æрцыд ивддзинæдтæ: иубон Тугъан йæ хицауимæ сæ кæртæй рацыдис уæгъдæй.

Хъыримаг йе уæхскыл ауыгъд, хъатара йæ бæмбæдждзыны æддæты баст, афтæмæй адæймаг цыд хъæдмæ. Куыдз-иу йæ размæ балыгъд, цин кодта, цуаноны хæдзары цæй тыххæй цардис, уыцы тæссаг хъуыддагмæ та кæй цæуы, уыл. Æмбисбонмæ бахæццæ сты хъæдмæ, пыхсбынтæй калд уымæлы тæф. Тугъан æмæ куыдз зæхмæ смыстытæ кодтой. Хæстæгдæр комæй йæхи ивæзта мигъ.

Зæронд цуанон хъуыдытæ кодта, уый тынг хорз зыдта хъæды цард, сырдты хиндзинæдтæ, йæ куыдзыл дæр æууæндыд, фæлæ уæддæр йæхи цæттæйæ дардта.

Йæ куыдзы рæйд ын йæ хъуыдытæ фескъуыдта. Тугъан фæд æрцахста æмæ йæ фæстæ акодта куыдз æмæ Адæймаджы. Йæхи буарыл та агуылф кодта цавæрдæр хъарм уылæн – йæ тар райгуырæн бæстæйы хъæлæс æм сидт. Бæргæ ацæуид бирæгъты балимæ, атаид сæ астæу, фæлæ йæ фæд-фæд цæуы Адæймаг, æмæ дзы бирæгъ тæрсы, стæй йæ уарзын дæр райдыдта, æмæ йæ нæ фæнды уымæн знаггад ракæнын, нæ йæ фæнды ууыл гадзрахатæй рацæуын.

Бирæгътæ цыдысты комы ‘рдæм.

Уыцы цуан уыдис æнахуыр – сырд цыдис сырды ныхмæ. Бирæгътæ хатыдысты, уый сырдæн йæхи хин нæу, – знаджы хин у: артæй мæлæт хаста куыдз, се ‘мтуг æфсымæры фарсмæ згъоргæйæ, фæлæ сын сæ лымæндзинад сæ бон бамбарын нæ уыд. Æмæ уæд фæстæрдæм фæзылдысты. Йæ дзугæй чи фæхицæн, уыцы хъæддаг хуыйыл баппарæгау алырдыгæйты къутæртæй сæхи ныццавтой се ссурджытыл – гæрæхты нæрдмæ комкоммæ цыдысты мæлæтмæ цæуæгау. Се ‘рдзон инстинкты тых сæ тардта размæ, цардмæ. Бирæгъ цæуы бирæгъы ныхмæ, æндæр гæнæн нæй, уымæн æмæ иуы цард иннæтæн хаста мæлæт.

Ацæуыны фадат никуыдæм уыд Тугъан æмæ куыдзæн. Æмæ бирæгъы гæппы, фæлтæрд сырдæн йæ царды аргъ цы гæпп сыстад, уыимæ амард Тугъанæн дæр йæ хиуæттæм раздæхыны фæстаг ныфс: ныр æй тох кæнын хъуыд йæхи цардыл.

Сæ дыууæйæн дæр уыдис бирæгъы ссыртæ æмæ бирæгъы тых. Куыдз та бирæгъты балы амæттаг тынг тагъд баци: йæ фæстаг хъыллист нæдæр æххуыс куырдта, нæдæр тæригъæд. Æмæ Тугъан йæ хæст фæуагъта, йе ‘фсæртæ феуæгъд кодта, йæхи аппæрста уыцы фæстаг хъыллистмæ, йæхицæн дæр ын тугæйдзаг мæлæт чи цæттæ кодта, уыцы бирæгъты балы ныхмæ.

Гæрах гæрахы æййæфта...

Тугъан зылди куыдзы алыварс. Æрбахæццæ сæ размæ цуанон дæр, дæлæмæ уагъд хъыримаг зынд йæ рæмбыныкъæдзы бынæй.

Адæймаг лæууыд йæ куыдзы уæлхъус. Зыдта, ахæмтæн æндæр хъысмæт нæ вæййы: уыдон сæ азты уæззæй нæ амæлынц, тохгæнгæйæ фæмард вæййынц. Адæймаг йæхæдæг дæр зæронд у æмæ зыдта, ацы куыдз ын фæстаг куыдз кæй уыд. Зæронд цуанон æнæдзургæйæ каст, афтæ иузæрдион ыл чи уыд, уыцы куыдзмæ…

Тугъан ныр æдзух лæууыдис йæ хицауы цур æмæ йын æнхъæлмæ

каст йæ ныхасмæ. Ныр зыдта, нал ын ис цæрæнбонтæм дæр фæндаг йæ мыггагмæ. Æмæ Адæймагæй иу къахдзæф фæстæдæр нæ зад. Хицау-иу дзæвгар рæстæг искуыдæм куы ацыд, уæд-иу æм æнкъардæй æнхъæлмæ каст кæрты дуары цур. Фæлæ уæддæр бирæгъы зæрдæмæ нæ цыд йæ рæвдыд, нæ йын уарзта йæ тамако æмæ хъыримаджы фæздæгæй тæфгæнаг дæрзæг къух. Тугъаны фидар бæрзæй æмæ цыргъ хъустæм кæсгæйæ, алчи дæр хатыд, цавæр туг зылд йæ тугдадзинты, уый.

Куыдзы мæлæтимæ Адæймаджы цуанон цард дæр фæивта: ссис æхсæвыгон, æмæ уымæй Тугъаны зæрдæ ногæй барад!

Уæдмæ æрзымæг, радымдтой уазал дымгæтæ. Цуанон æмæ Тугъан цыдысты хъæдмæ салд мæйрухс фæндагыл. Иуахæмы сабыр зымæгон хъæды хъæбысы Адæймаг æрлæууыдис, къахфæндæгтæ кæм баиу сты, уым. Æриста йæ хъыримаг, йæ роныл æй бабаста. Каст, уый размæ йæ цæст цы хихджын бæрзонд заз бæласыл æрæвæрдта, уымæ, йæ зæры азтæм гæсгæ йæм æнцондæртæй сбырæн куыд ис, уый бæрджытæ кодта.

Куыд йæ бон уыдис, афтæ бамбæрста Тугъан йæ хицауы митæ: хъуамæ ам бахсæвиуат кæной, æмæ йæхицæн бынат æркодта бæласы бинаг ставд къалиуы бын митыл. Мæйы ауыæттæ дыууæрдæм кодтой къахвæндаджы сæрты, уæлæрвты лæууыд æнæуд мынæг рухс, æмæ уыцы æгæрон æдзæмы бын йæ фæллад уагъта бирæгъы фæллад уд дæр.

Уый фæстæ сабыр, дардæй фынтæй цæуæгау райхъуыстис зонгæ хъæлæс. Фынæйæ дæр гæмæл уыдысты Тугъаны хъустæ, æмæ æвиппайды фæгæпп кодта. Кæд, кæддæр æм сæрдыгон æхсæвты цы бирæгътæ сидтысты, уыдон сты. Сæхимæ йæм кæд дзурынц? Тугъан хъустæ фестад, дурæй кондау æдзæмæй лæууыд. Фæлæ кæцырдыгæй хъуысы уыцы сидт? Тугъан йæхи баппæрста зазмæ æмæ над миты йæ фæстаг къæхтыл алæууыд, раззæгтæ фæбыцæу кодта бæласы зæнгмæ – уыцы сидæг ниуд цыдис уæларвæй, уæззау хихтæй æхгæд назæй!

Адæймаг фæзмыдта бирæгъы ниуд.

Уыцы ниуд фыдбылыз æмæ мæлæт йеддæмæ ницы хаста сырдтæн – гæрæхты арт, æмбæхст даргъ æфсæйнаг хæтæл. Мæнгард æмæ æгъатыр Адæймаджы бон алцы дæр уыдис, суанг сырды хуыз райсын дæр. Уый асайдта Тугъаны мады: сыл бирæгъ рацыдис сидтмæ æмæ фæмард гæрахæй. Æмæ ферттывта бирæгъы зæрдывæрды уыцы раджы кæддæры мæйрухс æхсæв: уæд фыццаг хатт базыдта, куыд æгъатыр æмæ тæссаг у, Адæймаг лымæн кæимæ уыдис, уыцы нæргæ арт. Уый та – лæмæгъ бирæгъы лæппын – йæхи алырдæмты æхста уыцы нæ-

рынæй фæкъуырмагондæй. Адæймаг æнхъæлмæ каст, сырды лæппыны дзæмбытыл хъæбæр хыз кæд сыздыхсдзæн, уымæ… Æмæ ныр хъомыл бирæгъы зæрдыл æрлæууыд уæды фæстаг æхсæв, йæ сæрибар ын чи байста æмæ йын йе уæнгты хъæддаг сырд чи амардта, æфсæйнаг рæхыс ыл чи бакодта æмæ йын афтæмæй йæхи тыххæй чи бауарзын кодта, уыцы зынбамбарæн æгъатыр æмæ хæларзæрдæ Адæймаг.

Æмæ систа Тугъан йæ бырынкъ уыцы ниудмæ. Цыма йæ цардыл кæуы, афтæ сабыр æмæ тæригъæддаг хъыс-хъыс бакодта, уый фæстæ та ныккодта, фæлтæрд бирæгътæ куыд ниуынц, ахæм даргъ æмæ хъæддаг ниуд.

Ниудта ма, Адæймаг куы ныхъхъус, уæд дæр. Æмæ йын бирæгъы хъæлæс хæстæгæй дзуапп радта.

Хъынцъымгæнгæйæ цыдис Тугъан йе 'мтуг æфсымæрмæ. Ницыуал баззад йæ зæрдæйы хъынцъым йеддæмæ… Амбæлдысты къахвæндагыл, æмæ Тугъан фемдзаст амæттаг сырды цæстыты бур цæхæримæ. Кæрæдзимæ дæр нæма басмыстой – Адæймаджы бирæгъты хъынцъымы мæт нæ уыдис, маргæ сæ кодта, уымæн æмæ уыдон дæр мардтой, уымæн æмæ йæхи хъуыдис цæрын… Гæрах анæрыд хъæды.

Фылдæрæй-фылдæр кодтой сарайы хъæдын къулыл тыгъд цæрмттæ. Зæронд цуанон зыдта, тагъд йæ хъуыддаг кæнын раздæрау йæ бон нал уыдзæн: азтæ йын йæ къухтæ бафæллайын кодтой, раздæрау рæстдзæвин нал уыд. Фæзындæр цуанонæн изæрыгæтты стын дæр йе 'хсæвы куыстмæ. Фæлæ-иу уæддæр айста йæ хъыримаг, къæсæрæй-иу фæсидт Тугъанмæ: «Афон у!»

Адæймаг кодта йæ царды сæйрагдæр хъуыддаг: адæмæн хорздзинад хаста.

Æрвылæхсæв Тугъан зæрдиагæй æххæст кодта йæ хæс. Сахуыр ис сырдты æхстмæ сайын.

Бонæй та хъахъхъæдта кæрт, сара, хæдзар – йæхимæ куыд каст, афтæмæй, Адæймаджы стыр цæрæндоны алцы дæр. Уый дæр йæ куыст уыдис. Тугъан нæ уарзта æцæгæлæтты, уæлдайдæр та сæ йæ хицауы фарсмæ уынын. Фæндаггон кæнæ сыхаг хъæутæй цуаноны зонгæтæй исчи йемæ æрлæууынæй тæрсæгау кодта – Тугъан-иу уайтагъд йе ссыртæ февдыста. Хицауæн йæ бон кæртæй сусæгæй ацæуын дæр нæ уыд, бирæгъ-иу æвиппайды йæ фæдыл фæрæвдз. Бынтондæр ферох кодта Тугъан йæ рæхыс, йæ зæрдыфыстæй фæхауд йæ сабийы æрхуым бонты рæхысы зæлланг, ферох дзы.

Фæлæ Адæймагæй нæ ферох. Иу уалдзыгон бон фæсидт Тугъанмæ æмæ йыл бакодта йæ зæронд хъуырбос. «Афтæ хуыздæр уыдзæн», – загъта зæронд йæхæдæг йæхицæн. Тугъан дис кодта: кæд ын Адæймаг йæ къæбылайы бонтæ йæ зæрдыл æрлæууын кæнынмæ хъавы, кæд хынджылæг кæны? Фæлæ Адæймаг хынджылæг нæ кодта, фæцыд хъуырбосы æхгæнæны къæпп.

Хицауыл уыдис пъалто, йæ къæхтыл – фæлмæн цырыххъытæ къалостимæ; алы боны хуызæн арæзт нæ уыд. Йæ хъыримаг дæр ацы хатт нæ райста йемæ.

Кæдæм цыдысты, хицау ыл цæмæн бакодта рæхыс? Куыд æй хъуамæ бамбæрстаид Тугъан – цард æй иу фæндагыл сахуыр кодта, æмæ æндæр фæндæгтæ нæ зыдта. Ныр та нæдæр хæхтæм, нæдæр хъæды ʻрдæм цыдысты – ног фæндаг сæ кодта стыр дæлвæзмæ. Дурæй конд фæтæн фæндагыл иу кæрдæджы хал дæр нæ зад. Æнæцæст æфсæйнаг сырд сæ ныхмæ тахт нæргæ – къамбецæй бæрзонддæр, йе ʻфсæйнаг тъæпæн сæрыл лæууыд адæймаг. Артаджы пиллоны тæфæй Тугъаны фындзыхуынчъытæ ахгæдтой, йæ хицауы иуварс ивæзта ацы тæссаг фæндагæй. Фæлæ уый йæ къух фæхъил кодта, æмæ, сæ цурты цы æнахъинон сырд атахт, уый гыццыл дарддæр дзыхълæуд фæкодта. Хицау систа йæ дзыппæй бырынкъбæттæн æмæ йæ Тугъаныл бакодта.

Æрбахæццæ сты, стыр хæдзæрттæ кæм уыдис, уырдæм. Дурæй къахвæндæгтыл адæм дзыгуыртæй лæууыдысты. Тугъан-иу йæ дæндæгтæ фæзыхъхъыртæ кодта, тарст уыйæппæт адæмæй; рæхыс-иу атъæпп кодта æмæ-иу йæ хицауы цæсгоммæ ныккаст. Кæдæм æрбацыдысты, цæмæн сæ хъæуынц ацы знæт æмæ æнæпайда адæмæй дзаг бæгънæг дуртæ?

Хицауы цæсгом уыд хъуыдыдзаст æмæ катайхуыз.

Уый фæстæ уæзласæны гуыффæйæ æргæпп кодтой кæрдæгмæ. Тугъан дзой-дзой кодта цæлхытыл дзæвгар тылды фæстæ. Разæй та уыдис стыр фæз, уырдыгæй хъуыстис бирæ куыйты рæйын. Тугъан нæ уарзта куыйты, фæлæ сын сæ рæйыныл йæ хъустæ ахуыр уыдысты, æмæ йæм уый адæмы ныхасмæ хъусынæй хуыздæр каст.

Куыйтæ бирæ уыдысты, кæдæм нæ акæсай – куыйтæ. Фыстæ дæр уыйбæрц никуы федта Тугъан. Иу рæнхъыл ныддаргъ сты тæригъæддаг цыбыркъах лыстæджытæ, йæ уæраджы онг лыстæджытæ. Стæй йæ хицауимæ бацыдысты, иуварс стъолы цур цы лæг бадт, уымæ. Тугъан

йæ бырынкъ хæрдмæ систа, æмæ лæг тарст хъæр фæкодта, стæй хицауимæ цæуылдæр быцæу кæнын райдыдтой. Тугъан тыххæй йæхи урæдта, нæ цыдысты йæ зæрдæмæ, стъолы цур чи бадт, уый хъæртæ.

– Хорз, хорз, раст дæ… Фæлæ уæд æз куыд кæнон? – сдзырдта æнæнхъæлæджы Тугъаны хицау. Стæй йæ къух ауыгъта.

Æмæ ацыдысты иннæ рæнхъмæ, Тугъаны хуызæн куыйтæ кæм лæууыдысты, уырдæм. Нырмæ уал хицауы гыццыл ныфс уыдис; фæлæ фыййау куыдзы бирæгъимæ куыд хъуамæ фæхæццæ кæной? Йæ ас, йæ уæззау фидар дзæмбытæй Тугъан сæ астæу бæрæг дардта, цыма уыдон рувасы лæппынтæ уыдысты, уыйау. Куыйтæй иу фæхатыд сырды тæф, æмæ йын йæ удаист рæйын айстой иннæтæ, сæхи бирæгъы цæстæнгасæй иуварс тонгæйæ – бæлвырд у, амбæлдысты-иу хъæды къахвæндæгтыл Тугъаны хуызætты дæндæгтимæ.

Æрхуымæй кастис Тугъан зыхъхъыр тæппуд бырынчъытæм, сæ дзæгъæл рæйд æм нымады дæр нæ уыд. Фæлæ дис кодта, хуымæтæг куыйтæ сæ бæттæнтæ куыд тыдтой, ууыл. Се ‘дылы знæт уынд тыхсын кодта Тугъаны, сæ алкæцыйы дæр дзы йæ бон суыдаид йæ иу дзæмбыйæ ныцъцъист кæнын. Афтæ ма фæфæнды лыстæг мæргъты сæ цъыбарцъыбурæй уыджы фæтæрсын кæнын, исты цъиуы къæдз-мæдз цыбыр ратахт æй боныгон йæ ахстонæй куы растын кæны, уæд.

Иннæ адæймаг сæм згъордта, йе стъолы цурæй фестгæйæ. Йæ хъæр æмæ къухты тылдæй Тугъан бамбæрста, тæргæ сæ кæй кæнынц, уый. Йæ хицау та ногæй фæбыцæу уыцы адæймагимæ, мæсты кодта. Тугъан ын хорз бахъуыды кодта йæ мæстджын фæллад цæсгом, кæддæр йе ‘хст дыуувæ хатты фæд-фæдыл куы фæсыкк, уæдæй нырмæ. Цæмæй йæ фарстой амы адæм, Тугъанмæ се ‘нгуылдзтæй амонгæйæ? Чи у йæ мад? Чи у йæ фыд? Цавæр мыггагæй у? Æмæ сын уыдæттæн цы дзуапп хъуамæ радтаид хицау?

Хæдзармæ æрбаздæхтысты, цы фæтæн дурæй фæндагыл цыдысты, ууыл. Хицау раппæрста йæ райст-бавæрд цырыхъхъытæ – æнгом къахыдарæсыл ахуыр нæ уыд, стæй йæ ныр хъæугæ дæр ницæмæнуал кæнынц.

Изæры та ногæй рацыдис хъыримагимæ æмæ Тугъанимæ араст сты хъæдмæ – ардыгæй райсоммæ. Афтæ зæрдæрайгæйæ Тугъан нырма никуы цуан кодта! Цыма йæ исты хорздзинад ракæнын фæндыд йæ хицауæн лæгъстæмæ, цæмæй йæ макуыуал акæна йемæ куыйты базармæ.

Умæй фæстæмæ дæр ма сын бирæ æхсæвтæ фæрæстмæ…

Фæлæ æрцыд, зæронд цуанон-иу арæхæй-арæхдæр цы рæстæгыл хъуыды кодта, уый – алы хъуыддагæн дæр куыд ис, афтæ адæймаджы тых æмæ цардæн дæр ис кæрон. Æмæ Адæймаг сразы: хъыримагыл хæцын йæ бон нал уыдис, къухтæн сæ кусыны рæстæг фæцис.

Уыдис цуаны цæуæн мæйрухс æхсæв, хицау тынг кæй уарзта, ахæм æхсæв, фæлæ хицау нæ рацыд хæдзарæй, йæ къухæй нæ асæрфта Тугъаны цыргъ хъустæ, йæ цуры йын хъарм дзидза нал æрæвæрдта. Æрмæст æфсин, кæрæдзийы мæлæты тынг кæимæ нæ уарзтой, уый ракастис æрдæггом дуарæй æмæ йын дзулы къæбæр рыгмæ раппæрста.

Æвзæр разæнкъарæн ахъардта Тугъаны уæнгты. Хæринагмæ æвналгæ дæр нæ бакодта, афтæмæй хæдзары алывæрсты æрзылдис, стæй дуар йæ ныхтæй хафын райдыдта, цæмæй йæ хæдзармæ бауадзой. Æфсин, пъолы фæйнæджытæ йæ быны хъыррыст кодтой, афтæмæй сындæггай хъуызыд дуармæ; сдзыгъал-мыгъул кодта дуары æхгæнæнæй æмæ, ныхтæ дуары лæгъз фæйнæг куыд хафынц, уымæ хъусгæйæ, йæхицæн тæригъæдтæ кæнгæйæ, æлгъыста бирæгъы, ныр æм æнæмæнг цы идæдзы цард æнхъæлмæ кæсы, уый тыххæй.

– Уæ, хæйрæг дæ фæхæсса! – гуым-гуым кодта æмæ цæстæй агуырдта хъæбæрдæр лæдзæг: ныр ын хæдзарæй рацæуæн дæр нал уыдзæн, уый размæ дæр-иу уыдта, сырд ыл куыд гæмæлæй æмбæлд, уый.

Æнæхъæн æхсæв бирæгъ фæбадт къæсæрыл. Æмæ æнæхъæн æхсæв адæм æмæ куыйтæ хъуыстой æнкъард, кæуæгау ниуын. Афтæ фæниуы æрмæст, адæймаджы чи зыдта, уыцы сырд. Æмæ æрмæст бынтон æдылы æмæ æрыгон куыйтæ лæмæгъ рæйынæй дзуапп лæвæрдтой уыцы ниудæн, адæм та кæрæдзийæн дзырдтой, зæгъгæ, æвæццæгæн, бынтон æвзæр у зæронд цуаноны уавæр. Иузæрдион куыйтæ æмæ сырдтæ фæхатынц, сæ хицаумæ цы фыдбылыз фæкæсы, уый.

Цуанон амард райсомы хуры скастимæ. Æмæ йæ адзалы размæ хъуыста йæ номыл ниуд, фæлæ сагъæс æмæ фæсмон дард кæмдæр уыдысты, стæй, фæсмон цæуыл хъуамæ кодтаид, йæ царды ахæмæй ницы уыд – хорз фæцард Адæймаг…

Хæхты уыд уалдзæг – ахæм уалдзæгтæ ма бирæ-бирæ уыдзæн, хъуыды кодта уый, æмæ уыдзæн хъарм уарынтæ, зайдзæнис ног кæрдæг, йæ фæстæ ма цæрдзæн æндæр адæм… Æрмæст тыхст Тугъаныл – йæ хицауы фæстæ ма дзы чи цы кæны? Ныр йæ цардæн уыдзæн цыбыр

фæндаг – бирæгътимæ фыццаг фембæлдмæ. Сырдтæ дæр адæмау нæ хатыр кæнынц гадзрахат…

Къодоры дæлбылты, денджызæй иу-дæс километры бындæр, ис чысыл дæлвæз. Къуыбырты галиу фарсæй зыны æрттиваг денджыз, рахизæрдыгæй та лæууынц урсбасылыхъджын хæхтæ. Сæрды тæвды ам дымынц сатæг дымгæтæ. Раджы замантæй та дзы баззадис кæлæддзаг мæсгуытæ – тар дуртæ хуылыдз кæрдæджыты астæуты. Дæрзæгдур мæсгуыты къултæй калд дуртæ… Афтæ дзурынц, бирæ, дам, нæ фæлæууыдысты, тызмæг топпæхсæнты кæрдæг зад, фастысты дуртæ… Уыцы зæххы ныгæд чи уыд, уыдоны удтæ нæ уагътой сæхимæ адæймаджы. Æмæ ацыдысты адæм уыцы комæй. Сарæзтой уæлдæр кæмдæр хæхты сæ мæсгуытæ.

Æмæ систы уыцы уæгъд зæххытæ æнцойы бынат, ырма дæр дзы хæстæгдæр хъæуты цæрджытæ ныгæнынц сæ мæрдты.

Ссардта дзы бынат ацы бæстæйы зындгонд цуанон Кацбайы мард дæр. Йе уæхскыл цы бон сауыгъта хъыримаг, уæдæй суанг йæ фæстаг сахаты онг адæм се скъæтты дуæрттæ не ‘хгæдтой.

Ныххус сты дидинджыты быдтытæ, йæ уæлмæрдмæ арæх ничиуал цæуы. Фæлæ алы бон дæр, алы æхсæв дæр, уыцы уалдзæгæй райдайгæйæ, ингæны цур уыдис фенæн бирæгъы хуызæн стыр куыдзы. Æнæхъæн бæстæйы маст нæ уыдис Тугъаны масты йас. Адæймагæн æппæты зынаргъдæр чи уыдис, уый куынæуал вæййы, уæддæр ма йын баззайы æмбæлттæ æмæ хæстæджытæ. Амæн та ничиуал баззад!

Ногæй та аивта Тугъаны хъысмæт – йæ хицауы мæлæты фæстæ цæй номыл цæра, уый йын нал уыд.

Æдылы, мæстыгæр адæм æй тардтой сæ цурæй, æндæр цæуджытæ-иу ын аппæрстой мæгуыргуры къæбæр. Æхсæвыгæтты, хъæутæ-иу сабырæй куы фынæй кодтой, уæд уæлмæрдæй хъуыст æнкъард ниуд. Æмæ-иу, æрмæст райсомæрдæм чи афынæй, уыцы зæрæдтæ дис кодтой сырды уарзтыл адæймагмæ, хъуыдытæ кодтой, ахæм хабар кæй никуы фехъуыстой, ууыл. Фендджындæртæ та фæдзурынц, зæгъгæ, Кацба уыд диссаджы цуанон, æмæ дыккаг ахæм нал уыдзæн…

Зæронд ус ма бирæ азты фæцард хæххон хъæуы æмæ дзырдта, иу фæззыгон райсом раджы, дам, кæртмæ рахызтæн æмæ мæ цæстытыл нал бауууæндыдтæн: кæрты гыццыл дуарæй мидæмæ хъæрзгæ йæ фазыл æрбацæйбырыд бирæгъ. Тугъан кæй у, уый фыццаг нæ бамбæр-

ста – афтæ тындтытæ, дам, уыдис, æмæ йæ буарыл æгас бынат нал баззад, æвæццæгæн ын иу бирæгъ не скъуыдта йæ царм.

Баззад ахæм кой, зæгъгæ, дам, бирæгътæ, цуанон лæг куы амæлы, уæд ын йæ ингæнмæ æрбацæуынц æмæ йын æй бауымæл кæнынц. Уыдæттыл чи æууæндыд, уыдон афтæ дзырдтой, зæгъгæ, Тугъан йæ туг йæ хицауы ингæн хъахъхъæнгæйæ ныккалдта. Æмæ йын зæронд ус фæтæригъæд кодта, хæринаг ын рахаста. Фæхуыссыдис Тугъан йæ зæронд тыкъуыдзы изæрмæ, æхсæвы та ацыдис æмæ хъæуы алы хæдзары дуары цурмæ цыдис æмæ ниудта, цыма куыйты æмбырд кодта, фæлæ йыл уыдон удаист рæйд кæнгæйæ, сæхи цавтой. Уый фæстæ зонгæ фæндагыл фæстæмæ æрбаздæхт, кастис кауы хуынчъытæй кæртмæ – зæронд ус цы кæна, йæхи куыд дара, уый нæ зыдта: ахæм куыйтæ нæ федта, зæрдæ та дур куынæ у. Йæ номæй бадзырдта Тугъанмæ, басидынмæ йæм хъавыд – уадз æмæ цæрдаид хæдзары, æвæццæгæн æй иудадзыг мардтой тухæнæй, йæ цæфтæ уымæн нæ дзæбæх кодтой. Æмæ йын æнæ адæймагæй гæнæн нæй, фæлæ йæ уый фæстæ бамбæрста, адæмыл кæй нæу Тугъаны мæт, алкæуыл кæй нæу йæ мæт…

Кæдæм ацыд, цавæр дард бынæттæм – кæцæй йæ хъуамæ зона зæронд ус! Ацыд æмæ ацыд, цас æм нæ фæдзырдта, къæбæр æмæ рæвдыдæй йæ бауромынмæ хъавыд.

Иу хъæуккаг лæппу æхсæвы хъæды рæзты фæцæйцыд æмæ уый фæстæ дзырдта, зæгъгæ, фехъуыста кæуыны хуызæн ниуд – фæлæ бирæгъ кæнæ куыдзы ниуды хуызæн нæ уыд. Æрмæст æй фæстæдæр фембæрста: Тугъан уыд. Цыма комы ‘рдæм цыд – адæмæй дарддæр.

Хъæд фæстаг хатт фæдзырдта Тугъанмæ, цæмæй йæ тарфы ссара йæ мæлæт, цæмæй йæ фæстаг тохы уæлдайджынтæй ныккала йæхи æмæ кæйдæр туг, знаг ын чи ссис, уыцы бирæгъы туг. Зыдта йæ, цы йæм кæсы, уый…

Уæдæй фæстæмæ ничиуал федта Тугъаны. Æрмæст ма йæ кой баззад хъæуы.

*БЕЗАТЫ Фаризæйы тæлмац*



# Геннади АЛАМИА

1949

*Поэт, тæлмацгæнæг, публицист, æхсæнадон æмæ политикон архайæг. Советон Цæдисы, Абхазы æмæ Уæрæсейы Фысджыты цæдисты уæнг.*

*Поэты æмдзæвгæты фыццаг æмбырдгонд мыхуыры рацыд 1971 азы. Хуссар Ирыстоны 1992 азы рацыд ирон æвзагмæ тæлмацгондæй йе 'мдзæвгæты æмбырдгонд «Ирон зарæг». Абхазаг чиныгкæсæгæн зындгонд у Хетæгкаты Къостайы «Ирон фæндыр» Аламиайы тæлмацæй.*

*Цалдæр азы уагъта газеттæ «Аидгылара», «Апсадгил Апсны», «Форум», «Ажэа», журналтæ «Черкесский мир», «Асаркьал», «Колокол», «Жалар рыбжьы», «Абаза».*

*Æнгом сфæлдыстадон бастдзинæдтæ йын уыди Джусойты Нафиимæ æмæ Кавказы адæмты æндæр зынгæ минæвæрттимæ. Ссæдз азы фæд-фæдыл Аламиа æнтыстджынæй æххæст кодта Абхазаг-Абазаг адæмы Дунеон конгрессы генералон секретары хæстæ.*

*Хорзæхджынгонд æрцыд Республикæ Абхазы II къæпхæны орден «Аьхдз-Апша»-йæ æмæ майдан «Ирыстоны Намысæн»-æй (2025).*

*Фыссы абхазаг æвзагыл.*

*Геннади АЛАМИА*

* * *

Ӕз дунемӕ ницӕимӕ ӕрцыдтӕн...
Мӕгуыргур
арвы кӕрӕтты хӕтыдтӕн,
Стъалыты фӕдыл кодтон дугъ,
Дидинджытӕм ивӕзтон мӕ къух.
Ӕгомыг къӕдзӕхты цур
лӕууыдтӕн, бадтӕн,
Ӕдзӕрӕг быдыры
дойныйӕ мардтӕн.
Тӕрккъӕвдаты фӕстӕ
кодтон дӕлдон.
Денджызы ӕвзӕрстон
хъаймӕты фыдбон,
Иста мӕ уӕлиау,
цӕмӕй мӕ нысхойа йӕ бынмӕ.
Ӕхсондур фӕндӕгтыл
хъуыстон
мӕ къӕхты кӕуынмӕ.
Ӕз а дунемӕ ницӕимӕ ӕрцыдтӕн...
Фӕлӕ мӕ мӕгуырӕй
зӕрдӕхӕлд нӕ уыдтӕн.
Рӕстӕг мын нӕ уыд, –
кодтаин мӕт, ӕнкъард,
Мӕхӕдӕг хъуамӕ
сфӕлдыстаин мӕ цард.
Райстон стъалытӕй рухс тыллӕг –
ӕнӕлаз,
Дидинджытӕ мын радтой сӕ фӕлмас,
Ӕгомыг сӕрыстырдзинад мын
къӕдзӕхтӕ радтой,
Ӕдзӕрӕг быдыры зынг хурӕй
ме уӕнгтӕ цӕхӕр куы калдтой,
Гъеуӕд-иу
къӕвдайы цыхцырӕгмӕ слӕууыдтӕн,

Æмæ сфæлтæрдтон, сæрыдтæн.
Æз уылæнты барцæй
мæхи расхуыстон,
Цæмæй денджызы бын
æдзæмæй ма ‘рхуыссон.
Мæн нæ басастой
стыр зын, стыр рын,
Æхсондур фæндæгтыл
мæ туджы хъазт сцырын.
Афтæ сфæлдыстон мæ цард, –
ис ын арæн,
Æмæ дзы цы бæззы
раттынæн, лæварæн, –
Мæ фæдыл чи цæуы,
уыдонæн сæ схай кæндзынæн,
А дунемæ куыд æрцыдтæн,
афтæ дзы
ницæимæ ацæудзынæн.

*ДЗУЦЦАТЫ Хадзы-Мураты тæлмац*

## ИРОН ЧЫЗДЖЫТÆ

Уанцон нæу уыйбæрц рæсугъддзинад!
Уый удæн тæссаг у!
Лæджы та æфтауы тæригъæдыл!..
Æниу, кæм уыдзæн хуыздæр ран –
Лæгау ам дæ мæлæт ссар
Рæсугъд æмæ аив бæстæйы!
Ам лæппутæ, сагсур лæппутæ,
Æвæццæгæн, баисты саугуырм,
Уый нæй, уæд куыд ныууагътой мæн
Ахæм аивимæ иунæгæй?!

Æз та? Æз цы зæгъон?
Дзыхъмард лæг дæн æз,
Æрвдзæф мæ фæкодта йæ цæстыты хъазтæй
Æнахуыр фырдиссаджы саурæсугъд...

Ныр мæнæ лæууын
Дыдзы мардæй уынгтæ ‘мæ дыргъдæтты,
Æцæг ма æз хатын уæддæр:
Аивы зæд цадæггай
Йæ базыры сисæй мæ удмæ æвналы.

Уый хины мæлæт у,
Зонын, нæ мын ис мæлæн,
Рæсугъды цæсты рухсæй чи мæлы!
Куыддæр мæм фæдара йæ цæст,
Кæй ахæсты тæлфын,
Уыцы аив зæдтæй исчи,
Афтæ та растдзынæн мæрдтæй,
Æмæ цардмæ – цæугæ!
Аивы уаз тыхæй – базырджын!

Ацы æвæджиауы сахар мын
Фæхаста мæ уд,
Фæхаста æмæ байтыдта
Дыргъдæтты æмæ уынгты.
Мæ уды схъистæ кæм агурон ныр,
Сæ кæрæдзийыл сæ куыд бандадзон?..

Нæй, нал мын ис
Аивы денджызы рацæуæн,
Кæд денджызы былыл æрвыстон мæ бонтæ,
Уæддæр.
Кæд денджызы уылæнтыл ахуыр дæн
Кæсаджы лæппынау, уæддæр...
Мæ чысыл науы
Æхсæры рæу хъузгау
Уылæнтæ айстой æмæ нæ кæдæмдæр
Фæхастой – æбæрæг кæдæмдæр!..

## ХАДЖЕТЫ ТАЙМУРАЗÆН

Поэт – уый æнæхин саби у,
Тæргайгæнаг саби,
Фæриссы чысыл ницæмæй дæр йæ зæрдæ.
Куыд нæ рисса,
Алчи йæм амоны йе ‘нгуылдзæй:
«Кæсут-ма, æррайау йæхиимæ дзуры!»

Поэт æнæ исты аххосæй
Хæхты ‘мæ быдырты зилы.
Цуанон у, фæлæ сырдтæ нæ мары,
У царды аив та йæ цин.
Уый дон-дон фæцæуы йæхи ‘вастæй,
Æмæ йын фæкæнынц тæригъæд,
Чи йыл æрбамбæлы, уыдон.

Æцæг бирæты бафæнды
Уымæн йæ фæдыл куы адзурид:
«Æвдæлон готлек!»
Никæй æндавы йæ хъизæмар,
Йæ сагъæсты дуне, йæ мæт,
Йæ нуæртты ныкъкъæрццæввонг ризын.

Куы баййафы быдыры ‘фхæрд,
Поэт уæд фæлидзы йæ хæхтæм,
Куы не ссары уым дæр æнцой,
Уæд фесафы дардмæ йæ сæр.
Æвæццæгæн, арæх æййафы æфхæрд
Мæ хæлар – поэт Хаджеты.
Уый нæй, уæд цæмæн дзуры афтæ:
«Æз хъуамæ фæлидзон Абхазмæ
Мæ уарзон æфсымæртæм!..»

## СИМД

Лæг дæр-иу хъуамæ
Симдау æрцæуид Дунемæ!
Симдау Бæрæгбонау!
Симдæй цы райсæн ис?
Ærмæстдæр, цы ‘рбахæссай, уый.
Симды цы ныууадзы лæг?

Симд царды фæндагау – æгæрон.
Ænусмæ йыл цу,
Ænустæм дæ удæй цæгъд арт!
Ысфæлдис бæрæгбон
Царды сæрвæлтау.
Ысфæлдис бæрæгбон
Дæ зæрдæ, де уæнгты
Дæ уды фæндиаг!
Лæгдзинад
Нæу аивдзинадæй бæрзонддæр,
Ærмæст, куы сиу вæййынц, уæд
Сæ дыууæ дæр арвмæ фæцæуынц!

Цардау ивылы Симды бæрæгбон
Цадæггай,
Йæ рухсæй ръвдаугæ.
Лæмæгъ кæд уай,
Уæд дын уый йæ комулæфт ратдзæн;
Куы дæм хъава туджджынау исчи,
Уæд дæ уый йæ сыгъзæрин базырæй
Æræмбæрздзæн, бахиздзæн кардæй...

Лæг дæр-иу хъуамæ
Симдау ацæуид не ‘хсæнæй –
Мадзура æмæ нымдæй,
Йæ ацыдил куыд ничи фæрисса, афтæ.
Цы ахаста йемæ?
Ærмæстдæр, цы ‘рбахаста, уый.

Йæ фæстæ цы баззад?
Йæ удæй цы сфæлдыста, уый...

*ДЖУСОЙТЫ Нафийы тæлмац*

## АБХАЗАГ ХÆДЗАРЫ КЪÆСÆРТÆ

«Фæуæнт дæ къæсæртæ ‘хгæд!», зæгъгæ, уымæй
нæй абхазæгтæм карздæр æлгъыст.
‘Гас æрцу дын
хæларæй, æргомæй
дзурынц.
Уастæн, рын, сонæй уой хызт!
Мæнæ – арæн,
æнæфенгæ царды цæлхдур,
Кæд фæкалдтæ –
сыгъдæг нæу дæ намыс, –
зон, дæ фæндаг
дæ разæй сыгъд у,
афтæмæй йыл фæцæуынмæ хъавыс.
Кæд дæ уды хæрам и æмбæхст, –
ма ‘рцу тæфтыл дæр абхазаг хæдзармæ.
Чи хæцыди дæ бæхы дзыларыл
балцы размæ?
Кæй зæрдæ, кæй цæст
демæ хъузоны рацыдисты фæндаггон?..
Нæ сæхгæндзæн абхазаг къæсæр,
нæ, фæрнджын у,
хæрзæмбæлæг, рагон, –
бафтау ууыл фæлладæй дæ сæр.
У фæндараст,
нæма дын зæгъдзæни дæ фысым,
гом къæсæрæй
нæ айстай нæмадæр дæ къах,
Уый дæ ныхас,
дæ мидбылхудт мысы –
тагъддæр-иу æм фæстæмæ ыздæх.

*ÆЛБОРТЫ Хадзы-Умары тæлмац*



# Даур ЗАНТАРИЯ

*1953 – 2001*

*Прозаик, поэт, публицист. Советон Цæдисы æмæ Абхазы Фысджыты цæдисты уæнг.*

*Каст фæци Сухумы А.М. Горькийы номыл Паддзахадон педагогон институты филологон факультет, Мæскуыйы сценаристты уæлдæр курсытæ. 1977 азæй 1981 азмæ куыста абхазаг сывæллæтты журнал «Амцабз»-ы, 1988 – 1992 азты – Абхазы Республикæйы Культурæйы фонды.*

*1999 азы ацыд Мæскуымæ. Куыста газет «Россия» æмæ журнал «Эксперт»-ы уацхæссæгæй. Йæ уацмыстæ мыхуыры цыдысты Абхазы æмæ Уæрæсейы газеттæ æмæ журналты.*

*Уырыссаг æвзагмæ тæлмац кодта йæхи уацмыстæ дæр.*

*Æмдзæвгæтæ фыссын раджы райдыдта. Фыста ма радзырдтæ, уацаутæ, эссетæ. Уырыссаг æвзагыл ныффыста роман «Золотое колесо», хицæн чиныгæй йын мыхуыры рацыд 1998 азы Мæскуыйы.*

*Фыста абхазаг æмæ уырыссаг æвзæгтыл.*

*Даур ЗАНТАРИЯ*

# СУДЗИНЫ ХЪУС

*Эссе*

Сымах стут, бирæ фæцæрын кæимæ хъавыдтæн. Фæлæ хъысмæты æндæрхуызон бафæндыд! Хъуыды ма кæнут: нæ райсом-иу ныл, бабызау доны аныгъуылынмæ бæлгæйæ, куыд райдыдта? Ныййарджытæ та дæ абон ауадздзысты, сом та райдайдзысты сæхи тæрсын кæнын – мæ сывæллон ма фæдæлдон уа кæнæ йын денджыз æндæр исты фыдбылыз ма ракæна. Алкæй дæр-иу нæ йæхирдыгонау бахъуыд ныййарджыты цæстдардæй аирвæзынæн исты амал ссарын! Афтæмæй-иу мæстæй мæлгæ кæрæдзимæ æнхъæлмæ кастыстæм банысангонд бынаты, стæй – фатау тæхгæ Судзины Хъусмæ.

Мæ зынæргътæ, уæд нæ хистæртæ кæцæй зыдтой, мах денджызмæ цæуынæй кæй æнкъардтам, нæ уыцы сабион цинæн абарæн дæр кæй нæ уыд, уыдон мах тыххæй цы тас æвзæрстой, уыимæ.

Судзины Хъус нæм æнхъæлмæ каст, денджызмæ ма сæдæ къахдзæфы кæцæй хъуыд, уым (бæлвырддæр зæгъгæйæ та, сæдæ дыууын авд къахдзæфы згъоргæйæ; æз æй хъуыды кæнын, æз сæ нымайгæ кодтон). Цымæ ма цæры, удæгас ма у, къуылдымæй фæрвджын цъыфдзасты 'хсæн денджызмæ бацæуæны цы бæлас уыд, уый? Ныртæккæ æз, рæстæгæй куыд дард дæн, уыцы бынатæй дæр афтæ дард дæн, уæлейæ кæсгæйæ та хуыздæр зыны.

Хъуыды ма кæнут, дуры уæлæ дыууæ къахæй куыд лæууыд уыцы æнахуыр кипарис? Бæрæг уыд, уыцы кипарисæн кæддæр дымгæ йæ тауинаг рацæйхаста æмæ йын æрхауд, дурыл цы сыджытфæзгъæр уыд, ууыл æмæ схæцыд. Хуымæтæджы нæ, фæлæ рагон сисы хæлæддзæгты историон дурыл. Стæй æвзар, цард агургæйæ, дыууæ уидаджы ауагъта зæххы. Уидæгтæ рæзын райдыдтой, дуры се 'хсæн бакæнгæйæ, афтæмæй йæ цадæггай уæлæмæ систой, цалынмæ сын не 'рхауд, уæдмæ. Афтæмæй дуры сæрмæ баззад дæргъæццон хуынкъгонд. Дардæй кæсгæйæ, уыцы хуынкъ бæласимæ иумæ зынд хæрдмæ хъил судзины хуызæн. Гъемæ, дæ улæфт бауромгæйæ, бахæццæ дæ Судзины Хъусмæ, æмæ дын йæ хæдфæстæ – денджыз.

Æмæ ма уыцы лæгты хъуыды кæнут, бон-сауизæрмæ тæккæ Судзины Хъусы цур нардæтæй чи хъазыди? Махмæ диссаг каст (кæй зæгъын

ӕй хъӕуы, алы хатт нӕ, – иуӕй-иу хатт), сӕдӕ дыууын авд къахдзӕфы фалдӕр денджыз, уыдон та аууоны ӕмбӕхстӕй се стджытӕй кӕй хъазыдысты! Уыдонмӕ та уый нӕ хъардта, кӕдӕм фӕцӕйтындзынц сабитӕ. Ома уӕртӕ куы фӕйлауы денджыз, лидзгӕ куы никӕдӕм кӕны? Уыйхыгъд хурныгуылдмӕ хӕстӕг, ӕнтӕф-иу куы фӕсаст, уӕд-иу уыдон дӕр ацыдысты сӕхи найынмӕ. Бӕхтӕ абухгӕ доны куыд бацӕуой, афтӕ-иу сӕхи тилгӕ ӕмӕ футтытӕ кӕнгӕ балӕгӕрстой денджызы, ӕмӕ-иу уӕд уый дӕр, денджыз, уайтагъд нырхӕндӕг, Федор Тютчевы зындгонд ӕмдзӕвгӕйы куыд у, афтӕ-иу фестад – цӕхджын ӕмӕ цахӕмдӕр ӕрвхуыз ӕви копрадзхуыз.

Лидзгӕ-лидзын Судзины Хъусы смидӕг уӕвгӕйӕ, мах цъындцӕстӕй дӕр зыдтам, цы ран хъӕуы къах ӕрӕвӕрын, куыд хъӕуы хуынкъӕй афтӕ агӕпп кӕнын, цӕмӕй дӕ мацы фӕрисса, афтӕмӕй иннӕ фарс февзӕрай. Уым та райдыдта денджыз. Ӕмӕ дӕ йӕ уӕлныхты исы ахӕм ӕнкъарӕн, кӕцыйы хъомыл адӕймаджы зондӕй ӕз равдисин афтӕ: куыд къуындӕг у нӕ дуне, хӕхтӕ ӕмӕ денджызы ‘хсӕн цъистгонд, ӕмӕ куыд ӕнӕкӕрон у уый – денджыз! Мах лыгъдыстӕм, нӕ дарӕс лидзгӕ-лидзын ласгӕйӕ, ӕмӕ нӕхи ӕппӕрстам денджызы.

Амали фон Крюгеры ӕртасынгӕнӕг ӕмӕ ныууадзӕг Федор Тютчев загъта: «Амондджын у, уыцы дунемӕ йӕ адзалы уысм чи бацӕуа». Ӕз та йӕ буардзармӕй дӕр ӕмӕ игӕрӕй дӕр ӕнкъарын: нӕ, уый ӕнамонд у. Кӕд дзы, кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, историон былцыхдзинад тас ӕмӕ тӕригъӕдкӕнынады нӕ фӕбынӕй кӕна, уӕд. Ӕз дӕр хъуыды кодтон кӕддӕр, мӕ цард афтӕмӕй кӕй арвитдзынӕн, сухумаг донбылгӕрон дурастӕрдыл кофе цымгӕйӕ. Фӕлӕ тыхдымгӕ, растӕндӕр мӕ историйы тыхдымгӕ ӕрӕййӕфта бygъдӕг быдыры. Уый аивгъуыдта мӕ сӕрты, мӕ хиуӕтты мын ахӕсгӕйӕ, фӕлӕ мӕхи – нӕ.

Ӕмӕ, удӕгас кӕй баззадтӕн, уый куы бамбӕрстон, уӕд мӕ уды ницы ссардтон ӕмтъеры ӕмӕ иунӕгдзинад йеддӕмӕ.

Ныр мӕ бабызау доны аныгъуылыны тыххӕй мӕхи курын никӕмӕйуал хъӕуы. Ацу ныртӕккӕ дӕр. Изӕрмӕ хӕстӕг, ӕнтӕф куы фӕсӕтта, уӕд сыстадтӕ ӕмӕ, аивадон уацмыстӕ фӕлдисын ныууадзгӕйӕ, уыцы лӕгтӕ-иу сӕ нардӕтӕ иуварс куыд айстой, афтӕ нӕ тагъдгӕнгӕйӕ фӕцӕуыс денджызмӕ. Бахызтӕ денджызмӕ, футтытӕгӕнгӕ ӕмӕ де уӕнгтӕ тилгӕйӕ, фӕлӕ денджыз уыцы денджыз

нал у. Куы дæм цыдæрхуызон æрвхуыз фæкæсдзæн, куы та – бынтондæр копрадзхуыз.

Ныр хъуыды кæнын æмæ дзурын, куыд къуындæг у нæ дуне, райгуырынæй мæлæты ‘хсæн цъистгонд, æмæ куыд æнæкæрон у уый, Судзины Хъусы фале чи ис, уыцы дуне. Æмæ нæ мæлæты тас нæ уромы ацы фарс, – уымæн, гæнæн ис, йæ сæрты ахиза алчи дæр, арæх сфæразæн нæ вæййы фæндаджы уæзæн, – тас та йемæ фембæлынæй. Æмæ, чи зоны, иннæрдæм: ма фембæлынæй.

Фæлæ куыд бирæ цыдæртæ бавзæрстон мæ фæндагыл хидмæ цæугæйæ, мæ хæццæ уд мын судзины хъусы алæсгæйæ чи райхъал кодта. Æз ардыгæй мæ хъус дарын цардмæ æмæ уынын бирæ цымыдисаг цыдæртæ. Мæ удлæууæнтæ, хуыздæр у, кæй ацыдыстут, уый: дуне ноджы февзæрдæр. Иу куырыхон цæйау загъта: теуаты сæпуад судзины хъусы. Æбæрæг кæцæйдæр фæзынгæ теуаты балтæ æнæ цæлхдуртæй ахизынц судзины хъусы.

Фæлæ мæ уæддæр фæнды ууыл æууæндын, мæ уд хидыл акъахдзæф кæныны агъоммæ кæй мидæг хъуамæ алæса, уыцы Судзины Хъус фæдзæхсты бон мæ разы кæй ауæрæхдæр уыдзæн æмæ мæ кæй ауадздзæн. Уымæн æмæ сымахæй бирæтæ, мæ сæрылхæцджытæ, сæрыстыр кæмæй уыдтæн, кæй уарзтон, – рагæй стут уыцы фарс. Æз уæ куы фенон хиды фаллаг фарс, уæд мæ нæ бахъæудзæн сымахæй мæ цæстæнгас иуварс аздахыны сæр. Уымæн æмæ æз мæ цард æрвитын тæригъæддзинады. Сымах, æз кæй тыххæй æнкъард кæнын, уыдон, æниу æй зонд æмбары, зæрдæ – нæ: сымах стут хæдзары, æз та – фæндагыл. О, æз лыгъд ратдзынæн сымахмæ, Судзины Хъус кæй хицæн кæны, уыцы фарс уæ куы суынон, уæд. Æз алидздзынæн, лидзгæ-лидзын калдзынæн мæ тæригъæдтæ, сабидуджы-иу мæ дарæс куыд калдтон, афтæ. Æмæ хъæр кæндзынæн: «Мæ уарзон æмгæрттæ! Æз æнæуаг цард кодтон – фæлæ æз дыдзæсгом нæ дæн!»

Æз дыдзæсгом нæ дæн!

*ГÆБÆРАТЫ Юрийы тæлмац*



# Анатоли ЛАГУЛАА

*1961*

*Поэт, прозаик, публицист. Советон Цæдисы, Уæрæсейы æмæ Абхазы Фысджыты цæдисты уæнг. Республикæ Абхазы Д.И. Гулиайы номыл Паддзахадон премийы лауреат литературæйы къабазы (2010, æмдзæвгæты æмбырдгонд «Смутные дни прошли...»-йы тыххæй) æмæ Республикæ Абхазы Т.Ш. Аджбайы номыл Паддзахадон премийы лауреат (2016). Республикæ Абхазы Культурæйы сгуыхт архайæг.*

*Каст фæцис Абхазы А.М. Горькийы номыл паддзахадон университет.*

*Куыста бирæ бæрнон бынæтты, ныртæккæ у журнал «Алашара»-йы сæйраг редактор.*

*Æмдзæвгæтæ æмæ цыбыр уацтæ фыссын райдыдта, скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд. Мыхуыры йын рацыд йæ уацмысты 15 æмбырдгонды.*

*Радио æмæ телеуынынады амоны литературон равдыстытæ.*

*Фыссы абхазаг æвзагыл.*

*Анатоли ЛАГУЛАА*

# УЫЙ АМАРД СЫГЪДÆГУДÆЙ...

*Радзырд*

Уыцы бонты Сухум гуырдзиаг «гвардионты» оккупацийы уыд. Хурдалынджы куыд вæййы, ахæм сау бонтæ скодта горæтыл. «Гвардионтæ» бырстой алы абхазаг хæдзармæ, алы бинонтæм дæр: куы æмбæхст хæцæнгæрзтæ агуырдтой, куы рацитæ, куы та «тæссаг» документтæ – æцæгæй та сæ куыст уыд стигъын. Кæнгæ та кодтой афтæ: æмбисæхсæвиу уынджы систаиккой дзæлгъæды гæрæхтæ кæнын; цæрджытæ тасæй нæ уæндыдысты æддæмæ ракæсын, уый та ныcан кодта, кæй нæ уыдтой «гвардионты» æнагъæттаг митæ, нæ фехъусын кодтаиккой комендатурæмæ (æниу уырдыгæй цæугæ дæр никуы ничи æрбакодта); æмæ-иу «сахъ хæстонтæ» бавнæлдтой хæдзæрттæ раафтид кæнынмæ.

Фæлæ нæ дзырды сæр уыыл нæу. Уый уыдис тъæнджы мæйы кæрон, Шеварднадзейы æфсад æмæ уазал адæмы хæдзæрттæм куы басырдтой æмæ æддæмæ ракæсæнтæ куынæ уыд. Æмбисæхсæв Ног районы бирæуæладзыгон хæдзармæ йæ ных сарæзта танк. Ларисæ, рудзынгæй ракæсгæйæ, ахъуыды кодта, зæгъгæ, æвæццæгæн гуырдзиаг танкисттæ хъавынц цæрджытæй æхца æмбырд кæнынмæ. Уыдон та иу æмæ дыууæ хатты нæ бакодтой афтæ. Ешерæйы ‘рдæм æхсгæйæ, танкисттæ сæхимæ здæхтой дзуаппон æхст. Уæд-иу цæрджытæн сæ хæдзæрттæ æмæ сæ цард бахъахъхъæныны охыл æхца æрæмбырд кæнын æмæ танкисттæм сæ бынат аивынæй бахатыны йеддæмæ æндæр фæрæз нал уыд. Танкисттæ-иу, гæртам райсгæйæ, сæхи æхсызгонæй айстой æндæр «ахсджиаг стратегион» бынатмæ. Фæлæ уыцы танк æхсынил не схæцыд, экипаж рухсытæ æмæ мотор ахуыссын кодта.

Ларисæйы йæ уæлныхты систа, сабидугæй йæ зæрдыл кæй бадардта, ахæм тас – хæдзармæ-иу хъæндил куы батахт, æмæ-иу алчи дæр йæ сæр армытъæпæнтæй куы амбæрзта, уымæн æмæ хистæртæ дзырдтой, хъæндил сæрыхъуынтæй ахæсса, уый æвзæр кæй у...

«Кæйдæр агурынц, – ферттывта йæ хъуыдыйы. – Ау, нæ сыхаг мегрелæгтæй ныл сæ исчи сардыдта?»

Иудзæвгар рæстæг танкæй уæлæмæ ничи хызт. Фæлæ куыддæр хæдзары алы фатеры дæр рухсытæ ахуыссыдысты, афтæ танчы люкæй сбырыдысты цыппар гæрзифтонг адæймаджы.

«О Хуыцау, цыма ныр та кæй хал схаудзæн? Æрмæст ахуыргонды куынæ бахъыгдариккой! Мæгуырсар, æнæуи дæр йæ зæрдæйæ хъæрзы. Ацы сырдтæ йæм дуар куы тоной, уæд тасæй амæлдзæн… Æвæццæгæн ыл сыхæгтæ æвзаг бахастой, ома эстремист у, Гуырдзыстоны знаг, цæрæнбонты йын йæ туг бирæ фæнуæзта. Ныр Гудауты куы уаид!..»

«Гвардионтæ», æвæццæгæн, суазал сты, сæ иу цыдæр сдзырдта, иннæ фæстæмæ танкмæ ныххызт æмæ люкæй сбырыд арахъхъы авгимæ. Уадидæгæн авг равдæлон кодтой йæ хъуырæй æмæ йæ митыл баппæрстой. «Уæ мæлæт ссарут уыцы арахъхъæй! – йæ миднымæр ахъуыды кодта Ларисæ. – Æнæуи дæр сæрызондæй уагыл не сты æмæ арахъхъæй бынтон ссонт уыдзысты!.. Зæгъынц, иу размæбырст ма – æмæ махонтæ райсдзысты Сухум. Уæдмæ куы фæцæрид... Æрмæст махыл нæ, фæлæ уырыссæгтыл, сомихæгтыл дæр нæ ауæрдынц: «Сымах нæ фæнды нæ уæлахиз, куыд гуырдзиæгты, афтæ, дидинджытимæ ныл нæ сæмбæлдыстут. Мах сымах хъæхъхъæнæм абхазæгтæй, сымах та нын бузныг дæр нæ зæгъут!» Уыдон сын коммæгæсæй æххæст кæнынц сæ алы бардзырд дæр, фæлæ, изæрæй хæдзармæ æрбаздæхгæйæ, сæ цæсгом мах, абхазæгты ‘рдæм æрбакæсын дæр нал фæхъæцы. Сæхи фенкъарынц тæригъæдджынтæй… Фæлтау сæ, кæй къахтой, уыцы акъоппыты куы ныппæрстаиккой æмæ сыл сыджыт куы бакалдтаиккой, фæдзурынц уыдон...»

«Гвардионтæ», арахъхъ бануазгæйæ, змæлгæ дæр нæ фæкодтой сæ бынатæй, лæууыдысты уыцы ран. Стæй бануæзтой фæйнæ авджыдзаг бæгæны.

«Цавæр у, дукани уын ис уым, æлгъыстæгтæ! – Ларисæ фыр мæстæй йæ къухæнгуылдзтæ мæсты æлхъывд æрбакодта, цыма йæ бон уыд исты бакæнын. – Махонтæ Очамчиры районы æххормаг сты, къуыригæйттæ, фыр хъæбæрæй доны удайын кæй хъæуы, ахæм нартхоры кæрдзынты æвджид вæййынц... Даур ам куы уаид, уæд уын уый фенын кæнид!..»

Даурыл ахъуыды кæнгæйæ, Ларисæйæн йæ зæрдæ тынгдæр срыст тасæй. Даур йæ фырт уыд. Хæст куы райдыдта, уæд уый Гудауты уыд. Уым йæхи ныффыссын кодта Сухумы батальоны. Цыдис ыл æрмæстдæр æвддæс азы, фæлæ архайдта алы размæбырсты дæр. Æрæджы рахызт Гумистайыл æмæ ныр бынтон æввахс у йæ райгуырæн хæдзармæ…

«Гвардионтæ», сæ сæртæ ныхъхъил кæнгæйæ, ногæй кæсынтыл фесты, йæ быны кæмæн лæууыдысты, уыцы фарастуæладзыгон хæ-

дзармæ, – цыма, абон кæй хал схаудзæн, уый се ‘рбацыдæй фæдзæхсгæ кодтой.

«О Хуыцау, æрмæст Асида нæ! – ногæй та стыхсти Ларисæ. – Æнæуи дæр йе ‘фсымæр Гудауты госпиталы цæфæй хуыссы. Æви Арсены агурынц? Фæлæ уый уырыссæгтæ æмбæхсынц, кæд æй афонмæ ничи ауæй кодта, уæд…»

Дыуузæ «гвардионы» комкоммæ бацыдысты, Ларисæ кæм цард, уыцы бацæуæнмæ. Иннæ дыууæ араст сты сæ фæдыл, сæ хæдæхсты æхгæнæнтыл рахæц-рахæц кæнгæ, цыма хæстифтонг къорды ахсынмæ цыдысты. Ларисæ ахызт рудзынджы цурæй æмæ дуарыл баныхæст. Йæ зæрдæ сæнкъуыст, цуанонтæ кæй фæдыл бафтынц, ахæм сæгуыты зæрдæйау. Æнхъæлмæ каст, кæд бахойдзысты йæ сыхаг ахуыргонды дуар, æмæ хъуыды кодта, цы кæнгæ йын уыдзæн, йæ дуæрттæ йын сæттын куы райдайой, уæд. Уымæн йæ фæсонæрхæгмæ дæр не ‘рцыд, йæхимæ йын кæй цæуынц; уымæн æмæ йын йæхи дыууæ хатты ныххафтой, бынтондæр ын сафтид кодтой йæ фатер, æмæ йæм ницыуал уыдис ахæссинаг. Фæлæ сæ къахдзæфты уынæр æрбаввахс йæ фатермæ. «Гвардионтæ» расыгæй хъуырдухæн кодтой йæ дуары цур.

– Æфсин! – хъæрæй загъта сæ иу, цыма йæ рагон зонгæ уыд.

– Бакæн дуар, де ‘фсымæртæ дæм æрбацыдысты! Мах, Сухуммæ фыццаг чи бацыд, уыцы танкыл стæм. Уый гæнæн нæй, æмæ нæ телевизоры ма федтаис.

«Мæ хъуыддаг æвзæр у! – Ларисæйы йæ зæрдæ сæлхъывта. – Ныртæккæ æхсын райдайдзысты дуар!»

– Бакæн дуар, бирæ дæ нæ батыхсын кæндзыстæм. Мах хæрд-нозт нæ хъæуы, де ‘хцатæ нæ нæ хъæуынц. Ды нын дæ паспорт равдис, фендзыстæм æй æмæ ацæудзыстæм. Ларисæ бамбæрста, йæ сыхæгтæй йæ чидæр кæй ауæй кодта. Хæсты хæдразмæ, йæ мой куы амард, уæд æй уайтагъд йæ сыхæгтæ-гуырдзиæгтæ ракъах-бакъах кæнын систой, йæ иунæг фырты йæхи мыггагыл цæуылнæ фыссы, уый тыххæй. Уæд сын тызмæгæй дзуапп радта, кæд ын гуырдзиаг мыггаг ис, уæддæр дзы иу æртах дæр гуырдзиаг туг кæй нæй.

– Арухадзе! – бахъæр кодта сæ иу æмæ хæдæхсы цæгатæй дуар ныххоста.

– Сымахмæ уазджытыл афтæ æмбæлынц? Мах Кутаисæй ардæм уый тыххæй фæцыдыстæм, цæмæй бахъахъхъæнæм æвваxс адæймаджы, уый

та нæ, мах хуызæн сахъ лæппуты, мидæмæ нæ уадзы, йæхиуыл дуæрттæ сæхгæдта! Абхазæгтæ дæ сæхирдыгон ахуыр скодтой, нæ?

«Афтæ æнцонтæй сæ нæ фервæздзынæн!» – Ларисæ йæхи раппар-баппар кодта фатермæ бахизæны. Афæнд кодта рудзынг бакæна æмæ ныхъхъæр кæна, фæлæ, ада-гъа, абхазæгты йеддæмæ исчи æддæмæ дæр ракæса, уыдон та, гæнæн ис, æмæ æфхæрд баййафой уый тыххæй. Дуар бакæна – æвзæр уыдзæн, ма йæ бакæна – ноджы æвзæрдæр: кæд æфсæйнагæй у, уæддæр æй асæтдзысты.

– Бакæндзынæ дуар æви йæ æхсгæ фæкæнæм?! – ныррыхыд «гвардионтæй» сæ иу. – Ахсæв хъуамæ нæ фæллад суадзæм. Æмæ дæуæн дæр банкъарын кæнæм æхцондзинад; зæгъынц, зæгъгæ, нырма æвзонг дæ æмæ тынг нæ хъынцъым кæныс дæ мойы тыххæй! Иугæр Сухуммæ уыйбæрц зæрдæзæгъгæ нæлгоймæгтæ-гуырдзиæгтæ æрбацыд, уæд хъуамæ дæ мард мойы нæ, фæлæ æппæт удæгас нæлгоймæгтæ-абхазæгты дæр ферох кæнай. Уыдон æцæг нæлгоймæгтæ куы уыдаиккой, уæд ахæм рæсугъды ам нæ ныуагътаиккой æмæ Гумистайы фаллаг фарс нæ февзæрдаиккой. Æрмæстдæр гъеныр фæзындысты æцæг нæлгоймæгтæ, иу хатт сæ уæддæр фендзынæ дæ цæстæй. Бакæн дуар!

Ларисæ уатмæ бацыд æмæ рухс ссыгъта. Стæй райста къамты альбом æмæ йæ райдыдта фæлдахын. Ссардта, йæ мой, йæхæдæг æмæ сæ фырт кæм уыдысты, уыцы къам. Къам йæ риумæ нылхъывта æмæ ныккуыдта. Стæй нымдзаст уарзон адæймæгты цæстытæм:

«Æз сымах никуы фæхудинаг кодтон æмæ уæ ныр дæр нæ фæхудинаг кæндзынæн. Тынг бæллыдтæн, хъæбул, дæу æфсæддон дарæсы фенынмæ, дæ къухы нæ тырыса фæйлаугæ хæсгæйæ куыд æрбацыдтæ Сухуммæ. Фæлæ цы бакæнæм, кæд Хуыцауы афтæ нæ бафæндыд, уæд! Цæмæй дын дæ фыды ном æмæ дæ ном ма фæхудинаг кæнон, уый тыххæй æз хъуамæ бакæнон афтæ… Фенын мын кæй нæ бантыст, уыцы чындзы æрбакæн ацы фатермæ – æз æмæ дзы дæ фыдæн бирæ фыдæбон ис. Уæ хæлæрттимæ дзы циндзинад скæнут; сымах ам цас циндзинад банкъарат, уыйбæрц мах дæ фыдимæ цин кæндзыстæм уымы бæсты! Мæн æмæ дæ фыдæн нæ намыс сыгъдæг у Хуыцауы раз, адæмы раз. Мах æрмæстдæр фæнды, цæмæй ды фенай уæлахиз æмæ хорз цард… Хæрзбон, мæ удлæууæн, хæрзбон, мæ адæм!..»

Ногæй та ныххостой дуар. Ныр æй цавтой къухтæй дæр æмæ къæхтæй дæр. Ларисæ къам йæ риумæ балхъывта æмæ бацыд дуары цурмæ.

– Кæимæ ныхас кæныс, гацца? Бирæ ма æнхъæлмæ кæсдзыстæм?

Кæнæ ды, кæнæ мах! Мах афтæ бакæндзыстæм, цæмæй дын дæ хъæрзын фехъусой Гумистайы фаллаг фарс! Уæд дæ фырт æмæ йæ хæлæрттæ комкоммæ нæ дзыхы бахаудзысты. Ахæмтæ стут сымах, абхазæгтæ, истæуыл куы смæсты уат, уæд цæттæ стут сæрæй къуламад атонынмæ! Æфхæрд къул баййафдзæн æви уæ сæртæ, – сымах ууыл нæ хъуыды кæнут.

Ларисæ лæууыд дуармæ æнгом. Фæлæ стæй аскъуыддзаг кодта: «Кæд æхсын райдайой, уæд, гæнæн ис, нæмгуытæ дуары ахизой», – цæмæй уыдоны нæмгуытæй ма амæла, уый тыххæй иуварс алæууыд æмæ йæхи къулмæ балхъывта.

– Лæгмартæ, абырджытæ, абон нын нæ зæхх чъизи кæнут, фæлæ уæ тагъд лæггуыфты ахæсдзысты Абхазæй! Æгæрыстæмæй уæ хырыз стджытæ дæр не ‘рцæудзысты ныгæд ацы табуйаг зæххыл. Нырæй фæстæмæ ацы зæхх йæхимæ исдзæн æрмæстдæр сыгъдæг адæймæгты, удæгæсты дæр æмæ мæрдты дæр. Æмæ сымах ацы ‘хсæв кæмæ æрбабырстат, уыцы сылгоймаг дæр у сыгъдæг æмæ сыгъдæгæй бацæудзæн йæ моймæ… Уый ацæудзæн, фæлæ йæ фæстæ ныууадздзæн йæ фырты, кæцы райсдзæн йæ мады маст. Баззайдзысты йæ адæм! – хъуыстысты сæм йæ ныхæстæ.

– Гацца! – ссонт сты уыдон æмæ æхсын райдыдтой дуар. Фæлæ уæдмæ Ларисæ лæууыд æстæм уæладзыджы балкъоныл. Уырдæм æм Гумистайы сæрмæ сау нымæтты уæвæг чысыл лæппутæ-барджытау зындысты бæрзонд къуылдымтæ. Цыма ныртæккæ уыдон ахиздзысты Гумистайы сæрты æмæ бацæудзысты Сухуммæ.

– Мæ уарзон æфсымæртæ! Мæнæн ацæуын афон у! Фæлæ уæм нæ горæт æнхъæлмæ кæсы! – загъта æмæ йæхи балкъонæй аппæрста.

...Миты тъыфылтæ сындæггай хаудысты зæхмæ. Фæлæ, зæххыл уæларвон зæдау чи хуыссыд, уыцы Ларисæйы тугыл ныдзæвгæйæ, уысммæ тадысты, мардысты йемæ… Хъуыддаг цæй мидæг ис, уый бамбаргæйæ, «гвардионтæ» уайтагъд сæхи бынмæ айстой æмæ балыгъдысты зæххыл хаудæй уæвæг Ларисæмæ. Йæ цуры туг куынæ уыдаид, уæд афтæ ахъуыдыгæнæн уыд, цыма уыцы рæсугъд сылгоймаг ахæм уазалы сфæнд кодта митыл æрхуыссын æмæ бафынæй…

– Стайæн удæгасæй цæй æрцахсæн ис!

– Нæ нæм каст йемæ нæ рæстæг арвитыны амонд!

– Фенæм, кæддæра уымы бæсты махæй хуыздæртæ ссарид!

Танк гуыргуыргæнгæ афардæг. Куы фæауuон, уæд цæрджытæ æрлыгъдысты Ларисæмæ. Фæлæ уый уыд мард.

– Уый амард сыгъдæгæй! – загъта, Ларисæ йæхицæй тынгдæр кæй цардæн тарст, уыцы ахуыргонд. Стæй йæ сæрыл бæрзонд схæцыд æмæ йæ цæст ахаста йæ алфамбылай уæвджытыл, цыма йæ зæгъын фæндыд: кæд æнæ мæлгæ нæ уа, уæд æрмæстдæр афтæ сыгъдæгæй.

# ШАЗИНÆ

*Радзырд*

Уалдзæджы дыргъдоны бæлæстæй иннæтæй раздæр æхсынцъы акалы дидинæг. Уый дæр раст афтæ райхæлд – йе 'мгæрттæй раздæр. Стæй... стæй – мæнæ гъе, æхсынцъыйы хъысмæт – уайтагъд атад йæ амонд. Фæлæ уæддæр фыццаг уый фæхатыд æмæ равдыста уалдзæджы æрбалæууд – хуры рухсыл сæмбæлынмæ тырнæгау райхæлдысты урс дидинджыты сыфтæ...

Куыддæр йе 'хсæрдæс азы йæхи фесты, афтæ райдыдта æнкъарын, лæпputы сусæг цæстызултæ йыл æндæдзæгау куыд кодтой, уый. Афтæмæй та дзы йæхи цæстæнгас иу уысмæй фылдæр никуы никæуыл афæстиат. Исчи-иу æм дзы зондджын æмæ намысджын куы фæкаст, уæд-иу æм йæ зæрдæ сдзырдта: хуыздæр æм бакæс, дæ уд дзы барæвдау! Фæлæ, йæ мидхъуыдытæм искæй зæрдæ куы фехсайа, уымæй тæрсгæйæ-иу уайтагъд йæ цæстæнгас иннæрдæм азылдта.

Уыцы аз, Гудауты фараст къласы фæугæйæ, йæ ахуыр адарддæр кодта нæ хъæуы скъолайы. Æрфысым кодта, скъоламæ хæрзхæстæг чи цард, йæ уыцы идæдз фыдыхомæ. Æмæ дын – гъе уый чызг! – йæ горæтаг митыл йæ къух сисыны бæсты ноджы фæфыддæр, цыма сæ барæй æвдыста. Ахæм кæлæнгæнæг худт зыдта, æмæ цыфæнды уазалзæрдæ лæппу дæр йæ цурты афтæ нæ ахызтаид, æмæ йæ зæрдæйы сусæг арт ма ссыгъдаид. Йæ сатæгсау аив æлвыд сæрыхъуынтæ йе уæхсчытыл уылæнтæй æнцадысты, цыма йын йæ урс-урсид буар хурæй хъахъхъæдтой. Цæстытæ – ноггуырд роды æнæхин цæстытæ – иудадзыг кодтой рæвдаугæ æмæ æмбæхсгæ каст, йæ уадултæ судзгæ арты хуызæн, цыма йын сæ лæппутæ йæ рæсугъддзинадæй маст исыны охыл сусæгæй сырх ахорæнæй сахуырстой. Йæ риутæн скъолайон формæйы къаба нал фаг кодта, æмæ цыма къаба йæхæдæг дзырдта, кæй йын суынгæг, йæ хицау чызгон кары кæй бацыд. Лæппутæн уæлдай зындæр уыд сæ цæстæнгас йæ рæхснæг зæнгты фидауцæй атонын, æмæ, гæнæн ис, уый тыххæй иудадзыг дæр цыдис гомзæнгæй – цыма тæрсгæ кодта сæ рæсугъддзи-

над сын бамбæхсынæй. Уымæ гæсгæ йæ къæхтæ афтæ сфæлтæрдтой, æмæ хæрз æнцонæй йæ бон уыдис цыфæнды уазал бон дæр мацæмæ æрдарын. Кæддæриддæр – бæрæгбонты, изæрыгæтты клубы киносеансты æмæ хъазтизæрты йеддæмæ – дардта йе скъолайон цыбыр къаба. Цыд йæхи зæрдæмæ дæр, фæлæ уæлдай тынгдæр та лæппуты зæрдæмæ цыд: уымæн æмæ ахæм хорз уыд, ахæм, уыцы къаба, æмæ-иу рог дымгæ искæцæй куы фæзынд, уæд-иу ын йæ дымджытыл уæлæмæ схæцыдаид, йæ зæнгтæ йын быдиттæй равдыстаид, æмæ дзы иу уысммæ иууылдæр сæ цæстытæ ныссагътаиккой.

Йæхæдæг та уыдонæн се 'ппæтæй дæр бауарзта æрмæстдæр иуы. Куыд æй базыдтой? Куыд вæййы, афтæ: лæппу-иу скъолайы куынæ уыд, уæд-иу йæхимæ ныхъхъуыста æмæ-иу йæ тыхст цæстæнгас кæрты 'рбахизæнмæ сарæзта.

Уыцы лæппу дæр æмæ иннæтæ иууылдæр а дунейыл æппæтæй тынгдæр тарстысты йæ фыдыхойæ – ох, æмæ тынг карз уыд, чи йæ смæсты кодтаид, уыдонæй никæуыл бацауæрстаид! «Уый хуызæн фыдцъылызимæ куыд цæры ахæм фæлмæнзæрдæ æмæ хæларзæрдæ чызг?» – цымыдис кодтой адæм. Æмæ афтæ дæр царди – дуры уæлæ чи сырæзт, ахæм дидинæгау – фæстæмæ йæм ницæй тыххæй сдзырдтаид, алцæуыл дæр ын разы кодта. Стæй… Цæй, алцæй тыххæй дæр радзурæд йæхæдæг.

– Батал! Батал! Абон дæр та æнæ дæу кæсын хурмæ, æмæ та уый абон дæр суанг изæрмилтæм архайдта мæн йæ рæвдаугæ тынтæй батавыныл, кæцытæ нал æндзæвынц дæ цæсгомыл. Ды хъахъхъæдтай уыцы хуры тынты, Батал, цæмæй уыдон, уыцы фæлмæн хъарм тынтæ, уазал мигътæй сæхи ратонгæйæ, мах ам, зæххыл, хъарм кодтаиккой. Нæ фæхатыдысты уыдон, Батал, дæумæ чи тахт, уыцы нæмыг. Æмæ йæ кæд уыдон фæхатыдысты æмæ ныхъхъæр кодтой, уæд дæумæ цæуылнæ фехъуыст уыцы хъæр?..

Уыцы рæстæг ды ницы хъуыстай, дзырдтай дæхæдæг дæхиимæ æмæ хъуыстай æрмæстдæр дæ зæрдæйы цавд. Иу уысм уæддæр куы байхъуыстаис уыцы тынты хъæлæстæм, уæд сыл бауузæндыдаис! Чи йын цы зоны, гæнæн ис, басыгътаиккой йæ, уæлдæфы бадон кодтаиккой, уыцы бон дæу чи агуырдта, уыцы нæмыджы, кæнæ сæ бон бауыдаид, дамбаца чи сифтыгъта, чи ныхъхъавыд æмæ мæнгвæдæгыл чи æрбахæцыд, уый исты хуызы баиргъæвын. Загътаиккой йын: адæймагæн æрмæстдæр иунæг цард куы ис, иу зæрдæ. Уыцы зæрдæйы – уарзт, æмæ адæймаджы куы амарай, уæд уарзт дæр амæл-

дзæн. Куырм у дымгæ, кæцы сæтты бæласты, пырх кæны мæргъты ахстæтты тæнæг авгын мигæнæнау, сæмбæлы æмæ ныппырх кæны мигъты, зæххыл уадзы къæвдайы дон, раскъуыны дыргъдоны иууыл рæсугъддæр дидинджыты сыфтæ. Фæлæ адæймаг?! Уыцы адæймаг, мад йæ риуы æхсырæй кæй схаста, авдæны зарджытæ кæмæн кодта – йæ мады рæвдаугæ цæстытæм кæсгæйæ ма цæмæн иста йæ удмæ уыцы фæлмæндзинад? Ау, уый тыххæй, цæмæй, куы бахъомыл уа, уæд амара æндæр адæймаджы? Æмæ, чи зоны, адæймаг дæр нæ уыд, фæлæ æндæр цыдæр, адæймаджы гакк æнæнхъæлæджы чи райста? Къухтæ, къæхтæ – алцы дæр йæ бынаты, æрмæст зæрдæ нæй. У ауионы хуызæн; адæймаджы фæдыл цæугæйæ, фæлхат кæны йæ алы фезмæлд дæр, фæлæ уæддæр йæ бон нæу, искуы адæймаг суа, сдзура… Æмæ, чи зоны, æцæгæй дæр ауион у – иудадзыг хилы адæймаджы фæдыл, фæлæ адæймаг куынæ суа, уæд æм хæлæг кæны æмæ йæ мары, чъылдымæрдыгæй йæ фехсгæйæ. О, Батал, æвæццæгæн, сты, адæммæ хъыг чи у, ахæм ауиæттæ. Уыдон цæуынц махæй алкæй фæдыл дæр, æмæ мах цæрæм, цалынмæ нæм æгæр тынг хæлæг кæнын райдайой, уыдонæй уæлдæр кæй стæм, уый тыххæй, уæдмæ. Зæгъæм, мæ ауион фæразы æрмæстдæр хурныгуылды онг, стæй йæ мæхæдæг райдайын мæсты кæнын æмæ йыл худын: мæ райгуырдæй фæстæмæ ме 'мдзу кæй кæны, фæлæ уæддæр йæ бон кæй нæ бацис адæймаг суæвын, кæй тæрсы талынг бынæттæй æмæ уайтагъд æрбайсæфы тары…

...Æмæ дыл куыд фидыдта, Батал, арæнхъахъхъæнæджы дарæс! Бон æппынкъаддæр фондз хатты фæкæсын, кæй мæм æрæрвыстай, уыцы къаммæ. Фæкæсын æм, бамбæхсын æй, ды та уæддæр фæлæууыс мæ цæстыты раз. Фæлæ та уайтагъд, цыма мæ рох кæнын райдайы – цавæр дзы дæ – æмæ та йæм, «сæххормаг дзы уæвгæйæ», ногæй æркæсын. Райдианы йыл дзæвгар рæстæг мæ цæст нæ ахуыр кодта – дæ ног дарæс фæлвæрдта дæу æндæрхуызонæй, мæнæн æнæзонгæйæ равдисыныл. Стæй дæ лæуд дæр цыдæр æндæр уыд: дæ къухтæ фæрстæм æнгом æлхъывд, афтæмæй дæхи нымраст кодтай – ахæмæй дæ нæ хъуыды кодтон. Æз райдыдтон ахæм къамтæ агурын, ахуыр дыл куыд уыдтæн, ахæм лæуд кæм кодтаис – фæлæ мæ бон нæ баци ссарын.

Фæлæ стæй фæхатыдтæн дæ мидбылхудт – уый мын никуы фæивддзаг уыдаид æндæр искæй мидбылхудтимæ. Куы йæ базыдтон, уæд бацин кодтон, уымæн æмæ тæрстæн, цыма, салдат куы суай, уæд фесафдзынæ, æндæрты 'хсæн бæрæг кæмæй дардтай, уыцы æууæлтæ.

Зæгъæм, дæ сæр æфсæддон бынып æлвыды фæстæ цы худæг бецыкк фесæфтай, уыйау, чи-иу ныззул æмæ дын дæ рахиз цæст чи æмбæхста – цæмæдæр гæсгæ мæм каст, æмбонды сæрты искæй дыргъдонмæ фæткъуытæ давынмæ чи бахизы æмæ йæ цæсгом чи фембæхсы, ахæм чысыл лæппуйы къухы хуызæн. Куыд тынг уарзтон уыцы бецыкк æмæ йыл куыд арæх хъуыды кодтон мæ уды æхсызгондзинады æнкъарæн райхъал кæныны тыххæй!

Ныр та дын, Батал, хъуамæ раргом кæнон, цалынмæ æфсадмæ нæ ацыдтæ, уæдмæ дæ кæй æмбæхстон, уыцы хабар: цæмæн æрцыд уырдæм, куыройы сæрмæ бызаты къохы, æз æмæ-иу ды кæм æмбæлдыстæм, уым змисыл йæ фæдтæ кæмæн федтам, уыцы лæппу. Æрмæст мæм ды ма фæхæрам у уыцы чысыл сусæгдзинады тыххæй: уый уыд иунæг ахæм хабар, уый йеддæмæ дын алцæй тыххæй дæр мæ зæрдæйы дуæрттæ гом уыдысты. Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ æз алцы дæр куы базыдтон, уæд мæм лæппу тынг бахатыд, цæмæй дæуæн мацы зæгъон, кæннод дын фыр æфсæрмæй йæхи дæр нал равдыстаид. Æз уайтагъд фæцæуæг дæн, уымæн æмæ мын æй куы дзырдта, уæд йæ цæсгом сырх кæнын райдыдта, æмæ йæ куы фæхатыдаид, æз федтон, йæ цæсгом кæй фæсырх, уæд мæнæй дæр райдыдтаид æфсæрмы кæнын... Куыд рабæрæг, афтæмæй мах кæм æмбæлдыстæм, уыцы бызаты къохы уыдис кæлмытæ; лæппу дзырдта, цавæр кæлмытæ уыдысты. Уый сæ федта, уыцы ран йæ родтæ куы хызта, уæд, мах та дзы иу дæр никуы федтам. Загътаид нын æй, уый йæ бон нæ уыд: уæд мах бамбæрстаиккам, кæй зоны, сусæгæй æмбæлæм, уый, – æмæ уымæ гæсгæ, йæ бинонты сусæгæй уыцы бынатмæ хаста зæронд къалоситæ, резинæ цырыххъытæ æмæ сæ сыгъта. Кæлмытæ нæ фæразынц хъæхъхъаг сыгъды тæфæн æмæ уæдæй фæстæмæ никуыуал фæзындысты уыцы бынæтты. Чысыл лæппу нын ахæм хуызы хъахъхъæдта нæ уарзондзинад, афтæмæй та йæхæдæг уарзондзинадæн зонгæ дæр ницыма кодта – растæндæр, кæсын чи нæ зоны, фæлæ чиныг цы у, уый чи хаты, æмæ йæ судзынмæ чи хъава, уый къухтæй йæ стонгæйæ, хæдзармæ æмбæхсынмæ чи ахæсса, ахæм адæймагау… Уыцы лæппуйы тыххæй ма дын фæстæдæр радзурдзынæн, Батал, ныртæккæ та мæ зæрдыл æрбалæууыд, æфсадмæ ацæуыны размæ бон изæры махмæ куыд цыдтæ, уый… Куыдфæнды ма уа, æрмæстдæр ма мæ мысинæгтæй цæрын, дарддæр – сæрсæфæн, æмæ, искуы уыцы арæнæй куы ахизон, уымæй тæрсгæйæ сæ фæдзурын æмæ фæфæлхат кæнын мæхицæн...

Куы нæм æрбацыдтæ, уæд æз къæбицы уыдтæн, æмæ дæ фыццаг мæ фыдыхо ауыдта. Мæнмæ гæсгæ, уый размæ кæмдæр чысыл ануæзтай, уымæн æмæ æз фехъуыстон уыцы зонгæ, доны малау сабыр нæ, фæлæ æндæр хъæлæс… Уый тыххæй æмæ ды мæ ном загътай уæлдай хъæрдæрæй, æмæ, куыд донæй фесхъиуæг кæсаг, афтæ фæхицæн дæ иннæ дзырдтæй. Мæ фыдыхо, иудадзыг тызмæг уæвгæйæ, иннæ хæттытæй хъауджыдæр ацы хатт уыд саламдæттондæр æмæ фæлмæндæр, хуыдта дæ уæлæмæ хæдзармæ. Æмæ ды куынæ сразы дæ, уæд мæхæдæг, мæ къæхтæ мæ быны дыдæгътæ кодтой, афтæмæй ныййарц дæн уæ цурмæ арахъхъы дурын æмæ æнгузтимæ. Ды, куыд æцæг нæлгоймаг, афтæ ракуыывтай мах кадæн, дæ цæст мæм фæныкъуылдтай æмæ мын мæ фыдыхойы худынмæ хъусгæйæ, загътай амонды фæндиæгтæ. Уыцы бон, Батал, амонд бакъахдзæф кодта мæ къæсæрæй, æмæ, æз куы зыдтаин, дæуыл исты æрцæудзæн, уæд дæ æнгузау бамбæхстаин скъаппы, æмæ мæхи йеддæмæ никæй бон бауыдаид йæ дуар ын бакæнын. Æз тарстæн, мæ фыдыхо нæ ахастыты тыххæй исты куы фæхатыдаид, уымæй, зыр-зыр кодтон фыр тасæй, ды та, цыма бынтондæр ахæмæй ницы, уыйау дарддæр кодтай дæ ныхас. Фæлæ уый, табу Хуыцауæн, æппындæр ницы фæхатыд… Æрмæст, нæ хæдзарæй цæугæйæ, дæ алы къахдзæфимæ дæр йæ къæбæлæй халгæ æндахау цыдтæ мæ цардæй. «Хуыцауы уазæг у, хорз лæппу бахъомыл!» – загъта мæ фыдыхо. Æз æм мæ миднымæры бафтыдтон: «Хуыцау зæгъæд!»

Уый никуы никæмæй раппæлыд, æмæ æз ахъуыды кодтон, йæ арфæ дын æнæмæнг кæй баххуыс кæндзæн. Раст уыцы рæстæг æрбайхъуыст, чи дæм æнхъæлмæ каст, уыцы машинæйы сигнал, æмæ дæ ныхас æрдæгыл фескъуыдтай: зындис дыл, тынг ахсджиаг чи уыд, ахæм цыдæр зæгъынмæ кæй хъавыдтæ, цыма йæ æмбæрстай, уымæй уæлдай дæ къухы кæй нал бафтдзæн йæ зæгъын. Фæлæ мæ фарсмæ лæууыд мæ фыдыхо, æмæ мæ зæрдæ фыр тасæй сæнкъуыст, мацы дæ сирвæзтаид. Стæй та ногæй æрбасигнал кодтой, æмæ уымæй æппæт дæр аскъуыддзаг: ды æрбакастæ махмæ æмæ ныххудтæ уыцы æнахуыр худтæй, æндæр искæй худтимæ мын чи никуы фæивддзаг уыдзæн, ахæм худтæй. Дæ ацыды фæстæ дæр ма дзæвгар рæстæг зæлыд мæ хъусты, цыма тæрсгæ кодтон, куы йæ ферох кæнон, уымæй, æмæ уыцы тасимæ бафынæй дæн.

...Фыны уыдтон, цыма уарыд мит, æмæ ды мæн, мæ къухыл мын хæцыс, афтæмæй фæкæныс цавæрдæр быдыры. «Нырма нæ бирæ цæуын хъæуы, – дзурыс ды, – мах та хъуамæ фæстæмæ дæр раздæхæм, цалын-

мæ нæ фæдтæ зынынц, уæдмæ: уымæн æмæ тынг схъыздзæн». Мах нæ дыууæ дæр уынæм, мит кæй уары, уый, фæлæ цыма æз бадис кодтон: «Кæцæй йæ зоны, схъыздзæн, уый?».

Уæдмæ мит йæ уарынæй банцад, стæй цыма фæхъармдæр: раст цыма хур йæхи зæхмæ хæстæгдæр æруагъта. Фæлæ стæй æнæнхъæлæджы сыстад, уæнгты иннæрдæм чи хызт, ахæм дымгæ, митрыг хæрдмæ здухгæ иста. Æз скастæн арвмæ, æмæ мæм хур фæкаст, дымгæ йæ сыфтæй кæмæн скъуыдта, ахæм дидинæджы хуызæн. Дидинæг фæлвæрдта йæхи йæ къалиутæй бахъахъхъæнынæй, æмæ кæд уыдон ныхстысты дымгæйы, уæддæр сын, æвæццæгæн, дымгæ быхста.

«Батал, – лæгъстæ кæнын æз, – нæ уыныс, арвыл дидинæгæн цытæ кæнынц? Баххуыс ын кæн, фервæзын æй кæн!»

Фæлæ ды æрмæстдæр худтæ, æмæ стæй загътай, æз дымгæйæн дидинæгæй тынгдæр кæй нæ тæригъæд кæнын, кæцы йæ уарзы, фæлæ йæ уæддæр хъуамæ амара. Ды цыдтæ, дæ къухæй мын мæ арм тынг нылхъивгæйæ, æмæ æз цин кодтон дæ хъаруйыл, дæ зондыл æмæ ууыл, тынг æввахс мæм кæй уыдтæ… Уалынмæ фехъуыстам дымгæйы кæуын: бæрæг уыд, кæй асаста дидинæджы æмæ ныр йæхи хæры æмæ æргæвды, цы бакуыста, уымæ кæсгæйæ. Æз æнкъардтон, дымгæ нæ фæстæ кæй ис, кæй нæм у бынтон æввахс, фæлæ мæ ды нæ бауагътай фæстæмæ акæсын: ома, куы нæ ‘рбаййафа, уæд æй уæддæр фендзыстæм. Æцæгæй дæр уайтагъд нæ фæрсты асыффытт кодта, фæлæ уадидæгæн фездæхт фæстæмæ, стæй та ногæй размæ абырста – цыма, æнæуынгæ тых фыдракæнды бынатмæ кæй ласы, ахæм лæгмар уыд. Уæд мæ зæрдæйы цавæрдæр тасдзинад бацыд, æмæ, мæхи дæм æнгом балхъивгæйæ, райдыдтон дзурын, мит кæй у, арв кæй дзуры æмæ зæхх кæмæ хъусы, ахæм аргъау, фæлæ æгæр куы ныддаргъ уа, уæд фæзындзæн хур æмæ йæ батайын кæндзæн, кæмæй сфæлмæцыд, уыцы аргъау фескъуынæгау. Æмæ уæд аргъауы хъайтартæ иууылдæр – миттъыфылтæ – амæлдзысты. Фæлæ мах, уыцы аргъаумæ фæрссаг хъусджытæ, баззайдзыстæм удæгасæй æмæ йæ уымæ гæсгæ хъуамæ радзурæм, сæрды ‘рбалæудмæ чи æрбайсæфы, уыцы æрттиваг хъæндилтæ æмæ гæлæбутæн… Стæй райхъал дæн фыр дойныйæ.

Цæуыл фæдзурынц хæдзæртты агъуыстытæн къæвдайы æртæхтæ? Уыдæттыл, куыд даргъ фæндагыл фæцыдысты, куыд уазал сын уыдис, фæндагыл цæугæйæ, кæнæ уый тыххæй, уыдон кæй хъуыды кæнынц æмæ уарзынц, фæстæмæ кæмæ здæхынц, уыцы зæххы?

Ныр та, Батал, æз мæ ныхас адарддæр кæндзынæн нæ чысыл хъахъхъæнæджы тыххæй. Уымæн сыгъд фесты, цыдæриддæр сæ хæдзары резинæйæ уыдис, уыдон – къалостæ, цырыхъхъытæ. Баззадысты ма дзы æрмæстдæр йæ мард фыды цырыхъхъытæ. Бинонтæ йын æфснайдæй дардтой йæ дзаумæттæ, æмæ-иу лæппу æрвылбон дæр бахызт, уыцы цырыхъхъытæ кæм уыдысты, уыцы уатмæ æмæ йæхимидæг ныхас кодта семæ, йæ фыды иууыл æввахсдæр хæлæрттыл сæ нымайгæйæ. Фæлæ æппынфæстаг æрцыд уыцы бон – зæрдæрисгæйæ сын сæ хъустæ куы ралыг кодта. Куы сæ басыгъта, уæд, хæдзармæ æрбаздæхгæйæ, райдыдта цырыхъхъыты бынты сабыр кæнын: ома афтæмæй хуыздæр фидаут, уымæйдæр ацы аз бирæ мит нæ ныууардзæн, мæ къæхтæ мæ фыды къæхтау куы сыстыр уой, уæд уæ скæндзынæн, фендзыстут æй.

Фæлæ дымгæ сыгъдуатæй сыгъды тæф фæйнæрдæм куы фæсырдта, æмæ кæлмытæ ногæй куы фæзындысты, уæд бацыд уыцы уатмæ, скодта сæ æмæ афтæмæй рацу-бацу кодта. Стыргомау ын уыдысты, æмæ йæ бахъуыд йæ къæхтæ бæрзонддæр исыны сæр, цыма йын цъыфы сагъдысты – фæлæ уымæй бынтондæр нæ къæмдзæстыг кодта! Уымæ æвзæрд цавæрдæр æнæмбæрстгонд цинæмхæццæ риссаг æнкъарæн. Йæ зæрдæ йæм дзырдта, кæй сын у судзынмæ ахæссыны афон. Æмæ, уадз йæ фыды «хæлæрттæ» йæ банымайæнт сайæгойыл, уæйгæнæгыл – уæддæр хъуамæ ацæуа уыдоны, бахæццæ уа бынатмæ æмæ сæ, йæ цæстытæ сæхгæнгæйæ, басудза. Кæлмытæ судзгæ резинæйы тæф куы банкъарынц, уæд мæстæй сæ хъæстæ ныууадзынц дуртыл æмæ фæйнæрдæм алæсынц… Уый-иу, куыд рабæрæг, афтæмæй уый фæстæ дæр арæх бацыд уыцы бынатмæ, фæлæ уæд семæ нал ныхæстæ кодта, стæй, кæимæ ныхас кодтаид, уый дæр дзы нал уыд: цырыхъхъытæй ма баззад æрмæстдæр армыдзаг фæнык.

Ехх, Батал, æввахсæй-æввахсдæр мæм кæныс, уæд дæ бынтондæр цы нæ уæгъд кæны? Иуæй-иу хатт дæ афтæ бæлвырдæй фæуынын, æмæ мæм афтæ кæсын райдайы: чысыл ма, чысыл, æмæ ды ныппырх кæндзынæ, кæм дæ, уыцы фыны авгын хæрв æмæ удæгасæй, æнæ хъыгдардæй, худæндзастæй æрлæудзынæ мæ разы – кæддæр фæсцъынайæ куыд рахызтæ, афтæ…

Мæнæй никуы ферох уыдзæн, мæ цæстысыгтæ циндзинадимæ кæм сæмхæццæ сты, уыцы фæззыгон бон. Уый уыдис хуыцаубоны, мæ фыдыхо горæтмæ ацыд. Æз хæрын кодтон кæрчытæн æмæ æнæнхъæлæджы ауыдтон, ды фæстæты кæй ссæуыс хæдзармæ. Хъуыды йæ кæнын, дæу хъуыдис цыдæр чиныг, фæлæ мæнмæ нæ

разынд. Мæн хъуыдис æнгузтæ уидзынмæ цæуын, æмæ мах ацыдыстæм иумæ. Хъуыды йæ кæнын: ды æхсæрæгау уыцы рæвдз схызтæ бæласмæ, æмæ йæ ахæм уыгъд ныккодтай, æмæ йыл, æвæццæгæн, сыфтæрты йеддæмæ ницыуал аззад. Стæй, дæ дæндæгты 'хсæн цыппар тарцъæх-сау сæнæфсиры цупалы балхъивгæйæ, æрхызтæ бынмæ æмæ дæ фæндыд цыппары дæр мæнæн раттын – ома мæхæдæг уæле бафсæстæн. Æрмæст æй æз зыдтон: ды мæ разæй сæнæфсирмæ æвналгæ дæр нæ фæкодтаис. Ды дуры уæлæ састай æнгузтæ æмæ мæм сæнæфсиры фæстæ фæкастысты уæлдай хæрзаддæр.

Ды дзырдтай, куыддæр æфсадæй æрыздæхай, афтæ ахуыр кæнын кæй райдайдзынæ Сухумы, æмæ де 'рцыдмæ кæсгæ дæр куыд никæмæ бакæнон. Æз та хъазгæйæ загътон: «Кæс, ды ацæуудзынæ æфсадмæ, æмæ дæ æз ферох кæндзынæн, кæддæр сабидуджы кæй кастæн, уыцы чингуытау, æмæ хуыздæр уыдзæн, цæмæй ма ацæуай».

Ды та худтæ: зыдтай, кæй дæ нæ ферох кæндзынæн. Æмæ, æхсæртæ голлагмæ уидзын куы райдыдтон, уæд æй нæ рахатыдтæн, ды цъынайы фæстæ куыд амбæхстæ. Æз æй бамбæрстон, хъазгæ кæй кæныс, фæлæ ды афтæ æрæгмæ хызтæ, æмæ тыхсын райдыдтон: кæд дæм, мыййаг, мæ ныхæстæ хъыг фæкастысты? Голлаг ныууадзгæйæ, араст дæн дæу агурæг, æмæ мын уæд ды, фæстæты мæм æрбахъуызгæйæ, мæ цæстытæ де 'рмттæй амбæрзтай.

«Æз фæраздæр дæн, фæраздæр дæн», – мæ хъусы мын басыбар-сыбур кодтай æмæ, худгæйæ, ныййарц дæ æнгуз бæласмæ. Мæн уадидæгæн йæ уæлныхты systa цавæрдæр сæлхæр циндзинады уылæн, æмæ мæхи аппæрстон дæ фæдыл, куыдфæндыйæ дæр хъуамæ фыццаг мæ къух андзæва бæласы зæнгыл. Ды хорз лыгътæ, фæлæ, ленкгæнæджы йæ ныхмæцæуæг тыхджын ивылæн куыд хъыгдара, афтæ хъыгдардта, æрдуз чи бамбæрзта, уыцы ногкарст кæрдæг. Уый фæхатгæйæ, æз мæхи размæ аппæрстон иувæрсты цæуæг къахвæндагыл æмæ фыццаг æз авæрдтон мæ къух æнгуз бæласы зæнгыл. Æмæ уæд, дæ цæсгом мæм æрбаввахс кæнгæйæ, ды мæнмæ радтай, æз дзуапп раттынæн тынг кæмæй тарстæн, уыцы фарст: «Цы дын дзурынц мæ цæстытæ?»

Æз загътон, – мæ бон нæ баци æндæр исты æрхъуыды кæнын – кæй сæ уынын хъыгдзинад, кæй фембылды дæ, уый тыххæй.

«Нæ, Шазинæ, мæ цæстытæ бынтон æндæр цыдæр дзурынц!» – загътай ды æмæ мыл дæхирдæм æрбахæцыдтæ. Æз дæумæ афтæ æввахс никуыма лæууыдтæн, æмæ мын дæ хъарм комытæф мæ сæр зилын

кодта. Уыцы уысм æз æнкъарын райдыдтон, лæппуйы комытæфæн фæразын дын зын куы уа, дæ тых дын куы байса, уæд дын, гæнæн ис, алцы дæр ферох кæнын кæна. Æмæ алцы дæр, цæмæйдæриддæр тæрсыс, æфсæрмы кæныс, ахизынц адджын фынмæ. Æмæ дæм стæй, цыдæриддæр баст у чызгондзинадимæ, уыдонæй алцы бавзарын æмæ банкъарын дæр фаг нал фæкæсдзæн.

* * *

...Дымгæ æнгуз бæласы къалиутæй куы хъазыд æмæ сæ кæрæдзийыл куы хоста, уæд ныл уæлейæ сабыр сыбарсыбургæнгæ згъæлдысты хус сыфтæртæ, æмæ мæнмæ афтæ кæсын райдыдта, цыма мæ царды кæронмæ дæр цæттæ дæн уыцы зæлтæ хъусынмæ… Æппæт уыцы рæстæг мæ хъуыдыкæнынады тæккæ рæбын тæлфыд хæдзарон хъуыддæгтыл хъуыды: хъуамæ сæндуцæны сæнæфсиры дон азмæстаин, дон æрбахастаин, сæны фыхтæгæн банкæтæ ныхсадтаин, цхъори æртыдтаин, мамалыгæ сфыхтаин. Стæй горæтæй æрбаздæхдзæн мæ фыдыхо – хъæуы йæ размæ ацæуын, хызынтæ хæссынæн ын аххуыс кæнын. Фæлæ æппæт уыцы кæнинæгтыл ахæцыдтæн иуварс, адард сæ кодтон, цæмæй мæ мацы иппæрд кодтаид мæ амондæй. Чи зоны, уыцы хъуыддæгтæ дæр æнæмбæрстгонд амондыл дзурæг уыдысты, фæлæ, мæ ныры амондимæ абаргæйæ, уыдон афтæ лыстæг æмæ æнæмидис уыдысты – чи сæ равзæры, уыцы кæсæгтæ уайтагъд кæй ферох кæнынц, ахæм еугæфы нæмгуыты хуызæн. Уый, Батал, æз нæ амонды сæрвæлтау архайдтон, мæ фыдыхо-иу хæдзары куынæ уыд, уæд мын мæ хурхыл чи хæцыд, уыцы хæдзарон хъуыддæгтæ ферох кæныныл. Æз алы хатт дæр афтæ тынг тарстæн дæу фæхъыг кæнынæй, æмæ-иу уый тыххæй хатт, гæнæн цæмæн нæй, уый сæрты дæр ахызтæн. Стæй мæ тынг нæ фæндыд, цæмæй исчи зыдтаид нæ ахастыты тыххæй, дзырддаг сæ кодтаид. Зонын æй, дæу дæр фæндыд. Рыстæн фæразын чи зоны, уый йæ риссаг къахæй нæ фæчиудзæн, йæхиуыл комдзог нæ рацæудзæн. Афтæ, сусæгдзинад æмбæхсын чи зоны, уый дæр архайдзæн, цæмæй йæ цæсгомыл мацы разына. Уыцы сусæгдзинад мах æмбæхстам æрмæстдæр нæхицæн. Уый тыххæй сæрыстыр уыдтæн дæуæй æмæ цин кодтон, нæ фидæны амондыл хъуыды кæнгæйæ. Æз зыдтон, уыцы амонд æнæмæнг кæй æрцæудзæн, фæлæ-иу тасæй мæ зæрдæ йæ кусынæй ныллæууыд: куыд æмбæлы, афтæ йыл сæмбæл-

дзынæн? Æмæ мæхи цæттæ кодтон уыцы фембæлдмæ, Батал, æдылы къоппа, ды та хъуыды кодтай, цыма æрмæстдæр ды судзыс уыцы пиллон арты. Æз дæр дзы сыгътæн, æмæ мæн дæр хъуыди амонд, æрмæст æй æз не 'вдыстон, æмбæхстон æй нæ фембæлдтыты рæстæг. Уымæн æмæ, куыддæр мын мæ зæрдæ дæхи бакодтай, уæдæй фæстæмæ мын йæхæдæг райдыдта аивæй дæ ныхæстæ дзурын. Дæуæн дæ бон алцы дæр уыд, Батал: дæ бон уыд, цин кæнын дæр мæ фæкодтаис, кæуын дæр, æнкъард кæнын дæр, худын дæр. Æз дæу фыр цинæй истон уæлæрвтæм æмæ дын мæ мидзæрдæйы лæгъстæ кодтон, цæмæй мын мæ амонд ма байстаис, дæхи мыл ма атигъ кодтаис. Æмæ-иу куы куыдтон, уæд-иу мын ды ногæй уыдтæ Хуыцау, æмæ-иу ногæй дæ къухты уыдис мæ хъысмæт, мæ амонд, æмæ мæм афтæ каст, цыма дæу нæ фæнды, цæмæй мын æй раттай, ма мæ фæриссын кæнай, афтæмæй. Фæлæ-иу стæй ды райдыдтай мæн хъæлдзæг кæнын, æмæ-иу æз мардтæн худæгæй… Æмæ цы нæ æрхъуыды кодтаис: куы мигътæ уыдысты, кафынмæ рахизын кæй цæсгом нæ хъæцыд æмæ æрмæстдæр кæрæдзийы чи схуыста, ахæм чызджытæ, æмæ куыддæр арвнæрд гуымсæгъыл ныццæгъда, афтæ, цыма цæрдæг лæппутæ кафты зиллаккмæ рагæппытæ кодтой – йæ кафт райдайдзæн тæрккъæвда. Куы та хæхтæ уыдысты, рæсугъд æрдузты чи уарзта æмæ уыдон сæхæдæг дæр кæй уарзтой, ахæм æфсæрмдзæстыг лæппутæ, фæлæ хæхтæн уыдонмæ бацæуын кæй не 'нтысы æмæ æрдузтæ дæр кæй ницы дзурынц, уый тыххæй æнхъæлмæ кæсынц сæ ныхасмæ… Уыцы къаннæг аргъæуттыиу ды уыйбæрц уд бауагътай, æмæ сыл æгæрыстæмæй райдыдтон æууæндын дæр; æмæ сыл цас тынгдæр æууæндыдтæн, уыйбæрц-иу тагъддæр æрхъуыды кодтай ног аргъæуттæ. Уыдон афтæ сбирæ сты, æмæ сагъæстыл фæдæн: мыййаг, дæ удæн йæ чысылдæр хай уарзондзинадæн куы раттай, йе стырдæр хай та – аргъæуттæн. Фæлæ мæм стæй худинаг æркаст мæ хъуыдыты тыххæй. Ды мын сæ, Батал, кæй зæгъын æй хъæуы, ныххатыр кæндзынæ. Мæ царды бон, ды никуы уыдтæ мастхæссаг… Дæуæн дæ бон бирæ цыдæртæ уыд адæмæн хатыр кæнын.

Зонын æй: ды мын мæ фыдыхо Татайы гуымиры адæймагыл нымадтай. Æмæ уымæй демæ разы дæн: сылгоймаджы фæлмæндзинад ын нæ фаг кодта – раст цыма Хуыцау миниуджытæ куы уæрста, уæд ын сылгоймæгтæн не сфаг сты, æмæ йын хылæмхиц нæлгоймаджы миниуджытæ радта. Фæлæ йæ æз азымы нæ дарын… Сæ ныййарджыты амæлæты фæстæ йе 'ртæ æфсымæры æмæ цыппар хойæн мады

бынаты дæр балæууыд æмæ фыды бынаты дæр. Цалынмæ сæ алкæй дæр йæ царды фæндагыл нæ бафтыдта, уæдмæ йæхиуыл нæ хъуыды кодта. Æмæ йæ æрмæстдæр йе 'фсымæртæн устытæ ракурыны æмæ йæ хоты чындзы арвитыны фæстæ равдæлд, сылыстæджы амондæй йæм цы хай æмбæлд, уымæ. Æрмæст ын æгæр цыбыр рауад: йæ мой амард, сывæллон дæр ын нæ ныууагъта, афтæмæй. Дæхæдæг æй бамбар – æппæт уыдæттæ æнæ бандавгæ куыд фæуыдаиккой йæ удыскондыл! Æз скъола куы фæдæн æмæ институтмæ куынæ бахаудтæн, уæд мæ бафæндыд бирæ нæ, фæлæ фидæн азы онг уæддæр баззайын йæ цуры, æххуыс ын кæнын, æнцойдзинад ын раттын. Мæ зондджын Батал, ныххатыр ын кæн, кæд дын искуы истæмæй смаст кодта, уæд. Ды æрыгон уыдтæ, дæ бон уыд алцы дæр ферох кæнын, бабыхсын, уый та… Æгæрыстæмæй раст куынæ уыдаид, уæддæр ын нæ хъуыд дзуапп дæттын, йемæ быцæу кæнын: уæддæр-иу фæстæдæр йæхæдæг бамбæрста йæ азым æмæ-иу йæхи æфхæрдта. О, Батал, ды дæхæдæг алцы дæр тынг хорз æмбæрстай, кæд уый тыххæй дзургæ ницы кодтай, уæддæр. Хуыддаг уый мидæг ис, æмæ-иу ды алы хатт дæр баззадтæ, цы уыдтæ, уымæй. Дæ удысконд райгуырд демæ æмæ алы хатт дæр уыдис дæхи. Æрмæст афтæ ма хъуыды кæн, æмæ мын де 'рдæм зæрдæхсайд нæ уыди. Фæлæ зæрдæхсаинагæй дæр уадиссаг ницы уыдис, æмæ-иу æй æмбæхсгæ дæр бакодтон мæ зæрдæйы рæбын, дæ цæстныдзæвæн кæдæм не 'ххæссыд, ахæм ран. Æмæ уæдæ æндæрхуызон куыд?.. Ды уыдтæ æрыгон лæппу æмæ, чызджыты 'хсæнмæ бахаугæйæ, æндæры уарзгæйæ дæр дæ бон нæ бауыдаид, цæмæй сын сæ худын зæрдæйы хъустæй ма хъуыстаис. Афтæ ма 'нхъæл, æмæ æз искуы уæлдай хатт дæ рæзты ахызтæн кæнæ, исты æфсон ссаргæйæ, уæ къласмæ бацыдтæн, цæмæй дæ рох ма уон. Нæ, æз æй зыдтон, уыцы чызджытæй дын иуимæ дæр кæй ницы иудзинад уыдис, ды дыууæ тæрхъусы фæдыл кæй нæ лыгътæ. Æрмæст æй нæ бамбæхсдзынæн, ды-иу се 'хсæн куы лæууыдтæ, уæд-иу тынгдæр цыдтæ мæ зæрдæмæ; мæн фæндыдис, цæмæй алчи дæр уына, ды куыд хорз, куыд зондджын, куыд хъæлдзæгзæрдæ дæ.

«Уый мæн у, мæн у, уæ цæстытæн сæ бон нæ бауыдзæн, цæмæй йын йæ зæрдæмæ фæндаг ссарат, ма фæлварут æнæхъуаджы!»

Фæлæ ды сæ цуры бирæ рæстæг никуы афæстиат дæ. Æз-иу сын федтон сæ цин, уыдтон, сæ цæсгæмттæ-иу цæхæртæ куыд калдтой, сæ цурмæ-иу куы бацыдтæ, уæд. Æз дæ куы сæрыстыр уыдтæн,

куы дын æндæртæй тарстæн, куы мæхицæн уырнын кодтон, дæу кæй нæ фæнды сæ цуры лæууын, цыма се ‘хсæн хуыдуг кæныс. Цæй мидæг ис мæ азым, Батал? Æз дыл сахуыр дæн, мæ зæрдæ æнæ дæу æнкъард кодта, æмæ-иу мæ куы бафæндыд мæхи исты хуызы æрсабыр кæнын, уæд-иу дæ ныхæстæ æмбæлын райдыдтой мæ зæрдæйыл: «Мæ уд демæ ис!», «Æнкъард кæнын æнæ дæу!», «Æнæ дæу сæрра уыдзынæн!»

Зонын æй, ахæм ныхæстæ ды мæн йеддæмæ кæй никæмæн кодтай – уыйбæрц хъарм æмæ сæ фæлмæндзинад уыдис, кæцытæн бахъахъхъæнæн нæй, нæй сын бахъахъхъæнæн, уыцы иу хатт йеддæмæ сæ куы зæгъай, уæд. Ды уæд фæсырх дæ, цыма арты сæрмæ лæууыдтæ æмæ дæ бон нæ баци алцы дæр зæгъын. Фæлæ мæнæн уыцы ныхæстæ дæр фаг уыдысты, цæмæй бамбæрстаин алцы дæр, æмæ æз мæ уды бамбæхстон, кæй мын лæвар кодтой, уыцы циндзинад. Хæдзармæ бацæугæйæ, мæ уаты дуар мæхиуыл сæхгæдтон æмæ сыл дзæвгар рæстæг хъуыды кодтон, хъуыды кодтон... Мæ миднымæры сын хъæрæй дзуапп лæвæрдтон – кæцы дзуапмæ, гæнæн ис, ды æнхъæлмæ кастæ дæ улæфт бауромгæйæ, – сæ зæгъын мын зын уыдис. Афтæ ма хъуыды кæн, æмæ дæ æз æнхъæлмæ кæсын кодтон уый тыххæй, цæмæй дæ фæриссын кодтаин. Æрмæстдæр уый тыххæй, æмæ дæ цуры не схъомыл дæн, нæма дæ зыдтон, нæ дын зыдтон дæ характер, дæ удысконд. Æмбæрстон иу цыдæр: æнæнамыс ахæмæй баззайдзæн, уымæн æмæ намыс фæстæмæ нæ раздахдзынæ, кæй фесафай, ахæм къухсæрфæнау. Гъе уый тыххæй æрæгмæ хъуыстай мæ дзуапп, Батал: æз дæ уды хъуамæ бацыдаин, ды мæ зæрдæмæ куыд бацыдтæ, ахæм хуызы. Æмæ, нæ амондæн, нæдæр ды, нæдæр æз ахæм фæндагыл никуы цыдыстæм, нæ йын зыдтам йæ фæзилæнтæ, нæ бон нæ уыд кæрæдзийы сайын. Мах уарзондзинады тыххæй чингуытæй цы зыдтам, уый нын нæдæр уыцы æнкъарæн æххæстæй райхалынæн фаг кодта, нæдæр æй развæлгъау базонынæн: уымæн æмæ цæугæдонæн йæ бон нæу, цæмæй кæсæгтæн зæгъа, дон кæд раивылдзæн. О, æдзæттæйæ нæ æрæййæфта. Æнхъæл куыд нæ уыдтæн, афтæ дæ бауарзтон, Батал! Æмæ ма стæй дис дæр кодтон: ау, уæды онг мæ фарсмæ нæ уыдтæ? Ау, иумæ нæ рæзыдыстæм, æмæ æз, чысыл куы уыдтæн, денджызы мæхи ленк кæнын куы ахуыр кодтон, уæд ды мемæ нæ ахуыр кодтай? Ау, мæ иувæрсты нæ цыдтæ, мæ дзыккуйыл сырх лент куы бабастон, афтæмæй фыццаг къласмæ куы бацыдтæн, уæд? Ау, нæ федтай, фæйнæгыл чъырдурæй фыццаг дамгъæтæ куыд ныффыстон,

уый? Нæ, æрмæстдæр кæрæдзимæ цыдыстæм уыцы азты дæргъы. Уыцы рæстæг цал хатты акалдтой дидинджытæ дидинæг æмæ, кæрæдзийы сургæйæ, цал зылды æркодтой хур æмæ мæй!

Уæд рæстæг йæ цыдæй æрлæууыд. Уымæн дæр поездтау ис йæхи æрлæууæнтæ, кæцыты адæм схизынц æмæ æрхизынц, ссарынц кæрæдзийы æмæ æнустæм кæрæдзийæ ахицæн вæййынц.

Иуæй-иу хатт, Батал, æз мæхицæн фæуырнын кæнын, цыма ды бадыс ам кæмдæр æмæ мæм æнхъæлмæ кæсыс. Æгæрыстæмæй мæсты кæнын дæр райдайын, алырдæм дæр быдиттæй чи зыны, растæндæр ахæм бынат кæй равзæрстай, уый тыххæй. Фæлæ ды ницы дзурыс, цыма мын дæ мадзурайæ афтæ зæгъынмæ хъавыс: «Кæдмæ æмбæхсдзыстæм? Уадз алчи дæр нæ уынæд – чи бауæнддзæн нæ бахъыгдарын?!»

Ничи нæ хъыгдардта, Батал, æмæ, чи никуы уарзта, уыдоны та бынтондæр мацæмæ дар, чи зоны, искуы уыдонмæ дæр фæзына уарзты æнкъарæнтæ, æмæ уæд сæхæдæг алцы дæр бамбардзысты. Фæлæ уый ныууадзæм, цæй, радзурон дын, цавæр уалдзæг нæм ныллæууыд, кæуыл æндавы, уыцы бæлæстæ дидинæг куыд калынц. Хæхтæ, цыма цæугæдæттæн басурæй тæрсынц, уыйау сæм æрвитынц митдон – хъуыды кæныс, цæмæй дæ иу уысм дæр ма рох кодтаин, уый тыххæй дæм æфсадмæ фыстæджытæ куыд æрвыстон? Арв – хæрзæхсад, æрвхуыз, æмæ мигътæ дæр йæ кæрон ауыгъдæй лæууынц урс-урсид хисæрфæнау.

Знон дын де 'фсымæры федтон. Хуым кодта æмæ мын загъта: «Зæхх донæй бафсæст, æмæ галтæн æнцон у. Æрмæст уæртæ уыцы зæххы хайæн хъæуы улæфт раттын, бафæллад!»

Кæсыс, æрмæст галтæ æмæ адæм нæ, фæлæ зæхх дæр зоны фæллайын. Æмæ зæххы дæр иу-дыууæ азы хъæуы баулæфын… Де 'фсымæр уыдæттæ хорз зоны, кæд дæуæй кæстæр у, уæддæр… Абон, Батал, алцæуыл дæр мæнæн ис циндзинады рухс. Ды дæр бацин кæн. Райсомæй дон куы 'рбахастон æмæ кулдуар бакæныны тыххæй бедра зæххыл куы авæрдтон, уæд банкъардтон! Æз фехъуыстон, цыма чысыл акъахдзæф кодта.

«Шазинæ, арвмæ тæхын æз, Шазинæ!»

Фæлæу, Батал, бауадз мæ дзурын. Уый уыд æнахуыр цыдæр – йæ бахъуыды кæнын дæр зын у, æмæ йын бамбарын кæнæн дæр нæй. Фæлæ æз бамбæрстон, уый кæй уыд, дæ ацыды фæстæ сусæгæй кæуыл хъуыды кодтон æмæ кæмæ бæллыдтæн, уый – дæ фырт! Уый

мын базонын кодта йæхи, кæй ис, кæй лæууы кæмдæр – уым, царды райдайæны. Æз ныхъхъуыстон ноджыдæр æмæ ноджыдæр, фæлæ уый æрмæстдæр иунæг хатт базонын кодта йæхи, стæй йæ къахдзæфты уынæр æрбайсæфт. Æз-иу æрлæууыдтæн æмæ æрлæууыдтæн, цæмæй хуыздæр фехъуыстаин мæ гуырдзы уынæр, фæлæ дзæлгъæды. Æрмæст ма ахъуыды кæн, æз рæдигæ кæй фæкодтон. Уый уыд, сомы кæнын дæуæй! Саби, дæ саби, Батал!

«Шазинæ, саби уыдзæн, саби, цин кæн!»

Куыннæ хъуамæ цин кодтаин, Батал, дæу дæр тынг куы хъуыд. Æмæ дын искуы «нæ» загътон, дæуæн æхсызгондзинад цы радтаид, ахæм истæй тыххæй? Æрмæстдæр ууыл хъуыды кодтон, дæ зæрдæ цæимæ дзуры, ды цы загътай. Æмæ ма: уый мæн цас у, уыйбæрц у дæу дæр. Искуы дзурдзысты, Баталы фырт куыд акафыд, куыд азарыд, Баталы фырт бæхыл саргъ куыд сæвæрдта. Чи зоны, мæн искуы бынтондæр ферох кæной, фæлæ дæ ном адæм бирæ рæстæг дзурдзысты. Æмæ уый мæнæн ноджы æхсызгондæр уыдзæн. Исчи мæ куы бафæрса, уæд зæгъдзынæн: «Æмæ цы, йæ фыд дæр ахæм уыд, цæмæн хъуамæ фесæфой, йæ фыдæй кæй рахаста, уыцы миниуджытæ?»

Æмæ афтæ у æцæгæйдæр. Цас дæ зонын, уымæй алы хатт дæр уыдтæ тæлтæг æмæ цæрдæг («Арт», – дзырдта-иу Тата), цыргъзонд æмæ æрхъуыдыджын. Зарын дæр зыдтай æмæ кафын дæр. Æцæг дæ бæхыл бадгæ никуы федтон, фæлæ мæнмæ гæсгæ, уымæй дæр дæхи нæ фæхудинаг кодтаис. Гъемæ мæ фæнды, цæмæй дын дæ фырты дæр фенон дæхи хуызæнæй!

Бæрзонд, фæлæ дæргъындзæг нæ, æргъиуджын, фæлæ нард нæ, тарбын сæрыхъуынтимæ, фæлæ сау-сауид нæ, урсцъар, фæлæ бур нæ.

О, о, худгæ ма кæн! Æмæ йæ зон, уый æппындæр, хъуагдзинад цы у, уый зонгæ дæр никуы бакæндзæн. Сæйрагдæр та: фæнды мæ, цæмæй уа адæймаг, кæддæриддæр тырна æрмæстдæр хорздзинад кæнынмæ, хæлары фарсмæ уа цины дæр æмæ хъыджы дæр, уымæй дарддæр алцы дæр уыдзæн хигъæдæй, æмæ йын цы æмбæла, уый кæндзæн. Ды дæр, цалынмæ цардæй нæ ацыдтæ, уæдмæ сарæзтай, дæуæй кæнгæ цыдæриддæр уыдис, уыдонæй алцы дæр, никæмæн сæ ныууагътай аразинагæй! Уый дæр амонд у, уæдæ цы: ис ахæм адæм, кæцытæн ис, фæлæ сæ бон йæ бахъахъхъæнын нæу; уый нысан кæны, кæй не сты, цы сын ис, уый аккаг. Æмæ зæхх никуы рох кæны адæймаджы иузæрдиондзинад æмæ фæлмæн ахаст – уымæ гæсгæ йæ хъахъхъæнынц

адæм, кусынц ыл, æмæ куы бафæллайы, уæд ын раттынц баулæфыны фадат. Уый искуы бамбардзæн нæ фырт дæр. Æмæ ды хъуыды дæр ма акæн, ныййарæджы хæстыл нæ фæтых уыдзынæн, ууыл. Байхъус-ма, æдылы къоппа, æрмæст æз нæ – мадæл арсы бон дæр у йæ лæппынты схъомыл кæнын, æрсыты алыхуызон хиндзинæдтыл сæ фæцайдагъ кæнын. Æмæ йын æз дæр бацамондзынæн, цыдæриддæр æнæмæнг-хъæугæ у, уыдон, стæй йæ мæ амынд дæр цæмæн хъæуы – йæхæдæг фендзæн, фехъусдзæн, хорз адæймæгтæ цы аразынц, уыдæттæ.

«Шазинæ, куыд кæсын, афтæмæй фæзондджындæр дæ».

Нæ, Батал, æз æрмæстдæр дзурын, цы хъуыды кæнын, уый. Æз афтæ цин кæнын, афтæ (мæ цæссыгты та мын куыдфæндыйæ дæр нæ фендзынæ)... Тагъд, æвæццæгæн, тынг тагъд, фæцæудзæн гæрæхтæ æмæ хъæуыл айхъуысдзæн, фырт дын кæй райгуырд, уыцы хабар: «Баталæн лæппу райгуырд, рацæут куывдмæ!»

...О, фæлæ гæнæн ис чызг уа! Æмæ цы, ау, исты æвзæр у – рæсугъд дидинæджы хуызæн чызг дын дæ хæдзар куы срæсугъд кæна? Зæлдаг лентытæ йæ сæрыл стыр гæлæбуты хуызæттæй зындзысты, афтæмæй йæ æрвитдзынæн скъоламæ. Æмæ хорз чызг та æртæ æвзæр лæппуйы аргъ у. Æцæг сымах, нæлгоймæгтæ, уæхи царды бындурыл нымайут, цыма æнæхъæн дуне уе уæхсчытыл æнцайы. Чи зоны, афтæ дæр у – зæгъæм, æз цардтæн æмæ цæрын æрмæстдæр дæуæй, æрмæстдæр дæ фæрцы. Иуæй-иу хатт хъуыдыты ацæуын: цы уыдаид, ды мах скъола-йы куынæ ахуыр кодтаис, уæд? Ницы, алкæмæн дæр нæ уыдаид йæхи фæндаг. Æрмæст уый зонын: æз уæддæр агуырдтаин дæу, æрмæстдæр дæу... Чи зоны, ды ныр хъуыды кæныс, цыма мæнæй æгæр дард ацыд-тæ, фæлæ нæ, дæу онг фæцæуын мын ноджы фенцондæр. Æмæ-иу раздæр кæд алы хатт дæр фыццаг æз æрбацыдтæн нæ фембæлæн бынатмæ, ды та-иу байрæджы кодтай, – æгæр уæгъдибардзинад дын лæвæрдтон, æмæ уый зæгъ – уæд ныр та мæ бон у, цæмæй дæ смæ-сты кæнон, фенхъæлмæ кæсын дæ кæнон (ох, мæ зæрдæ, уый мын цытæ дзурыны бар дæттыс, æмæ куыд быхсыс ахæм ныхæстæн?). Æмæ афтæ ма хъуыды кæн, Батал, æфсæддон чи нæу, уымæн хъахъ-хъæнинаг ницы ис. Цæсгом, намыс, адæймаджы ном та? Дæ цуры, мæ удлæууæн, мæн нæ хъуыд уыйбæрцтæ хъуыды кæныны сæр – ды уыдтæ мæ зæрдæйы æмæ мын ме 'ппæт хъуыдытæ æмæ фæндиæгты дæр зыдтай. Уæдæ куыд – кæд дæ йæ зонын фæнды, уæд ды уыдтæ мæ мой. Хъусыс? Мæ мой! Æз уыцы дзырд уарзтон, дæхи дын куыд

уарзтон, афтæ, куыд дæ номы, афтæ уарзтон уый дæр мæхимидæг фæлхат кæнын. Æмæ куыд бæллыдтæн ме 'мбал чызджытимæ нæ фидæны фембæлдтæм! «Базонгæ ут, уый мæ мой у!» Кæнæ автобусы дæ бынат зæронд лæгæн радтай, æмæ йын æз мæхимидæг дзурын: «Уæдæ куыд, мæ мой у». Кæнæ æрбацыдыстæм махмæ, хæдзармæ, æмæ ныл мæ фыд амбæлд. «Ды мын алы хатт дæр уайдзæф кодтай, нæ нæм цæут, зæгъгæ, гъемæ кæсыс, æрбацыдыстæм. Цæмæй нын алæггад кæндзынæ?» Æмæ стæй изæрæй мæ мадæн, сынтæгыл йæ цуры хуысгæйæ æмæ йын хъæбыстæ кæнгæйæ, æз фæдзурин æппæт дæр: ды куыд цæсгомджын дæ, иу хатт дæр мæ куыд никуы фæхъыг кодтай, стæй мæм ме 'фсин, дæ мад дæр куыд хорз цæстæй кæсы, нæ сабитыл нын куыд ауды, стæй мæ хицау дæр куыд хорз адæймаг у, æмæ иууылдæр куыд фæцин кæнæм, сабаты нæм горæты чи ахуыр кæны, мæ уыцы дыууæ тиуы куы 'рбацæуынц, уæд… Æмæ мæ мад, йæ цæстытæ кæрæдзийыл нæ авæрдтаид, афтæмæй мæм æмбисæхсæвмæ хъуыстаид. Ахъуыды-ма кæн, Батал, куыд цин кодтаиккой мæ хиуæттæ! Фæлæ мæн нæ фæнды, цæмæй дæ истæмæй аххосджын кæнон, бамбар æй. Уый афтæ – амондмæ куы фæбæллын, уæд алы хатт дæр мæ цæстытыл фæуайы нæ иумæйы цард. Æз ууыл афтæ æрцахуыр дæн, æмæ дзы æгæрыстæмæй фæлладдзинад дæр банкъарын, мæ цæстытыл куы ауайы, зæгъæм, æз æмæ ды бирæ фæцыдыстæм фæндагыл, кæнæ кафыдыстæм кæйдæр чындзæхсæвы.

«Шазинæ, ды мæныл мауал хъуыды кæн, чи дæ нæ ракурдзæн?»

Ох, Батал, мæ гыццыл æдылы къоппа, æз æндæр нæлгоймагыл куыд хъуамæ хъуыды кæнон, кæд æмæ ды, мæ мой, мæ фарсмæ дæ? Искуы ма ахæм ныхас куы зæгъай, уæд фæхъыг уыдзынæн æмæ дæм бирæ рæстæг нал æрбацæудзынæн. Дæ фидæны фыртыл уæддæр ахъуыды кæн: куыд ис гæнæн, цæмæй уый, дæ туг, дæ ном дарддæргæнæг, рæза æцæгæлон хæдзары? Ды уый тыххæй ницыуал дзурдзынæ, афтæ нæу? Фæлтау мæм байхъус, æз дын радзурон, æрæджы мæ цæстытыл цы ауайын кодтон. Цыма æз æмæ ды дурыны кæнæм сæн – æмæ уæдмæ кæртмæ æрбахызт Тата. Мæнмæ хъыгзæрдæ уыд, æнæ йæ бафæрсгæйæ дæ кæй смой кодтон, уый тыххæй, чысыл ма бахъæуа, фыдæлгъыстаг мæ ма фæкæна, æмæ ныр уынæм, куыд нæм æрбацыд, уый, – хæдзары та мах йеддæмæ ничи ис. Кæрты астæумæ куы 'рбахæццæ æмæ мæн куы федта, уæд йæ мидбылты бахудт, æмæ цыма махæн не уæхсчытæй уæззау уаргъ ахауд.

– Уæд мард фæуон, Шазинæ, æвиппайды дæ куынæ федтон!

– Мæ цæстытыл не ‘ууæндын, Тата...

– Æнамонд дæн, куыд гæнæн ис, дæ амондыл дын ма бацин кодтаин, фæлæ ныкъкъуылымпы дæн.

– Тата, мæнæ уый...

– Дæ фыдбылызтæ мæ зæронд сæрыл æртыхсæнт… Амонды бардуагæй арфæгонд ут уæ дыууæ дæр – зæрватыччытæ-зæдтæ.

Мах Татайы мидæмæ бахуыдтам. Ды карк аргæвстай, æз сфыхтон мамалыгæ. Стæй фынг авæрдтам, æрбахуыдтам дыууæ сыхаг сылгоймаджы, йæ цуры йын сæ сбадын кодтам. Тата, мæхи Тата! Æз ыл цин кодтон, цыма нырма ныртæккæ федтон уыцы сылгоймаджы, бон мæм дæс хатты хыл чи кодта, стæй та сабыр – зарыд мын авдæны зарджытæ, кодта мын диссаджы аргъæуттæ. Æз æй зыдтон, мæ ацыды фæстæ кæй баззайдзæн бынтон иунæгæй, фæлæ йæхæдæг дæр куы дзырдта, карк йæ цъиуты куыд урома, афтæ мæ цæрæнбонтæм йæ цуры кæй нæ дардзæн. Æмæ ныр, фæхыл мæм кæнын æмæ ралгъитыны фæстæ, йæ бон нæ бацис ма æрбацыдаид мæн æмæ мæ мойы фенынмæ. Чи хъуамæ бадара азымы, ахæм уæззау цард чи фæкодта, æз мæ ныййарджытæй фылдæр кæй уарзтон, уыцы сылгоймаджы, чи хъуамæ бадара азымы мæхи Татайы!

– Амондджын уæнт, ацы хæдзары сæ цард чи баиу кодта, уыцы æрыгæттæ, райгуырæд сын авд чызджы æмæ авд лæппуйы, уыдоны зæнæг бирæ уæд нæудзармы кæрдæгау, æмæ уадз, ныртæккæ мæ ныхæстæ чи хъусы æмæ чи нæ хъусы, уыдонæн дæр сæ авдæнтæ аузынæй зындæр фыдæбон макуы уæд. Уадз, ацы аз цы ‘ркодтат, уыцы тыллæг уæ чындзæхсæвæн бахъæуæд. Æмæ уæм кæд исты фыдбылызтæ кæсы, уæд уадз æмæ мæ зæронд сæрыл æртыхсæнт!

«Хуыцау сæ дæ иувæрсты аздахæд!» – дзырдтон мæхинымæр. Раздæр Татайы афтæ хъæлдзæгæй никуы федтон – цыма йæ царды æппæт уыцы хъизæмæрттæ æмæ уыцы рыст нæ уыдысты… Æмæ ныр кувы махæн мæхи Тата – нæлгоймаджы тызмæг ахастимæ уыцы иу рæстæг карз æмæ фæлмæн сылгоймаг.

Стæй йæ æз æмæ ды ахизын кодтам къуылдымы онг. Ныхас кодтам æрмæстдæр уый æмæ æз, ды та, сиахсæн куыд æмбæлы, афтæ цыдтæ мадзурайæ, æфсæрмы кодтай.

Фæлæ йæ бамбар, Батал, мах кæрæдзийы тынг кæй æрымысыдыс-

тæм! Стæй уый загъта: «Хорз у, æмæ нырыккон лæппутæ стыр ауундарæнтимæ кепкæтæ нæ дарынц, æндæра куыд бакастаин мæ зынаргъ сиахсы цæстытæм». Ды фефсæрмы дæ, дæ сæр бынмæ æруагътай, æз та йын мæ сæр йе уæхскыл бакъул кодтон, цæмæй йын йæ зæрдыл æрлæууын кодтаин, уый дæр, куыд уыцы цæстыты, афтæ кæй уарзын. Кæрæдзийæ куы хицæн кодтам, уæд нын фæбатæ кодта мæ хæларзæрдæ Тата.

Цалынмæ фæауцон, уæдмæ кастыстæм йæ фæдыл æмæ дзы цæстæнгасæй куырдтам, цæмæй ма тагъд кæна. Уый та, цыма нæ хъусгæ фæкодта, уыйау-иу æрлæууыд, йæ къух-иу фæтылдта, ома мæнæн цæуынафон у, сымах та – сымах цæрут.

Хъуыды йæ кæныс, Батал, цæугæ-цæуын дæр-иу аргъæуттæ куыд æрбаймысыдтæ? Раст афтæ сахуыр дæн æз дæр – нæ цард куы баиу кодтаиккам, уæд нæ фидæны цард цавæр хъуамæ уыдаид, уыдæттæ мысын. Зоныс, цас цыдæртæ ис цæстытыл ауайын кæнæн – нæ, ахæм истытæ нæ, æрцæуæн цæмæн нæй, фæлæ бынтон реалон, сæххæстгæнæн цæмæн ис!..

...Æгæр дæ сфæлмæцын кодтон абон мæ ныхæстæй, фæлтау ма ракæс, цы балтæ дын æрбахастон. Уæдмæ срæгъæд уыдзысты фæткъуытæ дæр, кæрдотæ дæр, чылауитæ дæр, алтъамитæ дæр, фæлæ алцæмæй раздæр, хъуыды ма кæныс, сбæззынц æхсынцъы, мугæ æмæ бал. Умæн æмæ уалдзæджы æрбалæуд хъуамæ базонын кæной æрмæст дидинджытæ нæ, фæлæ дыргътæ дæр! Цæй, афон мын у, хур афардæг. Фенынмæ уал, Батал! Æз ам уыдзынæн сом дæр æмæ иннæбон дæр... Хидыл нæ ахиздзынæн, фæлæ комкоммæ цæугæдоны. Ды дзы кæддæр дæхи ныннадтай тæккæ зымæджы астæу, цыма дæ, сæрдмæ цас хъуамæ фæхъармдæр уа, уый базонын фæндыд. Гъемæ дзы æз дæр балæгæрддзынæн æмæ дын райсом зæгъдзынæн, бæззы найынæн æви нæ…

*ГÆБÆРАТЫ Юрийы тæлмац*



# Гундæ КВИЦИНИЯ

*1965*

*Поэт, тæлмацгæнæг. Рауагъта цалдæр чиныджы, уыимæ Мæскуыйы дæр. Ратæлмац кодта дины чингуытæ абхазаг æвзагмæ.*

*Гундæйы æмдзæвгæтæ бахастой цалдæр антологимæ. У Абхазы Фысджыты цæдисы уæнг (1997).*

*Гундæ Квицинияйæн саккаг кодтой Д.И. Гулиайы номыл Паддзахадон преми (2014, æмдзæвгæты æмбырдгонд «Магическое зеркало»-йы тыххæй). Йæ зæрдæйы хъустæй цы хъусы, йæ уды цæстытæй цы уыны, уый хæссы нæ размæ æмбисонды хуызы.*

*1987 – 1992 азты уыд Абхазы Фысджыты цæдисы клубы сæрдар. 1993 – 1994 азты – Абхазы паддзахадон телерадиокомпанийы радиойы хайады редактор. 2005 азæй – абхазаг æвзаджы райрæзты фæдыл паддзахадон фонды директор.*

*Фыссы абхазаг æвзагыл.*

*Гундæ КВИЦИНИЯ*

* * *

Даргъ-уæрæх ныззылдис арв,
Скалд фыцгæ æхсыр æваст.
Æз нымдзаст дæн фæндагыл
Æртæ райгуырдмæ,
Æртæ мæлæтмæ.
Æртæ райгуырды
Æртæ арф цъайы
Бафынæй кодтой мæн.
Дон кæцыйæ систон,
Уый мын цин нæ радта,
Ехх, æрмæстдæр тухи.
Фæдзæгъæл дæн бынтон,
Ахызтæн æртывæр мæлæты арæнтыл.
Баззад сау нæмыгæй фæд
Мæнæй – æртывæр мæлæт.

* * *

Фæззæг, дæ ацыдæй тæрсын,
Дæ раздæхтæй куыд тарстæн, афтæ.
Алцы дæр уромы зæхх,
Алцы дæр хаты:
Сæрд дæр, зымæг дæр, уалдзæг уа, фæззæг,
фæлæ мæнæн цы кæна,
уый нæ зоны æрмæст.
Нæ къулын сахаты хъæр мæм
Нæ уадзы хуыссæг æввахс, –
Йæ цъыкк-цъыкк мæ фæрсы
Æдзух: «Чи дæ, чи дæ, чи?..»
Æз та дæн афæдзы фæндзæм афон.
Æз дæу базонын дæ сахаты цыдæй,
мæхи мын фæлтæхæн мæргъты
хъæрæй куыд базонынц, афтæ.
Нæ мæ уадзы фынæй къулын сахат,

цыма æхсæвы тарф йæ цъыкк-цъыккæй
чъепс кæны, афтæ.
Æмæ мæй равдыста мæ аууон сисыл.
Раздæх, уæдæ, фæззæг, раздæх,
Æнæ дæу мæ аууон – тардæр.

* * *

Æрмæстæр иу уысм –
дæ буц лæвар мæнæн,
о, иунæг иу уысм –
мæ ацыды размæ.
Иу уысм, фæлæ йæ у дæ бон
афтæ адаргъ кæнын,
æмæ фестдзæни æвидигæ.
Æмæ сæххæсдзæн дæ сыгъдæг къæсæрмæ,
афтæмæй фестдзæн æвæугæ, æгъуыстаг.
Цы ма дæ ракурон фылдæр,
о Дунесфæлдисæг Хуыцау!
Кæд æз нæ дæн фыст
Де ‘Нусон Чиныджы,
уæд мæ ныффысс;
кæд дзы дæн фыст,
уæд та йæ ма фехал;
кæд дзы дæн æнæ номæй,
уæд та мын ратт Дæхæдæг ном.
Уыцы иу иунæг уысмы,
Кæрон кæмæн нæй,
Уыцы æвæугæ æнусон уысмы
Банорд мæн.

*КЪАДЗАТЫ Станиславы тæлмац*

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ





Ног Афоны моладзандон



Архитектор Я. Кварацхелияйы проектмæ гæсгæ колоннадæ. Сухум



Ольденбурджы принцы галуан. Гагрæ



Ауындзгæ хид цæугæдон Бзыбы сæрты



Черниговкæйы ком





Анакопийскы фидар


Хашупсейы ком


Цад Рицæ



Цад Мзы, Авд цады дæлвæз



Æндæргты горæт Акармарæ



Пингвин-философ (америкаг фыссæг Уильям Фолкнеры уацмысты мотивтæм гæсгæ). Скульптор Архип Лабахуа



Никæ (абхазаг зындгонд кафæджы чызг, уарзта, йæ фыд цы музыкæмæ кафыд, уымæ хъусын. Скульптурæ арæзт у абхазаг фыссæг Фазиль Искандеры уацмысты мотивтæм гæсгæ). Скульптор Архип Лабахуа



Чик æмæ карк. Скульптор Архип Лабахуа





Базиликæ Цандрыпш


Шакуранскы æхсæрдзæн


Ног Афоны æхсæрдзæн



Джульеттæйы балкъон





Нырыккон Сухум



Абхазаг афроамерикæгтæ. 1920-æм азтæ



Абхазаг афроамерикæгтæ. 2000-æм азтæ



Дмитри Гулиайы цыртдзæвæн




Абхазы фыццаг Президент Владислав Ардзинбайы ингæн



Пицундæ

# ДЖУСОЙТЫ НАФИЙЫ ХЪУЫДЫТÆ АБХАЗЫ ТЫХХÆЙ

Абхаз æмæ абхазаг адæмыл уарзондзинад æмæ æфсымæрон ахасты лирикон зарæг нывæнд æмæ нывæнд… Абхаз – уыцы ном мын мæ сывæллоны бонтæй фæстæмæ цавæрдæр диссаджы ад кæны. Хæстæй куы æрыздæхтæн, царды мæхи фæлтæргæйæ, фыссын куы райдыдтон, уæд базонгæ дæн Дмитри Гулиайы поэзи æмæ прозæимæ. Æмæ мæ бафæндыд Абхазы æмæ абхазæгты литературæ хуыздæр базонын, фысджытимæ бастдзинæдтæ саразын.

Бæргæ, йæ удæгасæй ма Дмитри Гулиаимæ аныхасы амондæй куы фæхайджын уыдаин, фæлæ мын уыцы бæллицы сæххæстæн хъысмæт фадат нæ радта. Æнæ исты хъуыддагæй хистæр лæджы батыхсын кæн, уымæ фефсæрмы кодтон, æмæ сæмбæлдтæн æрмæст йæ марды æгъдау ын скæнынмæ, ирон фысджыты номæй ныхас зæгъынмæ…

Уый æмæ иннæ абхазаг поэттæ Баграт Шинкуба, Иван Тарба, Кумф Ломия, Нелли Тарба, Геннади Аламиайы æмдзæвгæтæ ирон æвзагмæ ратæлмац кодтон æмæ уымæй дæр Абхазмæ ме ‘нæкæрон уарзондзинад равдисыныл бацархайдтон…

Абхазы алы сæрд дæр вæййын, цалдæр уацмысы йыл ныффыстон, хорз зонын амы фысджыты æмæ ахуыргæндты. Хъыгагæн, сæ хистæртæй бирæтæ не ‘хсæн нал сты, фæлæ сæ мысын, сæ рухс номæн кад кæнын.

Æппæт адæттæм гæсгæ мын, Абхаз æмæ абхазаг адæмæн мæ царды цы нысаниуæг ис, зæгъгæ, ацы фарстæн дзуапп зын раттæн у. Афтæ мын зын у, ирон адæмы, сæ историйы æмæ культурæйы тыххæй цы хъуыды кæнын, уый тыххæй фарстæн дæр дзуапп ссарын. Хуымæтæг фарст? О, фæлæ йын æз дзуапп агурын цард-цæрæнбонты. Æвæццæгæн, мæ амæлæты бонмæ уый фæдыл мæ зæрдæйы зæгъинæгтæ рагом кæнынмæ нæ сараехсдзынæн…

Зæгъын æрмæстдæр иу хабар. Хуыцау мыл рахатт æмæ æнæ райгуыræн бæстæ, æнæ райгуыræн дзыллæйæ аззадтæн, уæд мæ тухи-хъизæмаримæ фæцæуин ме ‘фсымæр-абхазтæм æмæ сæм æрхатин, цæмæй сæ зæххыл амæлон æмæ мæ искæм къæдзæхты ‘хсæн баныгæной, мæрдтæй дæр куыд уынон Эрцахы цъуппыты æрттывд æмæ куыд хъусон Сау денджызы æнусон змæлд…



# Даур НАЧКЕБИА

*1960*

*Фыссæг, публицист, æхсæнадон архайæг. У Абхазы Фысджыты цæдисы уæнг. Цалдæр поэтикон æмæ публицистон чиныджы автор.*

*Ахуыр кодта Сухумы 1-æм скъола-интернаты. 1982 азы каст фæци Тбилисы паддзахадон университеты физикон факультет. 1983 – 1994 азты куыста Абхазы паддзахадон университеты иумæйаг физикæйы кафедрæйы кæстæр наукон кусæгæй. Абхазы адæмты Фыдыбæстæйы хæсты рæстæг, 1992 – 1993 азты, уыд Абхазаг радиойы уырыссаг службæйы сæйраг редактор. 1985 – 1996 азты – Абхазы Фысджыты цæдисы литературон консультант. 1997 азы нысангонд æрцыд Д.И. Гулиайы номыл Паддзахадон премийы литературæ, аивад æмæ архитектурæйы къабæзты бæрнон секретарæй. 2007 – 2008 азты ахуыр кодта А.М. Горкийы номыл литературон институты уæлдæр курсыты. 2010 азы нысангонд æрцыд Абхазы паддзахадон рауагъдады директорæй. 2011 азы Абхазы президенты уынаффæмæ гæсгæ нысангонд æрцыд республикæйы Ахуырады министрæй.*

*Фыссы абхазаг æмæ уырыссаг æвзæгтыл.*

*Даур НАЧКЕБИА*

# МИНАЩ

*Радзырд*

Фæндагыл цæугæйæ, Беслæны зæрдыл æрлæууыдысты, цыдæриддæр Минащы тыххæй фехъуыста æмæ йæхæдæг дæр æвдисæн цæмæн уыд, уыдон иууылдæр.

Минащы фырт æбæрæгæй фесæфт уыцы стыр хæсты. Æмæ уый тыххæй фыстæг дæр райста, фæлæ йыл нæ бауæндыд, кæд æй, нырма постхæссæгæй æрæджы чи райдыдта кусын, уыцы æвзонг лæппу Махьялæн æртæ хатты бакæсын кодта, уæддæр. Фыстæджы хъусын чындæуыд йæ амæлæты нæ, фæлæ æбæрæгæй кæй фесæфт, уый тыххæй. Æмæ йæм æнхъæлмæ каст. Уæдæй рацыд фæндзай азæй фылдæр, фæлæ йæм уæддæр æнхъæлмæ каст. Æвæццæгæн, ахæм дæргъвæтин рæстæг æнхъæлмæ кæсын адæймагыл исты фæд ныууадздзæн. Уæлдайдæр та, бирæ азты размæ йе стæгдар дæр сыджыт кæмæн бахордта, ахæммæ æнхъæлмæ кæсгæйæ. Чи зоны, Минащ чысыл йæ уагыл дæр уый тыххæй нæ уыд. Исчи-иу ын куы загъта, тагъд хæст райдайдзæн æмæ æппæт нæлгоймæгты дæр акæндзысты уырдæм, уæд-иу бацархайдта «хорз хабар» æрбахæссæг уазæджы дзæбæх фæхынцыныл: уайтагъд-иу ын фынг авæрдта, рахаста-иу йæ арф æвæрд арахъхъæй, авг-иу, йæ фæччийæ йæ ныссæрфгæйæ, æрæвæрдта карз арахъмæ æнхъæлмæ кæсæг уазæджы раз.

Чи зоны, Минащы ныфс уыдис, ома иугæр арт артæй хуыссын кæнынц, уæд ын, фыццаг хæст кæй ахаста, уыцы фырты кæд æндæр хæст фæстæмæ раздахид.

Минащ цард хъæуæй дæрддзæф ран, æмæ йæм æнæ исты хъуыддаг ничи цыд. Фылдæрхатт уыдон уыдысты хъæдгæстæ, сугсæтджытæ æмæ цуанонтæ. Æрвылмæй ма йæм йæ дæрдджын велосипедыл цыд постхæссæг Махьял – йæ пенси-иу ын æрбахаста. Æрмæстдæр-иу ын уый загъта, нæлгоймæгтæ та цы сфæнд кодтой, уый.

Фæлæ Махьял дæр комкоммæ ницы дзырдта, дæрддыл-иу æрзылд, дæлæ-уæлæ ныхæстæ-иу кодта, зæгъгæ, тагъд æрцæуздзæн ахæм рæстæг, æмæ æппæт нæлгоймæгты дæр карды бын æрлæууын бахъæудзæн, фæлæ бæлвырд рæстæг нæ дзырдта. Сылгоймаджы къухты-иу сойæ

амæст æмæ лæзæрд сомтæ фæсагъта, чи йæм æмбæлд, уыцы арахъхъы агуывзæ-иу афæрсыгъта, стæй-иу бабадт йæ велосипедыл æмæ-иу афардæг.

Махьял-иу Минащмæ бацыд æппæты фæстаг, хъæуыл-иу зылд куы фæцис æмæ-иу алкæмæн дæр йæ пенси куы радта, уæд; алы ран дæр-иу æм æнхъæлмæ каст йæ арахъхъы агуывзæ. Кæй-иу бануæзта, уыдонмæ ма-иу Минащы карз арахъхъ дæр куы бафтыд, уæд-иу уадидæгæн барасыг. Кулдуарæй-иу куы ахызт æмæ-иу цалдæр метры бæрц куы ацыд, уæд хъуамæ æрхызтаид велосипедæй, фистæгæй цыдаид йæ фæрсты, мæсты гуымгуымгæнгæ: «Уый дын фыдсыл...»

Минащ не 'мбæрста, йæ арахъхъ у фыдсыл æви велосипед куыддæртæ кæны æмæ йæхимидæг рад, Махьялы та къахæй цæуын кæй бахъуыд, ууыл, уымæн æмæ та йын ацы хатт дæр нæ радта, зæрдæ йын цы «сырхытæй» бавæрдта, уыдонæй, йæхи та асайдта.

«Сырхыты» хабар та ахæм уыд. Махьял ын алы хатт дæр йæ пенси лæвæрдта сойæдзаг лæзæрд сомтæй. Минащ та дзы куырдта, цæгæрсæр Ленины сурæт кæуыл уыд, уыцы «сырхытæй». Махьял ын зæрдæ æвæрдта, фæлæ йæ ныхас иунæг хатт дæр нæ сæххæст кодта. Арахъхъ-иу ын йе 'взаг куы суæгъд кодта, уæд-иу йæ дарæг велосипедæй ныссомытæ кодта, иннæ хатт ын æнæмæнг кæй ратдзæн цæгæрсæримæ гæххæттытæ. Фæлæ та-иу иннæ хатт дæр – уыцы сойæдзаг сомтæ.

Уымæн не 'ууæндыд Минащ Махьялы ныхæстыл, хæст тагъд кæй уыдзæн, уый тыххæй, кæд-иу йæ фæстæ, чи æрæввахс кæны, уыцы æнамонддзинады æрцыдмæ цалдæр боны æнхъæлмæ кæсгæйæ ныффæллад, уæддæр. Уыцы хæсты размæ бон куыд уыд, афтæ хурныгуылды фæстæ арвы кæрон тугхуыз-сырхæй иу æмæ дыууæ хатты нæ федта, фæлæ та-иу райсомæй ницы райхъуыст, æппæт дæр цыд йæ иугъæдон уагыл.

Минащ-иу йæ пенси куы райста, уæд-иу дыккаг бон араст, йæ хæдзарæй цалдæр километры дарддæр чи уыд, уыцы дуканимæ. Балхæдта-иу хæрздæфгæнаг сапон. Иуæй-иу хатт-иу райста нæлгоймаджы одеколон дæр.

Уæйгæнæг, нæрст сылгоймаг-иу, Минащы фенгæйæ, йе 'рфгуытæ нылхынцъ кодта. Æмæ, æцæгæйдæр, Минащ тынг зындзырд адæймаг

уыд. Хъуамæ хынцфарст кодтаид алы уæййаг дзаумайы тыххæй дæр: йæ аргъ цас у, кæцæй ласт у, домдта-иу, цæмæй йæ къухæй асгара. Æнæфердæхт, уæзбынтæгонд нæрст сылгоймаг ын æнæдзургæйæ æххæст кодта йæ алы курдиат дæр. Минащ та, цыма афтæ æмбæлд, бæстон сгæрста дзаумæттæ, йæ къухтæ-иу сыл æруæгъдтытæ кодта, алырдæмы-ты-иу сæ æрзылдтытæ кодта, хатт-иу сæм смудгæ дæр бакодта.

Йæ цымыдисдзинады мондæгтæ-иу куы ныммардта, уæд-иу райста сапон, йæ аргъ-иу ын бафыста чъизи лæзæрд сомтæй. Стæй-иу банымадта, уæйгæнæг-иу æм кæй радта, уыцы лыстæджыты æмæ-иу афтæ багуым-гуым кæнгæ: «Уый дын æргътæ, гъе!», рахызт дуканийæ, иудадзыг йæ фæцыбырдæры тыххæй кардæй йæ уæлдæйттæ кæмæн лыг кодта æмæ азæй-азмæ цыбырдæр чи кодта, уыцы лæдзæджы æнцæйтты.

Бæрæг кодтой Уæлахизы бон. Беслæны къласы ногдзауты раздзог уыд иу фыдцъылыз, фæлæ æнахуыр фердæхтджын чызг. Æмæ уый æрхъуыды кодта алкæмæй дæр рох Минащæн бæрæгбонмæ арфæ ракæнын. Уæдмæ мыхуыры рацыд, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи фæмард, æбæрæгæй чи фесæфт, уыдоны тыххæй чиныг.

Сырх-сырхид галстукты, сау сæракæй конд æддаг цъарыл стыр сыгъзæрин дамгъæтæй фыстытæ кæуыл уыд, уыцы стыр чиныг семæ ахæсгæйæ, сихорафон фæмидæг сты сывæллæттæ Минащмæ. Сæ раздзог, бæзджын ахуырст былтимæ, бæрзондзæвæтджын дзабырты фæрцы уыдонæй гæзæмæ бæрзонддæр зынгæйæ, фидар къахдзæфтæй цыди сæ разæй.

Арвæй нындæвта дзæгæрæггæнæг хур...

Раздзог йæ ныхас – «Райгуырæн бæстæйы кадджын фырт...», «Æгъатыр знагæн ныхкъуырд раттæг...», «Сæ нæмттæ æмæ сгуыхтдзинæдтæ рох кæмæн никуы уыдзысты...» – куы фæци, уæд чиныг æрæвæрдтой Минащы раз. Чиныджы 1993 фарсыл, мартъийы мæйы æхсæзæм бон сихорыл чи фæмард æмæ æбæрæгæй чи фесæфт, уыдоны тыххæй фыст кæм уыд, уыцы ран лыстæг, равзарæн кæмæн нæ уыд, ахæм дамгъæтæй дзырдæуыд йæ фырты тыххæй.

Минащ йæ ризгæ æнгуылдзтæ æруагъта уыцы цыбыр, кадавар рæнхъыл, цыма йæ, йæ фырт удæгас у æви нæ, уый банкъарыны ныфс уыд.

Фæлæ гæххæтт ницы дзырдта; дамгъæтæ фыдуазалы ныссæлæгау урс сыфыл иунæджытæй ныдздзæгъæлтæ сты.

Беслæны йæ чысыл зæрдæ сæлхъывта зæронд усы рыст банкъаргæйæ. Чи зоны, «банкъаргæйæ» æгæр хъæр ныхас у. Уый йæ æрмæстдæр йæ цæсты тигъæй федта æмæ уайтагъд иннæрдæм азылд: æгæр арф уыд уыцы рыст.

...Ныр Беслæн йæ батальоны æфсæддонтæй иу – æнæхъола Джонимæ – цыдысты зæронд усы ракæнынмæ.

Фыццаг хъахъхъæнæн бынат куы ныууагътой – æндæр гæнæн сын нæ уыд – æмæ дыккагмæ куы бацыдысты, уæд иу-ссæдз хæдзары бæрцæй гуырдзиæгты къухтæм бахаудысты. Уыцы æмтъеры заман зæронд усы тыххæй хъуыды дæр ничи акодта, æввахс сыхæгтæ та йын нæ уыд, чи йыл батыхстаид, ахæмтæ.

Гуырдзиæгты къухтæм куы бахаудаид, уæд уыдон æнæхъæн дунейыл ныхъхъæр кодтаиккой, зæгъгæ, абхазæгтæ фыр тасæй алыгъдысты, сæ зæрæдты ныууадзгæйæ.

Талынджы суыдтой Минащы цæрæнуат.

Минащ къуымы мигæнæнтæ æфснайдта. Къулыл ауыгъд уыд фæтæгены лампæ, æнæбары рухс кодта агъуысты къуымты – электрон рухс раджы ахицæн кодтой.

– Чи дæ?! – тарст хъæлæсæй афарста Минащ.

– Ма тæрс, нæхиуæттæй стæм, – дзуапп ын радта Беслæн.

Минащ скъаппы цурæй иуварс ахызт æмæ Беслæнмæ хæстæг бацыд. Цасдæр рæстæг æм бынæй уæлæмæ фæкаст, бæрджытæ йæ кодта.

Ноджы ныггыццылдæр, – ахъуыды кодта Беслæн.

– Нæ дæ базыдтон, хъæбул, кæй лæппу дæ?

– Кадыры.

– А-а, Тарсханы фыртыфырт?! Афтæ йæ æз хуыдтон. Цалынмæ уый уыцы дунейæ фæстæмæ здæха, уæдмæ цæрынæй бафсæд, хъæбул!..

– Ам баззайын тæссаг у, Минащ, дæхи ацæттæ кæн...

– Цы ‘рцыд, хъæбул, цæмæн хъуамæ ныууадзон мæ хæдзар?

– Хæст...

Минащ æнæууæнк каст бакодта Беслæнмæ.

– Уæууа, уый цы хъусын?! Уæдæ Махьялы фæлитой сайгæ нæ кодта? Фæстаг бонты æхстытæ дæр хъуыст, хæдтæхджытæ дæр ныллæджыты тахтысты, чысыл ма бахъæуа, кæрты кæрдо бæласы къалиутыл

андзæвой. Стæй куыд гуыв-гуыв кодтой! Мæ зæрдæ-иу сдудыдта, адæттæ хорзæн нæ уыдзысты, фæлæ хæст уа, – æнхъæл нæ уыдтæн...

– Æнæмæнг хъæугæдæр дын цы у, уыдон райс, æмæ ацыдыстæм.

Минащ хъуыдыты аныгъуылд, нæ зыдта, куыд бакæна. Стæй аскъуыддзаг кодта:

– Хъæбул, æз абонæй-сомæй амæлдзынæн, исты пайда ма у мæн тыххæй фыдæбон кæнын? Хуыздæр уыдзæн, ам куы баззайон…

– Кæс-ма, куыд кæсын, афтæмæй зæронд усæн йæ зонд фæцыд! – бадис кодта Джон.

Цы загъта, уый Минащ нæ бамбæрста, фæлæ йæ хъæлæсы уагæй бæрæг уыд, цæуылдæр æм кæй смæсты, æмæ хи раст кæнæгау йæ ныхасмæ бафтыдта:

– Мæн тыххæй батыхстыстут, хъæбул, æмæ уын хæрзæбонæн фæуæд уæ фыдæбон!

– Минащ, чысыл рæстæг ма, æмæ знаг ам уыдзæн, цы кæндзынæ уæд?!

– Хъæбул, цыфæнды ма ‘рцæуа, уæддæр хуыздæр уыдзæн, мæ хæдзары куы баззаин.

– Дзурын дын: йæ зонд фæцыд! – загъта та Джон.

Дыууæйæ дæр архайдтой зæронд усы сразы кæныныл, фæлæ Минащ нæ саст.

– Куыд ныффæрск! Ныртæккæ йæ мæ дæларм акæндзынæн æмæ!.. Ссыбыртты бон æй нал фæуыдзæн, – Джон йæхи нал урæдта.

Минащ куы бамбæрста, хъуыддаг æвзæрæрдæм зилы, уæд нырма сабырæй, стæй хъæрдæрæй райдыдта хъарæг кæнын:

– Æнамонд у дæ мад, хъæбул! Исты уынæр фехъуыстон – уæд-иу уайтагъд алыгътæн: мыййаг, ды ма уай? Æхсæв мын фынæй нал уыд, хуысгæуаты дæр хъуамæ сæрæй къæхтæм хъустæ фестадаин. Арт æдзух сыгъд къонайы артдзæсты, йæ сæрмæ – мамалыгæйы аг ауыгъд. Ведра – нуазыны донимæ, иннæ ведра – тæвд донимæ: уæд та æрыздæхтæ фæндагвæлладæй, уæд дын хъарм дон айсафдзæн дæ фæллад, дæ тæригъæдтæ дын иууылдæр æрæхсдзæн. Сапоны фынчы фæстæ рахиздзынæ сыгъдæгæй, хъæбул… Æмæ дыл ныр афтид хæдзар сæмбæлдзæн, хъæбул!..

Уыдæттæ Минащ йæ хъарæджы кодта, Беслæнмæ кæсгæйæ, цыма йын сæ йæхицæн дзырдта, æмæ уый фыр адæргæйæ стыхст.

Ӕнæнхъæлæджы Минащ йæ хъæлæсыуаг фæивта æмæ райдыдта мæстыйæ дзурын:

– Сымах, сымах, нæлгоймæгтæ, алцы дæр сымах аххос у! Цытæ мын бакодтат, уый уæм фаг нæ фæкаст, ноджы мæм хæцæнгæрзтимæ дæр æрбацыдыстут, ома цы йæ бон у цавæрдæр зæронд усæн, йæ цæнгтæ йын аздухдзыстæм æмæ. Уæ тыхыл уæ зæрдæ дарут, уæ хъаруйæ ныфс æвæрут, нæ?! Ӕмæ уæ æз афтæ ралгъитдзынæн, уæ бон иу къахдзæф акæнын дæр куыд никуыуал бауа!..

Фæлæ уый цыфæнды ма дзырдтаид, уæддæр ын ныууадзæн нæ уыд...

Фæсæмбисæхсæв. Фæззыгон арв уыд сыгъдæг, æгæрыстæмæй зындысты, Ӕрфæны фæдыл чи апырх, уыцы стъалытæ дæр.

Дард кæмдæр нæмгуытæ, цæхæр калгæ, ныххал сты арвы тыгъдадмæ. Сæ тых куыд саст, афтæ хуыссыдысты кæрæдзийы фæдыл.

Джон æй, зæгъæн ис, фæхаста æнæхъæн фæндаг. Цы къаннæг тыхтон æм уыд, уый йæ къухтæй йæ риумæ нылхъивгæйæ, Минащ ницы дзырдта.

Беслæн æнкъардта, йæ зæрдæйæн кæй фенцондæр, раст ын цыма, йæ уæлæ бирæ рæстæг чи фæцис, ахæм æфсæн хæдон раластой. Хæстæн йæ райдайæнæй фæстæмæ цæмæ бæллыд, – бæлгæ та кодта æрмæстдæр уымæ, цæмæй уыдаид уазал, æнæуд дуры хуызæн, йæ зæрдæмæ хъармæй, фæлмæндзинадæй мацы уагътаид – ныр æй æппæт уыдæттæ сæ быны скодтой.

Беслæн тасдзинады сæрты раджы ахызт – афтæ хъуыды кодта. Ныфс кæм уа, уым тасæн дæр æнæ уæвгæ нæй: æмæ афтæ куынæ уа, уæд де ‘ргом фидæнмæ здæхт нæу, йæ уацары дæ нæ бакодта, уæд тас æдзæм сæфт фæуыдзæн, хурныгуылды фæстæ аууæттæ куыд айсæфынц, афтæ…

Фæлæ ныртæккæ уый æндæр цыдæр æнкъардта, æмæ уым аххосджын уыд, бирæ азты Минащ кæмæй царди, уыцы ныфс. Хæст ын йæ уды кæй ныууагъта, уыцы мæлæты фæдмæ бафтыд царды рухсхæссæг фæд.

Алцы дæр уыди цардæй: ныртæккæ талынджы кæй цæуы, лæмбынæг кæй ныхъхъусы алы чысыл уынæрмæ дæр, разæй чи ис, уыцы æбæлвырддзинад дæр æмæ, уымæн кæй æрцæттæ кодтой, уыцы нæмыг дæр, кæцыйы, гæнæн ис, афонмæ бавæрдтой æхсæнгарзы лулæйы – уыдæттæ иууылдæр уыдысты цардæй.

Беслæн зыдта, цъысимы кæй бахауд, фæлæ нæ архайдта йæхи ратоныныл. Нырæй фæстæмæ йæ уæззаудæр уаргъ хæссын хъæуы: хæцгæ-хæцын дзы чи рацæуа, уыцы туг хъуамæ уа хъарм, æмæ æрмæстдæр уæд бауырндзæн арвы: уый æцæгæйдæр уыд зæххыл…

Цалынмæ бынатмæ хæццæ кæной, уæдмæ Минащы уды амæлдзæн, æвзонджы бонтæй зæронды кармæ адæмы ‘хсæн батонгæ иунæгдзинады азты йæ рыстимæ иунæгæй кæй фæхаста, уыцы стыр ныфс. Фæлæ лыстæг таг нæ аскъуыйдзæн: Беслæн æй хæсдзæн дарддæр. Чидæр æй хæсдзæн уый фæстæ дæр...

Райсомæй Ткуарчалмæ цыд машинæ лигъдæттимæ, Минащы дæр арвыстой уыцы машинæйы. Кæрæдзийæ куы хицæн кодтой, уæд йæ тыхтон райхæлдта æмæ дзы систа хъуымацæй хуыд дзæкъул.

– Уæд та дæ бахъуыдысты, хъæбул...

Бынатмæ куы ‘рбаздæхтысты, уæд лæппутæ райхæлдтой дзæкъулы баст æмæ дзы федтой, сæ пайда кæныны рæстæг кæмæн ацыд, ахæм зæронд сойæдзаг сомтæ.

Фæлæ уый Беслæны нæдæр тыхсын фæкодта, нæдæр сайгæ. Уый хъуыды кодта, арвы тыгъдады-иу сæ разылæууæг нысаныл æнæ сæмбæлгæйæ чи ахуыссыд, уыцы нæмгуытыл.

Æртыккаг бон Ткуарчалæй æрбайхъуыст, Минащ кæй амард, уый.

*КАСАТЫ Аслæнбеджы тæлмац*



# Гундæ САКАНИА

*1966*

*Поэт, тæлмацгæнæг, Д.И. Гулиайы номыл Паддзахадон премийы лауреат (2010 аз, æмдзæвгæты æмбырдгонд «Песнь Сатаней»-ы тыххæй), Абхазы Республикæйы Культурæйы сгуыхт кусæг, Абхазы Фысджыты цæдисы уæнг.*

*Гундæ 1988 азы каст фæци Мæскуыйы А.М. Горькийы номыл Литературон институт. Кусы ахуыргæнæгæй Абхазы паддзахадон университеты.*

*Йæ сæйраг чингуытæ сты: «Золотая капля», «Огненные бусы», «Песочные часы», «Аматанеира», «Песня цветов».*

*Йе 'мдзæвгæтæ тæлмацгонд æрцыдысты уырыссаг, англисаг, италиаг, туркаг, хорватиаг, адыгæйаг æмæ ирон æвзæгтæм. Г. Квицинияимæ абхазаг æвзагмæ ратæлмац кодтой «Псалтырь».*

*Фыссы абхазаг æвзагыл.*

*Гундæ САКАНИА*

* * *

Дымгæйæн иунæгæй
Быдыры – æнкъард.
У æхсæв куырм –
Стъалытæ йын нæй.

Ахсæв рацу мæнмæ,
Хонын дæу хъæмæ.
Æдзæмæй, цæй, кæрæдзийæн
Нæ сагъæстæ фæдзурæм
Æмæ æрхæндæг афтæмæй
Нæ зæрдæтæй фæсурæм.
Ныр мæ уарзон бары
Æхсæвæн йæ дæргъ, уæрхмæ.
Тагъд мæм фæзындзæн –
Аскъуындзæн мæ зынтæ.
Фæлæ ис æндæр æрхуым дæр,
Уый тыххæй нæ дзурæм арæх,
Уый нæ амæлын нæ уадзы,
Йемæ ацæуæм фæстаджы балцы,
Цард – мысинæгты суадон,
Удæн у æвдадзау,
Нæй дзы дойны суадзæн.
Фæлæ тагъд тæхы
Нæрæмон барæг Рæстæг.
Дымгæ та быдыры –
Хæрз иунæг.
Сидын æм уæвгæ
Ныр зиумæ.
Рацу-ма мæнмæ,
Хонын дæ хъæмæ.

* * *

Æхсæв амæлдзæн, цæмæй
Ног бон райгуыра.
Карз тохы æдзух –
Цард æмæ мæлæт.
Калдзæн та къæвда йæ дон…
Мит дæр та йæ рады
Ленк кæндзæни зæхмæ.
Дымгæ уадтымыгъмæ хиздзæн,
Иу сыф ма бæласыл риздзæн.
Æхсæв амæлдзæн, цæмæй
Ног бон сивайа,
Афтæ цард æмæ мæлæт,
Кæрæдзи ивгæйæ…

* * *

Мæй та цæлхыдзагæй
фестад кæлæнгæнæг,
Уары нæ раст цыма
Стъалытыл иууылдæр…
Оххай, куыд арф у
Йæ цъæх байбын рæстæгæн!
Цастæ дзы аныгъуылд!
Нал дзы и сисæн иуы дæр.

* * *

Хæхбæсты æз – Хуыцауы зæрдæйы рæбын –
Стъалытæм сæвналын къухæй…
Баззайын мæ ам фæнды
Куыд бафсæда мæ уд
Зæдбадæн рухсæй.

*КЪАДЗАТЫ Станиславы тæлмац*

# ÆМБИСÆНДТЫ ХАЛ

✓ Бæмбæджы хуылфы зынг нæ бамбæхсдзынæ.

✓ Змæст цæугæдонæй сæм ницы зынд, æмæ йæ æнæбын хуыдтой.

✓ Сæр уæд, уый йеддæмæ худ ссаргæйæ у.

✓ Уазæг аиппытæ æвиппайды бафиппайы.

✓ Æдых лæг алкæмæн дæр знаг у.

✓ «Æри» æмæ «айс» кæрæдзийы фæстæ цæуынц.

✓ Адæм цы бæлас æлгъитой, уый бахуыскъ уыдзæн.

✓ Галыл йæ сыкъатæ уæз нæ кæнынц.

✓ Æгасы мардыл нæ ивдæуы.

✓ Дур дæр аскъуыйдзæн, сырхзынг æй куы скæнай, уæд.

✓ Æвзæр комæй – æвзæр дзырд.

✓ Хæс æмæ æфстау зæронд нæ кæнынц.

✓ Хæфсы дон куы аласта, уæд афтæ загъта: «Денджызмæ ленк кæнын мæхи фæндыд».

✓ Галæн æфсондз куы ‘рбахастой, уæд афтæ: «Æз хъуг дæн!» Æрдуцæм дæ, зæгъгæ йæм къæрта куы ‘рбахастой, уæд та афтæ: «Æз гал дæн!»

✓ Фондзыссæдз адæймаджы кæй æфхæрой, уый фондзыссæдз адæймаджы аргъ у.

✓ Уыгæн цæстытæ радтой æмæ ма æрфгуытæ дæр куырдта.

✓ Дæ бæхы кæуыл æууæндыс, ууыл дæ усы дæр бауæнд.

✓ Йæ тыхыл йæ зæрдæ чи дары, уый æртхъирæнтæ нæ кæны.

✓ Моймæ цæуынвæнд чи скодта, уыцы чызджы бауромынæй къæвда бауромын – æнцондæр.

✓ Мæргътæн сæ хуыздæр сæ фæстæ фæтæхы.

✓ Дæ ус æмæ дæ хæцæнгарзыл макуы бауæнд.

✓ Дæуæй раздæр чи ‘рхауд, ууыл ма бахуд.

✓ Уæлхæдзар хор чи тауы, æдылы уый нæу, æххуыс ын чи кæны, уый у æдылы.

✓ Фыййау йæ лæдзæгимæ уынаффæ кæны.

✓ Уацайраг бафарста: «Цæмæн мæ уæй кæнут?» Дзуапп ын радтой: «Дæ рихи зылын у, æмæ уый тыххæй».
✓ Æвзæр йæхи не ‘мбæхсы, хорз йæхи не ‘вдисы.
✓ Иунæг бон фæци хицау æмæ сæдæ сæры акъуырын кодта.
✓ Ныййарджытæ – цотæн, цот – сæхицæн.
✓ Фыццаг уал фен, чи дæм хъусы, уый, стæй дзурын райдай.
✓ Сылгоймагæн сæдæ уды ис.
✓ Ницæйаг хиуарзон вæййы.
✓ Цæгæрсæр лæгæй сæрвасæн ма кур.
✓ Зондджын знаг æдылы хионæй хуыздæр у.
✓ Хорз фыййауæн цыппар цæсты ис.
✓ Халон гæрзифтонг лæджы ауыдта æма йæхицæн афтæ: «Кæд зондджын у, уæд мæ нæ фехсдзæни, кæд æдылы у, уæд мæ нæ акъуырдзæни».
✓ Дон кæй фæцæйласы, уый калммæ дæр фæлæбуры.
✓ Суарийыл хæрджытæ æрдызта, йæ къухтæ æхсынæн та сапон сомæй æлхæдта.
✓ Адæймаджы зæхх йеддæмæ ничи бафсаддзæн.
✓ Уазæгæй цы бамбæхсай, уый хæйрæджы хай кæны.
✓ Хъæрццыгъа æрцахсы, цъиусур байсы.
✓ Алы куыдз дæр йæ кæрты хъæбатыр у.
✓ Иу хуыйæн йæ дзыхы дыууæ æнгузы нæ бацæудзысты.
✓ Бæлас йæ уидæгтæй фидар у, адæймаг та – йæ хæстæджытæй.
✓ Ифтыгъд топпæй иу тæрсы, æнæифтыгъдæй – сæдæ.
✓ Бæлас куы базæронд вæййы, уæд дзы зулчъытæ фæзыны.
✓ «Мæ дымæг мæ куынæ хъыгдарид, уæд мæ дугъы бæргæ ничи баййафид», – загъта фыс.
✓ «Мæ сæр тилынмæ зивæг куынæ кæнин, уæд сираг бæргæ уаин», – загъта бах.
✓ Сынтмæ смæсты æмæ сауцъиуы амардта: «Ды дæр сау дæ!»
✓ Хуым æм нæ уыд, афтæмæй мыггæгтæ куырдта.
✓ Бæстыхæйттæ цы фæрæтæй фæцаразтой, уый кæртмæ фехстой.
✓ Хъазæн ныхас – рæстдзинады æмбис.
✓ Æфсымæр кæмæн нæ уыд, уый цæджындзæн хъæбыстæ кодта.



# Валентин КОГОНИА

1959

*Фольклорист, поэт, драматург, литературæиртасæг, ахуыргæнæг. Филологон наукæты доктор (2010), Абхазы Зонæдты Академийы уæнг-корреспондент (2014). Абхазы Республикæйы Г.А. Дзидзарияйы номыл паддзахадон премийы лауреат (2014). Абхазы Фысджыты æмæ Журналистты цæдисты уæнг.*

*Каст фæци А.М. Горькийы номыл Абхазы паддзахадон университеты филологон факультеты уырыссаг-абхазаг хайад (1981).*

*2005 – 2007 азты уыд сывæллæтты журнал «Амцабз»-ы сæйраг редактор.*

*Йæ фыццаг æмдзæвгæтæ мыхуыры рацыдысты 1974 азы газет «Апсны капш»-ы.*

*1999 азы журнал «Алашара»-йы (№ 3) мыхуыры рацыд йæ фыццаг пьесæ «Лесная сказка», кæцыйы поэзи кæны æмиуад прозæимæ.*

*Мыхуыры йын рацыд къорд æмдзæвгæты æмæ уацты æмбырдгонды.*

*Когониа у абхазаг адæмон сфæлдыстады тыххæй 50 зонадон рауагъдæй фылдæры автор.*

*Фыссы абхазаг æмæ уырыссаг æвзæгтыл.*

*Валентин КОГОНИА*

# «НÆ ДЕНДЖЫЗ НЫН ДÆ ФЫНТЫ ДЫ УЫДТАЙ...»

*Константин Симоновы бастдзинæдтæ Абхазимæ*

*Уац*

Зындгонд уырыссаг советон фыссæг æмæ æхсæнадон архайæг, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хъæбатыр тохгæнæг Константин Симонов Абхазмæ фыццаг хатт 1948 азы æрцыд æмæ уæдæй фæстæмæ ардæм зæрдиагæй тырныдта. Гулрипшы, денджызы тæккæ был ма йæхицæн фæлладуадзæн хæдзар дæр скодта. Уым ныффыста йæ романты хæйттæ æмæ публицистон уацтæй бирæтæ. Абæрæг-иу æй кодтой йæ хæлæрттæ Пабло Неруда, Александр Твардовский, Константин Федин, Нодар Думбадзе, литературæ æмæ культурæйы къабазы бирæ æндæр архайджытæ. Зæгъæм, Пабло Неруда йæ рæстæджы фыста: «Сæмбæлдтæн бирæ нæзытæ æмæ сырдтимæ Кавказаг хæхтимæ. Сау денджыз не 'рцыдмæ йæхи сфæлыста æрвхуыз дарæсæй. Алырдыгæй цыд апельсин бæлæсты дзадджын хæрздæф. Стæм чысыл советон республикæ Абхазы сæйраг горæт Сухумы. <...> Цалдæр боны цæрын фыссæг Симоновы хæдзары; нæхи найæм Сау денджызы хъарм дæтты. Симонов мын равдыста йæ диссаджы бæлæстимæ дыргъдон».

Фысджытæ æмæ паддзахадон архайджытимæ иумæ Симонов цыд Ачандара, Лыхны, Ешера, Арасадзых, Атара, Мыку, Члоу, Отап, Кутол, иннæ хъæутæм, архайдта алыхуызон культурон мадзæлтты. Интеллигенци æмæ хуымæтæг хъæуккæгтæ йын ныр дæр нæ рох кæнынц йæ зонды ныхæстæ, йæ зæрдæйы хъарм ахаст.

Абхаз зындгонд фыссæг бауарзта, Дмитри Гулиаимæ куы бахæлар, уæд. «Ацы бæстæмæ мын дуар бачындæуыд Дмитри Гулиайы хæдзарæй. Уазджытæн æцæг удыбæстæ уæвæг хæдзарæй», – фыста Симонов. Поэты бинонтæм фервыста бирæ фыстæджытæ, æмдзæвгæтæ, арфæйы телтæ. Йæ чызг Татьянæйæн та йын йæ райгуырæн бонмæ ныффыста ахæм хъазгæмхасæн æмдзæвгæ-экспромт:

*Характеры семейства Гулиа*
*Срифмую с пчёлами из улия,*
*С вином из рога, с верной пулею,*
*И как клинком по камню ж-ж-жикая,*
*Срифмую Гулиа с аджикою!*
*Срифмую с чачей и с апацхою,*
*С горячей дружбою абхазскою.*
*Стихами не торгую я,*
*Но в день рожденья Танин,*
*Собравшись в доме Гулиа,*
*Мы рифм что ль не достанем?*
*Достаточно достанем,*
*До ста – точно*
*Дотянем!*

Уæдæ йæ Абхазы истори дæр тынг цымыдис кодта, æмæ музейтæм, алы зæрдылдарæн бынæттæм цæуынæй дарддæр æдзух йæ зæрдиаг ныхас уыд зæронд адæмимæ. Хъуыддагæй æххуыс дзы зыдтой абхазаг фысджытæ. Сси Иван Тарбайы æмдзæвгæты æмбырдгонд «С первых дней»-ы редактор, фæсныхас æмæ разныхас ныффыста Дмитри Гулиайы роман «Камачич» æмæ Георги Дзидзарияйы



иртасæн куыст «Декабристы в Абхазии»-йæн. Тынг æхсызгонæй сæмбæлд 1962 азы Мæскуыйы, «Приключения Нарта Сасрыквы и его 99 братьев», зæгъгæ, цы чиныг рацыд, ууыл. Ис æм бирæ уацтæ абхазаг поэтты сфæлдыстадыл, уæдæ журнал «Декоративное искусство»-йы та 1977 азы рауагъта Лыхныйы хъæуы скъолайы историон-этнографион музейы тыххæй æрмæг. Йæ зæрдæмæхъаргæ уацтæй ссардта, цардхъуагæй не 'хсæнæй чи фæхъуыд, уыцы Леуарса Квициниа æмæ Алексей Ласуриайы рухс нæмттæ дæр. Квициниа уыд йе 'мкурсон ССР Цæдисы Фысджыты цæдисы цур М. Горькийы номыл Литературон институты.

1974 азы Мæскуыйы кадджын уавæрты сбæрæг кодтой Дмитри Гулиайы 100 азы бон, æмæ мадзæлттæ æмбæлгæ хуызы саразын дæр уыд Константин Симоновы бæрны.

Уымæй ноджы раздæр – 1950 азы та – Баграт Шинкуба куыст фæци абхазаг литературæйы æмдзæвгæтæй фыст фыццаг роман «Новые люди»-йыл. Цензурæ йын æй мыхуыр кæнын нæ уагъта, æмæ йæ уæд уырыссаг æвзагмæ тæлмацæй Мæскуыйы рауадзынвæнд скодта. Уым дæр ын цæлхдуртæ куы æвæрдтой, уæд Симоновæй æххуыс æрцагуырдта. Уый уацмысæн стыр аргъ скодта æмæ фыстæг арвыста рауагъдад «Советский писатель»-ы директор М. Корнеевмæ. Уыд дзы ахæм хъуыдытæ, зæгъгæ, дæлрæнхъон тæлмац дæр æвдисæн у авторы ахадгæ куыстæн æмæ ирд курдиатæн. Уый архайдæй федта рухс роман 1953 азы, «Мои земляки», зæгъгæ, ахæм номимæ. Яков Козловскиимæ иумæ ма бацархайдта Шинкубайы роман «Последний из ушедших» уырыссаг æвзагмæ раивынил дæр.

Уæдæ Георги Гулиайы та гуырдзиаг националистты азарæй фервæзын кодта. Роман «Черные гости» ныффыссыны фæстæ йæм æртхъирæн куы байдыдтой, уæд æй Мæскуымæ акодта æмæ, разамынд цы «Литературон газет»-æн лæвæрдта, уым ын куыст радта.

Йæ бирæ лæггæдты тыххæй Константин Симоновæн лæвæрд æрцыд Абхазы АССР-йы Аивæдты сгуыхт архайæджы ном. Йæ уацмыстæ йын абхазаг æвзагмæ ратæлмац кодтой бирæ фысджытæ, æмæ хицæн чиныгæй дæр рацыдысты. Денис Чачхалиа та сарæзта чиныг «Константин Симонов в Абхазии».

Симонов йæ цардæй ахицæн 1979 азы 28 августы. Тынг фæхъыг кодтой Абхазы адæм йæ мæлæтыл, бирæ фысджытæ снывæстой йæ

кадæн номарæн уацмыстæ. Йæ амæлæтæй бон раздæр æй рынчындоны бабæрæг кодта Баграт Шинкуба æмæ уый фæстæ фыста, нæ денджыз нын дæ фынты ды уыдтай, нæ хæхтæ дыл сæхи хъæбулау узæлыдысты, зæгъгæ:

*Ты наше море видел в снах,*
*Тебя, как сына, горы ждали.*
*Пускай же долетит твой прах*
*И к нам в Апсны из дальней дали.*

*На пике остром и крутом,*
*Куда лишь ветер долетает,*
*Стань вечным снегом, вечным льдом,*
*Который никогда не тает.*

*Будь выше облаков и туч,*
*Но пусть однажды в час рассвета*
*К тебе дойдет, как теплый луч,*
*Любовь абхазского поэта.*

Уарзынц Абхазы адæм советон фыссæджы сфæлдыстад абон дæр.

*ТЪЕХТЫ Тамерланы тæлмац*

# АБХАЗТЫ ЦАРДЫ ФÆТК

Сæумæрайсом, хур бæлæсты цъуппытæй уæлдæр нæма систа йæхи, афтæ дын абхазаджы кæртмæ хæргæфсыл иу урсурсидхил зæронд лæг куы бацæуид. Тынг æнæвдæлон дæн, нымадæй дын цалдæр ныхасы зæгъынмæ 'рбацыдтæн, зæгъгæ, кæд уазæг афтæ дзырдта, уæддæр æй абхазаг, цы хъуыддаджы фæдыл сæмбæлд, уымæй дæр нæ бафарста, афтæмæй мидæмæ бахуыдта. Цалынмæ фысым, уазæгæн цы 'мбæлд, уыцы æгъдæуттæ кодта, уæдмæ стыр сихæрттæ ссис.

– Æз дæм фæзындтæн, – райдыдта уазæг, – цæмæй ды абон уым æмæ уым уай, Хуыцау уыцы ран дунейы адæмтæн зæххытæ уардзæн. Æмæ абхазты номæй уырдæм фæцæуыны бар æрмæстдæр дæуæн ис – дæ хал схауд. Æмæ фæтагъддæр кæн – чи зоны, æмæ дын ныридæгæн дæр ферæджы.

Уазæг ын уыдæттæ куы фехъусын кодта, уæд йæ хæргæфсыл сбадт æмæ дæлæ фæцæуæг. Абхазаг амынд бынатмæ куы бахæццæ, уæд кæсы, Дунедарæг Дунесфæлдисæг йæ фæллад уадзы сæйраг зæдты 'хсæн. Абхазаджы куы бафиппайдта, уæд ын Хуыцау афтæ:

– Кæм ныффæстиат дæ ныронг? Æз зæххытæ нууылдæр байуæрстон.

– Уазæг мæм сæмбæлд, æмæ мæ æгъдау æрцахста, – загъта абхазаг.

– Иу зæххы хай ма дзы баззад, фæлæ уый та æз мæхицæн ныууагътон, – куыддæр батыхсæгау кодта Хуыцау.

Ам сæйраг зæдтæй иу йæ ныхас баппæрста:

– Рæстытæ дзуры абхазаг: уыцы уазæг æз уыдтæн, мæн тыххæй ныффæстиат, мæн дæр ме 'фсарм нæ бауагъта йæ уазæгуарзон дауы сæрты ахизын...

Зæдмæ байхъусгæйæ, Хуыцау загъта:

– Æндæр гæнæн мын нал ис, æмæ дын, апсуа, рæстаджы охыл лæвар кæнын Апсныйы зæххы хай, фæлæ мын адæм уыйхыгъд нырæй фæстæмæ, мемæ дзургæйæ, мæ кад нал уындзысты.

Гъемæ абхазтæ уæдæй нырмæ цæрынц Хуыцауы æвзæрст зæххыл, цыт æмæ йын стыр намыс ис се 'хсæн, сæ цард та аразынц Апсуарайы домæнтæм гæсгæ. Æмæ уыцы хуызы сæхи æнæтæригъæд кæнынц

Хуыцауы цур дæр æмæ адæмы раз дæр, Хуыцауæн лæгæй-лæгмæ уынæн уыдоны азарæй кæй нал ис, уый æмбаргæйæ.

Уымæн баззад абхазæгтæм ахæм æмбисонд, уазæг йемæ хæсгæ авд амонды æрбакæны, фæстæмæ та иу ахæссы.

# ЦАД РИЦÆ

Уый афтæ раджыма-раджы уыд, æмæ йæ миназон бæлас самшит дæр æмæ незаманты хъал цæугæдон Бзыбь дæр нæ хъуыды кæнынц, цад Рицæ кæд фæзынд, уый.

Фæлæ йæ ‘рмæст иу фыййау зыдта: йæ фысвос дзугæн хуыздæр хизæнтæ агурæг схæццæ уæлхох уыгæрдæнтæм, æмæ йын æй ам изæрыцæстыл æхсæрдзæны бынæй згъорæг хъæлдзæг къада дон разарыд, йæхæдæг йæхицæн хъырнгæйæ.

Æмæ йæ уæд рагон фыййау йæ фыртæн рафæзмыдта, уый та йæ рады – йæ фыртæн, уыцы фырт та – йæ байзæддагæн, æмæ афтæмæй таурæгъ, дзыхæй-дзыхмæ цæугæйæ, æрбафтыд ног дугмæ…

Кæддæр-кæддæрты Абхазы хæхты цъассы, ныр цад Рицæ кæм фæйлауы, уымыты калд фæтæн цæугæдон, калд сабыр æмæ уæзбынæй денджызмæ. Йæ былгæрæттæ та – ахъаззаг фосхизæнтæ, уыцы сойджын æмæ бæзджын кæрдæгджын.

Уыцы бон сæ дзуг Рицæ ам хызта – æртæ ‘фсымæры иунæг хо. Уый уынд æмæ кондæй иу рæсугъд уыди, æмæ йæм хур дæр ма бæрзонд арвæй кæсынтæй не ‘фсæст, хъавгæйæ æндæвта, нæ йæ тыхсын кодта йæ зынг цæсты æнудæй.

Ныр Агепстæ, Ацетук æмæ Пшегитхæ та – Рицæйы æфсымæртæ – цуан кодтой сырдарæх кæмтты. Изæрæй саджы мард куы ‘рхастой, уæд сын дзы сæ хо физонджытæ скодта, арты фарсмæ æнафонтæм фæбадтысты, таурæгътæ фæмысыдысты, фæзарыдысты. Сæумæйыл та ‘фсымæртæ цуаны фæраст сты, ныр дард хæхты дзæбидыр самал кæнæм, зæгъгæ.

Бон фæкъул æхсæвырдæм, хæхты сæртæ ныгуылгæ хур йæ сырх зæрин тынтæй рацагъта, фæлæ уæддæр æфсымæр зынæг нæма уыд. Рицæ сæм суанг хурдалынгтæм фенхъæлмæ каст, фос батымбыл кодта иу ран, йæхæдæг цæугæдоны уæлбыл æруагъта йæхи. Æфсымæрты мæтæй йæм фынæй хæстæг нæ цыдис, æмæ зарыд. Афтæ рæсугъд æмæ зæрдæмæхъаргæ зарыд, афтæ, æмæ цæугæдон, æнæуи дæр куыд сабыр æмæ уæзбын

улæнтæй калд, уымæй, Рицæйы зарынмæ хъусгæйæ, бынтон фæуæздан. Хæхтæ дæр цыма хъусыныл фесты – иу сыбыртт никæцæйуал цыд.

Фæлæ зарæджы ‘мбисонды мыртæ ауадысты фæндаггонты стигъджытæ-æфсымæртæ Гега æмæ Юпшарайы хъустыл дæр. Хистæр кæстæрæн фæдзæхсы:

– Фæцу тæргæбæхæй, Юпшара, æмæ базон, уыцы диссаджы хъæлæсы хицау цавæр зæххон зæд у, уый.

Бон æрбарухс, афтæ бахæццæ ис фыдвæнд æмæ фыдгæнд лæппу цæугæдоны былгæронмæ. Кæсы æмæ йæ цæстытыл не ‘ууæнды: тæккæ былгæрон тæнæджы йæхи найы чызг, фыр рæсугъдæй йæм бакæсæнтæ нæй, ахæм хæрзконд у, урс-урсид буар ын, йæ сау дзыккутæ та – сау æхсæрдзæн уыцы буарыл.

Ай-гъай йыл андзæрста йæхи Юпшара, ныттыхта йæ йæ домбай хъæбысы. Чызг фæдис систа, сиды æххуысмæ, йæхи ратон-батон кæны, фæлæ…

Хæххон цæргæс фæфæдисон æфсымæртæм. Уадау бæргæ балæууыдысты уым, æрмæст дын Юпшара дæр ма фæтæрса æмæ ма суадза ахæм амæттаджы йæ хъæбысæй. Уæд ыл Пшегишхæ дæр йæ нæртон уарт фехста. Юпшара дзы йæхи фæсайдта, æмæ уарт цæхгæрмæ цæугæдоны ныссагъд, бацауæзта йæ. Чызг уæдмæ йæхи ратыдта тыхгæнæджы къухтæй.

Ссæрибар, фервæзт иу бæллæхæй, фæлæ ныр та кæсы, æмæ цæугæдонæй æнæхъæн егъау цад рауад. Æмæ йæм уæд йæхи нывзылдта – цæхсæд ын уый æнаккаджы къухты æбуалгъ фæд йæ æнæвнæлд буарæй…

Юпшара лыгъд радта. Æфсымæртæ йæ баййæфтой. Агепстæ йæ йæ æвирхъау тыхджын къухтæй рацахста æмæ йæ фехста цадмæ. Цад сабухта уæд мæстæлгъæдæй, ауазæн уарты уæлæты расхуыста фыдвæнд-фыдгæнды, уым æй дон денджызмæ фæласæг – Гега дæр ын ницыуал феххуыс, дон-дон ма дзæгъæлы фезгъордта…

Æртæ ‘фсымæры та сæ хойы сæфтæн нæ бабыхстой æмæ хохдзавд хæхтæ фесты цады алыварс – Рицæйы æнусон удæнцой гæс систы.

# НАРЧХОУЫ ФИДАР

Уартæ кæддæр Абхазы бæстæйы хурыскæсæн кæрон сарæзтæуыд, йæ систы сæрты маргъы мыггаг кæмæн нæ батæхдзæн, ахæм хъомыс-

джын фидар – хъæбатырты-хъæбатырдæр Нарчхоуы бæстыхай, йæ цæрæнуат. Суанг ма ныры дуджы дæр уырдæм тынг зынтæй ис сæфтæн, йæ заманы та айдагъ йæ уындæй дæр тасы ‘фтыдта тыхæвзарджыты – бæрæг дардта, уым æгæрон тыхæй ифтонг чидæр кæй цæры.

Йæ хæлæрттæн дæр нæ барста чысыл галиу митæ, знæгтимæ та бынтон æгъатыр уыд Нарчхоу. Фæлæ йæ усмæ та дардта фæлмæн æмæ уарзон зæрдæ. Цæргæ та кодтой хицæнтæй – усы хæдзарæн равзæрстой Гарух-Акыты хъæумæ ‘ввахс фидар.

Дыууæ фидары кæрæдзийыл баста æндон тæгтæй быд бæндæн. Искæй сæ-иу иннæйы фенын куы бафæндыд, уæд-иу ныууыгъта уыцы бæндæн, ома, дам, æнхъæлмæ мæм кæс, рæхджы дæм зындзынæн. Афтæмæй сæ уарзондзинад нæ цудыдта, тыхджынæй-тыхджындæр цы кодта, æндæр…

Фæлæ иуахæмы Нарчхоу бæндæн куы бауыгъта, уæд æм æй дзуаппæн ус нæ банкъуысын кодта, ома хъусын дæ æмæ дæм æнæрхъæцæй æнхъæлмæ кæсын, зæгъгæ. Йæ фæстиатæн та уыд хуымæтæг æфсон: æнæнхъæлæджы афынæй.

Лæгæн та цыфæнды хъæбатырæй дæр йæ зæрдæ æнцонæй фæрæхойы сылгоймаг. Æрбамæсты, рафыхтис Нарчхоу, йæ фидары цур бæрзонд хохрындзмæ суад, егъау къæдзæх дур фелвæста хъæмпы голлагау æмæ йæ ныззыввытт ласта усы фидарыл. Хорз, æмæ фæивгъуыдта – дур æрхауд Гарух-Акыты фæсчъылдым. Абон дæр уым ис…

Ус куыннæ фехъал уыдаид, кæд æмæ зæхх дæр ма сæнкъуыст къæдзæхы йас дуры цæлхъæй. Фæлæбурдта йæ даргъ дзыккутæм, фыр адæргæй сæ апыхцылтæ кодта æмæ бæгъæмвадæй атындзыдта йæ уарзонмæ.

Нарчхоу æм иуцасдæр чъылдымыздæхтæй лæууыд, стæй… Кæм ис, кæм, нæлгоймаджы уыцы дурæй хъæбæрдæр зæрдæ, æмæ аджын сылгоймаджы фæсмойнаг судзгæ цæссыгтæ хыссæйау кæй нæ æрфæлмæн кæной…

Бирæ ма фæцардысты – ныр иу цары бын – Нарчхоу æмæ йæ ус, стæй мæлгæ дæр иу бон акодтой.

Бирæ дон фæласта уæдæй фæстæмæ æнусон Бзыбь денджызмæ. Абхазæгтæм та зианы æгъдауы фæткæн баззад: лæг куы ахицæн вæййы, уæд йæ бинойнаг йæ фæдыл бæгъæмвад æмæ пыхцылсæрæй фæцæуы…

# ХУРЫ КЪÆРТТ

Раджы-ма, тынг раджы, Абхазы бæстæ ма, цы уыдис, уымæй хъæдæхгæд куы уыди, хæхтæ та кæрдæгцъæх куы дардтой хуры æнæвгъау рæвдыдæй, уæд ам цардысты Хуыцауы уарзон рæсугъд адæм, стæй уымæй уæлдай – хъаруджын. Цардысты хæлар æмæ хъæлдзæгæй.

Сæ алыварс æрдз сæ хъуаг ницæмæй уагъта: дыргъ æмæ сырд – арæх, цæугæдæттæ – сыгъдæг донæй, куы – сатæг, куы – хъарм.

Дзæнæты бæстæйау уыд уæд Абхаз. Æввонгæй дын, цыдæриддæр дæ бахъæуа, уый цæттæ. Кæд-иу истæуыл мæтаг уыдысты, уæд æрмæстдæр сæ арты хъысмæтыл – уый уæдмæ бирæ æнусты дæргъы сыгъди хохы сæр. Адæм дæр æм зылдысты, æндзæрстой йæ, нæ йæ уагътой хуыссын. Науæд сын уый цæй тæхудиаг цард уыдаид – æнæ арт!..

Æрмæст амонд дæр кæдмæ хъуамæ уа цæрæццаг – æмæ иуахæмы тыхджын къæвда рацыд, арвы бын æртыдта, æмæ уарындон зæйтæй калд. Ахуыссын кодта арты дæр – зæфцы фыдæй, цæст æм чи дардта йæ рады, уый азарæй. Ссыдысты фæдисы цыдæй дзыллæ артдзæстмæ æмæ ма дзы фæздæг тæнæг æвзæгтæ нывæста æрмæстдæр. Бæстæ æрдиаг æмæ дзыназын сси. Уæд се ‘хсæнæй бæрзонд слæууыд æппæты хистæр зæронд лæг æмæ сæ фæрсы, зынг самал кæныны сусæгтæ уæ ничи зоны, зæгъгæ.

Адæм хъусæй лæууыдысты, кæрæдзимæ фæрсæгау ракæс-бакæс кодтой раст æмхæццæ фыстау. Уалынмæ дын размæ рацыд саджы фисынтыл амад æрыгон лæппу, йæ цæстытæ – æнахуыр цæхæрджын.

– Уый Амрæ у, нæхи Амрæ! – райхъуыст фæйнæрдыгæй.

– Æз сарæхсдзынæн æмæ зынгамалæн хурæй къæртт ратондзынæн! Æцæг, мæнæ хорз адæм, уæ ахъаз æмæ æххуысæй.

– Амрæ! Не ‘ппæты къухтæ дæр дæу, цы кæнæм æмæ куыд кæнæм, зæгъ нын æй.

Æмæ сын бацамыдта…

Æртæ боны æмæ‘хсæвы Амрæйы разамындæй адæм арæзтой егъау æрдын, чи никуыма æмæ никæм уыд, ахæм егъау æрдын. Уæдæ йын æрдынбос та сбыдтой мин галы хъиутæй. Æмæ йæ æртыккаг æхсæв æмдыхæй схастой хæхты бæрзонддæры цъупмæ – Эрцахумæ. Уæдмæ

хур стылд арвы бæстастæумæ. Дзыллæ æмхуызонæй айвæзтой æрдынбос, Амрæ та бæстонæй ныхъхъавыд.

Диссаг æрцæуинаг уыд æмæ ‘рцыд: фат сæмбæлд хуры зынг цæстыл æмæ дзы къæртт стыдта! Фæлæ…

Фæлæ уый зæххыл куы сæмбæлд, уæд, цæуылдæриддæр хæст кодта, уыдон саусыгъд кодта – æртæ мæйы дæргъы Абхазы дæлвæзтæ фæздæг ныхъуырдтой, сырдтæ фæцагъды сты, цæугæдæттæ афтæ стæнæг сты, æмæ дзы сырддонцъиу иу былæй иннæмæ бауадаид æдасæй.

Гъемæ уæд адæм Амрæмæ сæ фыдæх сарæзтой, хæцынц æм:

– Зынг нын самал кодтай – хорз, фæлæ фегæр дæ: арты амæттаг куы фестæм, сыдæй мæлынмæ куы ‘рцыдыстæм. Дæ лæвар амонд – фарсæйцæуаг, æцæг ралгъыстаг хорзракæнд. Дæхи нæ цæстыты разæй айс, дæхи нын мауал фенын кæн!

– Фæуæд афтæ дæр, – загъта Амрæ. – Æз фæтары уыдзынæн, æцæг уыйхыгъд мемæ фесæфæнт æвæдæй уæ зæрдæты ‘рхæндæг, уæ удхар æмæ уæ утæхсæн, – сфæрæзта ма зæгъын Амрæ æмæ уадидæгæн хуры тыны хуызы бацыд, схъазыд чысыл чызджы тыппыр русыл.

Уæдæй фæстæмæ та Абхаз ногæй фæдзæнæтон, хъæдарæх систы йæ хохдæлфæдтæ, сойджын, хъаймагъджын у йæ мæр – уыйадыл та табу кæнынц Хурæн, абхазагау та йæ цытджын-кадджын ном – Амрæ!

*ГУСАЛТЫ Барисы тæлмац*



# Фазиль ИСКАНДЕР

1929 – 2016

*Уырыссаг æмæ абхазаг поэт, прозаик, публицист. Советон Цæдисы Паддзахадон премийы (1989), Гамбурджы Пушкины премийы (1992), Уæрæсейы Федерацийы паддзахадон премийы (1993), Мæскуы-Пеннейы æхсæнадæмон премийы (1996) лауреат.*

*Уырыссаг литературæйы рæзтмæ стыр æвæрæны æмæ бирæ азты сфæлдыстадон куысты тыххæй хорзæхджынгонд æрцыд Уæрæсейы Федерацийы II, III æмæ IV къæпхæнты ордентæ «Фыдыбæстæйы раз лæггæдты тыххæй»-йæ, Республикæ Абхазы «Ахьдз-Апша»-йы I къæпхæны орденæй (2002). 1954 азы каст фæцис Мæскуыйы А.М. Горькийы номыл Литературон институт. 1956 азы æрыздæхт Абхазмæ æмæ кусын райдыдта Абхазы паддзахадон рауагъдады редакторæй.*

*Йе 'мдзæвгæты фыццаг æмбырдгонд «Горные тропы» рацыд Сухумы 1957 азы.*

*1962 азы зынын райдыдта куыд прозаик, радзырдты, новеллæты æмæ романы автор.*

*Мыхуыры йын рацыд 50 чиныгæй фылдæр.*

*Фыста уырыссагау; йæхи тыххæй дзырдта: «Уырыссаг фыссæг, Абхазы зарæггæнæг».*

*Фазиль ИСКАНДЕР*

# ЦАРДЫСТЫ ЗÆРОНД ЛÆГ ÆМÆ ЗÆРОНД УС

*Радзырд*

Чегемы иу зæронд усæн йæ лæг амард. Лæгæн хæсты йæ иу къах æрдæгæй дæлæмæ ахауд, æмæ уæдæй фæстæмæ лæдзджыты æнцæйтты цыд. Фæлæ афтæмæй дæр фæллой кодта, баззад хæсты размæйы хуызæн уазæгуарзаг фысымæй. Бæрæгбæтты йæ бон уыд иннæты бæрц бануазын, æмæ-иу уæд, хæдзармæ цæугæйæ, йæ лæдзджытæ йæ разæй тæхæгау кодтой. Ноджы ма йæм иу миниуæг уыд: никуы ничи раиртæстаид, ноztджын у æви æрвонг, уымæн æмæ æдзухдæр уыд уыцы иухуызон хъæлдзæгзæрдæ.

Ныр амард, æмæ йыл йæ бинонтимæ иумæ æгас хъæуы цæрджытæ дæр тынг фæхъыг кодтой. Бирæ адæм æрæмбырд зианмæ æндæр рæттæй дæр. Гъе ахæм хорз зæронд лæг уыди…

Цыппар боны рацыд, куы йæ бавæрдтой, уæдæй, афтæ дын зæронд ус æхсæвы фыны уыны: цыма йæ лæг цыдæр къæдзæхы рæбынты нарæг фæндагыл, йæ иунæг къахыл гæпп-гæпп кæнгæйæ, цæуы æмæ усмæ дзуры:

– Дæ хорзæхæй, мæ лæдзджытæ мын-иу рарвит. Мæ бон нæу æнæ уыдонæй дзæнæтмæ бахизын.

Зæронд ус йæ лæгæн тынг фæтæригъæд кодта æмæ, куы райхъал, уæд, ахæм фын, цымæ, цæмæн федтаид, стæй йын йæ лæдзджытæ куыд хъуамæ арвита, ууыл сагъæсы бахауд.

Дыккаг æхсæв дæр та – афтæ: фыны дзы зæронд лæг йæ лæдзджытæ агуры. Ныхъхъуыды та кодта райсомæй ус, цы хуызы йын сæ хъуамæ арвита, æмæ йæхинымæры скарста: кæд ма йæ фыны фена, уæд ын йæхи бафæрсдзæн.

Уымæй фæстæмæ дæр æй алы æхсæв уыдта, фæлæ-иу афæрсынмæ нал фæцарæхст, афтæмæй-иу райхъал. Æппынфæстаг æй фыны куыддæр дардмæ ауыдта, афтæ йæ æвиппайды афарста:

– Æмæ дын куыд арвитон, куыд, дæ лæдзджытæ?

– Нæ хъæуы фыццаг чи амæла, уыимæ, – дзуры лæг. Стæй цалдæр гæппы акодта йæ иу къахыл, иуварс зæххыл æрбадт æмæ йæ лыг къах асæрф-асæрф кæны. Сылгоймаг куы райхъал, уæд фыр тæригъæдæй

йæ цæссыгтæ фæкалдта, фæлæ фæныфсджындæр – ныр æй цы кæнын хъæуы, уый зыдта…

Чегемæн йæ иннæ кæрон та цард æндæр зæронд лæг. Уыдон ацы зæронд усы лæгимæ хæлæрттæ уыдысты, иумæ-иу нуазгæ дæр акодтой.

– Дæуæн цы у, цасфæнды куы бануазай, уæддæр дæ лæдзджытæ æрвонг вæййынц, мæнæн та сæн мæ къæхтæ акъуыры, – дзырдта-иу хъазгæйæ, хъæуы кæрон чи цард, уыцы лæг.

Ныр уый дæр æруатон æмæ, йæ бонтæ нымад кæй сты, уый иууылдæр æмбæрстой. Афтæмæй дын зæронд ус уыцы лæгимæ баныхас кæнынвæнд куы скæнид, цæмæй сын, цалынмæ ма æгас у, уæдмæ разыйы ныхас зæгъа, куы амæла, уæд ын йæ чырыны йе ‘рдхорды лæдзджытæ кæй сæвæрдзысты, æмæ йын сæ афтæмæй мæрдтæм йемæ кæй ахæсдзæн, ууыл.

Зæронд усæн йæ фырттæй иу йæ бинонтимæ фыды хæдзары цард. Æмæ сын райсомæй мад йæ фынтæ æмæ йæ фæнд куы радзырдта, уæд тынг фæхудтысты. Уæлдай тынгдæр худти йæ фыртыфырт, иннæтæй ахуыргонддæр кæй уыд (дæс къласы фæци каст), уымæ гæсгæ. Худти чындз дæр, кæд æм дæс къласы нæ уыд, уæддæр. Фæстагмæ чындз, йæ худынæй куы банцад, уæд æфсинæн афтæ:

– Æмæ йын нæ фæхъыг уыдзæн, удæгас адæймагæн, рæвдздæр амæл æмæ дын мæ лæджы лæдзджытæ дæ чырыны демæ нывæрæм, зæгъгæ, куы зæгъай, уæд?

Фæлæ зæронд усæн алцы дæр рагацау хъуыдыгонд уыд, æмæ зонджын уæздан æфсин йæ чындзмæ дзуры:

– Тагъддæр амæл, зæгъгæ, лæгъстæ кæнынмæ йæм нæ цæуын, йæ афон куы ‘рцæуа уæд амæлæд. Æрмæст йемæ лæдзджытæ æвæрын бауадзæд.

Бинонтæ ма йæ бæргæ къуылымпы кодтой, фæлæ ус уæддæр уыцы изæр рынчынфæрсæджы хуынтимæ хъæуы кæройнаг хæдзары балæууыд.

Зæронд лæг хуыссыд æмæ, кæд уатон рынчын уыд, уæддæр йæ лулæйы фæздæг калди. Гыццыл аныхæстæ кодтой царды хабæрттыл, фæлæ уазæг йе ‘рбацыды аххос зæгъын нæ уæнды. Ноджы ма агъуысты фысымтæн сæхи чындз æмæ сæ хæстæджытæй чидæртæ дæр уыдысты. Уалынмæ йын рынчын йæхæдæг феххуыс – йæ лæджы

хъæлдзæг хабæрттæй йын цыдæртæ æрымысыд, стæй арф ныуулæфыд æмæ ма йæ ныхæстæм бафтыдта:

– *Æ*вæццæгæн, æз дæр тагъд уым уыдзынæн æмæ дын дæ лæджы фендзынæн.

Уæд уазæг дæр фæныфсджын æмæ йын йæ фын радзырдта, стæй йын йæ фæнд дæр схъæр кодта:

– Бамбар мæ, тагъд дæ нæ кæнын, фæлæ уыцы бон куы ‘рцæуа, уæд нын бауадз дæ чырыны лæдзджытæ нывæрын, цæмæй де ‘рдхордæн йæ бон дзæнæтмæ бацæуын бауа.

Ныр ацы зæронд лæг тынг цыргъæвзаг æмæ зæрдæхæлар уыди, фæлæ цæмæй йæ чырыны кæйдæр лæдзджытæ нывæрын бауадза, уыйбæрц зæрдæхæлар нæ уыди. Чи зоны йæм худинаг дæр каст: иннæ хъæутæй æрцæуæг адæм æй, мыййаг, сахъат куы фенхъæлой. Фæлæ æргом «нæ» зæгъын дæр æфсæрмы кодта æмæ ныхас политикæмæ фездæхта:

– *Æ*мæ, дам, дзæнæт большевиктæ куы сæхгæдтой.

Зæронд ус дæр цыргъзонд уыд. Ноджы йæ тынг фæндыд лæдзджытæ арвитын æмæ уыцы фидарæй афтæ бакодта:

– Нæ, нæ, большевиктæ дзæнæт нæ сæхгæдтой: Ленин Мавзолейы баззад, иннæтæм та ахæм бартæ нæ уыд.

Уæд та лæг, цæмæй йæ уазæгæй фервæза, уый тыххæй ныхас хъазынмæ фездæхта:

– Фæлтау мын-иу мæ чырыны иу дзæбæх чъачъайы авг нывæр, æмæ йæ мах уым дæ лæгимæ иумæ ануаздзыстæм.

– Ды хынджылæг кæныс, – ныуулæфыди ус, – фæлæ уый та алы ‘хсæв, мæ лæдзджытæ мын рарвит, зæгъгæ, лæгъстæ кæны.

Рынчын бамбæрста: ус æй афтæ æнцонтæй нæ ныууадздзæн. Лæджы мæлын дæр нæ фæндыди, кæйдæр дзаумæттæ йын йæ чырыны нывæрой, уый та йæ æппындæр нæ фæндыди, æмæ та ног æфсон æрбаймысыд:

– *Æ*з æй æййафгæ дæр нал акæндзынæн, уый мæй размæ амарди. Стæй мæ уыцы къахвæндагыл арвитой дзæнæтмæ, уый æнхъæл дæр нæ дæн. Тæригъæдджын дæн…

– Зонын дын дæ тæригъæдтæ, – нæ та сразы ус. – Мæ лæджы дæр ахæм тæригъæдтимæ арвыстой дзæнæтмæ. *Æ*ййафыны тыххæй та – адæмы ма худын кæ. Мæнæн мæ лæг йæ иу къахыл дард нæ ахæццæ

уыдаид. Зæгъæм, райсом амардтæ, уæд æй иннæбонмæ баййафдзынæ. Никуыдæм дын аирвæздзæн.

Зæронд лæг ныхъхъуыды кодта. Уалынмæ рынчыны чындз дæр фæрæвдз æмæ йæ ныхас баппæрста:

– Кæд уымы бæстæйы исты ис, уæд дын дæ чырыны иу дзæкъул æнгузтæ сæвæрдзыстæм. Мæ мæгуыр æфсымæр тынг уарзта æнгузтæ…

«Ацы чындзытæ иууылдæр æмхуызон сты, сæ фындз кæм нæ фæтъысдзысты, ахæм ран нæй», – йæхимидæг бахъуыр-хъуыр кодта зæронд ус.

– Куыд кæсын, афтæмæй мын мæ чырынæй уæрдон саразынмæ хъавут! – фæхъæр кодта рынчын æмæ уазæгмæ тызмæгæй дзуры:

– Иу къуырийы фæстæ-иу æрбацу, æмæ дын бæлвырд дзуапп ратдзынæн.

– Æмæ нæ ферæджы уыдзæн? – афарста ус, йæ уæздандзинады сæрты ахизгæйæ. – Тагъд дæ нæ кæнын, мыййаг, фæлæ...

– Нæ ферæджы уыдзæн, – фидарæй загъта рынчын æмæ йæ лулæйы фæздæг тынгдæр ракалд.

Зæронд ус ацыд сæ хæдзармæ. Изæрдалынгты бахызт сæ къæсæрæй æмæ уыны: йæ алцæуыл худæгæй къæцæлтæгæнаг фыртыфырт баст къахимæ йæ фыдыфыды лæдзджыты æнцой агъуысты астæу лæууы.

– Цы кодтай? – фæтарст фыдымад.

Цыдæриддæр уыд, уæддæр, зæронд ус рынчынфæрсæг куы ацыд, уæд йæ фыртыфырт бæласмæ æнгузтæ цæгъдынмæ схызт, æнæрхъуыдыйæ хус къалиуыл æрлæууыд, къалиу фæсаст, лæппу бæласæй расхъиудта æмæ йæ къах фездыхст.

– Лæдзджытæ хъæугæ кæнынц, дадайы ма иу мæйы бæрц æнхъæлмæ кæсын бахъæудзæн, – дзуры лæппу.

Зæронд ус йæ лæджы бирæ уарзта, фæлæ уымæй фылдæр та йæ худаг фыртыфырты уарзта æмæ сразы: лæппуйы ныртæккæ тынгдæр хъæуынц ацы лæдзджытæ, йæ лæгæн дæр ма иу мæй банхъæлмæ кæсынæй ницы уыдзæн, дзæнæтмæ фæндагыл боныхъæд нæ хæлы, зæгъгæ. Уæдæ рынчынфæрсæг кæмæ уыд, уый дæр мæйæ фылдæр ахæсдзæн, мæлынхъус æм нæма фæкаст: йæ лулæйы фæздæг æгæр тынг калди…

Æмæ диссаг: уæдæй фæстæмæ йæ лæджы фыны нал уыдта: фæцыдæр. «Æвæццæгæн, æнхъæлмæ кæсы нæ фыртыфырты къахы сдзæбæх-

мæ», – стыр райгондæй-иу, йæ раздæры фынтыл хъуыды кæнгæйæ, райсомæй йæхицæн дзурæгау кодта зæронд ус.

Лæппуйы къах сдзæбæх, фæлæ лæг фыны уæддæр нал фæзынд. «Æвæццæгæн, мæгуыр, исты хуызты йæхæдæг фæхæццæ дзæнæтмæ, фæсвæндаг къутæртыл хæцгæйæ», – æнкъардæй хъуыды кодта ус, æмæ йæ лæгмæ йæ зæрдæ нал æхсайдта.

Мæлæтдзаг рынчын дæр дын уыцы изæрæй фæстæмæ, йæ кары адæймагыл куыд не 'мбæлы, афтæ тагъд дзæбæх кæнынмæ куы фæуид. Æвæццæгæн æй тынг нæ фæндыд, йæ чырыны йын искæй лæдзджытæ сæвæрой, уый. Хъыг дæр ын куыннæ уыдаид: цæрæнбонты дæ къахы алгъ дæр макуы сриссæд, æмæ дæ чырыны лæдзджытимæ æрхуысс…

Рынчын абон дæр ма æгас у, кæд уæдæй ныр æнæхъæн фондз азы рацыд, уæддæр. Йæ сæгъты хизы йæхицæн æнцад-æнцойæ, йæ фæрæтæй сын алы бон дæр æхсæры ногдзыд талатæ дæр ма ракæны, уымæйдæр, йæ лулæ йæ дзыхæй нæ исгæйæ. Къуырцц – фæрæтæй! Пъæртт – лулæйæ! Къуырцц – фæрæтæй! Пъæртт – лулæйæ! Къуырцц – фæрæтæй! Пъæртт – лулæйæ!

Фыдбылызы хæйрæг æм, йæ дæндæгты къæс-къæс цæугæйæ, иуварсæй фæкæсы æмæ йæхинымæры фæхъуыды кæны: ацы дуне куы срæмудзин, уæддæр ацы æлгъысты зæронд æд лулæ читт дæр нæ фæкæнид! Банхъæлмæ кæсын хъæуы, цалынмæ йæ сæгътæ бафсæдой, уæдмæ.

Афтæмæй мах дæр цæрæм, цалынмæ зæронд лæг къуырцц фæрæтæй, пъæртт лулæйæ кæна, уæдмæ

Сæгътæ та æфсис нæ зонынц.

*ХЪАЗИТЫ Эдуарды тæлмац*

*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202

Порядковый номер выпуска: № 9. 2025 г.
Подписано в печать 18.09.2025 г. Выход в свет: 29.09.2025 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ № 388. Цена свободная

Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. № 80 г./м$^2$. Вклейка 1 печ. л. мелованная

Гарнитура шрифта Times New Iron
Печать офсетная. Усл. печ. л. 12. Учетно-изд. л. 14, 88

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.






Индекс 73247
12+